A . MUXAMMADJANOV

# ÓZBEKISTAN TARIYXÍ

**(IV ÁSIRDEN XVI ÁSIRGE SHEKEM)**

**7-KLASS**

*Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*

Qayta islengen úshinshi basılıwı



«SHARQ» BASPA-POLIGRAFIYA
AKCIONERLIK KOMPANIYASÍ
BAS REDAKCIYASÍ
TASHKENT-2017

UOK: 94(575.1)(075)
KBK 63.(5O)
M–3

Sabaqlıqtıń barlıq temaları 2017-jılı **F. Sultanov** tárepinen qayta islengen bolıp, 21, 22, 23, 34, 35, 40-temalar tazadan jazıldı.

Juwapker redaktor**: A.T. Zamonov.**
Sabaqlıqtıń metodikalıq sxeması **F. Sultanov** tárepinen islengen.

**P i k i r   b i l d i r i w s h i l e r:**

***A.M. Otaxojaev*** – ÓzR IA Tariyx instituti bólim baslıǵı, tariyx iliminiń doktorı;
***A.J. Yaxshiev*** – Salıq akademiyası Tariyxı kafedrası baslıǵı, tariyx iliminiń kandidatı;
***N. Narziev*** – TQXBKQTBJI aǵa oqıtıwshısı;
***Sh. Safarova*** – Respublika Bilimlendiriw orayı jámiyetlik pánler bólimi bas metodisti;
***Z. Jumanova*** – Tashkent qalası, Chilanzar rayonındaǵı 162-mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı.

**Sabaqlıqtı oqıw barısında Sizge járdem beretuǵın belgiler:**



**Áhmiyetli tariyxıy waqıyalardı este saqlawdı talap etedi.**



**Tekstte ushırasatuǵın atama hám tiykarǵı túsiniklerdiń mazmunın bilip alıń.**



**Tema boyınsha berilgen sorawlarǵa juwap beriń, tapsırmalardı orınlań.**

M–3 **Muxammadjanov, Abdulaxad.**
Ózbekistan tariyxı: 7-klass ushın sabaqlıq. Qayta islengen úshinshi basılıwı / Avt . M. Muxammadjanov. — T.: «Sharq», 2017 . — 160-b.

**UOK: 94(575.1)(075)**
**KBK 63.(5O)**

**ISBN 978-9943-26-683-4**

**Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

© A. Muxammadjanov.
© «Sharq» BRAK Bas redakciyası, 2009, 2013, 2017

# KIRISIW

Aziz oqıwshı!

Watanımız bay áyyemgi tariyxqa iye. Turan, Túrkstan hám Mawarawnnaxr atları menen tanılǵan bul mámlekettiń hám óziniń miyneti menen onı abat etken ózbek xalqınıń ótmishi júdá qızıǵarlı hám sabaq bolarlıq dárejede.

Siz bul IV—XV ásirler dawamında úlkemiz tariyxında bolǵan waqıyalardı bilip alasız. Bul tariyxıy basqıshta, «ózbiy» hám «ózbek» atamaları menen ózbek xalqı qáliplesti.

*** «Ózbek» — qáwim begi, húkimdar.**

IV—XV ásirlerde dáslep Xorezm, Xioniyler, Kidariyler, Eftallar, Túrk qaǵanlıǵı, keyinirek Samaniyler, Qaraxaniyler, Xorezmshaxlar, Ámir Temur húkimdarlıq etken iri mámleketler húkim súrgen. Usı mámleketler bul aymaq xalqınıń sociallıq-siyasiy, ekonomikalıq hám ruwxiy turmısınıń rawajlanıwına tásir kórsetken.

Dáslepki orta ásirde «*awıl hákimi*» dep atalǵan hám úlken jer iyesi «*diyqan*»lar hám olardıń atızlarında islewshi jersiz «*kediver*»ler qáliplesti. Jerge, suwǵa bolǵan múnásibet ózgerdi. Jerdi islew tártipleriniń ózgeriwi xalıq ortasındaǵı tabaqalanıwdı barǵan sayın keskinlestirgen.

VIII ásirdiń baslarına kelip mámleketimizde arab xalifalıǵı ornatıldı. Úlkemizde arab mádeniyatınıń tásiri kúsheydi. Xalifalıq húkimdarlıǵınan keyingi ásirlerde ilimiy-aǵartıwshılıqtıń rawajlanıwı ushın imkaniyat júzege keldi. Elimizden dúnya ilim-pániniń rawajlanıwına úles qosqan ***Muxammed ibn Muwsa al-Xorezmiy, Axmet al-Ferǵaniy, Ábiw Rayxan Beruniy, Ibn Sina, Ulıǵbek*** hám ***Áliysher Nawayı*** sıyaqlı ullı oyshıllar jetilisip shıqtı.

Orta ásirlerde jasaǵan ***Imam Buxariy, Imam at-Termiziy, Maxmud az-Zamaxshariy, Axmet Yassawiy, Nájimatdin Kubra,***

***Bahawatdin Naqshband*** hám ***Xoja Axrar Valiy*** sıyaqlı belgili ulamalardıń Islam dini hám bilimlendiriwine tiyisli shıǵarmaları búgingi kúnde de óz áhmiyetin joǵaltpaǵan.

Ullı ulama hám oyshıllardıń ilimiy miyrası hám onıń zamanagóy civilizaciya tariyxında tutqan ornı hám roline baǵıshlanıp **2014-jildıń 15-16-may kúnleri** Samarqandta xalıq aralıq konferenciya ótkerildi. Konferenciyada eliwge jaqın mámleketlerden Shıǵıstanıw ilimpazları, belgili xalıq aralıq shólkemler wákilleri, ilimiy oraylar qánigeleri qatnastı.

Áziz oqıwshı!

Biz bul zámiynde jetisip shıqqan, dúnya tán alǵan ullı oyshıllar hám belgili ulamalardıń áwladlarımız.

«Dúnya tán alǵan ullı oyshıllar hám belgili ulamalarımızǵa múnásip bolıw» degende neni túsinesiz? Pikiińizdi túsindirip beriń. Bunıń ushın sizden ne talap etiledi?

***«Izertlewshi ilimpazlardıń pikirinshe, Shıǵıs, ásirese, Oraylıq Aziya aymaǵı IX-XII hám XIV-XV ásirlerde atılıp shıqqan eki qúdiretli ilimiy-mádeniy joqarılawdıń deregi esaplanıp, dúnyanıń basqa jerlerindegi Renessans proceslerine tuwrı tásirin kórsetken Shıǵıs oyanıw dáwiri – Shıǵıs Renessansı sıpatında dúnya ilimiy jámááti tárepinen haqlı túrde tán alınǵan».***

**Islam KARIMOV**

Sabaqlıqtı oqıw barısında ana Watan qáwipsizligi jolında mártlik kórsetken ***Jalalatdin Mángıberdi, Temir Málik, Shayx Nájimatdin Kubra, Maxmud Tarabiy, Ámir Temur*** sıyaqlı watan súyiwshilerdiń qahramanlıǵı menen tanısasız.

Qádimgi Turan aymaqlarında burınnan otırıqshı ózbekler, tájik, qırǵız, qazaq, qaraqalpaq hám túrkmenler jasap kelgen. Sol sebepten ózbek xalqınıń ótmishi etnikalıq jaqtan jaqın bolǵan tuwısqan xalıqlardıń tariyxı menen tiǵiz baylanısıp uyǵınlasqan. Olar kóp jaǵdaylarda bir mámlekettin jekke puqarası bolıp jasadı, el-jurttı abat etiwde jedel qatnasqan.

Sabaqlıqta berilgen waqıyalar menen tanısıp barar ekensiz,

xalqımız barqulla qurıwshı, ilim hám aǵartıwshılıqqa umtılıp jasaǵanın bilip alasız. Ilim hám aǵartıwshılıqqa umtılıw arqalı ǵana kámillike erisiw múmkin ekenligin túsinesiz. Kámillik bolsa tınımsız miynetti talap etedi. Siz óz ústińizde tınımsız islewińiz, bilimlerińizdi jánede bekkemlep, jetilistirip barıwıńız arqalı watan súyiwshiligińizdi kórsete alasız. Bul bolsa, Siziń ruwxıy qaharmanlıǵıńız bolıp qaladı.

**1**. Ózbekistan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń tómendegi pikirlerin oqıń hám ondaǵı «... ózimiz de, tap olar sıyaqlı, usı bahası joq miyrasqa óz úlesimizdi qosayıq!» degen pikirine múnásebetińizdi bildiriń. Siz qanday úles qosa alasız?

***«Men jaslarımızǵa qarata aytar ekenmen, olarǵa: «Biz ullı ata-babalarımız benen maqtanıwımız kerek», dep aytaman. Bul waqıtta «Tek maqtanıwdıń ózi jeterli emes, keliń, ózimiz de tap olar sıyaqlı, mine usı bahası joq miyrasqa óz úlesimizdi qosayıq» dep tákirarlayman».***

**2.** Eslep kóriń, áyyemgi dáwirde Ózbekistan aymaǵında qanday mámleketler bolǵan?

**3.** Tekstte keltirilgen «... bul aymaq xalqınıń social-siyasiy, ekonomikalıq hám ruwxıy turmısınıń rawajlanıwına tásir kórsetken» sózinde qanday tásir haqqında aytıladı? Social-siyasiy, ekonomikalıq hám ruwxıy tásir degende neni túsinesiz?

**4.** Aytıńshı, orta ásirlerde Watanımız tariyxınıń ózine tán qásiyeti neden ibarat?

**5.** Orta ásirlerde elimizden jetisip shıqqan ullı oyshıllar hám belgili ulamalardıń qaysı shıǵarmaların bilesiz?

**6.** Siz elimiz tariyxına arnalǵan xalıq aralıq konferenciyada qatnassańız, neler haqqında aytqan bolar edińiz?

# I B A P. ORTA ÁSIRLERDE JERGE IYELIK ETIW QATNASÍQLARÍNÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ

## 1-§. SOCIAL-EKONOMIKALÍQ ÓZGERISLER

**Tayanısh túsinikler:** ***diyqan, kashovarz, kedevir, chokar.***

**Social-ekonomikalíq ózgerisler.** Óz zamanınıń ullı mámleketlerinen bolǵan Qanǵ mamleketi hám Kushan patshalıǵı dáwirinde alǵa ilgerilewshilik baslanǵan edi. Bul dáwirde mámleket xalqınıń social-ekonomikalıq, mádeniy hám siyasiy turmısında áhmiyetli ózgerisler júz berdi. Qalalardıń sanı kóbeydi hám maydanları keńeydi. Qala erte orta ásirlerden baslap ónermentshilik, sawda-satıq hám mádeniy turmıstıń orayına aylanǵan.

Oazisler boylap iri suwǵarıw tarmaqları qazılıp, suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq maydanları keńeygen. Suw digirmanı, shıǵır hám **sharqıpalek** sıyaqlı suw qurılmaları oylap tabılǵan. Aǵın suwdıń qáddinen bir qansha biyikte jaylasqan maydanlarǵa suw shıǵarıp abat etilgen.

Egin maydanların suwǵarıw hám qayta islewdiń jetilisiwi natiyjesinde xalıq diyqanshılıqtan mol zúráát alǵan. Qalalarda xalıqtıń kóbeyip barıwı, ónermentshilik, ishki hám sırtqı sawdanıń rawajlanıwı menen awıl xojalıq ónimlerine bolǵan talap kúsheygen. Nátiyjede mámlekettiń ekonomikalıq turmısında shiyki zat jetkerip beriwshi awıllardıń abırayı kóterildi. Bir tárepten jerge, diyqanshılıq maydanlarına bolǵan múnasibet, olarǵa iyelik etiw dástúrleri áste-aqırın ózgere basladı. Ekinshi tárepten bolsa, otırıqshı diyqanlar menen sharwashılıq qáwimleri arasındaǵı baylanıslar rawajlandı.

Mámlekettiń sahra hám taw aldı wálayatlarında jasawshı kóshpeli hám yarım kóshpeli xalıqtıń otırıqshı tirishilik turmısına ótiwi kúsheygen. Aqıbetinde diyqanshılıq ushın jaramlı suwǵarılatuǵın jerlerge bolǵan mútájlik barǵan sayın arttı. Nátiyjede partaw hám boz jerlerge suw shıǵarılıp, úlken-úlken egin maydanları ashılǵan. Bunday abadanshılıq islerin ámelge asırıwda mámlekettiń sociallıq turmısında úlken abırayǵa iye

bolǵan bay qatlamnıń wákilleri, awıl aqsaqalları jáne qáwim baslıqları sarkor-basshı sıpatında belsendili qatnasadı. Jańa ózlestirilgen jer maydanlarınıń belgili bir bólegi olardıń qolına ótip, miyras múlkine aylanǵan. Usılay etip, úlken jer iyeligine tiykarlanǵan mal-múlik iyeleri qatlamı qáliplesken.

**Diyqanlar hám olardıń xojalıǵındaǵı turmıs.** Qáwim baslıqları, sarkor-basshılar ózlerine tiyisli jer maydanların suwǵarıw tarmaqlarınıń joqarǵı bóleginen, ásirese kanaldıń saǵasına jaqın átiraplarınan alǵan. Usınday jol menen olar suwdan diyqanshılıqta erkin paydalanıw, suwdı bólistiriwdi qadaǵalawǵa alıp, awıl xalqınıń ústinen óz tásirin ótkiziw imkaniyatına iye bolǵan. Usı jol menen olar miynetkesh xalıqtıń ústinen ústemlik ete baslaǵan. Sol zamanda olar **diyqanlar** dep atalǵan.

Diyqanlar qalalarda ájayıp bezelgen qorǵan hám saraylarǵa, sawda hám ónermentshilik dúkánlarınan ibarat bolǵan úlken xojalıqqa da iye bolǵan. Awıllarda bolsa, egislik maydanlarınan basqa, olardıń háwlileri hám bekinisli qorǵanları, digirmanları bolǵan. Kóplegen xızmetkerler diyqanlardıń xojalıǵında qısı-jazı jumıs islegen. Hár bir úlken jer iyesiniń 30—40, 50—100 hám bazı waqıtları onnan artıq qurallanǵan áskeriy toparı – **shokarları** bolǵan. Shokarlar qarıwlı hám óz xojasına sadıq bolǵan jas óspirimlerden tańlap alınǵan. Usınday sadıq hám jawınger shokarları menen diyqanlar jawgershilik waqıtlarında dushpanǵa qarsı áskeriy atlanıslarǵa qatnasqan. Basqa waqıtlarda olar diyqan xojalıǵındaǵı tártipke qarap turǵan.

Awıllarda diyqanlardıń abırayı artıp, úlken-úlken jerlerge iye bolıp aldı. Bul bolsa óz náwbetinde mámlekettiń sociallıq turmısına tásirin tiygizdi. Jer iyeliginiń payda bolıwı aqıbetinde mámlekettiń sociallıq turmısında keskin ózgerisler júz berdi. Awıl jámáátleri jeri bar múlikke iye **diyqan** hám oǵan qaraslı bolǵan jersiz hám eriksiz **kediver**lerge ajıralıp barǵan. Awıl jámáátleri jerlerinde jasap jer hám suwdan ibarat bolǵan ulıwmalıq múlikke iye bolǵan erkin zúráát alıwshı qatlamı **kashovarz**lar dep atalatuǵın edi. Keyinirek olardıń belgili bir bólimi jamaat jerlerinen ayrılıp, barǵan sayın **kediverler**ge

aylanıp barǵan. Ayırım diyqanlar bolsa óz wálayatlarında hátte ǵárezsiz hákim bolıp alǵan.

**V ásirdiń ortaların**a kelip, egislik jerlerdiń belgili bir bólimi jer iyelewshi diyqanlar qol astındaǵı múliklerden ibarat bolsa da, biraq ónimdarlı aymaqlardaǵı egislik jerlerdiń belgili bólegi ele de awıl toparlarınıń qaramaǵında edi.

*** Diyqan (awıl hákimi) – erte orta ásirlerde múlikke iye qatlam.**
*** Kashovarz – zúráát alıwshı ápiwayı qosshılar.**
*** Kediver – awıldıń diyqanlarǵa ǵárezli bolǵan xalqı.**
*** Shokarlar – diyqannıń mal-múlkin qorǵawshı, áskeriy qorǵawshı.**

1. Ne dep oylaysız, nege erte orta ásirlerde alǵa ilgerilewshilik baslanǵan? Bul alǵa ilgerilewshiliktiń aqıbetinde qanday ózgerisler júz bergen?
2. Aytıńshı, awıllardıń abırayın kóteriwge ne sebep bolǵan?
3. Ne sebepten partaw hám boz jerlerdi ózlestiriwge bay qatlam wákilleri, awıl aqsaqalları jáne qáwim baslıqları jedel qatnasqan?
4. Erte orta ásirlerde awıl toparları qanday qatlamlardan dúzilgen?
5. Oylap kóriń, nege zúrááti mol oazislerde suwǵarılatuǵın jerlerdiń tiykarǵı bólegi awıl jámáátleriniń qol astında bolǵan?

## 2-§. ERTE ORTA ÀSIRLERDE XOREZM, XIONIYLER, KIDARIYLER MÁMLEKETLERI

**Tayanısh túsinikler:** ***afriǵiyler, xioniyler, kidariyler*.**

**Xorezm mámleketiniń dúziliwi.** Hálsiregen Qanǵ mámleketinen birinshi bolıp Xorezm bólinip shıǵadı. Onı jergilikli afriǵiyler násiline tiyisli xorezmshaxlar basqara baslaydı. **III asir ortalarında** Xorezm mámleketiniń paytaxtı dáslep házirgi Qaraqalpaqstannıń Ellikqala rayonında jaylasqan áyyemgi **Topıraqqala** qalası qarabaqanasınıń ornında bolǵan.

Biziń eramızdıń **305-jıl**ında xorezmshax **Afriǵ** óziniń turar jayın Xorezmniń áyyemgi **Kat** qalasına kóshiredi. **Kat** qayta tiklenip, shax ózine taza saray qurdıradı. 305-jıldan baslap

*** Afriǵiyler – Xorezmde IV-X ásirlerde húkimdarlıq etken xorezmshaxlar dinastiyası. Úrim putaq tiykarshısı – Afriǵ.**
*** Búrkit hám lashın Xorezmniń húkimdarlıq belgileri bolǵan.**

Xorezmniń Afriǵiy shaxları gúmis teńgelerdi quyıp shıǵarǵan. Teńgelerdiń aldıńǵı tárepine shax hám artqı tárepine atlı áskerdiń súwreti túsirilgen.

Gúmis teńgelerdiń shıǵarılıwı mámlekettiń ishki hám sırtqı sawda qatnasların bekkemlegen. Húkimdarlar ***«Xorezmshax»*** ataǵına iye bolǵan. Ayırım dereklerge qaraǵanda «Xorezmshax» ataǵın dáslep siyavushlar úrim-putaǵı qabıl etken.

**III ásir**de Xorezm aymaǵında bir neshe mayda hákimlikler payda bolǵan. **Topıraqqala**dan qolında búrkit qondırılǵan taj kiygen húkimdar háykeli yamasa **Anqaqala**ǵa jaqın jerden bolsa qolında lashın tutqan taj kiygen adam kórinisi salınǵan tengeniń tabılıwı, húkimranlıq belgisinen derek beredi.

Xorezmde suwǵarma diyqanshılıq, ónermentshilik, sharwashılıq hám sawda-satlıq, ilim-pán, kórkem óner, tiykarınan háykelshilik joqarı dárejede rawajlanǵan.

Xorezm xioniyler, kidariyler, eftallar jáne Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde de óziniń siyasiy ǵárezsizligin saqlap qaladı. Xorezm Vizantiyalıq túrkler menen diplomatiyalıq baylanıslar alıp barǵan.

**Xioniyler mámleketi.** IV ásirdiń 70-jıllarınan V ásirdiń ekinshi yarımına shekem Orta Aziyada xioniyler húkimdarlıq etken. Bul mámleketke turkey qáwimlerden xioniyler tiykar salǵan bolıp, mámlekettiń orayı Zarafshan oazisinde bolǵan. Xioniyler dáslep Zarafshan oazisin iyelep, Qublaǵa háreket etken hám biraz hálsirep qalǵan Kushan patshalıǵınıń ornın iyelegen. Orayı Toxaristan bolǵan Arqa Hindstan, Awǵanıstan, Xorasannıń bir bólimin de óz ishine alǵan Xioniyler mámleketin payda etken. Bul mámleket 120 jıldan aslamıraq húkimdarlıq etken.

**Kiydariyler mámleketi.** **V ásirdiń 20-jıllar**ında shıǵıstan Sırdárya hám Aral boyları arqalı Xorezm hám Ámiwdárya basseynine jáne bir kóshpeli sharwa xalıqları — **toxarlar** kirip kelgen. Toxarlar kushanlardıń áwladlarınan bolıp, **Kidar** atlı

húkimdar basshılıq etekeni ushın olardı **kidariyler** dep te ataydı. Tez arada kidariyler Xioniyler mámleketiniń qubla bóleginde óz húkimdarlıǵın ornatqan. **Balx** qalası bolsa bul jańa mámlekettiń paytaxtına aylantırılǵan.

**456-jılı** Kidariyler hám Sasaniyler mámleketleri ortasında bolıp soqlıǵısıwlar bolıp ótedi. Bul soqlıǵısıwda Kidariyler mámleketi Sasaniylerden jeńiledi hám qaytıp ózin tiklep alalmaydı. Bunnan keyin hálsirep qalǵan Kidariyler kóshpeli sharwa xalqı – **eftallar** menen soqlıǵısadı. Nátiyjede kidariyler Arqa Hindstanǵa qarap sheginedi hám ol jerlerde 75 jıl húkimdarlıq qıladı.

**1.** Áyyemgi Xorezm mámleketi haqqında nelerdi bilip aldıńız?
**2.** Oylap kórip piker júrgiziń, erte ásirlerde Xorezm óziniń siyasiy ǵárezsizligin saqlap qalıwınıń sebebi nede edi?
**3.** Xioniyler, Kidariyler mámleketleri aymaǵın kartadan kórsetiń.
**4.** Xioniyler Orta Aziyaǵa qaysı aymaq arqalı bastırıp kelgen?

**Tómendegi kesteni erte orta ásirler mámleketlerine tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Mámleketlerdiń atı | Aymaǵı | Dúzilgen waqtı |
|---|---|---|
| | | |

## 3-§. EFTALLAR MÁMLEKETI. EFTALLAR DÁWIRINDE SOCIAL-EKONOMIKALÍQ HÀM MÀDENIY TURMÍS

**Tayanısh túsinikler:** ***eftallar, etnikalıq qatnaslar, jer iyeligi, sawda, pul qatnasıǵı, til, mádeniy baylanıslar, mámleket tayanıshı.***

**Eftallar mámleketi.** V ásirdiń 20-jıllarınan VI ásirdiń 70-jıllarına shekem bolǵan waqıtta Orta Aziyada Eftaliyler mámleketi húkim súrgen. Jazba dereklerde eftaliyler, eftallar, eftalitler, xaytallar sıyaqlı túrli atlar menen atalǵan bolıp, bul atlar Eftallar shaxı **«Eftalon»**, bazı dereklerde **«Vaxshunvar»**dan alınǵan.

Eftallar V ásirdiń baslarında Orta Aziya aymaǵına Shıǵıstan kirip kelgen. Eftaliyler mámleketiniń dáslepki paytaxtı Buxara jaqınındaǵı Paykent hám Varaxsha qalaları bolǵan. Bul mám-

leketke Orta Aziyadan basqa Shıǵıs Túrkstan, Awǵanıstan, Arqa Hindstan hám házirgi Pakistan aymaqları da kirgen. Eftallar mámleketi óz ara baylanıs ornatıw maqsetinde **456-jılı** Qıtayǵa elshi jibergen.

*** Eftallar mámleketi – erte orta ásirlerdiń qúdiretli mámleketi. V ásirdiń ekinshi yarımı hám VI ásirdiń baslarında Orta Aziya, Awǵanıstan, házirgi Pakistan Arqa Hindstan hám Shiǵis Túrkstan aymaqların óz ishine alǵan.**

Eftallardıń kem-kemnen kúsheyip baratırǵan basqınshılıǵınan qáwipsingen sasaniyler olarǵa qarsı áskeriy atlanıs qıladı. **484-jılı** eftallarǵa qarsı bolǵan urıs sasaniyler shaxı Peruzdıń qurban bolıwı menen tamam boldı. Sonnan keyin eftallarǵa qaram bolıp qalǵan sasaniyler olarǵa gúmis esabında belgilengen bajı salıǵın úzliksiz tólep turǵan.

Eftaliyler dáwirinde saltanat jeke húkimdar tárepinen basqarılǵan. Taxt atadan balaǵa qalmay, usı dinastiya arasınan kim ılayıq dep tabılsa sol taxtqa otırǵan. Talapkerdi anıqlap usınatuǵın keńes bolǵan. Bul keńes úrim-putaqtıń ataqlı ulamaları hám saltanattıń abıraylı aqsaqallarınan ibarat bolǵan. Belgili múlikler húkimdari — **Sha** (Shax)ǵa qaram miyraslıq dinastiya tárepinen basqarılǵan. Hátteki olardıń hár biri óziniń gúmis yamasa mıs teńgesine iye bolǵan.

*** Bajı – qun tólem, salıq. Bir mámleket tárepinen ekinshi mámleketke tólenetuǵın, sonday-aq, qala hám awıl bazarlarında sawdagerlerden alınatuǵın arnawlı tólem.**

V ásirdiń aqırı – VI ásirdiń baslarında Xorezm, Sogdı, Shash hám Toxarstan wálayatlarında biyik imaratları bolǵan óz aldına qorǵanlar júzege kelgen. Eftaliyler mámleketlik basqarıwında belgili bir nızam qaǵıydalarınan ibarat bolǵan. Mámleket áskeriy kúshke súyengen. Jınayat ushın júdá kúshlı jazalar belgilengen. **563-567-jılları** Eftallar mámleketi Túrk qaǵanlıǵı jáne Iran sasaniyleriniń soqqısına ushıraǵan hám birotala joq bolǵan.

**Xojalıq turmısı.** Eftallar mámleketine birlesken xalıqtıń etnikalıq quramı rańbareń bolǵan. Ekonomikalıq-sawda qatnasıqlarınıń izshil jolǵa qoyılıwı mámlekette diyqanshılıq, jasalma suwǵarıw, sharwashılıq, baǵshılıq hám ónermentshiliktiń gúlleniwine tiykar bolǵan. Házirgi waqıtta da Tashkent oazisi hám Qubla Qazaqstan jerleriniń bir bólegin suw menen támiyinlep turǵan **Zoǵarıq** (Zovarıq) hám **Bozsuw**, Samarqand wálayatındaǵı qubla rayonlarıdıń tiykarǵı suw deregi bolǵan **Darǵam kanalı V ásir**de qazılǵan eń iri suwǵarıw tarmaqlarınan bolıp esaplanadı.

**Sawda hám pul aylanısı.** Sırtqı sawda bajı pulınan mápdar bolǵan eftallar «Jipek jolı»n óz qadaǵalawı astında uslap turıwǵa háreket etken. Qıtay, Hindstan, Iran hám Vizantiya menen bolǵan xalıq aralıq sawdada belsendili qatnasqan. Jipek jolı sawdasında sasaniy sawdagerleri menen básekileslikte tiykarınan sogdılar dáldálshı bolǵan. Bul óz ornında jol, qatnaw, támiyinlew, xızmet kórsetiw tarawlarınıń keńeyip barıwına jol ashqan. Sırtqı sawdada jipek, lak, boyawlar, reńli shiysheler, qımbat bahalı taslar, arǵımshaq atlar, gezlemeler, mazalı zatlar, qural-jaraq sıyaqlı tawılmaytuǵın ónimler bazarı qızǵın bolǵan. Xalıq aralıq baylanıslardıń rawajlanıwı menen mámlekette teńge pul aylanısı tártipke salınadı.

Ishki hám sırtqı sawda baylanıslarında eftallar dáslep sasaniyler húkimdarlıǵınıń gúmis teńgelerinen keń paydalanǵan. Bulardan basqa, **Buxara, Paykent, Vardona, Naxshab, Samarqand** hám **Xorezm**de jergilikli hákimler tárepinen shıǵarılǵan mayda teńgeler mámlekettiń ishki sawdasında keń aylanısta bolǵan.

**Til hám mádeniy baylanıslar.** Orta Aziya xalqınıń bir bólegi *sogdı* tilinde, ekinshi bólegi *túrkiy* tilde sóylesken. Bul dáwirde sogdı tili xalıq aralıq sawda tili sıpatında Jetisuw hám Ferǵana arqalı Shıǵıs Túrkstanǵa kirip, Qıtay aymaqlarına shekem barıp jetken. **V—VI ásirler**de *sogdı*, *xorezm* hám *eftal* jazıwları tarqalǵan edi. *Eftallar álipbesi* Baqtriya jazıwı tiykarında payda bolǵan. *Eftallar álipbesi* tiykarınan 25 háripten ibarat bolǵan. Xat shepten ońǵa qarap kesesine jazılǵan.

Eftallar ot (jalın) hám quyashqa sıyınıwshı atashparast bolǵan.

Oraylıq Aziyadağı basqa xalıqlar bolsa budda, xristiyan hám zardusht dinlerine sıyınǵan.

**V ásir**de Orta Aziyada shiyshe soǵıwshılıq rawajlanǵan. Orta Aziya shiyshesi reńliligi, jıltıraqlıǵı hám tınıqlıǵı jaǵınan Vizantiya shiyshesinen joqarı turǵan. Qıtay imperatorları óz sarayların bezewde Orta Aziyadan alıp kelingen reńli shiysheden paydalanǵan.

Orta Aziya xalqınıń mádeniy dástúrleri qońsı mámleketlerdiń, atap aytqanda, Hindstan hám Iran súwretlew usılları menen uyǵınlasıp, erte orta ásirler mádeniyatınıń qáliplesiwinde bekkem tiykarǵa aylanǵan.



1. Eftallardıń ata-babaları qay jerde jasaǵan? Jazıwsız kartada olardıń jasaǵan jerlerin hám baǵdarların boyap shıǵıń.
2. Eftallar jazba dereklerde qanday atlar menen tilge alınǵan?
3. Aytıńshı, nege eftallar menen sasaniyler ortasındaǵı qatnaslar keskin bolǵan?
4. Eftallar kelip shıǵıwına qaray qanday qáwimlerge tiyisli bolǵan? Tiykarǵı shınıǵıwlar ne?
5. Eftallar dáwirinde basqarıw dúzimi qanday bolǵan?

**Tómendegi kesteni toltırıń. Eftallar mámleketi.**

| Eftallar mámleketi | Aymaǵı | Basqarǵan dáwiri | Húkimranlıǵı | Xojalıq turmısı |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## 4-§. ORTA AZIYA XALÍQLARÍ TÚRK QAǴANLÍǴÍ DÁWIRINDE

**Tayanısh túsinikler:** ***Túrk qaǵanlıǵı, qaǵanlıq basqarıwı, Eftallar mámleketiniń qulawı, qaǵanlıqtıń bóliniwi.***

**Qaǵanlıqtıń dúziliwi. VI ásir ortalarnda** Altay hám Qubla Sibirde jasaǵan túrkiy qáwimlerdi birlestirgen jańa mámleket júzege keldi. Bul mámleket tariyxqa Túrk qaǵanlıǵı atı menen kirgen. Onıń tiykarın salıwshı **Bumin** edi. **552-jılı** ***Bumin*** «*qaǵan*» dep járiyalandı.

Altay qaǵanlıqtıń orayı etip belgilenedi. Túrklerdiń

batısqa qaray júrgizgen atlanıslarına **Istemi** basshılıq qıladı. Oǵan «*Yabǵu qaǵan*» degen ataq beriledi. Tez arada Jetisuw hám Shıǵıs Túrkstanǵa tutasq'an ellerde jasawshı túrkiy qáwimler baǵındırıladı. **555-jıl**dıń ózinde túrkler Sırdárya hám Aral teńizi boylarına shekem sozılǵan keń úlkelerdi iyelep aladı. Qaǵanlıqtıń shegarası Eftallar mámleketiniń aymaqlarına shekem barıp jetedi. Nátiyjede eftallar mámleketiniń arqadaǵı aymaqları qáwip astında qaldı. Bunday qolaylı waqıttan paydalanǵan Toxarstan hám Shaǵaniyandı eftallardan tartıp aladı.

Túrk qaǵanlıǵınıń eftallar menen soqlıǵısıwı anıq edi. Bunday qıyın siyasiy awhal qaǵanlıqtı Iran, sońın ala Vizantiya menen jaqınlastıradı. Uzaq waqıt eftallardıń qısımında jasap kelgen sasaniyler bul mámlekettiń tolıǵı menen joq bolıwınan mápdar edi. **Xısraw I Anusherwan** (531—579) baslaması menen júzege kelgen óz ara áskeriy awqam Iran shaxınıń **Istemi**ge kúyew bolıwı arqalı jáne de bekkemlenedi.

Iran áskerleriniń **Balx**ǵa hújiminiń járdemi menen túrkler **563-jılı** Eftallar mámleketiniń jerlerine bastırıp kiredi. **Parak** (Shırshıq) alabı hám onıń orayı **Shash** qalası basıp alınadı. Sırdáryadan ótip, Zarafshan alabına kirip baradı. Olar **Samarqand, Kesh** hám **Naqshab**tı iyelep, **Buxara**ǵa jaqınlasadı. *Segiz kún* dawam etken qattı sawashta eftallardıń áskerleri jeńiledi.

Solay etip, qubladan Iran sasaniylerinen, arqadan Túrk qaǵanlıǵınan **563—567-jılları** soqqıǵa ushıraǵan Eftallar mámleketi birotala joq boladı. Nátiyjede jeńilgen mámlekettiń miyrası óz ara bólinip, Ámiwdáryanıń qubla jaǵalarına shekemgi wálayatlar Iran, onıń oń jaqtaǵı jaǵaların boylap Kaspiy teńizine shekem sozılıp jatqan jerler Túrk qaǵanlıǵınıń soramına ótedi.

Eftallar patshalıǵı qulaǵannan keyin, awhal túp tamırınan ózgeredi. Endi óz shegarasın arqa-shıǵıs tárepke qarap keńeytip alǵan Iran Ámiwdáryadan tap Sırdárıyaǵa shekemgi Jipek jolınıń haqıyqıy iyesi bolıp aladı. Uzaq

Shıǵıstan Iran shegaralarına shekemgi kárwan jolınıń qadaǵalawın óz qorǵawı astına alǵan túrkler bolsa Iran arqalı Vizantiya menen tikkeley sawda etetuǵın boldı.

**Túrk qaǵanlıǵınıń basqarıwı.** Túrk qaǵanlıǵı qanshama úlken bolmasın, ol shın mánisinde oraylasqan mámleket emes edi. Onıń tiykarı túrkiy tilde sóyleytuǵın qáwimlerdiń awqamınan ibarat bolǵan. Bul awqamdı qaǵan basqaratuǵın edi. Húkimdardıń hákimiyatı urıw-qáwimlerdiń dástúrlerine súyengen áskeriy-hákimshilik basqarıwǵa tiykarlanǵan edi. Mámleket kóshpeli sharwalarǵa hám otırıqshı diyqan massasına bólingen. Kóshpeli sharwalar massası **«budun»** yamasa **«qara budun»** degen at penen atalǵan. Budun óz gezeginde qáwimler awqamı birlespesin dúzgen. On oq budun yamasa eldiń hákimi **«yabǵu»** yamasa **«jabǵu»** atı menen atalǵan. Yabǵu dárejesine tek qaǵan urıwına aǵayin-tuwısqan bolǵanlar ǵana kóteriletuǵın bolǵan. On oq el sárdarı bir tuman (yaǵnıy on mıń) atlı áskerdi sapqa dizer edi. Bunday áskeriy bólimsheniń tuman basshısı **«shad»** dep aytılatuǵın bolǵan.

**VI ásir**de Shırshıq, Zarafshan, Qashqadárya hám Ámiwdárya basseynlerinde *onnan aslam oazis hákimlikleri* bar edi. Olardıń ekonomikalıq hám siyasiy basqarıwı jergilikli dinastiya húkimdarlarınıń qolında qaldırılıp, túrkler olardan tek bajı hám yasaq salıǵın óndirip alıw menen sheklenedi.

*** Budun — sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı xalıq.**
*** Qaǵan — ullı húkimdar, patsha, imperator.**
*** Yabǵu qaǵan — qaǵan urıwınan bolǵan eldiń hákimi**
*** Shad — on mıń áskerdiń basshısı (komandiri).**
*** Yasaq — diyqanlar hám sharwashılıq penen shuǵıllanıwshılardan alınatuǵın salıq.**

**Qaǵanlıqtıń bóliniwi.** Úlken-úlken qáwimler yamasa qáwimler awqamı oraylıq hákimiyatqa boysınbawǵa umtılǵan. Túrk qaǵanlıǵı qaramaǵında bolǵan aymaqlardaǵı hákimler ǵárezsiz bolıwdı qáler edi. Bul

faktorlar qaǵanlıqtıń bekkem oraylasqan mámleketke aylanıwına imkaniyat bermegen.

Boysındırılǵan aymaqlardı jergilikli hákimler arqalı basqarıw tártibi qaǵanlıqtı barǵan sayın hálsiretip barǵan. Bunıń ústine Vizantiya, Qıtay hám Iran menen úzliksiz báseki qaǵanlıq awhalın jáne de awırlastırǵan. Nátiyjede, Túrk qaǵanlıǵı **VI ásirdiń 80-jıllarınıń aqırlarında** ekige — **Shıǵıs túrk qaǵanlıǵı** hám **Batıs túrk qaǵanlıǵı**na bólinip ketti. Ullı túrk qaǵanlıǵı dúzilgen el-jurt Alay tawlarınıń shıǵısınan Uzaq Shıǵısqa shekem bolǵan aymaq, yaǵnıy *Túslik Sibir, Urxun basseyni* (Mońǵolstan), *Arqa Qıtay* ***Shıǵıs qaǵanlıǵı*** qol astında bolǵan. Belgili qaǵanlıqtıń paytaxtı **Utukan alabın** (Mońǵolstan)da bolǵan. Alay taw-larınıń batısında jaylasqan úlkeler: *Jetisuw, Shıǵıs Túrkstan, Sırdárya* hám *Ámiwdárya basseynleri* jáne olarǵa tutasqan aymaq ***Batıs qaǵanlıq*** tárepinen basqarılǵan. Rezidenciysı ***Jetisuw***da jaylasqan.

*** Bekkem oraylasqan mámleket — bul barlıq aymaqları jalǵız húkimdar hákimiyatı tárepinen basqarılıwshı mámleket bolıp esaplanadı.**

1. Túrk qaǵanlıǵı qashan hám qay jerde dúzildi, oǵan kim tiykar saldı?
2. Ne maqsette Túrk qaǵanlıǵı menen Iran arasında áskeriy awqam dúzildi?
3. Túrk qaǵanlıǵınıń Orta Aziyaǵa atlanısı qanday aqıbetlerge alıp keldi?
4. Eftallar mámleketi qulaǵannan keyin ózgergen jaǵday haqqında ne ayta alasız?
5. Túrk qaǵanlıǵı basqarılıwı eftallar dáwiriniń basqa-rılıwınan nesi menen parıqlanǵan?
6. Túrk qaǵanlıǵı qanday sebeplerge baylanıslı bólinip ket-ken? Túrk qaǵanlıǵı bólinip ketpewi ushın ne qılıw ke-rek edi dep oylaysız?

## 5-§. BATIS TÚRK QAǴANLÍǴÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Batıs túrk qaǵanlıǵı, yabǵu, basqarıw tártibi, sociallıq turmıs, Abruy kóterilisi.***

**Basqarıw.** Batıs qaǵanlıq sociallıq, ekonomikalıq hám mádeniy jaqtan Shıǵıs qaǵanlıqtan pútkilley ayırılıp turǵan. Shıǵıs qaǵanlıq xalqınıń tiykarǵı bólegi sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı kóshpeliler edi. Batıs qaǵanlıq xalqınıń úlken bólegi bolsa otırıqshı diyqanshılıq, ónermentshilik hám sawda-satlıq penen shuǵıllanatuǵın edi.

**VII ásirdiń birinshi shereginde** Batıs qaǵanlıq oǵada kúsheygen. Onıń shıǵıs shegarası Altayǵa, qubladan bolsa Sind (Hind) dáryası boylarına shekem barıp taqaladı. Batıs qaǵanlıq ózine qaram wálayatlardı basqarıwda jergilikli úrim-putaqlardı saqlap qalǵan. Áhmiyetke iye bolǵan ayırım úlkelerde bolsa qaǵan shańaraǵına tiyisli mánsap iyeleri saylanǵan.

Qaǵan **Tun yabǵu** (618—630) húkimdarlıq qılǵan dáwirde basqarıw tártipleri reforma qılınadı. Reformaǵa baylanıslı, jergilikli húkimdarlarǵa qaǵanlıqtıń **«yabǵu»** ataǵı berilip, olar qaǵannıń nayıbına (wákiline) aylanadı.

Sonıń menen birge, Orta Aziya, Shıǵıs Túrkstan hám Toxarstannıń derlik ǵárezsiz hákimlikleriniń ústinen siyasiy qadaǵalaw kúsheyttiriledi. Olardıń aldına qaǵanlıqtıń wákilleri — **tudunlar** jiberiledi. Biraq, ishki gúrestiń aqıbetinde Batıs túrk qaǵanlıǵı hálsirep baradı.

**Sociallıq turmıs.** Batıs túrk qaǵanlıǵına birlesken xalıqtıń turmısı da hám xojalıǵı hár túrli bolǵan. Qaǵanlıq otırıqshı hám kóshpeli xalıqqa bólingen. Kóshpelilerdiń tiykarǵı kásibi sharwashılıq bolǵan. Xalıqtıń otırıqshı bólegi mádeniy tárepten aldında bolıp, qaǵanlıqtıń social hám ekonomikalıq turmısında jetekshi áhmiyetke iye bolǵan.

Qaǵanlıqta qalalar hám awıllar kóp bolǵan. Xalqı tiykarınan diyqanshılıq, ónermentshilik hám sawda-satlıq isleri menen shuǵıllanǵan. Ónermentler soqqan bezew zatları hám qural-jaraqlardıń hár qıylılıǵı hám oǵada puqtalıǵı menen ayrıqsha ayırılıp turatuǵın edi.

Ishki hám sırtqı sawda-satlıq isleri de qala xalqınıń tiykarǵı kásipleriniń biri bolǵan. Bul tarawda ásirese **Sogdı** sawdagerleriniń qolı bálent edi.

Batıs túrk qaǵanlıǵı menen Qıtay ortasında **VII ásirdiń birinshi yarımı**nda ekonomikalıq baylanıslar qızıp ketti. Bul dáwirde Qıtayǵa toǵız márte sawda elshileri jiberiledi.

**Abruy basshılıǵındaǵı kóterilis.** Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde Orta Aziyada diyqanlar tárepinen jerlerdi iyelew jaǵdayı barǵan sayın háwij alıp, zulımlıq kúsheyedi. Óz jer múlkinen ayırılǵan kashovarzlarǵa aylanadı. Jarlılıq, jábir-zulımlıq hám diyqanlardıń qısımına qarsı xalıq bas kóteriwge májbúr boladı. Usınday xalıq kóterilislerinen biri **585—586-jılları** Buxarada júz beredi. Kóteriliske qaǵan shańaraǵınan bolǵan **Abruy** basshılıq etedi. Kóterilis nátiyjesinde jábirlengen múlikke iye diyqanlar hám bay sawdagerler Buxara wálayatın tárk etip, Túrkstan hám Taraz átirapına barıp ornalasadı. Olar túrk qaǵanına ótinish etip, kóterilisshilerge qarsı gúreste járdem beriwin soraǵan. Túrk qaǵanı **Qarashorın** ulı **Sheri Kishvar** (**El Arıslan**) basshılıǵında láshker jiberedi. ***Abruy*** óltirilip, kóterilis bastırıladı. Kediver hám xızmetkerler óz xojayınları—diyqanlarǵa qaytarıp beriledi.



*** 585-586-jılları Buxara Abruy basshılıǵında jarlılıq, jábir-zulımlıq hám diyqanlardıń qısımına qarsı kóterilisler bolıp ótedi. Kóterilis Sheri Kishvar (El Arıslan) basshılıǵında bastırıladı.**

1. Bekkem oraylasqan mámleketke tán tiykarǵı belgilerdi aytıń.
2. Shıǵıs hám Batıs túrk qaǵanlıqlarınıń uqsaslıq tárepler-in anıqlań.
3. Batıs túrk qaǵanlıǵına qaysı aymaqlar kiredi?
4. Qaǵan Tun yabǵu dáwirinde qaysı tarawda reforma ótkiziledi?
5. Aytıńshı, nege Túrk qaǵanlıǵındaǵı xalıqtıń tirishiligi hám xojalıǵı túrlishe bolǵan?
6. Ne sebepten Buxarada xalıq kóterilisi boldı? Aqıbeti ne menen tamamlandı?

**Tómendegi kesteni Batıs túrk qaǵanlıǵına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Basqarıwı | Social tirishiligi | Kashovarzlar awhalı |
|---|---|---|
| | | |

## 6-§. JERGILIKLI HÁKIMLIKLERDIŃ DÚZILIWI

**Tayanısh túsinikler:** ***Jergilikli hákimler, Sogdı ixshidleri, Toxarstan, Ferǵana, Shash, Elok, Qala arxitekturası.***

**Jergilikli hákimlikler.** **V—VII ásirler**de mámleket **15 ten aslam** hákimliklerge bólinip ketken edi. Bul wálayat hákimlikleri dáslep eftallarǵa, soń Túrk qaǵanlıǵına boysındırılǵan bolsa da, biraq eftallar da, túrk qaǵanları da olardıń ishki turmısına aralaspaǵan. Oraylıq hákimiyatqa bajı salıǵın tólep turıw arqalı olar óz ǵárezsizliklerin belgili dárejede saqlap qaladı.

**Sogdı.** Ǵárezsiz hákimlikler arasında eń irisi **Sogdı ixshidleri** — oazis húkimdarı edi. Orta ásir mámleketleri birlespesi awqamında *Sogdı ixshidleri* úlken siyasiy orınǵa iye edi. Usı awqamda **Zarafshan** hám **Qashqadárya** alaplarında jaylasqan **Samarqand, Buxara, Kesh** oazisleriniń *on bir iri múlkleri* birlesken edi. Olardıń hár biri óz hákimi, áskeriy shokarları hám mıs pulı birligine iye edi.

Sogdıda xalıq tıǵız jasaytuǵın edi. Sogdılılar diyqanshılıq hám baǵshılıq penen shuǵıllanıp, ásirese júzim jetistiriwde oǵada sheber edi. Sharwashılıqta Sogdınıń gissar qoyları hám tulparlarınıń dańqı shıqqan edi.

Sogdı qalaları bul dáwirde ónermentshiliktiń orayına aylandı. **718-jılı** sawǵa sıpatında Samarqandtan jiberilgen dubulǵadan nusqa alıp, Qıtay qural soǵıwshıları armiyanı temir qalpaq (dubulǵa)lar menen támiynlegen.

**Toxarstan.** Hazirgi Qubla Ózbekistan hám Qubla Tájikstan, Arqa Awǵanstandı óz ishine alǵan bul tariyxıy wálayat arqada Gissar tawları qublada Hindikush, batısta Murǵab hám Xerirud oypatlıǵı, shıǵısta Pamir menen shegaralanǵan. Toxarstan Balx, Qundız, Termiz, Shaǵaniyan,

Xuttal hám basqa 27 taw hám taw aldı wálayatınan ibarat bolǵan. **Balx** qalası Toxarstan paytaxtı bolǵan.

Toxarstan atı áyyemde Yunan-Baktriya mámleketin qulatqan sharwashılıq qáwimi — *yuechjiler* atınan alınǵan. Toxarstan húkimdarları dáslep **«málikshash»**, keyinirek **«yabǵu»** atı menen atalǵan.

Toxarstan xalqınıń tiykarǵı bólegi otırıqshı diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan. Ónermentshilikte qural soǵıwshılıq, shiysha soǵıwshılıq, toqımashılıq rawajlanǵan.

Toxarstan, Hindstan, Jaqın hám Uzaq Shıǵıs mámleketleri menen sawda-mádeniy baylanıslar ornatqan, óziniń mayda teńgeleri ishki sawda aylanısında bolǵan.

**Ferǵana.** **Ferǵana** húkimdarları **«ixshid»** dep atalǵan. Ferǵana jerleri júdá hasıldar, xalqı diyqanshılıq penen kún keshirip, paxta hám salı ekken. **Koson, Axsikat** (Xushkat) hám **Kubo** (Qubo) sıyaqlı iri oraylıq qalalarında ónermentshiliktiń túrli tarawları rawajlanıp, onıń ónimleri ishki hám sırtqı bazarlarda júdá ótimli bolǵan. Qońsı mámleketlerge boyaw, reńli shiyshe buyımları hám dári-dármaqlar shıǵarılǵan.

Ferǵana alabında otırıqshı xalıq penen bir qatarda sharwalar da jasaǵan. **Qurama** hám **Qaramazar** tawlarınıń janbawırlarında áyyemnen jılqıshılıq penen shuǵıllanǵan. Bul alapta kóbeytilgen tulpar atlardıń dańqı dúnya júzine taralǵan.

**Shash hám Elok.** **Shırshıq** hám **Ahangaran** alaplarında eki hákimlik bolǵan. Dereklerde olardan birewi **Shash**, ekinshisi **Elok** múlki atları menen tilge alınadı. Shashtıń paytaxtı **Shash** qalası bolıp, patshasın **«tudun»** dep ataytuǵın edi. Eloktıń paytaxtı **Tunkat**, hákimlerin **«diyqan»** dep ataytuǵın edi.

**VII asirdiń dáslepki seregi**nde Batıs túrk qaǵanlıǵı húkimdarlıq sarayın *Shash* wálayatına kóshiredi. Húkimdar hám malika ushın bul jerde ózine tán saraylar qurılǵan.

*Shash* úlkesi óziniń teńge pulları sistemasına iye bolǵan. Teńgelerdiń aldı betinde húkimdar, terisinde at

yamasa jolbarıs yamasa qaplan kórinisi, bazıda dinastiyalıq tamǵa túsirilgen. Ayırım teńgelerde bolsa hátteki húkimranǵa jap-jaqın malika kóriniside túsirilgen. Bunday súwretleniw húkimdardıń malikası — **xvatun** (xotun) wázirlik dárejesine iye bolıp, mámleket basqarıwında jedel qatnasqanlıǵınan belgi beredi. Sarayda ol qaǵannan keyingi orındı iyelegen.



**Shash teńgesi. VII ásir**

*Shash* hám *Elok* kóp tarmaqlı xojalıqqa iye bolıp, onda suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq, sharwashılıq, ónermentshilik, kánshilik hám sawda joqarı dárejede edi.

Kárwan jolınıń úlke arqalı ótiwi Shash hám Elokta ishki hám sırtqı sawda-satlıqtıń keńeyip, qalalar xalqınıń kóbeyiwine imkaniyat bergen.

**Basqarıw hákimshiligi.** Erte orta ásirlerde Orta Aziya hákimliklerinde belgili tártipte basqarıw hákimshiligi shólkemlestirilgen edi. Basqarıw hákimshiliginiń tiykarǵı wazıypası puqaralardan baj, salıq hám tólemlerdi óz waqtında jıynap alıw, jámáátlik islerge olardı jumsawdan ibarat bolǵan. Kiris-shıǵıslar anıq hám ráwshan hújjetlestirilgen. Olarǵa barmaq basılıp, hátte mór menen tastıyıqlanıp qoyılǵan.

**Qala arxitekturası.** **V—VII ásirler**de Orta Aziyada, bir tárepten, jerge iyelik etiw qatnasıqlarınıń ornatılıwı hám bekkemlenip barıwı, ekinshi tárepten, kóshpeli sharwalardıń toqtawsız túrde kirip keliwi hám ornalasıwı qala hám awıllardıń kelbetine hám xalqınıń turmıs jaǵdayına awır tásir kórsetedi.

Ónim alıwshi jerler keńeyip, diyqanshılıq oazisleriniń suw menen támiyinleniwi túp-tamırınan jaqsılandı. Taw aldı maydanlarına suw shıǵarılıp, jańa jerler ózlestirildi. Qala xalqınıń sanı kóbeydi. Awıllarda **«kóshki»**, **«qasır»**, **«qorǵan»** hám **«qorǵansha»** degen at penen dańq kótergen bekinisli turaq jaylar boy tikledi.

Bekkem qorǵanıslı qasır, qorǵan hám kóshkiler tiy-

karınan sırtqı dushpanlardıń hújimine qarsı qorǵanıw qurılısı, shokarlar toplanatuǵın jer, hákimshilik oray jáne azıq-awqat hám qural-jaraq saqlanatuǵın jay wazıypasın atqarǵan.

Orta ásirlerde qalalar úsh bólimnen ibarat bolǵan. Olar **«*kuhandiz*», «*shaxristan*», «*rabad*»** dep atalǵan. Qalalardıń úsh bólimi de óz aldına diywallar menen qorshalǵan. Olardıń bir neshe dárwazaları bolǵan. Qala diywalları boylap aǵıp ótetuǵın kanal (qandek) wazıypasın atqarǵan. Orta ásirlerde jasaǵan arab avtorlarınıń (*Ibn Xavqal* hám *Ishtaxriy*) jazıwınsha, bir ǵana **Binkat** (Tashkent)tiń jigirma eki dárwazası bolǵan.

*** Ixshid – wálayat hákimi.**
*** Kuhandiz (ark) – qala hákiminiń qorǵanı jaylasqan bolegi.**
*** Rabad – qalanıń sırtqı mavzesi.**
*** Shaxristan – qalanıń ishki bólegi.**

1. Sogdı ixshidligi qaysı oaziste jaylasqan edi? Ushbu mahalliy hokimlik nechta mulklarni birlashtirgan edi?
2. Eslep kóriń, Toxarstan aymaǵı aldın Orta Aziyadaǵı qaysı mámleket aymaǵına uqsas bolǵan?
3. Erte orta ásirlerde Orta Aziyadaǵı jergilikli hákimliklerden qaysısında malika wázirlik dárejesine iye bolıp, mámleket basqarıwına jedel qatnasqan edi?
4. Orta Aziya hákimliklerinde basqarıw hákimshiliginiń tiykarǵı wazıypası nelerden ibarat bolǵan?

## 7-§. VI—VII ÁSIRLERDE MÁDENIY TURMÍS

**Tayanısh túsinikler: *jazıw, diniy isenimler, kórkem-óner, muzıka.***

**Jazıw.** Bul dáwirde Sogdı, Xorezm hám Toxarstan xalıqlarınıń bólek-bólek jazıwları bolıp, *Sogdı* hám *xorezm* jazıwları áyyemgi *aramey jazıwı* tiykarında júzege kelgen edi. *Toxar jazıwı* baktrya jazıwı tiykarnda qáliplesip, 25 háripli jazıwǵa iye bolǵan.

Xat, hújjet hám ayırım xabarlar sıyaqlı jollamalar tiykarınan terige, aǵashqa, gúlalǵa hám ayırım jaǵdaylar-

da qaǵazǵa jazılatuǵın edi. Óytkeni, qaǵazdıń bahası oǵada joqarı edi. Ayırım jazıwlar bolsa hátteki patsha saraylarınıń hám ibadatxanalardıń diywallarına da jazılatuǵın edi. Olardıń arasında elshilik xatları, xojalıqtaǵı kiris-shıǵıslar, yuridikalıq shártnamalar, astronomiyalıq hújjetler, tariyxıy yadnamalar jáne diniy isenimler jazılǵan siyrek gezlesetuǵın qol jazba tabılmaları bar.



**Sogdı jazıwı**

Biziń zamanımızǵa shekem saqlanıp kelgen *sogdı jazıwları* Panjikent qasındaǵı **Muǵ qorǵanı**nda, Shıǵıs Túrkstandaǵı **Turfan qalasınıń** janında, Samarqandtıń áyyemgi qarabaqanası **Afrasiyab**tan tabılıp úyrenilgen. Olarda Sogdınıń siyasiy tariyxı, huqıq hám nızamları, ekonomikalıq hám diniy isenimleri tuwralı áhmiyetli maǵlıwmatlar keltirilgen.

Sogdıda er balalar bes jasqa tolǵanda, jazıwǵa hám esapqa úyretilip, keyin olar 20 jasqa kirgeninde sawda islerin úyreniw ushın basqa mámleketlerge jiberiletuǵın bolǵan.

Sonday-aq, bul dáwirde **túrkiy run** (kók túrk) jazıwı da qollanılǵan. Túrklerdiń bul jazıwı biri ekinshisine tutasıp ketetuǵın 38-40 háriplerden ibarat edi. Ol tas hám aǵashlarǵa oyıp jazıw ushın oǵada qolaylı edi. Áyyemgi *kók túrk jazıwları* (**Qultegin** hám **Bilge qaǵan** jazıwları) Altay hám Shıǵıs Túrkstannan basqa, Jetisuw, Ferǵana hám Zarafshan alaplarınan tabılıp, izertlengen. Olar qábir taslarındaǵı qulpı taslarǵa, gúlal hám metall ıdıslarǵa, aǵashlarǵa hám teńge pullarǵa jazılǵan.



*** Erte orta ásirlerde elimizde sogdı, xorezm, toxar hám túrkiy run (kók túrk) jazıwları bar bolǵan.**

**Diniy sıyınıwlar. VI—VIII ásirler**de Orta Aziyada *zardushtiy, budda, xristian, moniy* hám *kam* (shamaniylik) sıyaqlı bir neshe jergilikli hám basqa úlkelerden kirip kelgen dinler bolǵan. Xalıqtıń kópshiligi zardushtiylik dinine sıyınǵan.





**Varaxsha. Diywaldaǵı súwret**

Dereklerde aytılıwınsha, Toxarstan xalqı budda dinine sıyınǵan. Toxarstan Orta Aziyada *budda* hám *moniy* dinleriniń tarqalıwı hám rawajlanıwında áhmiyetli. Orta Aziya xalıqlarınıń ideologiyalıq turmısında *moniy dini* de anaǵurlım tereń tamır urǵan edi. Moniy dini táliymatı boyınsha álemniń baslanıwı eki qarama-qarsı dóretiwshi — *jaqtılıq* hám *jaqsılıq* jáne *qarańǵı túnek* penen *jawızlıq*tan ibarat bolǵan. *Ibadat etiw, oraza tutıw, sadaqa beriw* moniy dininiń **arkonı** esaplanǵan. Samarqand wálayatınıń **Úrgút rayonı** Sogdıda ǵana emes, bálki pútkil Orta Aziyada *xristianlıq* oraylarınan esaplanatuǵın edi.

Túrk qaǵanlıǵınıń sharwa xalqı áyyemnen *shamaniylik* dinine sıyınıp kelgen. Bul din janǵa hám ruwxlarǵa, ata-babalar ruhlarına sıyınıw isenimin tárbiyalaǵan. Áyyemgi túrkler ózleriniń dinin **«kam»** dep ataǵan. Sebebi, olarda **«shaman»** degen sóz bolmaǵan. Bul din álemdi joqtan bar qılǵan *Kók táńrine* iseniwshi jalǵız qudaylıq din esaplanadı. Sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı kóshpeli xalıq Kók Táńrine arnalǵan máresimler ótkerip, qurban-

*** Arkon — dindegi eń áhmiyetli wazıypa, súyenish, hákimshilk.**
*** Kam-shaman — Kok Táńrine sıyınıwshı jeke qudaylıq dini.**



lıqlar qılǵan. Mısalı, Kók Táńriniń húrmetine qurbanlıq ushın qara qasqa attı bawızlaǵan.

**Qala qurılısı.** V-VII ásirlerde diyqanshılıq maydanları keńeyip ónimlerdiń asıp barıwı, ónermentshilik buyım hám bezewlerge bolǵan mútájlik, sawda-satlıqtıń kúsheyiwi qalalardıń rawajlanıwına tásir etti. Qala qurılısınıń ózegi bolǵan shaxristanlar, olardıń átirapında rabotlar, baǵlar, tiykarınan suwǵarılatuǵın jerlerde qurılǵan. Shaxristan maydanı dáslep *15 gektar*dan aspaǵan. Onda tiykarınan bay qatlam jasaǵan. Qala átirapndaǵı rabotta ónermentler, diyqanlar jasaǵan. Buxara hám Paykent qalalarınıń maydanı *20 gektar*dan aspaǵan. Bul dáwirde Orta aziyada eń úlken qalalardan biri **Samarqand** edi. Onıń ulıwma maydanı *200 gektar* bolǵan. Shaxristannıń qurılısı **Afrasiyab**, **Varaxsha, Panjikent** qalalarında arxeologiyalıq izertlewler arqalı úyrenilgen. Kóshe tarmaqları qatarına ápiwayı úy-jay imaratları, ónerment ustaxanaları, dúkánlar, ibadatxanalar, saraylar qurılǵan. Diywallar, tiykarınan, qorǵawshı diywallar paxsa hám pispegen gerbishten qurılıp, múyeshlerine biyik etip burjlar islengen.

**Kórkem óner.** Súwretlew óneriniń **xudojniklik** hám **músinshilik** sıyaqlı tarmaqları gúllenip rawajlanadı. Surxan oazisindegi **Balalıqtóbe** hám Zarafshan alabındaǵı **Panjikent, Varaxsha** hám **Afrasiyab**, Ferǵana alabındaǵı **Quvada**ǵı izertlengen esteliklerden – *diywaldaǵı súwretler, músinler* hám *ganshtan islengen naǵıslar* sol zaman-



**Varaxsha. Ganshtaǵı Qumay qusı. VII ásirler**

nıń shıǵarmaları. Diywaldaǵı súwretler sol zamannıń turmısı, diniy isenimleri hám mámleketler menen baylanısların sóz etiwshi derek.

Músinshilik ónerinıń rawajlanıwında budda dini kúshli tásir kórsetken. Ferǵana alabındaǵı **Quva**dan jáne Qorǵantóbe janındaǵı **Ájiynetóbe**den buddanıń úlken músinleri tabılıp izertlendi. **Ájiynetóbe buddası** músininiń biyikligi 12 metr. Bul dáwirde *aǵashqa oyıp naǵıs salıw* joqarı dárejede rawajlanǵan. Erte orta ásirdegi oymashılıq ónerinıń siyrek gezlesetuǵın úlgileri **Varaxsha**dan tabılǵan buyımlar arqalı izertlendi.

**Muzıka óneri.** Orta Aziyada *muzıka, ayaq oyın, qosıq aytıw, masqarapazlıq* hám *dárwazlıq* sıyaqlı kórkem ónerdiń basqa hár túrli tarawları da jetilisken edi. Bul dáwirde kórkem óner tarawında *Buxara qızıqshıları, Samarqand nayshıları, Tashkenttiń oyınshı jigitleri* hám *ayaq oyınshı qızları* menen dańqı shıqqan edi.

Shash oyınshı jigitleriniń atqarıwındaǵı dańqı shıqqan **«Shash ayaq oyını»** yamasa dáp qaǵıp ım menen jelkesin gújireytip túsetuǵın nazlı **«Dáp oyını»** Qıtay aqsúyeklerin tań qaldırıp, olardı hayran qaldırǵan edi. Bir ǵana Buxara qalasınıń ózinde usta ónermentler tárepinen on túrdegi muzıkalıq ásbaplar soǵılǵan.



1. Erte orta ásirlerde qanday jazıwlardan paydalanǵan?
2. Jazıwlar tiykarınan nelerge jazılǵan? Nege qaǵazǵa kóbinese jazılmaǵan?
3. Xalıq qanday dinlerge sıyınǵan?
4. Músinshiliktiń rawajlanıwına, ásirese, qaysı din kúshlı tásir kórsetken?

**Tómendegi kesteni V-VII ásirlerde mádeniy turmıs temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Jazıw | Diniy sıyınıwlar | Qala qurıwshılıq |
|---|---|---|
| | | |

# II BAP
# ARAB XALIFALÍǴÍ DÁWIRINDE MAWARAWNNAXR
## 8-§. MAWARAWNNAXRDA ARAB XALIFALÍǴÍNÍŃ ORNATÍLÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Islam dini, Xorasan, Mawarawnnaxr, Mawarawnnaxrdıń basıp alınıwı.***

**Islam dininiń payda bolıwı.** Áyyemnen Arabstan yarım atawındaǵı arablar tarqalǵan jaǵdayda jasadı. VII ásirdiń baslarına kelip Arabstanda jeke isenim tiykarında mámleketti birlestiriw háreketi baslanadı. Bul ullı isenim jeke qudaylıqqa tiykarlanǵan islam dini edi.

*** Islam — «boysınıw», «sıyınıw», «ózin Allaǵa baǵıshlaw» degen mánislerdi ańlatadı.**

Allanıń rasuli (elshisi) Mekke qalasında dúnyaǵa kelgen **Muxammed** (s.a.v. — sallallohu alayhi vasallam) **ibn Abdullax** (570—632) bul háreketke jol basshılıq qıladı. Islamdı qabıl etip, Rasulullaxtı qollap-quwatlap onıń izine ergenler «*múslim*» (musılmanlar) dep atalǵan. Olar insanlardıń Quday aldında teń ekenligin, ırısqı-nesiybeni hámmege Dóretiwshiniń ózi jetkizip beretuǵınlıǵın jáne jámiyettegi ádalatsızlıqlarǵa shek qoyıw ushın haq dinge kiriw kerekligin úgit-násiyat etedi. Islam bayraǵı astında **Mekke** qalasında baslanǵan islam dinin úgit-násiyatlaw **Mádiynaǵa** kóshedi. **Muxammed** (s.a.v.) **630-jılı** arablardı jeke mámleketke birlestiredi.

**Muxammed** (s.a.v.) dúnyadan ótkennen keyin, onıń eń jaqın zamanlası **Ábiw Bákir** (632—634), **xalifa** (orınbasar) dep daǵazalanadı. Arab qáwimleriniń islam dinin qabıl etip, siyasiy jaqtan birden-bir hákimiyatqa birlesiwinde, sonday-aq islamnıń jáhán dinlerinen birine aylanıwında islam qaǵıydaları, huqıqıy hám morallıq ólshemlerin óz ishine qamtıp alǵan **Quranı Kárim**niń áhmiyeti oǵada ullı edi.

**Mısr, Siriya, Palastin, Irak, Iran** sıyaqlı kóp mámleketler baǵındırılıp, esap-sansız oljalarǵa iye bolǵan Arab xalifalıǵı áskeriy atlanıslardı biziń elimizge qarattı.



**651-jılı** arablar sawash júrgizbey-aq **Marı** qalasın iyeleydi. Sońınan házirgi Awǵanstannıń arqa bólegi, Irannıń arqa-shıǵıs bólegi hám Qubla Túrkmenstannan tap Ámiwdáryaǵa shekemgi aymaqlar basıp alındı. Arablar bul aymaqlardı **Xorasan** dep ataǵan. Onıń orayı **Marı** qalası edi. Bul wálayattı basqarıw ushın arnawlı nayıb tayınlanıp, ol Marıda turatuǵın edi. Arablar bul jerge jayǵasıp alǵannan keyin Ámiwdáryadan arqada jaylasqan bay mámleketlerdi basıp alıwǵa tayarlıq kóredi. Bul jerlerdi arablar **Mawarawnnaxr** yamasa «***dáryanıń arǵı tárepi***» dep atadı.

*** Arab xalifalıǵı – barlıq hákimiyat Muxammed (s.a.v.)tıń orınbasarları (xalifalar)nıń qolında toplanǵan mámleket (632-1258). Onda Ummaviyler (661-750) hám Abbasiyler (750-1258) dinastiyası húkimranlıq etken.**

**Mawarawnnaxrǵa atlanıs.** Arablar Mawarawnnaxrǵa dáslep onı basıp alıw ushın emes, al áskeriy jaqtan tayarlıq kóriw ushın, jergilikli húkimdarlardı sınap kóriw maqsetinde atlanıs jasaǵan. Mawarawnnaxrǵa dáslepki hújimler **654-jılı Maymurg** hám **667-jılı Shaǵaniyan**nan baslanadı. Dereklerde jazılıwınsha, bul dáwirde Xorezm arablar tárepinen eki mártebe talan-taraj etilgen.

***Narshaxiy***diń jazıwına qaraǵanda, 673-jıldıń gúzinde xalifa **Muoviya I** (661—680) pármanı menen **Ubaydulla ibn Ziyad** Ámiwdáryadan keship ótip, Buxara wálayatına basıp kiredi. **Paykend** hám **Romitandı** iyelegennen keyin, Buxaranı jeńip, óz paydasına pitim dúzip, bir lak (júz mıń) dirham muǵdarında bajı óndiredi. Bajıdan basqa arablar tórt mıń tutqın, qural-jaraq, kiyim-kenshek, altın hám gúmis buyımlardan ibarat kóp oljalar menen Marıǵa qaytadı. Jol-jónekey arablar **Termiz** qalasın da iyeleydi.

**VIII ásirdiń baslar**ında arablar Mawarawnnaxrdı úzil-kesil basıp alıwǵa kirisedi. Xorasanǵa nayıb bolıp tayınlanǵan **Kuteyba ibn Múslim** arablardıń Mawarawnnaxǵa áskeriy atlanıslarına basshılıq etedi. ***Kuteyba*** áskeriy atlanısların **705-jılı Balx** wálayatınıń átirapların basıp alıwdan baslaydı. Tez arada **Shaǵaniyan** hákimi urıssız-

aq baǵınadı. ***Kuteyba*** qıyınshılıq penen **Paykend**ti jawlap, Buxara tárepke atlanadı hám **709-jılı** Buxaranı iyeleydi. Buxaralılar hár jılı xalifalıqqa bajı tólew, úyleriniń yarımın arablarǵa bosatıp beriwge májbúr edi.

**710-jılı** ***Kuteyba***, **Naqshab** hám **Kesh**ti basıp alıp, **Samarqand**qa hújim jasawǵa tayarlıq kóredi. Biraq, Xorezmde baslanǵan ishki qarama-qarsılıqlar aqıbetinde júzege kelgen qolay pursattan paydalanıp qalıw ushın ***Kuteyba***nıń Sogdıǵa atlanısın keshiktirip, Xorezmge qarap láshker tartıwǵa shaqıradı. Xorezm shaxı **Shaǵan** inisi **Hurzad** basshılıq etken xalıq kóterilisinen qorqıp, **711-jılı** Kuteybaǵa ótinish etip onnan járdem soraydı. Dushpan qolı menen inisi **Hurzad** tastalqan etip óltirilse de, Xorezmshax bunnan óz ǵárezsizligin joq etip, arablarǵa bajı tólewge májbúr boldı. Onıń áskeriy kúshleri bolsa, **Kuteyba**nıń áskeriy atlanıslarında qatnasıwǵa májbúr etiledi.

**712-jılı** ***Kuteyba*** áskerleri **Samarqand**qa qarap jol tartadı. Bul dáwirde ***Gurak*** (710—737) Sogdıǵa patsha bolıp kóterilgen edi. ***Gurak*** arablarǵa qarsı gúres alıp bardı. Kúshlerdiń teń emesliginiń aqıbetinde Samarqand táslim boladı. ***Gurak*** penen ***Kuteyba*** ortasında pitim dúzilip, Sogdı xalifalıqqa baǵınıshlı bolıp qaladı.

**Shash hám Ferǵananıń basıp alınıwı.** **713-jılı** ***Kuteyba*** áskerleriniń bir bólimi **Shash wálayatı**na, ózi basqarǵan tiykarǵı kúsh bolsa **Ferǵana alabına** qarap jol aladı. Shash oazisi basıp alınıp, onıń bas qalası **Madiynat ash-Shash** hám júdá kóplegen qorǵanlar hám awıllarǵa ot qoyılıp wayran etiledi. **715-jıl**dıń basında Ferǵana alabın iyelep, **Qashqar**ǵa shekem kirip baradı. Hámme wálayatlarǵa arablardan *ámirler* qoyıladı. Biraq ***Kuteyba*** xalifa **Sulayman**ǵa qarsı qozǵalıs kótergeniniń aqıbetinde Ferǵanada arab áskerleri tárepinen óltiriledi.

**Jerge iyelik túrleri.** Arablar Mawarawnnaxrdı basıp alǵannan keyin, bul jerdegi jer-múlikler xalıfaǵa qaraslı bolıp qaldı. Xalifa mámleket jerlerin ıqta túrinde baǵıshlaǵan. Mámleket jerleri ayırım jol baslawshılar hám ámeldarlarǵa ómir boyı yamasa miyraslıq túrinde berilgen.

Biraq jerlerdiń tiykarǵı iyesi xalifa sanalar hám ıqtıdalardan úsir alıw huqıqına iye edi.

Iri jer iyeleri – diyqanlar arab xalifalıǵı dáwirinde de óz jerleriniń iyeleri bolıp qaldı. Biraq olar endi ijarashıǵa aylanıp, dáramattıń belgili bólegin xalifalıq baylıǵına jiberiw juwapkershiligin alǵan edi.

**VIII ásir** dawamında iri diyqanlar qolı astındaǵı jer-múlikleri arab áskeriy múlk iyelerine ótiwi júz berdi. Arab baylarınıń diyqanlar menen jaqınlasıwı sol dáwirde kúsheygen. Diyqanlardıń arablar menen jaqınlasıwı, olardı basıp alıwshılar ushın isenimli xızmetkerligin támiyinlew menen bir qatarda, jer-múlikleri hám basqa baylıqların qorǵawǵa imkaniyat jaratadı. Diyqanlar arablar basıp alıwınan keyin xalifalıq nayıbınıń wákili esaplanǵan ámirge boysınǵan. Biraq ámir menen bir qatarda iri jer iyeleri – buxarxudotlardıń da abıroyı biyik bolǵan. Narshaxiydiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, ayırım diyqanlar Buxara ámiri hám buxarxudotlar olardıń óz jerlerin tartıp alǵanlıq arzın Xorasan nayıbına jetkergen.

Mawarawnnaxrdaǵı awıllarda jerler mayda xojalıqlar tárepinen qayta islengen. Diyqanlar jerlerdi mayda bóleklerge ajıratıp miynetkeshlerge – kediver hám kasho-

*** Muxammed Narshaqiy (899-959) – tariyxshı ilimpaz. Buxaranıń Narshax awılında tuwılǵan. «Buxara tariyxı» atlı shıǵarmanı jazıp qaldırǵan**
*** Ámir (arabsha – «ámir etiwshi», «baslıq», «hákim») – áskerbası, hákim, bek. Arab xalifalıǵı dáwirinde óz aldına armiya komandirleri ámir dep atalıp, olar ádette jeńip alınǵan wálayatlarǵa nayıp etip saylanǵan**
*** Fatx (arabsha) – «iyelew», «jeńip alıw», «basıp alıw» mánisin beredi**
*** Íqta (arabsha) – shek, bólistirip berilgen jer, húkimdar tárepinen úlken xızmetleri ushın berilgen shek jer**
*** Úsir (arabsha – «onnan bir») – basqarıw jumısları ushın daramattıń 1/10 kólemi yesabında alınatuǵın salıq.**

varzlarǵa ijara túrinde bólip bergen. Bunıń ushın miynetkeshler salıq tólegen. Diyqanlar hám ámirler salıqtıń xalifa qaznasına túsiwinde ortakesh dáldálshılıq qılǵan.

1. Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp arablar haqqında hám Islam dininiń qalay payda bolǵanlıǵı haqqında aytıp beriń.
2. Xorasan qaysı aymaqlardı óz ishine alǵan? Onıń orayı qaysı qala bolǵan?
3. Mawarawnnaxr qanday mánisti ańlatadı?
4. Oylap kóriń, nege arablar Mawarawnnaxrdı dáslep basıp alıwıdı gózlemegen?
5. Xorezm xalifalıqqa qalay baǵındırıldı?
6. Arablar Mawarawnnaxrdı neshe jıl dawamında basıp alǵan?
7. Arablar dáwirinde jer iyeliginiń qanday formaları payda boldı?

## 9-§. MAWARAWNNAXRDA ISLAM DININIŃ JAYÍLÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***jawlap alıwshılıq aqıbetleri; salıqlar; Islamǵa shaqırıw.***

**Ekonomikalıq aqıbetler.** Xalifalıq úlkeni basıp alıw barısında derlik barlıq abadanlasqan diyqanshılıq oazislerin ayaq astı qılıp, júdá kóp qala hám awıllardı órtep wayran etti. Suw qurılısları buzıp taslandı. Egislik maydanları suwsızlıqtan quwrap qaldı. Jawlap alınǵan qala hám awıl xalıqlarınan altın, gúmis, qımbat bahalı buyımlar hám kóplegen qural-jaraqlar tartıp alındı. Pitim dúziwge májbúr bolǵan **Buxara, Paykend, Sogdı** húkimdarlarınan úlken muǵdardaǵı bajı hám qun tólemleri óndirip alındı. Xalifalıq óz áskerlerine mıńlaǵan jergilikli jigitlerden qosıp aldı.

Basıp alıwshılar áskeriy kúshke súyenip, xalıqtan hár qıylı salıqlardı óndirip, xalıqtı hár túrli jumıslarǵa jumsap otırdı. **Marı, Paykend, Buxara** hám **Samarqand** sıyaqlı qalalardaǵı sháhristandı yamasa ondaǵı úylerdiń teń yarımı arablar hám olar menen birge kelgen ajamlar (eronikler)ǵa bosatıp beriledi. «*Xiraj*», «*úsir*», «*zakat*», «*jiziya*» sıyaqlı salıqlar payda boldı.

**Islamǵa shaqırıw.** Arablar Mawarawnnaxrda ornatılǵan siyasiy hákimiyattı bekkemlew hám turaqlılıqtı támiyinlew ushın islam dininiń úgit-násiyatın xalıq arasına keńirek taratıwǵa ayrıqsha áhmiyet berdi. Sol sebepli olar sol dáwirge shekem Mawarawnnaxrda dinlerge qarsı qattı gúres alıp baradı. Ibadatxanalar wayran etilip, olardıń ornına jome meshitler qurıladı. Mısalı, ***Kuteyba*** Buxara qalasınıń orayında jaylasqan zardushtiylar ibadatxanasın jome meshitke aylandırdı, sogdı jazıwında jazılǵan shıǵarmalardı joq etti. Jergilikli xalıq Islam dinine kirgiziwge háreket etti. Sol maqsette meshitke kelip sıyınıwshı ushın hátteki 2 dirhamnan pul beriwdi engizdı.

**Xalıqtı islam dinine kirgiziw jolları.** Islam dinin qabıl etip, musılman bolǵan jergilikli xalıqtıń wákilleri dáslepki jılları xiraj hám jiziya salıqlarınan azat etilgen. Islam dinin qabıl etiwden bas tartqan adamlardan bolsa jan salıǵı – *jiziya* óndirip alınǵan. Salıqlardı óz waqtında tólemegen adamlardıń moyınlarına «*qarızdar*» degen taxtayshalar ildirilgen. Jergilikli mámleket baslıqlarınıń kópshiligi óz huquqları hám imkaniyatların saqlap qalıw maqsetinde Islam dinin qabıl etken. Islam dinin qabıl etpegen baylar óz jerlerinen ayırılǵan yamasa salıq tólegen. Bunday ilaj-sharalar, sózsiz Mawarawnnaxr xalqınıń arasında islam dininiń tarqalıwına járdem bergen. Sol tárizde arablar Mawarawnnaxr siyasiy dúzim hám diniy isenimine óz tásirin ótkize alǵan.

*** Jiziya – Islam dinin qabıl etpegen xalıqtan alınatuǵın jan salıǵı.**
*** Zakat – mal-múliktiń 1/40 bólegi kóleminde alınatuǵın salıq.**
*** Xiraj – ónimniń 1/3 bólegi kóleminde alınatuǵın jer salıǵı.**
*** Meshit, machit (arabsha – sıyınatuǵın jer) – musılmanlar topar bolıp, namaz oqıytuǵın jer, ibadatxana.**

Xalifalıq tárepinen Mawarawnnaxrdıń basıp alınıwınıń aqıbetinde jergilikli xalıqtıń úrp-ádeti, dini hám isenimi, mádeniyatı ayaq astı etildi. Jergilikli sogdı jazıwında

jazılǵan diniy hám aǵartıwshılıq baǵdardaǵı kitaplardı, ilimiy shıǵarmalardı jáne qımbatlı hújjetlerdi jáne sánemlerdi otqa jaǵıp joq etip jiberedi. Quvadaǵı budda ibadatxanasına ornatılǵan hár qıylı músinlerdiń maydalanıp taslanǵanlıǵı, Afrasiyabtaǵı saray diywallarına salınǵan súwretlerdiń, ásirese adam súwretleriniń kózlerin oyıp, moyınların qılısh penen sızıp taslaǵanlıǵı bunıń ayqın mısalı bola aladı.

1. Xalifalıqtıń jawlap alınıwı Mawarawnnaxrda qanday aqıbetlerge alıp keldi?
2. Jergilikli xalıqtı islam dinine kirgiziwde xalifalıq qanday jollardan paydalandı?
3. Arablar tárepinen qanday salıqlar payda etilgen?
4. Jawlap alıwlar jergilikli mádeniyatqa qanday tásir kórsetti?

## 10-§. XALIFALÍQQA QARSÍ XALÍQ HÁREKETLERI

**Tayanısh túsinikler:** ***xalıq narazılıǵı, Gurak hám Divashtish kóterilisleri, qarjı reformaları, «Aq kiyimliler» kóterilisi, Muqanna, Rofe ibn Lays.***

**Kóterilistiń sebepleri.** Xalifalıqtıń talawshılıq siyasatı jergilikli xalıqtı barlıq huqıqlarınan ayırdı. Mádeniyattıń ayaq astı qılınıwı, arab tili, jazıwı hám xalifalıqtıń nızam qaǵıydalarınıń zorlıq penen engiziliwi nátiyjesinde jergilikli xalıq arasında narazılıqtıń barǵan sayın kúsheyip, kóterilislerdiń kelip shıǵıwına sebep boldı.

Xalifa **Omar ibn Abduláziz** (717—719) qıyın awhaldı esapqa alıp, baǵındırılǵan jerge iye xalıqlar menen kelisimge keliw siyasatın ámelge asırıwǵa májbúr boldı. Ol bunnan bılay jańa jerlerdi basıp alıwdı toqtatıw jáne qarjı reformasın ótkeriw haqqında párman berdi.

Buǵan baylanıslı musılman arablar menen bir qatarda islamdı endi qabıl etken jergilikli xalıqlardan *xiraj* hám *jiziya* salıqların alıw biykar etildi. Biraq, Mawarawnnaxr hasılzada aqsúyekleriniń kópshiligi ózlerin haqıyqıy musılmanlar dep esaplap, salıq tólemeydi. Sońın ala xalifalıqtıń hákimligi hámmeden de *jiziya* alıw haqqında buyrıq bere-

di. Nátiyjede Mawarawnnaxrda jalpılamay islam dininen shıǵıw hám eski dinlerin qaytadan qabıl etiw baslanadı. Bunıń aqıbetinde jergilikli múlik iyeleri menen xalifalıq wákilleriniń arasında qarama-qarsılıqlar keskinlesip, pútkil mámleket boylap xalifalıqqa qarsı xalıq kóterilisi kelip shıǵadı.

* **Reforma – tártipti ózgertiw.**
* **Párman – nızam kúshine iye bolǵan buyrıq.**

**Kóterilislerdiń baslanıwı.** Bunday kóterilislerdiń biri **720-jılı** Sogdıda baslandı. Kóteriliske *Sogdı ixshidi* **Gurak** hám *Panjikent hákimi* **Divashtish** basshılıq etedi.

Sogdılılarǵa járdem beriw ushın **Jetisuw**dan túrk láshkerleri keledi. Sogdıdaǵı barlıq hákimliklerdiń xalqı kóteriledi. Kóterilisshilerdiń birlesken kúshleri arablarǵa qattı soqqı beredi. Tek ayırım qalalardıń hám qorǵanlardıń ishinde qorshawda qalǵan arab basıp alıwshıları kóp muǵdarda salıq tólew jáne kózge túsken wákillerin kóterilisshilerdiń erkine girewge beriw menen jan saqlaydı.

**Kóterilisshilerge boysınıwı.** Mawarawnnaxr xalıqların tınıshlandırıw hám arablardıń hákimiyatın bekkemlew maqsetinde Xorasan nayıbı **Ashros** islam dinin qabıl etkenlerden *xiraj* hám *jiziya* salıqların almawǵa qarar qıladı. Bul xalıqtı tınıshlandırıwǵa arnalǵan waqıtsha iláj edi. Aqsúyek diyqanlardıń kópshiligi óz xızmetkerleri hám kediverleri menen islamdı qaytadan qabıl etip, arablardıń tárepine ótedi.

Xorasannıń jańa nayıbı **Nasır ibn Sayyar** (738-748) mámlekette óz abırayın bekkemlep alıw maqsetinde *qarjı reformasın* ótkeredi. Islamdı jańadan qabıl etken adamlar jiziyadan azat etildi. Barlıq musılmanlar huqıq jaǵınan teńlestiriledi, jer iyesiniń iseniminiń qanday bolıwına qaramastan olardıń xiraj salıǵın tólewi shárt etip qoyıladı.

Joqarı mártebeli arab láshkerbasıları menen múlikke iye diyqanlar ortasındaǵı tuwısqanlıq baylanısları ornatıladı. Usı waqıtta ózi de úlgi kórsetip Buxarxudattıń qızına úylenedi. Usınday siyasattıń nátiyjesinde, sózsiz túrde arablar menen jergilikli hasılzadalardıń ortasında

belgili dárejede awqam dúzile baslaydı. Biraq bul azatlıq jolında alıp barılıp atırǵan xalıq háreketlerin toqtata almaydı. Mawarawnnaxr xalifalıqtaǵı eń tınısh emes hám kóterilisshiler úlkeleriniń biri bolıp qala berdi.

**«Aq kiyimliler» kóterilisi.** Mawarawnnaxrda jáne bir xalıq kóterilislerinen biri **769—783-jıllar**da bolıp ótken. Kóterilisshiler aq kiyim kiygeni ushın tariyxta ol **«Aq kiyimliler»** kóterilisi degen at penen belgili boldı. Bul hárekettiń jol basshısı **Hashım ibn Hákim** atlı ónerment bolǵan. Ol basına hám júzine kók perde taǵıp júrgenligi ushın onı «***Muqanna***» yaǵnıy «*Nıqab búrkengen*» laqabı menen ataǵan. Muqanna Xorasanda kishi láshkerbasınan wázirlik dárejesine shekem kóterilgen.

Muqanna ǵayrı dindegiler húkimranlıǵı hám zulımına qarsı kóteriliwge shaqırıp, Mawarawnnaxrǵa qarap jol aladı hám ózi jaqınları menen Naqshab hám Kesh qalalarına jetip baradı. Kesh janındaǵı tawdıń basına salınǵan **Som qorǵan**ın óziniń turatuǵın jerine aylandıradı. Tez arada pútkil Qashqadárya alabı «Aq kiyimliler» qolına ótedi. Nátiyjede «*Aq kiyimliler*» háreketi keńeyip, úlken xalıq kóterilisine aylanadı. Ol ásirese **Sogdı**da háwij alıp **Elok** (Ahangaran) alabı hám **Shashqa** da óziniń tásirin ótkeredi. Kóteriliske túrlı qatlamlar qatnasadı.

«Aq kiyimliler»diń kóterilisine soqqı beriw ushın xalifa ***Mansur*** **775-jılı** úlken áskeriy kúshti Mawarawnnaxrǵa atlandıradı. Dáslepki soqlıǵısıwlarda arab armiyası úlken shıǵınǵa ushırap, Samarqandqa sheginedi. Biraq tórt ay dawam etken gúresten soń kóterilisshiler jeńiliske ushıraydı.

**Narshax** hám **Samarqand**ta «Aq kiyimliler» jeńilgennen keyin, jergilikli múlikdar diyqanlar arablarǵa járdem bere baslaydı. Gúrestiń sońǵı basqıshı **Kesh alabı**nda bolıp ótedi. **783-jıl**da Muqannanıń **Som qorǵanı**ndaǵı turatuǵın jeri qamalǵa alınadı. Uzaq dawam etken qamaldan soń urıstan dińkesi qurıǵan muqannashılar baǵınadı. Jawlap alıwshılarǵa baǵınıwdı qálemegen ***Muqanna*** ózin janıp turǵan tandırǵa taslap dúnyadan ótedi.

«Aq kiyimliler» awızbirshilik penen háreket ete al-

maǵanlıǵı kóterilistiń jeńiliwiniń tiykarǵı sebebi boldı. Ekinshiden, xalıq háreketiniń ǵalabalasıp ketiwinen qorıqqan jergilikli múlik iyeleri izbe-iz arablar tárepine ótip ketken. Úshinshiden, kóterilistiń uzaq dawam etkenligi miynetkeshlerdi haldan taydırǵan.



*** Muqanna (shama menen 719-783) – Mawarawnnaxrda arab xalifalıǵı húkimdarlıǵına qarsı kóterilgen azatlıq háreketiniń baslıǵı. Marı qalası qasındaǵı Koza awılında tuwılǵan. Negizgi atı Hashım ibn Hákim bolıp, Narshaxiydiń jazıwınsha, ol kóp oqıǵan, júdá ziyrek bolıp, ximiya, sıyqırlıq hám tilsim ilimlerin úyrengen. Arab, parsı tillerin jaqsı bilgen. «Muqanna» laqabı menen belgili bolǵan. Mazdak pikirlerine tiykarlanǵan social teńlik hám erkin ómirge shaqırıwshı táliymattı úgit-násiyat qılǵan. Kóterilis jeńiliske ushıraǵannan keyin, ózin janıp turǵan tandırdıń ishine taslap, ólip ketken. Hamid Álimjan Muqanna qahramanlıǵına baǵıshlanǵan «Muqanna» dramasın, Sadiratdin Ayniy «Muqanna qozǵalańı» tariyxıy-ádebiy ocherkin jazǵan.**

**769-783-JÍLLARDA «AQ KIYIMLILER» KÓTERILISI**



Kóterilis bastırılǵan bolsa da, basıp alıwshılarıǵa qarsı jergilikli xalıqtıń háreketi úzil-kesil toqtap qalmadı. **806-jılı Rofe ibn Lays** basshılıǵında xalifalıqqa qarsı jáne kóterilis boladı. Kóterilis Samarqandtan baslanıp **Shash, Ferǵana, Buxara, Naqshab** hám **Xorezm** wálayatlarına tarqalǵan. Tez arada belgili wálayatlar xalifalıqtıń qolınan ketedi. Xorasan nayıbı **Mamun** diyqanlardan bolǵan Samanxudattıń aqlıqları: **Nuh, Axmet hám Yaxya**lardan iltimas etip, olardan járdem soraydı. Olar **Rofe ibn Lays**tı qolǵa alıp, onı xalifaǵa táslim bolıwǵa májbúr etedi. Solay etip gezektegi xalıq háreketi de bastırıladı.

Jergilikli xalıqlardıń basqınshılarǵa qarsı gúresleri zaya ketpedi. Áste-aqırın xalifalıqtıń húkimdarlıǵı hálsirep bardı. Bul jaǵday Mawarawnnaxr xalqınıń azatlıqqa erisiwin tezlestirdi.

1. Mawarawnnaxr xalqınıń kóterilisleriniń sebeplerin aytıń?
2. Xorasan nayıbı Mawarawnnaxr xalqın tınıshlandırıwǵa nege háreket etti hám olar qanday siyasat júrgizgen?
3. Gurak hám Divashtish qay jerdegi kóteriliske basshılıq etken? Olar haqqında qosımsha ádebiyatlardan maǵlıwmatlar toplań.
4. «Aq kiyimliler» kóterilisi ne ushın jeńildi? Muqanna haqqında qosımsha maǵlıwmatlar toplań.
5. Rofe ibn Lays basshılıǵında kóterilis qay dárejede bastırıldı?

**Tómendegi kesteni xalifalıqqa qarsı kóterilisler temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Bolıp ótken kóterilisler | Kóterilis sebepleri | Kóterilis nátiyjeleri |
|---|---|---|
| | | |

## 11-§. ABBASIYLER DÁWIRINDE XORASAN HÁM MAWARAWNNAXR

**Tayanısh túsinikler:** ***zulımlıqtıń kúsheyiwi, Ábiw Múslimniń úgit-násiyatı, Ábiw Múslim kóterilisi, ummaviyler, abbasiyler.***

**Xalıq narazılıǵınıń kúsheyiwi.** **VIII ásirdiń 40-jıllarında** xalifalıqta tajı-taxt ushın gúres kúsheyedi. Muxammed

payǵambar (s.a.v.)dıń ámekisi Abbastıń shawlıǵı **Muxammed ibn Áli** xalifalıq ushın gúres basladı. *Ummaviyler* Muxammed (s.a.v.) áwladların qırıp taslawda ayıplandı. Usılay etip, xalifalıqta ummawiyler húkimdarlıǵın awdarıp taslaw ushın keskin háreket baslanıp ketti.

Ummaviylerge qarsı ulıwma narazılıq, ásirese xalifa **Marwan II** (744—750) húkimdarlıq qılǵan dáwirde oǵada kúsheydi. Buǵan xiraj salıǵı muǵdarın kóbeytip jiberilgenligi hám xalıqtıń májbúriy jumsalǵanlıǵı sebep boladı. Ummaviylerge qarsı gúreske shıǵıwǵa shaqırıw ushın abbasiyler wálayatlarǵa kóplegen úgit-násiyatshılar jiberedi. Sonday úgit-násiyatshılardan birewi kufalıq **Ábiw Muslim** edi. Ol Xorasanǵa kelip, xalıqtı payǵambar Muxammed (s.a.v.) áwladların qollap-quwatlawǵa shaqıradı.

Dáslep arab aqsúyekleri, sońın ala jergilikli diyqanlar ***Ábiw Múslim***di qollap-quwatlaydı. Ummaviylerge qarsı úgitlewdiń hawazı tez arada Xorasan, Mawarawnnaxr hám Toxarstan wálayatlarına keń tarqaladı. Mámleket xalqı xalifalıqqa qarsı qozǵaladı. Kóterilisshilerdiń barlıǵı qara *kiyim kiyip* alǵan edi. Áweli qara kiyim qayǵınıń belgisi, qalaberse, jeńilmes kúsh bayraǵı jáne sawashlarda kóterilisshilerdi áskerlerden ajıratıp turatuǵın belgini ańlatadı.

**Ummaviylerdiń qulawı.** **747-jılı** ***Ábiw Múslim*** xalıqtı Ummaviylerge qarsı gúreske shaqıradı. Tez arada ***Ábiw Múslim*** Xorasannıń paytaxtı ***Marı*** qalasın iyeleydi. Xalifa Marwan óz qarawındaǵı barlıq áskeriy kúshlerdi kóterilisshilerge qarsı qoysa da, biraq ummaviylerdiń hákimiyatın saqlap qala almaydı.

**749-jılı** ***Ábiw Múslim*** basqarǵan kóterilisshiler xalifalıqtıń oraylıq wálayatlarına qarap jol aladı. Xalifalıqtıń paytaxtı ***Damashq*** qalası qolǵa kirgizilgennen keyin, xalifa **Marwan II** taxttan quladı. Onıń ornına abbasiyler shańaraǵınan shıqqan **Abıl Abbas Saffax** (750—754) xalifalıq taxtına kóteriledi. Orınlardaǵı ummaviyler shańaraǵınıń wákilleri hám jaqınları qırıp taslanadı. Solay etip, Arab xalifalıǵındaǵı mámleket hákimiyatı *abbasiyler* qolına ótedi.

**Abbasiyler dáwirinde Mawarawnnax.** Abbasiylerdiń xali-

falıq taxtına shıǵıwı menen miynetkesh xalıqtıń awhalında hesh qanday jeńillik bolmadı. ***Ábiw Múslim***niń háreketi waqtında abbasiyler tárepinen xalıq massasına berilgen wádelerdiń birde-birewi iske aspadı. ***Ábiw Múslim*** Baǵdatta mámleketlik hám áskeriy kúshlerdiń joqarı lawazımına tayınlanadı. Biraq, abbasiyler onıń xalıq arasındaǵı abırayınıń anaǵurlım artıp baratırǵanlıǵına tilekles emes edi. Eń sońında ***Ábiw Múslim*** paytaxttan uzaqlastırılıp, Xorasan hám Mawarawnnaxrǵa nayıb etip jiberiledi.



*** Ábiw Múslim basshılıǵındaǵı kóterilis 747-797-jılları Xorasan hám Mawarawnnaxda bolıp ótti. Kóterilistiń nátiyjesinde xalifalıqta ummawiyler hákimiyattan qulatılıp, abbasiyler úrim-putaǵı hákimiyatqa keldi.**

Miynetkesh xalıqtıń ortasında abbasiylerge qarsı kóterilis kóteriw keypi payda boladı. Bunday kóterilislerdiń biri **750-jılı** Buxarada boldı. ***Ábiw Múslim*** jergilikli kúshlerdiń járdemi menen kóterilisti zorǵa bastırdı.

Mawarawnnaxrdaǵı ishki narazılıqlardan paydalanıp, Qıtay imperatorınıń armiyası Túrkstanǵa basıp kiredi. ***Ábiw Múslim*** tárepinen jiberilgen áskeriy kúsh **751-jılı** Talas alabında Qıtay armiyasına soqqı berip, olardı mámleket aymaǵınan quwıp shıǵaradı.

***Ábiw Múslim*** sadıqlıq penen xızmet qılǵan bolsa da, biraq abbasiy húkimdarları oǵan isenbeytuǵın edi. **755-jılı** quralsız hám jalǵız ózi kirip kelgen ***Ábiw Múslim*** xalifanıń buyrıǵı menen óltiriledi. ***Ábiw Múslim***niń óltiriliwi xalifalıqtıń shıǵısında, ásirese Xorasan hám Mawarawnnaxrda abbasiylerge qarsı xalıq háreketleriniń háwij alıp ketiwine sebep boladı.

**Abbasiyler dáwirinde Mawarawnnaxdıń basqarılıwı.** Mawarawnnax **VIII ásir**diń ortalarına shekem qarsılıq kórsetiwine qaramay arab xalifalıǵınıń áhmiyetli wálayatlarınan biri sıpatında onıń quramına úzil-kesil ótti. Oraylıq hákimiyat 749-jılǵa shekem Damashqta bolsa, endi Baǵdadta jaylasqan edi.

Xalifa mámleketti basqarıwda ***wázir ul-vuzara*** (ullı

wázir)ge súyengen. ***Ámir ul-umra*** áskeriy isler ushın juwapker bolǵan. Xalifa túrli máselelerdi keńeste – ***diywan ad-dar***da kórip shıǵar edi. ***Diywan ad-dar*** úsh tiykarǵı keńsege bólingen: diywan al-mashriq, diywan al-maǵrib hám diywan al-xaraj. Mawarawnnaxǵa tiyisli máseleler ***diywan al-mashriq***ta sheshiletuǵın edi.

Xalifa wálayat nayıblarınıń lawazımına saylanar edi yamasa bosatatuǵın edi. Xalifalıqtıń huquq máseleleri Quranı kárim hám Payǵambar (s.a.v) kórsetpeleri, násiyatlarına tiykarlanǵan halda kórip shıǵılǵan.

Solay etip, **VIII ásir ortaların**a kelip Mawarawnnaxda tiykarǵı barqarıw arab xalifalıǵı siyasıy tártibine sáykeslestirilgen edi. Sogdiyadaǵı buxarxudotlar hám basqa húkimdarlardıń qolı astındaǵı basqarıw-organ usılı óz kórinisin saqlap qalǵan bolıwına qaramay, hákimlerdiń xalifa nayıbına boysınıwı shárt edi. Jergilikli mámleket baslıqlarınıń kópshiligi óz huquqları hám imkaniyatların saqlap qalıw maqsetinde Islam dinin qabıl etken edi. Islamdı qabıl etpegen aqsúyekler óz jerlerinen ayırılatuǵın yamasa salıq tóleytuǵın edi. Sol tárizde arablar Mawarawnnaxr siyasiy tártip hám diniy isenimine óz tásirin ótkize aladı.

1. Ne ushın xalifalıqta ummaviylerge qarsı xalıq narazılıǵı júzege keldi?
2. Ábiw Múslim xalıqtı nege shaqırdı?
3. Ábiw Múslim kóterilisi qanday aqıbetlerge alıp keldi?
4. Abbasiyler hákimiyat basına kelgennen keyin Mawarawnnaxrda awhal qalay ózgerdi?
5. Abbasiyler dáwirinde Mawarawnnaxrdaǵı basqarıw tártibi haqqında aytıp beriń.

## IIII B A P
## MAWARAWNNAXRDA ǴÁREZSIZ MÁMLEKETLERDIŃ DÚZILIWI

### 12-§. QARLUQLAR, OǴUZLAR, TAHIRIYLER

**Tayanısh túsinikler:** ***qarluqlar, oǵuzlar, qaraxaniyler, tahiriyler, mámleket basqarıwı.***

**Xalifalıqtıń hálsirewi.** **VIII ásirdiń aqırı — IX ásirdiń basların**da Arab xalifalıǵı awır siyasiy qısılıspaǵa ushıradı. Baǵındırılǵan xalıqlardı baǵınıshlı halda uslap turıw arablar ushın barǵan sayın qıyın bolıp qaldı. Mawarawnnaxr hám Xorasan xalqınıń tez-tez kóterilis shıǵarıp turıwı, úzliksiz dawam etken óz ara urıslar Arab xalifalıǵınıń hákimiyatın hálsiretti. Bul ǵárezsiz mámleketlerdiń payda bolıwına alıp keldi.

Mawarawnnaxrdıń arqa hám arqa-shıǵıs aymaqlarındaǵı ele xalifalıqqa baǵındırılmaǵan shegaralas jerlerde bir neshe mámleketler payda boldı. Olardıń biri **Qarluqlar mámleketi** bolıp esaplanadı.

**Qarluqlar mámleketi.** Áyyemgi *Altaydıń batıs*ında, sońın ala *Irtısh dáryasınıń orta aǵıs*ında jasaǵan *qarluqlar* áyyemgi túrkiy qáwimlerden esaplanǵan. **VI-VII ásirler**de olar Túrk qaǵanlıǵı quramına kirgen. **VIII ásirdiń ortaların**da *Jetisuw úlkes*inde **Qarluqlar mámleketi** dúziledi. Bul mámlekettiń paytaxtı *Shuw dáryasınan arqa*raqta jaylasqan **Suyab** qalası edi. Qarluqlar mámleketiniń húkimdarı «*yabǵu*» yamasa «*jabǵu*» dep aytılǵan.

**X ásirdiń ortaların**a barǵanda qarluqlardıń úlken bólegi musılman bolǵan. Bul dáwirde bir qansha qarluq qalalarında jome meshitleri salınǵan.

Qarluqlar mámleketi arqa hám shıǵıstan *Elsuwı dáryası* alabına shekem, ***shıǵıl qáwimi*** jaylawlarına shekem; batıstan ***oǵuz jurtı*** hám *Ferǵana oypatlıǵı*; qublada bolsa ***yaǵmolar*** oazisi hám *Shıǵıs Túrkstan* menen shegeralanǵan. Bul jerde paytaxttan basqa **Jwl, Navkat, Karmankat, Yar** sıyaqlı qalalar hám qatar awıllar boy tiklegen. Xalqı *qoyshılıq,* taw jılǵalarınıń boylarında bol-

sa *diyqanshılıq* penen shuǵıllanǵan. Shıǵıs Túrkstan hám Mawarawnnaxr menen sawda-satlıq alıp barılǵan. Shetke tiykarınan jún hám júnnen islengen *gilem, shalsha, namat* sıyaqlılar alıp shıǵılǵan.

**X ásir**de qarluqlar Mawarawnnaxrdıń shıǵıs aymaqların iyelegennen soń, Shash átirapı hám Ferǵana jáne Zarafshan alaplarına kelip ornalasqan. Keyinirek otırıqshı jergilikli xalıqqa aralasıp ketken.

> *** Qarluqlar – túrkiy qáwimlerden biri. Dáslep Altaydıń batısında, sońınan Irtısh dáryasının orta aǵımında jasaǵan.**
> *** VIII ásir ortalarında Qarluqlar mámleketi Jetisuw úlkesinde dúzildi. Paytaxtı Suyab qalası bolǵan.**

**Oǵuzlar.** Túrk qaǵanlıǵı húkimdarlıǵı dáwirinde oǵuzlar onıń quramında bolǵan. Túrk qaǵanlıǵı qulay baslaǵannan keyin, oǵuzlardıń úlken bólegi *Sırdárya basseyni* hám *Aral teńiziniń boyın*da bekkem ornalastı. Olar **IX ásirdiń aqırı** hám **X ásirdiń bas**ında **Oǵuzlar mámleketi**ne tiykar saladı.

*Sırdáryanıń tómengi aǵımı* boyındaǵı **Jańakent** qalası Oǵuzlar mámleketiniń paytaxtı bolǵan. **X ásir**den baslap oǵuzlar islam dinin qabıl etedı.

> *** Oǵuzlar – Orta Aziyada jasaǵan túrkiy qáwim. IX ásirdiń aqırı hám X ásirdiń basında Oǵuzlar mámleketi Sırdárya basseyni jáne Aral teńizi boyında dúzildi. Paytaxtı Jańakent qalası bolǵan.**

**X ásirdiń birinshi sheregi**nde Oǵuzlar mámleketi arqa-shıǵıstan kóterilgen qıpshaqlar tárepinen qattı soqqıǵa ushırap bólinip ketedi. Olar óz elin tárk etip, bir bólegi batısqa, *Arqa Kavkaz* sahralarına barıp ornalasadı. Olardıń ekinshi bólegi bolsa dáslep *Mawarawnnaxr*ǵa kirip baradı hám onnan qubla-batısqa qarap jılısıp, jańa dinastiya – *seljukiyler*diń basshılıǵında Aziya aldı mámleketlerin basıp alıwǵa kirisedi.

Bul eki túrkiy mámleket tek Mawarawnnaxrǵa ǵana emes, al pútkil Orta Shıǵıs hám Aziya aldı xalqınıń siyasiy turmısına kúshli tásir kórsetti. Bul mámleketlerdiń xalqı

usı aymaqta jasawshı xalıqlardıń etnikalıq tariyxına da tásir etti. Mısalı: *qarluqlar* ózbek hám tájiklerdiń, *oǵuzlar* túrkmen, ázerbayjan, qaraqalpaqlardıń etnogenezinde áhmiyetli rol oynadı.

**Tahiriyler mámleketi. VIII ásirdiń aqırı — IX ásirdiń basın**da xalifalıqtı lárzege keltirgen awır siyasiy jaǵday abbasiylerdi Mawarawnnaxr hám Xorasanda alıp barılıp atırǵan siyasatın ózgertiwge májbúr etti. Jergilikli hasılzadalar Mawarawnnaxr hám Xorasandı óz basqarıwlarına ótkerip ǵana qoymastan, bálki xalifalıqtıń orayında da hákimiyattı basqarıwda barǵan sayın kóbirek rol oynaytuǵın bolıp qaldı. Buǵan ásirese xalifa **Xarun ar-Rashid** (786—809) dúnyadan ótkennen keyin onıń balaları **Mamun** menen **Ámin** ortasındaǵı **809—813-jılları** taxt ushın bolǵan gúres úlken jol ashıp berdi.

Xalifalıqtıń oraylıq bólimindegi arablar ***Ámin***di xalifalıqtıń taxtına kóterdi. Buǵan narazı bolǵan ***Mamun*** inisi ***Ámin***ge qarsı gúres baslaydı. Xirat wálayatınıń hasılzadalarınan **Tahir ibn Xuseyn** basshılıq etken Xorasan hám Mawarawnnaxrdıń múlikdarları oǵan járdem beredi. **813-jılı** olar Baǵdadqa atlanıs jasaydı. Paytaxttı qolǵa kirgizip, ***Mamun***dı xalifalıqtıń taxtına otırǵızadı. Onıń esesine ***Taxır*** **821-jılı** *Xorasan* hám *Mawarawnnaxr nayıbı* etip saylanadı. Sonday-aq, ***Mamun*** Mawarawnnaxr hasılzadalarınıń járdemin umıtqan joq. ***Samanxudad***tıń aqlıqların ayırım qala hám wálayatlarǵa nayıb etip saylaydı. **Nux**qa *Samarqand*, **Axmet**ke *Ferǵana*, **Yaqiya**ǵa *Shash* hám *Ustrushana*, **Ilyas**qa bolsa *Xırat* tiyisedi. Bunıń esesine aǵalı-inili samaniyler Mawarawnnaxrdıń hár jılǵı xirajınan júdá kóp qárejetti tahiriyler arqalı xalifa qaznasına jiberip turadı.

**Tahir** mámleketti ǵárezsiz basqarıw maqsetinde **822-jılı** xalifa atın dúzimnen shıǵarıp taslatadı.

Bul ámelde Baǵdad penen baylanıstı úziw hám ózin ǵárezsiz dep jáatiya etiw edi. Biraq, aradan kóp waqıt ótpey-aq ol tosattan qaytıs boladı. ***Tahir***dıń balları **Talxa** hám **Abıl Abbas Abdulla** ákesiniń ornına birinen keyin biri gezek penen nayıblıq qıladı. Solay etip, Xorasan hám Mawarawnnaxrdı basqarıwshı tahiriyler shańaraǵına miyras

bolıp qaladı. ***Abıl Abbas Abdulla***nıń nayıblıǵı (830—844) dáwirinde paytaxt **Marı**dan **Nishapur** qalasına kóshiriledi.

Mawarawnnaxr qalalarında nayıblıq qılıp atırǵan Samanxudat áwladlarınıń jergilikli nayıblıǵı tahiriyler tárepinen tán alınadı. Samaniyler bolsa, óz gezeginde, tahiriylerge baǵınıshlı halda Mawarawnnaxrdı basqarıp otıradı. Bul sózsiz, Xorasan hám Mawarawnnaxrda bir ásirden aslamıraq waqıt húkim súrgen xalifalıq húkimdarlıǵınıń tamam bolǵanlıǵın bildirer edi.

**Tahiriyler hákimyatınıń joq bolıwı.** Tahiriyler zamanında da miynetkesh xalıqtıń awhalı oǵada awırlıǵınsha qala berdi. Múlik iyesi diyqanlardıń jábir-zulımlıǵınan, mámlekettiń awır salıqlarınan biyzar bolǵan xalıq kóteriliske shıǵadı. Olarǵa «*ǵaziyler*» de qosıladı. Kóteriliske saffariyler — aǵalı-inili **Yaqıp** hám **Ámir ibn Lays**lar basshılıq etedi. **873-jılı** Xorasan paytaxtı **Nishapur**dı iyeleydi. Nátiyjede *tahiriyler*diń húkimdarlıǵı tamam bolıp, hákimiyat *saffariyler* qolına ótedi.

*** Tahiriyler – Xorasandaǵı Tahiriyler mámleketinde húkimdarlıq etken dinastiya (821-873). Negizinde abbasiylerge qaraslı bolǵan. Dinastiyaǵa 821-jıl Tahir ibn Xuseyin tiykar salǵan.**
*** Saffariyler – Saffariyler mámleketinde húkimdarlıq etken dinastiya. Saffariylerdiń atı onıń negizin salıwshı Yaqıp ibn Lays as-Saffar atınan alınǵan. Saffariylerdiń iri húkimdarı: Yaqıp ibn Lays (867-879); Ámir ibn Lays (879-902).**
*** Xutba – juma namazında húkimdar atın aytıp, onıń atına duwa oqıw, alǵıslaw**
*** Ǵaziy – Haq din ushın gúresiwshi**

1. Nege Arab xalifalıǵı awır siyasiy qıyınshılıqqa ushıradı?
2. Oylap kóriń, Mawarawnnaxrda ǵárezsiz mámleketlerdiń payda bolıwına ne sebep boladı?
3. Qarluqlar mámleketi qaysı aymaqlarda dúzildi
4. Oǵuzlar mámleketine qashan tiykar salındı?
5. Tahiriyler mámleketi qalay júzege keldi?

**Jeke jumıs.**
**Sabaqlıqtıń tekstinen paydalanıp kesteni toltırıń.**

| Mámlekettiń atı | Dúzilgen waqtı | Aymaǵı | Paytaxtı |
|---|---|---|---|
| Qarluqlar mámleketi | | | |
| Oǵuzlar mámleketi | | | |
| Tahiriyler mámleketi | | | |
| Saffariyler mámleketi | | | |

## 13-§. SAMANIYLER

**Tayanısh túsinikler:** ***samaniyler húkimdarlıǵı; mámleketti basqarıw sisteması; qorǵanıw isleri; keńseler, Islam dini rawajı.***

**Samaniyler húkimdarlıǵı. IX ásir**de Mawarawnnaxrdıń siyasiy turmısında da ózgerisler júz beredi. Elatqa dáslep **Nux**, sońın ala **Axmet** basshılıq qıladı. Hár biri óz húkimdarlıǵı dáwirinde ózleriniń atınan mıs teńgelerdi quyıp shıǵaradı. ***Axmet*** qaytıs bolǵannan (**865-jıl**) keyin onıń balası **Nasır** Samarqandtı orayǵa aylandıradı. Ol Mawarawnnaxrdıń barlıq wálayatların birlestiriw hám onı Xorasannan ajıratıp alıw ilajların kóredi.

**IX ásirdiń aqırǵı shEREGIN**de Mawarawnnaxrdıń derlik barlıq wálayatları *samaniyler* soramına ótedi. ***Nasır*** pútkil Mawarawnnaxrdıń húkimdarına aylanadı. Ol gúmis dirham quyıp shıǵaradı.

Kóp ótpey aǵalı-inili **Ismayıl** hám **Nasır** arasında tajı-taxt ushın gúres baslanadı. Onda **Ismayıl** jeńip shıǵadı. ***Ismayıl Samaniy*** **888-jılı** pútkil Mawarawnnaxrdı óz qol astına birlestiredi.



**Buxara. Ismayıl Samaniy medresesi. X ásir**

**Ismayıl Samaniy. Ismayıl Samaniy** orta ásirlerdegi uqıplı, shaqqan hám oǵada ziyrek mámleketlik isker edi. Ol Mawarawnnaxrdı birlestirgennen keyin, bekkem mámleketti dúziwge umtıldı. Arqa-shıǵıs aymaqlarǵa atlanıs

jasadı. **893-jılı Taraz** qalasın jawlap alıp, qıyratıwshı soqqı berdi.

Mawarawnnaxr xalqınıń ǵárezsizlikke erisiwi, sózsiz, Arab xalifalıǵına unamas edi. Sol sebepli xalifalıq *saffariyler* menen *samaniyler*di soqlıǵıstırıwǵa hám bul olardıń ekewin de hálsiretip, bul bay wálayatlarda óziniń tásirin qayta tiklewge háreket qıladı. Xalifa **Mutazid** (892-902) *saffariyler* húkimdarı **Ámir ibn Lays**qa Xorasan menen birge Mawarawnnaxrdiń ústinen de húkim júrgiziw huqıqı berilgeni haqqında párman shıǵaradı hám onı **Ismayıl**ǵa qarsı gij-gijleydi. Nátiyjede **900-jılı** olardıń ortasında urıs baslanadı. Urıs ***Ismayıl***dıń jeńisi menen tamam boladı. Pútkil Xorasan samaniylerdiń qol astına ótedi. Xalifa ilajsızdan ***Ismayıl***ǵa húkimdarlıq jarlıǵın jiberiwge májbúr boladı.

**Ismayıl Samaniy** pútkil Mawarawnnaxr hám Xorasandı óziniń qol astına birlestirdi. **Buxara** qalası Mawarawnnaxr hám Xorasannıń paytaxtına aylandı.



***Samaniyler mámleketi (865-999) – Mawarawnnaxr hám Xorasandaǵı orta ásir mámleketi. Samaniyler mámleketiniń dúziliwi arab xalifalıǵının qulawı jáne Mawarawnnaxr hám Xorasandı basıp alǵan Samaniylerdiń mámleket basına keliwi menen baylanıslı. Dúzilgen waqıtta Mawarawnnaxr, Xorasan, Arqa hám Shıǵıs Irandı óz ishine alǵan.**

**Basqarıw sisteması.** Samaniyler mámleketti basqarıwda eń dáslep ıqsham basqarıw hákimshiligin dúzdi. Ol **amir sarayı** hám **keńesler** (wázirlikler)den ibarat edi.

**Sarayda** *ámirdiń turar jayı*, *háremi* hám *saray hasılzadaları, nóker* jáne *xızmetker*leriniń turatuǵın jerleri bolatuǵın edi. Narshaxiydiń jazıwınsha, samaniyler basqarıwı tiykarınan *wázir*, *mustavfiy, amid ulmúlik*, *sohibi shurat* sıyaqlı **on keńes** arqalı basqarılıp, olardıń ishinde **wázir keńesi** bas basqarıw mákemesi esaplanǵan. **Nasır II** (914—943) dáwirinde Buxaranıń *Registan* maydanında amir sarayınıń qarsısında keńesler ushın saray qurılıp,

mákemeler mine usı arnawlı jayǵa ornalasqan edi. Mákemeniń xızmetkerleri arab, parsı tillerin puxtalıq penen iyelep alǵan. Qurandı hám sháriyattıń tiykarǵı qaǵıydaların jaqsı biletuǵın, hár túrli ilimlerden bir qansha xabardar bolǵan sawatlı hasılzadalardan tańlap alınǵan.

Mawarawnnaxrdıń rawajlanıwında Islam dini ruwxanıylarınıń úlesi úlken boldı. Sol sebepli olardıń abırayı asıp, paytaxt **Buxara** Shıǵısta islam dininiń eń abıraylı oraylarınıń birine aylandı. Qalalarda kóplegen ibadatxanalar, sol esaptan *jome meshit*, *xanaqox* hám *namaz jaylar* qurıldı. Usı dáwirde Buxara qalasında musılman Orta Aziyadaǵı dáslepki ilim orayı — **medrese** boy tikledi. Buxaranıń bul ayyemgi medresesi **X ásir**de qurılǵan. Ol **Farjak medresesi** dep atalǵan.

Mámlekettiń ruwxıy turmısıda «***ustad***» dep atalǵan din hám ilim jol basshıları basshılıq etetuǵın edi. Keyin ala bul at «***shayx ul islam***» dep atalıp jáne de ullılandı. Ustodtan keyin «***xatibler***» turǵan.

***Medrese (arabsha — úyreniw) — musılmanlardıń orta hám joqarı oqıw ornı.**

Samaniyler meshit, medrese hám xanaqoxların qurıw ushın arnawlı jaylar hám olardıń sarıp qárejetleri ushın úlken-úlken múlikler ajıratıp berilgen. Islam dininiń rawajlanıwı Orta Aziya xalqınıń ǵárezsiz xalıq bolıp rawajlanıwında áhmiyetli orın tutdı.

*** Wázir — keńes baslıǵı, bas wázir.**
*** Ulama — din alımları.**
*** Hajıb — áskeriy ataq.**
*** Xanaqox — biysharalar, jarlılar bólmesi.**

**Qorǵanıw isleri. Ismayıl Samaniy** *saraydıń arnawlı turaqlı áskerler (sarbazlar)*inen jaqsı qurallanǵan *áskeriy bólim*in dúzedi. Jaqsı hám uzaq xızmet etken sarbazlar «*hajib*» lawazımına kóterilgen. Hajiblerdiń baslıǵı «*hojib ul-hujob*» yamasa «*hojibi buzruk*» dep júrgizilgen. Bunday ataq Samaniyler sarayındaǵı joqarı ataq esaplanatuǵın edi.

1. Samaniyler qalay Arab xalifalıǵınan ǵárezsiz boladı?
2. Qashannan baslap Mawarawnnaxrdıń derlik barlıq wálayatları samaniyler qol astına ótedi?
3. Ismayıl Samaniy hákimiyatqa qalay kirip keledi?
4. Ne ushın Mawarawnnaxrdıń ǵárezsizlikke umtılıwı Arab xalifalıǵına unamaǵan?
5. Ne sebepten saffariyler menen samaniylerdiń arasında urıs kelip shıqtı?

**Tómendegi kesteni Samaniyer mámleketi temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Samaniyler mámleketi | Basqarǵan dáwiri | Aymaǵı | Paytaxtı |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 14-§. SAMANIYLER DÁWIRINDE SOCIAL-EKONOMIKALIQ TURMIS

**Tayanısh túsinikler:** ***ekonomikaliq turmıs, ishki hám sırtqı sawda, aqsha qatnasıǵı, jer iyeliginiń túrleri, Samaniyer hákimiyatınıń qulawı.***

**Awıl xojalıǵı.** **IX—X ásirler**de **Mawarawnnaxr** hám **Xorezm** xalqınıń tiykarǵı bólegi *suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq* penen shuǵıllanatuǵın edi. Suwǵarıw tarmaqları qurallarında suwǵarılıp abadanlastırılǵan ónimdarlı oazislerde *ǵálleshilik, salıgershilik*, *paxtashılıq, baw-baqsha* hám *palız eginlerin* egiw hám baǵshılıq joqarı dárejede rawajlanǵan edi.

Diyqanshılıq salıǵı — *xiraj*dan qaznaǵa túsetuǵın tabıs mámlekettiń kiris-shıǵısınıń úlken bólimin toltırıp otırdı. Sonıń ushın da, samaniyler mámlekette diyqanshılıq xojalıǵın rawajlandırıwǵa úlken itibar berdi.

**IX—X ásirler**de **Mawarawnnaxr** hám **Xorasanda** sharwashılıq joqarı dárejede bolǵan. Sharwashılıq mámleket xalqın sharwa ónimleri menen támiyinlep ǵana qalmastan, xojalıqtıń barlıq tarawları ushın at-kólikler jetkerip bergen. Ásirese, mámlekettiń áskeriy armiyası, atap aytqanda, atlı áskerlerdi kúsh-kólik penen támiyinlew oǵada úlken áhmiyetke iye bolǵan.

**Ónermentshilik. Mawarawnnaxr** hám **Xorezm** qalalarında *toqımashılıq, gúlalshılıq, kepserlewshilik, mıskerlik, zergerlik, shiyshe soǵıwshılıq* hám *aǵash ustashılıǵı* qusaǵan kásip ónerleri bir qansha rawajlanǵan edi. Nátiyjede qalalardıń ulıwma kelbeti túp-tamırınan ózgerdi. Onda úlken-úlken joqarı imaratlar, ustaxanalar, meshit, medrese, mavzoley, xanaqox hám *kárwan saraylar* boy tikledi. Endigiden bılay qalalar onnan artıq dárwazaları bar úlken ónermentshilik orayına aylandı.

**Samarqand**ta joqarı sapadaǵı *qaǵaz* islep shıǵarılatuǵın edi. **Shash** óziniń *kánshilik ónimleri* hám *teriden islengen zatları* menen, **Elok** bolsa *gúmis* hám *qorǵasın kánleri* menen jáne *gúmis teńge shıǵaratuǵın teńge quyatuǵın sarayı* menen atı shıqqan edi. **Xorezm**de *qayıq soǵıwshılıq* rawajlanadı. Xorezm hám Termizde soǵılǵan qayıqlar Ámiwdárya boylap tap Aral teńizine shekem úzliksiz zat tasıp sawdagerlerdiń júgin jeńil, uzaǵın jaqın qılıp otırǵan. Bul dáwirde qalalar menen bir qatarda awıllar da mámlekettiń ekonomikalıq turmısında úlken orınǵa iye edi. Buxaranıń **Zandana awılın**da toqılǵan sarı reńdegi bóz «*zandanashı*», Samarqandtıń **Vador awılın**da tayarlanǵan gezleme «*vadoriy*» atları menen Shıǵısta belgili edi.



**Samaniylerden Abdulmálik ibn Nux teńgesi. Samarqand. 961-962-jıllar**

**Ishki hám sırtqı sawda.** Mámlekette diyqanshılıq hám ónermentshiliktiń rawajlanıwı nátiyjesinde ishki hám sırtqı sawda keńeydi. Áyyemgi kárwan jolı boylap qudıqlar qazılıp, hár bir toqtaw ornında *rabotlar* salınadı. Kárwanlar ótetuǵın qala hám awıllarda *kárwansaraylar* qurıladı. Olarda ójireler hám skladlar boladı.

Sırtqı sawda aylanısında *sarroflik chekleri*nen keń paydalanatuǵın edi. Óz pulların olar qaladaǵı sarroflardan birine tapsırıp, onnan tiyisli hújjet — *chek* aladı. Mójjellengen qalaǵa barıw menen bul shekti sarrofqa berip, onda kórsetilgen muǵdardaǵı

puldı tolıq etip qaytarıp alıw múmkin edi. *Chek* sózi parsı tilinde termin bolıp, sol waqıtta da bul sóz sol mániste isletilgen.

*** Rabat — orta ásirlerde arablardıń bekkemlengen turar jeri. Dáslep ǵoziylerge mólsherlep qurılǵan arnawlı imarat. Keyinirek rabat tek qorǵan, jasaw jeri ǵana emes, bálkim miymanxana (kárwansaray) mazmunında da túsinilgen.**
*** Kárwansaray — kárwanlar toqtap, túnep ótetuǵın rabat, saray, miymanxana. Sawda jolları ústinde hám qalalarda qurılǵan.**

Arqa jol arqalı Qubla Sibir hám Monǵolstanǵa Mawarawnnaxrdıń qala hám awıllarınan bóz, kiyim-kenshek, er-turman, qılısh, ıdıs-ásbap, zergerlik buyımları, dári-darmaq, qurǵatılǵan miywe, gúnji hám zıǵır mayları hám basqa da soǵan qusaǵan zatlar alıp barılǵan. Sibirden hár qıylı túrdegi qımbat bahalı mamıq júnli teriler, sharwashılıq zatları hám sharwashılıq ónimleri alıp kelingen.

Qıtay menen bolǵan sawdada *shay, jupek gezlemeler, duz* hám *at* tiykarǵı orında turǵan. Itil, Xazar hám Bolgaryaǵa Mawarawnnaxr hám Xorezmnen gúrish, qurǵaq miyweler, mazalı zatlar, duzlanǵan balıq, paxta, shayı gezlemeler, sukon, parsha hám gilemler alıp barıp satılǵan. Bolgaryaǵa hám Xazardan qımbat bahalı mexlar, shamlar, biyik qalpaqlar alıp kelingen.

**Pul.** Ishki bazarlarda «*fals*» dep atalǵan mıs pul, xalıq aralıq sawda-satlıqta bolsa gúmis teńge — *dirhamlar* paydalanılatuǵın edi. Mıs pullardı oraylıq húkimet te, sonday-aq dinastiya aǵzalarınan bolǵan bazı bir wálayat hákimleri de shıǵaratuǵın edi. Gúmis teńgeler tek húkimet baslıǵınıń atınan **Marı, Samarqand, Buxara** hám **Shash**ta mámlekettiń teńge quyatuǵın saraylarında ǵana quyılatuǵın edi.

**Jer iyeliginiń túrleri.** Samaniyler húkimdarlıǵı dáwirinde jer iyeliginiń **«múlki sultaniy»**, **«múlk jerleri»**, **«waqım jerleri»**, **«múlki xos»** hám **«jámáát jerleri»** dep atalıwshı 5 túri bolǵan.

Mámleket qaramındaǵı jerler **«múlki sultaniy»** dep aytılǵan. Húkimran úrim-putaǵı, múlk iyesi diyqan hám aqsúyeklerdiń qaramındaǵı úlken-úlken jer maydanlarınan baslap miynetkesh awıl xalqına tiyisli mayda jeke jerlerge shekem «múlk jerleri» esaplanǵan. Meshit xanaqox hám medreselerge waqtınsha yamasa barqulla paydalanıw ushın berilgen jerler «waqım jerleri» dep atalǵan. Bunday túrlerdegi jerlerden paydalanıwshılardıń barlıǵı mámleketge ónimnniń 1/3 kóleminde xiraj tóleytuǵın edi.

Joqarı mártebeli ruwxanıylar hám seyitlerdiń qol astındaǵı jerler **«múlki xos»** dep atalǵan. Bunday imkaniyatqa iye bolǵan múlik iyeleri mámleketke kóbinese ónimniń 1/10 esabında *«úsir»* salıǵın ǵana tólegen. Húkimdar dinastiya hám joqarǵı qatlam wákillerine mámleket aldındaǵı xızmetleri ushın sawǵa etilgen jerler — **múlki ıqta** jerleri dep atalǵan.

Bulardan basqa, awıl jámáátleriniń soramında da belgili kólemdegi jer maydanları saqlanıp, olar **«jámáát jerleri»** bolıp esaplanǵan. Olar tiykarınan suwǵarılmaǵan hám taw aldı jerlerinen ibarat edi.

**Iqta múlki. X ásir**de iri hámeldarlardıń mámleket aldındaǵı xızmetleri ushın jer hám suwdan ibarat úlken-úlken múlikler berile baslaydı. Bunday múlik **«ıqta»**, oǵan iye bolǵan múlik iyeleri **«muqta»** yamasa **«ıqtadar»** dep aytılǵan. **Iqta** túrinde bolsa ayırım wálayat yamasa qalalar hám rayonlar sawǵa etilgen. **Iqta** eń dáslep tiykarınan joqarǵı qatlamdaǵı hasılzadalarǵa: dinastiya aǵzalarına — ámirlerdiń áwladlarına hám iri hámeldarlarǵa inam etilgen. **Iqta múlikleri** dáslep ómirlikke emes, al belgili múddetke berilip, násilden-násilge qaldırılmaǵan. **Iqtadarlar** sawǵaǵa berilgen aymaqlarda jasawshı xalıqtan alınatuǵın salıqlardıń belgili bólimin jıynap alıw huqıqına iye bolǵan.

**Barzikar — qosshılar. IX-X ásirler**de úlken jer iyeleri kediverlerdi jumsawdan kóre, óz jerlerin awıl jámáátiniń jerleri az aǵzalarına ijaraǵa beriwdi abzal kórdi. Sol zamanda ıjarashılar **«barzikar»** yamasa **«qosshılar»** dep atalatuǵın edi. Mámleketlik salıqlar (xiraj hám úsir) jer

iyesinen de, qos aydawshılardan da bólek-bólek alınatuǵın edi.

**Samaniyler hákimiyatınıń ıdırawı.** Samaniylerdiń áskeriy atlanısları, húkimdar dinastiyanıń ishki jánjelleri, jergilikli hákimlerdiń ózbasımshalıq háreketleri barǵan sayın háwij alıp bardı. Nátiyjede mámlekette ekonomikalıq shiyelenisiw kelip shıqqan edi. Hátteki, áskeriy xızmetkerlerge de, sonıń ishinde ámirdiń túrk gvardiyasına da aylıq tólew ushın qárejet taba almay otıratuǵın edi. Bunday awır awhaldan shıǵıw ushın **942-jılı** xalıqtan eki mártebe salıq óndirilip alınǵan. Bunday tártipsizlikler mámlekette awhaldı jáne de keskinlestirip, xalıqtıń hár qıylı qatlamları hákimiyatqa qarsı kóterilis shıǵarıwına sebep boladı.

Siyasiy awhal **Nux** (943—954) hám onıń aqlıǵı **Nux II** (976—997) húkimdarlıq etken dáwirde oǵada keskin tús aladı. **947-jılı** ***Nux ibn Nasr***dıń tuwısqanı **Ibrayım** kóterilis shıǵaradı. Saray áskerleri hám Shaǵaniyannıń iri jermúlik iyesi bolǵan **Ábiw Áliy Shaǵaniy**dıń járdemi menen **Ibrayım** Buxara taxtın iyelep aladı.

Kóp waqıt ótpey-aq ***Ábiw Áliy Shaǵaniy*** basshılıǵında kóterilis kelip shıǵadı. ***Nux*** kóterilisti kúsh penen bastıra almaydı. **952-jılı** ***Ábiw Áliy Shaǵaniy***di ol dáslep Shaǵaniyanǵa, sońın ala Xorasanǵa hákim qılıp tayınlawǵa májbúr boladı. **961-jılı** Buxara jawınger áskerleriniń bas kóteriwi boladı. Kóterilisshiler ámirdiń sarayın talaydı hám oǵan ot berip jiberedi. Bunday waqıyalardıń tez-tez qaytalanıp turıwı, sózsiz, oraylıq hákimiyattıń hálsirep qalǵanlıǵınan derek beretuǵın edi.

**1.** Samaniyler dáwirinde awıl xojalıǵınıń qaysı tarawları rawajlandı?
**2.** Ónermentshiliktiń qaysı túrleri rawajlanǵan?
**3.** Kárwansaraylar ne ushın qurılǵan?
**4.** Samaniyler dáwirindegi ishki hám sırtqı sawdada qanday pul birlikleri paydalanılǵan?
**5.** Jer iyeligi qanday túrlerden ibarat?
**6.** Barzikar hám qosshılar kimler?
**7.** Samaniyler hákimiyatınıń qulawına alıp kelgen sebepler nelerden ibarat edi? Oylap kóriń, onıń aldın alıw ushın ne qılıw múmkin edi?

**Tómendegi kesteni Samaniyler mámleketinde ekonomikalıq turmıs temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Awıl-xojalıǵı | Ónermentshilik | Sırtqı sawda | Pul birlikleri |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 15-§. ǴAZNAWIYLER

**Tayanısh túsinikler:** ***ǵaznawiyler, Maxmud Ǵaznawiy, Maqsud Ǵaznawiy, basqarıw sisteması, ilim-pán hám mádeniyat.***

**Ǵaznawiyler húkimdarlıǵı.** Mámlekette júz bergen awır dáwirde Samaniyler mámleketiniń túrk hajiblerinen ibarat saray gvardiyasınıń siyasiy abroyı júdá kúshli bolǵan. Sebebi áskeriy hám qorǵanıw jumısları tolıǵı menen olardıń qolında edi. Túrk sárkárdalarınıń xızmetleri esabına samaniy ámirleri ayırım qábiletli láshker basılardı **hojib-ul-hajib** yamasa **hojib-ul-buzruk** sıyaqlı joqarı áskeriy ámellerge saylap, olarǵa hátteki ayırım wálayatlardı basqarıw huqıqın bergen.

**962—963-jılları** Ǵazna wálayatın **Alıptegin** nayıb hám láshker ámiri sıpatında basqarǵan. Ol Ǵazna hám Qabıl wálayatların óz betinshe basqarıwǵa umtıilip, Ǵaznawiyler mámleketine tiykar salǵan. Usı jas túrkiy mámlekettiń paytaxtı **Ǵazna** qalasında payda bolǵan. Ǵaznawiylerdiń siyasiy abroyı **Sobuqtegin** dáwirinde (977—997) artıp, samaniyler tárepinen aytıp ótilgen. **Maxmud Ǵaznawiy** dáwirinde (997—1030) bolsa onıń shegarası keńeyip, Shıǵıstıń eń qudiretli mámleketlerinen birine aylanǵan. Samaniyler dinastiyası joq bolǵannan keyin, **Maxmud Ǵaznawiy** Xorasan aymaqların, soń Xorezm mámleketin (1017)de óziniń saltanatına qosıp alǵan. Biraq **Maqsud Ǵaznawiy** dáwirinde (1030—1040) mámleket wálayatları birinen soń biri qoldan shıǵarılıp ıdırap ketken. Aqıbetinde **1186-jılı** Ǵaznawiyler birotala tamam bolǵan.

**Ǵaznawiyler mámleketiniń basqarıw sisteması.** Ǵaznawiyler mámleketlik dúzimi hám basqarıw sistemaları

áwelden rawajlanıp kiyatırǵan túrkiy mámleketlik tiykarında qurılǵan bolsa da, biraq ol ózine tán qásiyetine iye edi. Wázirlik sistemasında áskeriy, elshilik hám arnawlı máresimler, qarjı hám xabar-poshta keńseler xızmet kórsenken. Wálayat húkimdarı **wáliy**, qala hákimi **baslıq** dep aytılqan. Wálayat basqarıw isleri **amid**, qalalarda bolsa **kutvol** tárepinen ámelge asırılǵan. Mámleket qúdiretli armiyaǵa iye edi. Armiyada áskeriy kemeler (dárya hám teńiz flotı)de payda bolǵan.

**Ilim-pán hám mádeniyat.** Ǵaznawiyler mámleketinde ilim-pán hám mádeniyat, ásirese ádebiyat rawajlanǵan. Maxmud Ǵaznawiy túrkiy ana tili menen bir qatarda parsı, arab hám pahlaviy tillerin de tolıq bilgen, qosıq jazǵan. Paytaxt sarayında 400 den artıq alım, shayır hám kórkem óner sheberleri dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan. **Ábiw Rayxan Beruniy, Nasır Xusraw, Gardiziy** hám **Bayhaqıy** sıyaqlı ullı oyshıllar Ǵaznada jasaǵan. **Beruniy** «*Qanuni Masudiy*», **Bayhaqiy** «*Tarixi masudiy*» shıǵarmaların sultan Maqsudqa baǵıshlaǵan. **Abıl Qasım Firdavsiy** belgili «*Shaxnama*» dástanın ***Maxmud Ǵaznawiy***ge usınǵan. Ǵaznawiyler mámleketinde qurılıs hám arxitekturaǵa da itibar berilgen. **Ǵazna, Balx, Nishapur, Lahur** hám basqa qalalarda kóplep medreseler, meshit, xanaqox hám saraylar qurılıp, kitapxanalar iske túsken. Baǵ-sharbaqlar qurılıp, paytaxt Ǵazna qalası gúllep jaynaǵan.

1. Ǵaznawiyler mámleketi qalay dúzilgen??
2. Kimniń dáwirinde Ǵaznawiyler mámleketi Shıǵıstıń eń qúdiretli mámleketlerinen birine aylanǵan?
3. Ǵaznawiylerdiń basqarıw sisteması aldınnan qaysı mámleketlerdiń basqarıw sistemasına uqsaǵan?
4. Ǵaznawiylerdiń basqarıw sistemasında qanday keńseler jumıs alıp barǵan?
5. Ǵazna qalasında dóretiwshilik qılǵan ilimpazlar kimler?

**Tómendegi kesteni ǵaznawiyge tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń:**

| Ǵaznawiyler mámleketi | Basqarǵan dáwiri | Aymaǵı | Paytaxtı | Húkimdarlıǵı |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## 16-§. QARAXANIYLER

**Tayanısh túsinikler:** ***Qaraxaniyler mámleketi, Mawarawnnaxrdıń iyeleniwi, Qaraxaniyler mámleketiniń bólinip ketiwi, mámleket basqarıwı, qaraxaniyler hújimi, «Diyqan» atamasınıń jańa mazmunı.***

**Mámleketin dúziliwi.** **X ásirdiń ortalar**ında *yaǵma, chikil*, *oǵuz* hám basqa qáwimler menen bir awqamǵa birlesti. Bul úlken aymaqta áweli **«Xokuniya úlkesi»** dep atalǵan mámleket dúzilgen. Usı mámleket húkimdarları «*jabǵu*» dep aytılǵan ataǵınıń ornına ózlerin «***qaraxan***» yaǵnıy *«ullı xan»* dep ataydı. **XI—XII ásirler**de **Xokuniya** rawaj tawıp kúsheygennen keyin, ol **«Qarluq-Qaraxaniyler»** mámleketi ataǵın alǵan. Usı iri mámleket qatar qáwimler awqamı tiykarında dúzilgeni sebepli húkimdarları «***arıslanxan***», «***bugraxan***» hám «***tamǵashxan***» dep atalǵan. Bul úsh atama joqarı dárejeli húkimdar mánisin ańlatqan. Ullılıq qádimde túrk xalıqlarında «***qara***» sózi menen sıpatlanǵan. Sol sebepten taxtta otırǵan ***Arıslanxan, Bugraxan*** hám ***Tamǵashxanlar*** «***qaraxan***» dep esaplanǵan. Olar basqarǵan mámleket bolsa tariyxta keyinirek belgi sıpatında **«Qaraxaniyler mámleketi»** atı menen abırayǵa iye bolǵan.



*** Qaraxaniyler mámleketi, Xokuniya – Shıǵıs Túrkstan, Jetisuw hám Tyanshannıń qubla janbawırında dúzilgen mámleket. Qaraxaniyler dinastiyası basqarǵan. Qaraxaniyler mámleketiniń dúziliwinde qarluq, chigil hám jaǵmo qáwimleri jetekshi rol oynaǵan. Tiykarshısı – Ábdulkárim Sotuk Buǵraxan (869-955).**

**Qaraxaniylerdiń Mawarawnnaxrǵa hújimi.** **992-jılı Xarun Bugraxan** basshılıǵındaǵı qaraxaniyler Mawarawnnaxrǵa qarap hújim baslaydı. Bul dáwirde samaniyler dinastiyası tereń ishki qıyınshılıqlar girdabına túsip qalǵan edi.

Qaraxaniyler Buxaranı qarsılıqsız basıp aladı. **Nux ibn Mansur** qaraxaniylerge qarsı gúresiw ushın Ǵaznadaǵı nayıbı — **Sabuqtakindi** járdemge shaqıradı. Jigirma mıńlıq láshker menen ol Mawarawnnaxrǵa jetip keledi. ***Nux*** penen birlesip, bir neshe sawashlardan soń qaraxaniyler áskerleri tastalqan etiledi. Bunıń ornına ***Nux Sabuqtakin***di Xorasannıń nayıbı etip tayınlaydı. Nátiyjede Ǵazna hám Xorasanda ***Sabuqtakin*** hám onıń ulı ***Maxmud***tıń siyasiy húkimdarlıǵı bekkemlenedi.

**996-jılı** qaraxaniyler Mawarawnnaxrǵa qaray jáne hújim baslaydı. Usınday awır sharayatta qıyanet júz beredi. Yaǵnıy ***Sabuqtakin*** láshkerleri Buxaranı iyeleydi. Sońın ala ol qaraxaniyler menen sóylesiwler júrgizedi. Nátiyjede olar ortasında shártnama dúzilip, oǵan muwapıq Sırdárya basseyini qaraxaniylerdiń qolına ótedi. ***Sabuqtekin*** bolsa Ámiwdáryadan qubladaǵı jerlerge, sol esaptan Xorasanǵa húkimdar bolıp aladı. Samaniylerge Mawarawnnaxrdıń oraylıq bólegi ǵana beriledi. Biraq, kóp waqıt ótpey **999-jılı** Buxaranıń **Nasır Elakxan** basshılıǵında qaraxaniyler tárepinen basıp alınıwı menen samaniyler húkimdarlıǵı tamam boldı.

**Qaraxaniyler mámleketiniń bóliniwi.** Qaraxaniyler endi Xorasandı da óz mámleketine qosıp alıw ushın háreket qıladı. Aradan kóp waqıt ótpey qaraxaniyler menen ǵaznawiylerdiń ortasında ǵajja-ǵaj urıslar baslanadı. **1006**-hám **1008-jılları** qaraxaniyler Xorasannıń ústine eki mártebe láshker tartıp baradı. Biraq, ***Maxmud Ǵaznawiy*** qaraxaniylerge soqqı berip, Xorasandı óz mámleketiniń soramında saqlap qalıwǵa erise aladı.

Ǵaznawiylerdiń seljukiyler menen qattı gúresi baslanadı. Bunnan paydalanǵan qaraxaniylerdiń jergilikli húkimdarı ***Ibrayım Buritakin*** **1038-jılı** Ámiwdárya boyındaǵı wálayatları — **Xuttalon, Vaxsh** hám **Shaǵaniyan**dı ǵaznawiylerden tartıp aladı. Aradan kóp waqıt ótpey-aq ol Mawarawnnaxr-

dı hám Ferǵananı ózine baǵındırıp, ǵárezsiz siyasat júrgize baslaydı. Nátiyjede qaraxaniyler eki ǵárezsiz mámleketke bólinip ketedi. Birinshisi paytaxtı **Balasaǵun**da bolǵan *Shıǵıs qaraxaniyler,* ekinshisi orayı **Samarqand**ta bolǵan *Mawarawnnaxrdaǵı Qaraxaniyler mámleketi* edi. ***Ibrayım Buritakin*** *«bugraxan»* ataǵın alǵan.

**Mámleketti basqarıwı.** Qaraxaniyler mámleketti wálayatlarǵa bólip basqaratuǵın edi. Olardı **elakxan** hám **takin** (yamasa tegin) dep ataǵan. Wálayat hákimleri tek ǵana qaraxaniyler shańaraǵınıń elakxan ataǵına miyassar bolǵan aǵzalarınan saylanatuǵın edi. Elakxanlar ózleriniń atlarınan pul teńgelerdi quyıp shıǵaratuǵın ham wálayatlardıń ǵárezsizligi ushın umtılatuǵın edi. *Mawarawnnaxrdıń elakxanı* qaraxaniylerdiń elakxanlarınıń arasında úlken abırayǵa iye edi. Ol Samarqandtaǵı taxtqa otırǵan. Wálayattıń basqarıw hákimshiliginde samaniyler dáwirindegidey wázirler, iri jer iyeleri, mustavfiyler xızmet qılatuǵın edi. Qalalar bolsa qala hákimi, baslıqlar tárepinen basqarılatuǵın edi. Qaraxaniyler mámlekette óz húkimdarlıǵın bekkemlewde musılman ruwxanıyları menen jaqın hám doslıq qatnasıqlar ornatadı. Bul dáwirde imamlar, saydlar, shayıqlar ham sadrlarǵa itibar kúsheyip, olardıń abırayı hár qashanǵıdan da bálent kóteriledi.

Qaraxaniy húkimdarları bul dáwirde ele otırıqshı turmısqa ótpegen bolsa da, diyqanshılıq oazislerin hám qalalardıń mádeniy áhmiyetin jaqsı ańlaytuǵın edi. Olar **Balasaǵun, Qashǵar, Taraz, Ózgen, Samarqand** hám **Buxara** sıyaqlı qalalardı mámlekettiń yamasa wálayattıń paytaxtına aylandırıp, qalalar menen baylanıs ornatıwǵa háreket qılatuǵın edi.

**Awıl xojalıǵındaǵı awhal.** **XI ásir**de Mawarawnnaxrǵa kirip kelgen kóshpeli sharwalar diyqanshılıq maydanların basqılap, ayaq astı qıladı. Otlaq jerlerge hám jaylawlarǵa aylandırılǵan egislik jerler qaraxaniyler shańaraǵınıń tayanıshı esaplanǵan qáwimlerdiń tiykarǵı múlkine aylandırıladı.

Jergilikli múlikke iye diyqanlar menen kóshpeli sharwalardıń ortasında qarama-qarsılıq kúsheyip, diyqanlarǵa

qarsı gúres keskin tús aladı. Qaraxaniylerdiń qısımınıń aqıbetinde múlikke iye diyqanlar jan saqlaw maqsetinde óz jerlerin taslap ketiwge májbúr boladı.

Qaraxaniyler húkimdarlıǵı dáwirinde jergilikli múlikke iye diyqanlar jer-suw múliklerinen jáne mámlekette tutqan siyasiy abırayınan ayrılıp, jámiyet turmısında óziniń aldıńgı ornı hám áhmiyetin pútkilley joq qıladı.



*** XI—XII ásirlerde «diyqan» degen túsinik óziniń «awıl hákimi»n ańlatıwshı mánisin joǵalttı.**

**Iqta jerlerinin keńeyiwi. XI ásir**den baslap jerden paydalanıwda *ıqta tartibatı* júdá keń jayıladı. Qaraxaniyler tárepinen húkimdar dinastiya wákillerinen basqa, joqarı áskeriy dárejeliler, mámleketlik hákimshilik xızmetkerlerine hám jergilikli hasılzadalarǵa jáne úlken-úlken jer maydanları *ıqta* túrinde sawǵa etiledi. *Iqta* tártibi qaraxaniyler ushın baǵındırılǵan mámleketlerden tiyisli salıqlardı óndiriw basqarıwdıń eń qolaylı túri bolıp esaplanǵan.

Solay etip, **XI—XII ásirler**de Mawarawnnaxrda hám Xorasanda **ıqta** jerleri keńeyip, múlikshiliktiń tiykarǵı túrleriniń birine aylanadı.

Bul dáwirge kelip musılman ruwxanıylarına bolǵan itibardıń kúsheyiwi hám mámlekettegi siyasiy tásiriniń artıp barıwı menen *waqım jerler* bir qansha kóbeyedi.

*Barzikarlar* erte orta ásirlerdegi kediverlerge qaraǵanda azat esaplansada, olardıń moynına mámleket tárepinen túrli salıqlar hám hár qıylı minnetlemeler júklengen edi. Suwǵarıw tarmaqları, tońırtqalar, jollar hám qorǵanlardı qurıp, ońlaw islerinde olardıń qatnasıwı shárt edi.

**Qalalar, sawda hám ónermentshilik. XI-XII ásirler**de qalalar keńeyedi, xalqınıń sanı kóbeyip, olar jáne de tıǵızlasadı. **Samarqand, Buxara, Termiz, Ózgen, Tashkent** sıyaqlı qalalar ishki hám sırtqı sawda ushın hár qıylı ónermentshilik ónimlerin islep shıǵaratuǵın jáne mayda teńgelerdiń járdemi menen alıp barılatuǵın bazar sawdasınıń orayına aylanadı. Sol dáwirde qurılıp, házirge shekem saqlanǵan **Raboti Malik, Meshit kalan, Minorai**

**kalan, Vabkent minarası, Jarqorǵan minarası, Maǵoki attori meshiti** jáne kóplegen saraylar, meshit, medrese, minara, zanaqax, tim hám kárwansaraylar sıyaqlı imaratlar boy tikleydi.

Ónermentshilik óziniń hár túrliligi hám joqarı dárejede kórkemligi menen ajıralıp turadı. Bul dáwirde qalalarda, ásirese, gúlal ıdısların, shiyshe buyımların hám naǵıslanǵan mıs ıdısların soǵıw rawajlanadı. Ónermentshiliktiń rawajlanıwı jáne ishki hám sırtqı sawdanıń keńeyiwi menen bazar sawdasında pulǵa talap artadı. Nátiyjede gúmis hám mıstan kóplegen qara baqır jáne teńgeler quyılıp shıǵarıladı.

**Qaraxaniylerdiń hújimi.** Siyasiy jaqtan barǵan sayın hálsirep baratırǵan Qaraxaniyler mámleketi óziniń dáslepki awhalınan ayırılıp, seljukiylerdiń qısımına ushıradı hám oǵan ǵárezli bolıp qaladı. **XII ásirdiń 30-jıllarınıń aqırı**na kelgende Qaraxaniyler mámleketi shıǵıstan kelgen jańa jawlap alıwshılar—kóshpeli **qaraqıtaylar**dıń (monǵollarǵa tán qawim) hújimine duwshar boldı. Qaraqıtaylar húkimdarı **Górxan Balasaǵun** qalasın mámleketiniń paytaxtına aylandırǵan.

Jetisuwǵa jaylasıp alǵan *qaraqıtaylar* tez arada Sırdáryanıń ortańǵı aǵısına qarsı áskeriy atlanısın baslaydı. Olardıń jawınger láshkerleri dáslep Shash hám Ferǵanaǵa, sońın ala Zarafshan hám Qashqadárya wálayatlarına basıp kiredi. **1137-jılı** olar **Xojend** qalasınıń janında qaraxaniylerdiń elakxanı **Maxmud**qa qattı soqqı beredi. Óz ara kelisim dúzilip, qaraxaniylerden kóp muǵdardaǵı tólem alǵannan keyin, olar óz jurtlarına qaytıp ketedi. Biraq kelisim uzaqqa sozılmaydı. Aradan tórt jıl ótkennen keyin olar jáne Mawarawnnaxrǵa atlanıs jasaydı. **1141-jılı** bolıp ótken urısta *qaraqıtaylar* jeńedi. Nátiyjede Qaraxaniyler mámleketi joq boladı.



1. Qaraxaniyler mámleketi qalay dúzildi?
2. Qaraxaniylerdiń Mawarawnnaxrǵa hújimi haqqında aytıp beriń?
3. Qaraxaniyler mámleketi qalay ekige bólindi?
4. Qaraxaniylerdegi mámleketti basqarıw aldıńǵı mámleket basqarıwınan qaysı tárepleri menen ajıraladı?

5. «Diyqan» degen túsinik ne ushın óziniń aldıngı mánisin joyıttı?
6. Iqta tartibatı samaniyler dáwirinen nesi menen ajıraladı?
7. Qaraqıtaylardıń hújimi qanday aqıbetlerge alıp keldi?

**Tómendegi kestede Qaraxaniyler temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Qaraxaniyler mámleketi | Aymaǵı | Basqarǵan dáwiri | Mámleket bashqarıwı |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 17-§. XOREZM MÁMLEKETI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***ǵárezsizlik ushin gúres, Xorezmshaxlar mámleketi, ishki qarama-qarsılıqlar.***

**Mamuniyler dáwirinde Xorezm.** **995-jılı** Gúrgench miri **Mamun ibn Muxammed Kat** qalasın basıp alıp, Xorezmniń eki bólegin birlestirdi hám Xorezmshax ataǵına eristi. Solay etip *afriǵıylar* dinastiyası joq bolıp, *mamuniyler* húkimdarlıǵı baslandı. **Úrgench** Xorezmshaxlar mámleketiniń paytaxtına aylandı. Qısqa waqıt ishinde mamuniyler Xorezmshaxlar mámleketin social, siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy tárepten rawajlantırdı. Mámleket *wálayat, qala* hám *awıllar*ǵa ajıratılıp basqarıldı.

***Xorezmshax*** mámlekettin joqarı hám pútkilley hákimi esaplanatuǵın edi. **Gúrgench**te shax sarayı oraylıq basqarma — samaniyxana dúzildi. Onıń ishinde zúráát, sawda-satlıq, qarjı, salıq, qala hám awıllarda tınıshlıqtı saqlaw ushın áskeriy jumıslar menen shuǵıllanatuǵın mekemeler islep turǵan. Mámlekettiń eń joqarı lawazımlarınan biri wázirlik — *xujayi buzruk* ataǵına iye bolǵan. Ol samaniyxana jumıslarına juwapker bolǵan. Áskeriy atlanıslar waqtında húkimdar atınan mámleketti basqarǵan.

**Ǵárezsizlik ushın gúres.** **1017-jılı** ***Maxmud Ǵaznawiy*** tárepinen basıp alınıp, óz ǵárezsizliginen ayırılǵan Xorezm, **1040-jılı** Seljukiyler mámleketine qaraslı bolıp

qaladı. Seljukiylerdiń húkimdarı **Málikshax** óz xızmetkerlerinen **Anushtakin**di Xorezmge nayıb etip sayladı. **Anushtakin** dúnyadan ótkennen soń Xorezmde onıń miyrasxorı **Qutbitdin Muxammed** (1097—1127) nayıblıq qıladı. Ol «*xorezmshax*» atağın tiklep, bunday at penen ullılansa da, Seljukiyler mámleketiniń sadıq nayıbı bolıp qala bergen edi. Xorezmniń ǵárezsizligi Qutbitdin Muxammedtiń balası **Atsız** (1127—1156) atı menen baylanıslı.

Eń dáslep ***Atsız*** túrkmen hám qıpshaqlardı ózine boysındıradı. Xorezm menen ekonomikalıq jaqtan baylanıslı bolǵan Sırdáryanın etekleri hám Mańǵıshlaq yarım aralın iyeleydi. ***Atsız*** Kaspiy teńizi boylarınan Sırdáryanın orta ağımına shekem bolǵan jerlerde Xorezmshaxlar mámleketiniń tiykarin saladı.

**Xorezmshaxlar mámleketiniń dúziliwi.** ***Atsız***dıń siyasatın onıń miyrasxorları **Elarıslan** (1156-1172), **Sultanshax Maxmud** (1172) hám **Takash** (1172-1200) dawam ettiredi. **XII ásirdiń ekinshi yarımı**nda Mawarawnnaxr hám Xorasanda siyasiy awhal jáne de keskinlesedi. **1153-jılı Sultan Sanjarǵa** qarsı kóshpeli oğuzlar bas kóteredi. Bunıń aqıbetinde Seljukiyler mámleketi keskin soqqıǵa ushırap, bóleklenip ketedi.

Eń dáslep onnan **Kishi Aziya** hám **Kerman** bólinip ketedi. Sońın ala Parsı, Ázerbayjan hám Xorasan wálayatları óz ǵárezsizligin aladı. Bunday siyasiy awhalda, sózsiz Xorezmniń húkimdarlıq shegaraları keńeytilip, onıń ǵárezsizligi jáne de bekkemlenedi. Xorezm mámleketi, ásirese Atsızdıń aqlığı Takash dáwirinde júdá keńeyedi. **1187-1193-jıllar**ı ol **Nıshapur, Ray** hám **Marı** qalaların basıp aladı. **1194-jılı** bolsa seljukiylerdiń sultanı **Toǵrul**ǵa qattı soqqı berip, Irandı Xorezmge boysındıradı.

**Mámleket aymağınıń keńeyiwi.** Takashtan keyin onıń balası **Alawitdin Muxammed**te **(1200-1220)** Xorezm mámleketin keńeytiw siyasatın dawam ettiredi. **1206-jıl**dan baslap Mawarawnnaxrdı qaraqıtaylarǵa ǵárezlikten azat etiwge kirisildi. **1210-jıl**da Talas alabında qaraqıtaylar jeńiliske ushıraydı. Jetisuwǵa shekemgi jerler Xorezmshaxlar mámleketi qaramağına alınadı.

**XIII ásirdiń basın**da Xorezm júdá keń maydandı iyelegen ullı mámleketke aylanǵan edi. Onıń arqa-batıs hám batıs shegarası Aral hám Kaspiy teńiziniń jaǵalarınan baslap túslik-batısta Irakqa shekem barıp jetken. Qublashıǵıs aymaqları Ǵazna wálayatınan, arqa-shıǵıs shegarası bolsa, Jetisuw hám Deshti Qıpshaqtan ótetuǵın bolǵan.

Shıǵıstaǵı bul úlken mámlekettiń paytaxtı **Úrgenish** qalası edi. Húkimdar ***Muxammed Xorezmshax*** bolsa **«Iskandari soniy»** dep kótermelengen. Onıń sarayında 27 húkimdar hám olardıń wákilleri barqulla baǵınıshlı bolǵan.

**Ishki qarama-qarsılıqlar.** Mámleket Qaraqıtaylardıń zulımlıǵınan qutılǵan bolsa da, miynetkesh xalıqtıń awhalı jeńillespedi. Kerisinshe, xorezmshaxlardıń áskeriy atlanısları, salıq siyasatındaǵı tártipsizlikler, ámir hám hákimshilik xızmetkeleriniń jábir-zulımlıqları mámleket puqaralarınıń materiallıq awhalın oǵada awırlastırdı, xalıq xojalıǵın jáne de hálsiretti. Bul, sózsiz, qala hám awıl xalqınıń xorezmshaxlarǵa qarsı narazılıqların kúsheytip jiberdi. Nátiyjede, **1210-jılı** Otırar xalqı, **1212-jılı** bolsa, samarqandlıqlar kóteriliske shıǵadı. ***Muxammed Xorezmshax*** kóterilisti reyimsizlik penen bastıradı.

Wálayat húkimdarlarınıń kóterilisleri, xalıqtıń kóplegen qatlamlarınıń narazılıǵı, áskerler arasında hám sarayda jasırın til biriktiriwlerdiń háwij alıwı mámlekettiń turaqsızlıq jaǵdayın anıq kórseter edi.



1. Arablardıń basıp alıwı Xorezmge qanday aqıbetlerge alıp kelgen?
2. Afriǵıylar dinastiyası qulawınıń sebebi nede?
3. Mamuniyler dáwirinde basqarıw dúzimi qalay bolǵan?
4. Mamuniyler qanday óz húkimdarlıǵınan ayırılǵan?
5. Xorezmniń ǵárezsizligi kimniń atı menen baylanıslı?
6. Xorezmshaxlar ishki qarama-qarsılıqlardıń aldın alıw ushın qanday siyasat júrgiziw múmkin?

**Tómendegi kesteni Xorezm mámleketi temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Dinastiya | Húkimdarlıq dáwiri | Húkimdarlıǵı |
|---|---|---|
| | | |

## 18-§. XOREZMSHAX HÁM SHÍŃǴÍSXAN ORTASÍNDAǴÍ QATNASÍQLAR

**Tayanısh túsinikler:** ***Xorezm mámleketiniń ishki hám sırtqı siyasatı, elshilik hám diplomatiyalıq qatnasıqlar, Xorezmshaxlar mámleketiniń dagdarısqa ushırawı.***

**Óz ara elshilik baylanısları.** Mongol urıw hám qáwimleri qudiretli mámleketke birlesiwi hám bekkemlesiwi ***Temushin*** (1155-1227) atı menen baylanıslı. **1206-jılı** Onon dáryasınıń boyında shaqırılgan mongol urıw hám qáwim baslıqlarınıń qurıltayında ***Temushin*** ullı xan (qaan) dep dagazalandı, ogan «***Shıńgıs***» laqabı beriledi hám Mongollar mámleketine tiykar salındı.



**Shıńgısxan**

***Shıńgısxan*** alıp bargan urıslar nátiyjesinde Gobi sahrasınıń shıgıs shegarasınan tap Táńritaw (Tyanshan) dizbeginiń batıs eteklerine shekemgi wálayatlar Mongollar mámleketine birlestirilgen edi. Endigiden bılay Mongollar mámleketiniń batıs aymaqları ***Sultan Muxammed Xorezmshax*** saltanatınıń shegarasına tikkeley tutasıp ketken edi.

***Shıńgısxan*** hám ***Xorezmshax*** ortasında bir-biriniń kúsh-qúdiretin bilip alıwga hám ol haqqında maglıwmatlar toplawga háreket etiledi. Eki ortada hátteki elshilik baylanısları da ornatıladı.

Eń dáslep, **1216-jılı** ***Shıńgısxan***nıń qabıllawına Xorezmshax **Bahawatdin Raziy** basshılıgındagı óz elshilerin jiberedi. Elshilerdi ***Shıńgısxan*** úlken izzet penen qabıl eteli. Hátteki, elshilerden ol ***Sultan Muxammed***ti Batıstıń sahıbqıranı (Batıs mámleketleri jerleriniń sultanı), ózin bolsa Shıgıstıń patshası dep esaplawın Xorezmshaxqa jetkeriwin soraydı.

Shıńgısxan qımbat bahalı sawgalar hám zatlar artılgan úlken kárwan menen óz elshilerin Xorezmge jiberedi. Elshilerge xorezmli sawdager **Maxmud Yalavosh** basshı etip tayınlanadı. Shıńgısxannıń elshilerin Sultan

Muxammed **1218-jıldıń báhár**inde Buxara qalasında qabıl etedı. Elshiler Shıńǵısxan Sultan Muxammedti qúdiretli patsha dep tanıp hám onı óziniń eń húrmetli balaları qatarında kóriwi jáne onıń menen doslıq shártnama dúziwge razı ekenligin aytadı. Eń húrmetli balaları qatarında kóriw «húrmeti», sózsiz, Shıǵıs mákkarlıǵında «Shıńǵısxannıń Xorezmshaxtı ózine baǵınıshlı etip alıw niyeti bar» degen mánisti ańlatatuǵın edi. Ózin Iskender soniy (Ekinshi Iskender) dep esaplap júrgen patshaǵa bunday «keleshek» sirá jaqpaytuǵın edi. Xorezmshax ***Maxmud Yalavosh***tı túnde qupıya túrde óziniń qasına shaqırtıp aladı. Elshige xorezmli bolǵanı ushın Shıńǵısxanǵa emes, al Xorezmshaxqa xızmet qılıwdı, Shıńǵısxan haqqındaǵı barlıq haqıyqattı aytıwdı, keyin ala xan sarayındaǵı Xorezmshaxtıń jansızı bolıp qalıwdı talap etedi. Shıńǵısxan óz elshileriniń nátiyjelerinen qanaatlanadı. Sebebi, ***Maxmud Yalavosh*** Xorezm mámleketi hám onıń patshası haqqında Shıńǵısxanǵa, monǵollar haqqındaǵı Xorezmshaxqa aytqan maǵlıwmatlarına qaraǵanda anaǵurlım kóp xabar toplap qaytqan edi.

**Qatnasıqlardıń keskinlesiwi.** Shıńǵısxan eki ullı qońsı mámleketler ortasında shártnama dúziw ushın **1218-jıl**dıń ózinde-aq Xorezmge júdá úlken sawda hám elshiler kárwanın atlandıradı. Kárwan kóp muǵdardaǵı altın, gúmis buyımları, qıtay jipek gezlemeleri, suwsar hám qundızlardıń mamıq terileri jáne basqa da hár qıylı qımbat bahalı zatlar júklengen 500 túyeden jáne 450 musılman sawdagerlerinen ibarat edi. Bul úlken sawda kárwanı mámleket paytaxtı Úrgenish qalasına qarap baratırǵan edi. Biraq kárwan jolda shegara qala Otırarda uslap qalınadı. Qalanıń nayıbı **Ǵoirxan** (Inalshıq) tárepinen kárwan talanıp, sawdagerlerdiń hámmesi qırıp taslanadı. Tek bir túyekesh ólimnen qutılıp qaladı. Ol Shıńǵısxannıń sarayına zorǵa jetip barıp, kárwannıń jan túrshigerlik táǵdiri haqqında xabar beredi.

Shıńǵısxan Xorezm hámeldarlarınan bolıp esaplanǵan Otırar nayıbınıń qıyanetinen oǵada ǵázeplenedi. Biraq óz ǵázebin basıp, **Ibn Kafraj Bugranı** eki isenimli baqlawshı

xızmetkerler menen birge Xorezmshaxtıń qabıllawına elshi etip jiberedi. Shıńǵısxan Sultan Muxammedten ayıpkerlerdı jazalawdı hám Inalshıqtı uslap, onıń óz ıqtıyarına beriwin talap etedi. Xorezmshax Shıńǵısxannıń talabına juwap retinde elshini óltiriwdi hám onıń menen birge kelgen eki baqlawshı xızmetkerlerdiń saqal-murtların qırıp, masqara qılıp qaytarıp jiberiwdi buyıradı. Bul waqıyalar eki eń úlken mámleketler ortasındaǵı sawda baylanıslarınıń hám elshilik qatnasıqlarınıń birotala úzilgenligin bildiretuǵın edi. Xorezmshax shólkemlestirgen bul waqıya hár eki ullı mámleketlerdiń ortasında urıstın baslanıwına sebep boldı.

**Xorezmshaxlar mámleketiniń daǵdarısqa ushırawı.** **XIII ásirdiń basları**nda Xorezmshaxlar saltanatı armiyasınıń ulıwma sanı Shıńǵısxannıń áskeriy kúshine qaraǵanda bir qansha kóbirek edi. Xorezmshax hákimiyatı siyasiy, ásirese adminstrativlik basqarıw tárepinen bekkem bolmaǵan. Sebebi, hámeldarlar mámleket qıyın awhalǵa túsip qalǵan payıtlarda óz wazıypaların taslap ketetuǵın, patshaǵa baǵınbay, óz betinshe bilgenlerin qılatuǵın edi. Hátte ayırım wálayatlardıń hákimleri Xorezmshaxqa kózabaǵa baǵınıp, is júzinde derlik ǵárezsiz edi. Bunıń ústine Sultannıń joqarǵı mákanında kúshli jánjel húkim súrip turǵan edi. Ásirese, **Turkan xatun**, yaǵnıy «*túrkler anası*» atı menen dańqı shıqqan Sultan Muxammedtiń anası armiyanıń joqarǵı sárkardaları bolıp esaplanǵan qıpshaq aqsúyekleri menen urıw-qáwimleslik baylanısları arqalı bekkem baylanısqan edi. Ol óz qáwimlesleriniń mápleri ushın sarayda kóterilgen barlıq til biriktiriwlerge basshılıq qılatuǵın, hátte, olarda shaxqa qarsı dushpanshılıq ruwxın keltirip shıǵarǵan edi.

Ishki kelispewshilikler, ózbasımshalıq hám puqaralardıń narazılıǵı kúsheyip, mámlekettiń siyasiy turmısı daǵdarısqa ushıray baslaǵan edi. Bunday júdá qáwipli jaǵdaydı joq qılıw maqsetinde **Sultan Muxammed** óziniń húkimdarlıǵınıń aqırında «*Mámleket keńesi*»n usınadı. Keńeske 6 bilimli wákiller shaqırıladı. Onda eń mashaqatlı máseleler kórilip, qarar qabıl qılınsa da, biraq ol ámelde jaqsı ná-

tiyje bermeydi. Áne usınday jaǵdayda ol jawınger monǵol qáwimleriniń Shıńǵısxan basshılıǵındaǵı basıp kirgen basqınshılıǵına duwshar boldı.



1. Jáhán tariyxınan alıǵan bilimleriińizge tiykarlanıń: Monǵollar mámleketi qalay payda boldı? Shıńǵısxan qaysı qońsı mámleketlerdi basıp aldı?
2. Shıńǵısxan hám Xorezmshaxtıń elshilik baylanıslarınıń tiykarǵı maqsetleri ne edi?
3. Shıńǵısxan hám Xorezmshax baylanısları ne ushın keskinlesti? Bul baylanıslar keskinlespewi múmkin bolarma edi?
4. Qanday sebepler Xorezmshaxlar mámleketin siyasiy daǵdarısqa alıp keldi?
5. Xorezmshax xalqınıń birlesimliligin támiyinlew ushın qanday jumıslardı ámelge asırıw kerek edi?

**Tómendegi kesteni sabaqlıq tekstinen paydalanıp olar haqqında maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Sultan Muxammed Xorezmshax** | | **Maxmud Yalavosh** | |
| **Shıńǵısxan** | | **Ǵoirxan** | |
| **Bahawatdin Raziy** | | **Ibn Kafraj Bugranı** | |

## 19-§. MUXAMMED XOREZMSHAXTÍŃ MÁMLEKET QORǴAWÍNA TIYISLI ILAJLARÍ HÁM ONÍŃ AQÍBETI

**Tayanısh túsinikler:** ***qorǵanıw rejesi, Otırar qamalı, Buxara hám Samarqandtıń iyeleniwi, Temur Málik mártligi, Úrgenish qamalı, Nájimatdin Kubra mártligi.***

**Xorezmshaxtıń qorǵanıw rejesi.** ***Shıńǵısxan*** Mawarawnnaxr atlanısına úlken áhmiyet berip, puqta tayarlıq kórgen edi. Ele áskeriy atlanıs baslanbastan burın-aq, ol óz dushpanınıń kúsh-qúdireti hám urısqa tayarlıǵı haqqında sawdagerler arqalı toplaǵan maǵlıwmatlardı dıqqat penen úyrengen. ***Shıńǵısxan*** Xorezmshaxlar mámleketiniń ishki awhalınan tolıq xabardar edi.

Xorezmshax penen sárkardalar arasındaǵı orın alǵan ala-awızlıqlar áwel bastan-aq bunday ústinlikten payda-

lanıwǵa imkaniyat bermedi. Urıstıń baslanıwı waqtında bolǵan áskeriy keńeste olar ortasındaǵı ala-awızlıq ayrıqsha belgili boldı. Keńeste dushpanǵa soqqı beriwdiń birden-bir rejesin bir awızdan belgilep alıwdıń ornına pikirler bólinip ketti. **Sultan Muxammed**tiń balası **Jalalatdin**, Xojand hákimi **Temir Málik** sıyaqlı sárkardalar áskeriy kúshlerdi tiykarǵı orınǵa toplap, dushpanǵa soqqı beriwdi usınıs etedi. Biraq Sultan Muxammedtiń úlken armiyanı bir orınǵa toplawdan qorqatuǵın edi. Sultannın názerinde bir jerge toplanǵan armiya onı taxttan awdarıp taslawı múmkin edi. Sonıń ushın da, áskeriy keńeste sultan óz áskerlerin hár túrli qalalarǵa óz aldına bólip jaylastırıwǵa, urısta qorǵanıw taktikasın qollanıwǵa qarar etedi. Mine usılay etip mámleket úlken qáwipke duwshar boldı.

**Otırar qamalı.** **1219-jıldıń gúz**inde ***Shıńǵısxan*** Xorezmshaxqa qarsı atlanıs baslaydı. ***Shıńǵısxan***nıń otrarlıqlardan óshi bolǵanınan monǵollar áskerleri dáslep Sırdárya boyında jaylasqan **Otırar** qalasınıń ústine áskeriy júris basladı. Otırar bekkem qorǵanları bar shegaradaǵı qala edi. Qorǵan nayıbı **Ǵoyırxan** (Inolshıq) hám sárkarda **Qarasha Hajib** basshılıǵında monǵollarǵa qarsı gúresti. Dereklerge qaraǵanda, Otırar qamalı **5 ay** dawam etken. Otırar qorǵanısınıń eń awır payıtında **Qarasha Hajib** óziniń armiyası menen qala dárwazasına shıǵıp, monǵollarǵa táslim bolǵan. Biraq xiyanet etiwshilerdi monǵollar da keshirmegen. Olar **Qorasha Hajib** hám onıń áskerlerin óltirgen.

**Ǵayırxan** ózin Shıńǵısxan sawdagerleri hám kárwan basılardıń óltiriliwinde ayıpker dep sezip, aqırǵı demine shekem dushpanǵa qarsı gúresedi. Onıń basshılıǵındaǵı qorǵawshılardıń bir bólegi Otırar arkine jaylasıp alıp, qorǵawdı jáne bir ayǵa shekem dawam ettiredi. Ǵayırxan qorshawǵa alınıp, tutqınǵa alınadı hám Samarqandqa alıp barılıp, qıynap óltiriledi.

**Buxaradaǵı qayǵılı waqıya.** **1220-jıldıń fevral**ında ***Shıńǵısxan*** musılman shıǵısındaǵı iri mádeniy oray Buxaraǵa bastırıp baradı. Buxara qamalı **12 kún** dawam

etti. Buxara dushpan kúshin qaytarıwǵa tayar emes edi. **1220-jıldıń 16-fevral**ında mońǵollar tárepinen Buxaranı iyelep, talan-taraj etiledi. Esapsız ǵáziyneler talanadı, ásirlik qoljazba shıǵarmalar, sharapatlı kitaplar jırtılıp, jaǵıp jiberiledi. Ilim hám aǵartıwshılıqtıń iyeleri bolǵan ulamalar hám shayıqlar abıraylı mońǵol jawıngerlerine xızmetker qılınıp, geyde porqanlarına masqaralap kúliw ushın beriledi. ***Shıńǵısxan***nıń buyrıǵı menen Buxara órtep jiberiledi.

**Samarqand sawashı.** Buxara basıp alınǵannan keyin, **1220-jıldıń mart ay**ında mońǵollar Mawarawnnaxrdıń eń ataqlı hám iri qalası bolǵan Samarqandqa qarap jol aladı. ***Shıńǵısxan*** qalanıń sırtında jaylasqan **Kóksaray**da turıp qalanı qamal qılıw isine basshılıq etedi. Qala bosaǵasında úsh kún qattı sawashlar dawam etedi.

Úsh kúnlik qattı qarsılıqtan keyin, ***Shıńǵısxan*** hiyle isletiwge májbúr boldı. Qańlı áskerlerine hám qala iyelengennen keyin tınıshlıq wade etti. Olar boysınıp, qala talanǵannan keyin, 30 mıńlıq qańlı áskeri, qalǵan qorǵawshıları da qırıp taslanadı. Samarqand mońǵollar tárepinen iyelengennen keyin, Buxara sıyaqlı wayran etilip, jaǵıp jiberildi.

**Temur Máliktiń qahramanlıǵı.** **Xojend** qalası dáryanıń ekige ayırılǵan jerinde jaylasqan edi. Onıń tábiyǵıy jaylasıwı jáne qala hákimi **Temur Málik**tiń qaharmanlıǵı menen Xojendlikler mońǵollarǵa kútilmegen qarsılıqlardı kórsetedi. Xojend qalası qorǵawshıları **Temur Málik** basshılıǵında **bir ay** dawamında óz qalasın qorǵaydı. Aqırı ilajsız qalǵanda órt ishinde qalǵan qala qorǵanın mıńǵa jaqın bahadır taslap shıǵıp, **Temur Málik** penen Sırdáryanıń ortasındaǵı atawlardıń birewine jaylasıp alıp, dushpan menen mártlershe urısadı. Aqırında, arnawlı kemeler soǵıp, dárya aǵısı boylap, Xorezm tárepke júzip ketedi. Jol boyınsha dushpan menen sawash júrgizdi.

Xalıq qaharmanı **Temur Málik**tiń bunnan keyingi watan ushın qaharmanlıǵı Xorezm hám tuwǵan watannıń basqa aymaqların qorǵawshılar qatarında ótti.

Sırdárya (Sayxun) basseyni, Zarafshan hám Qashqadárya alapları, Ámiwdárya (Jayxun)nıń ortańǵı aǵısınıń oń jaǵalıǵındaǵı wálayatlar basıp alınǵannan keyin, ***Shıńǵısxan*** tiykarǵı kúshti Xorezmshaxlar mámleketiniń oraylıq bólegi — Xorezmge atlandıradı.

**Úrgenish qamalı.** **1221-jıldıń bas**larında Shıńǵısxan áskerleriniń Úrgenishke atlanısı baslandı. Xorezmshaxlar paytaxtında xorezmliklerdiń 110000 áskeri bar edi. Úrgenishliler dushpannıń áskeriy kúshi hám qorǵanlardı tesetuǵın qurallarınıń basımlıǵına qaramay óz tuwǵan qalasın **jeti ay** qorǵawǵa kirisedi. Bul sawashlarda zamanınıń ullı ulaması shayx **Nájimatdin Kubra** atı menen dańqı shıqqan 76 jaslı **Axmet ibn Omar Xiwaqiy** óziniń dos-shákirtleri hám esap-sansız izine ergenleri menen qatnasadı. **Nájimatdin Kubra**nıń ótinish menen «*Ya Watan, ya sharapatlı ólim*» dep aytqan shaqırıǵın basshılıqqa alǵan hár bir máhálle, kóshe, awıl-aymaq, meshit-medreseler hám hár bir shańaraq sawash maydanına aylanadı. Kóshe sawashlarında mıńlaǵan monǵol áskerleri óz janı menen xoshlastı. Monǵollar tap usı waqıtqa shekem Mawarawnnaxrdıń hesh bir qalasında usınshama qurban bermegen edi.

***Shıńǵısxan Nájimatdin Kubra***ǵa óz aqsúyekleri, barlıq yar-dosları menen qalanıń sırtına shıǵıp, jan saqlawın usınıs etken. Biraq, shayıq ***Shıńǵısxan***nıń usınısın qabıl etpegen. «*Usı topıraqta tuwılıppız, usı topıraqta ólemiz!*» degen eken. Aqıbetinde san jaǵınan teń bolmaǵan dushpan menen alıp barılǵan qattı sawashta awır jaralanǵan **Nájimatdin Kubra** óliminiń aldında tuw tutqan monǵol atlı áskerine ózin taslap, qaharmanlarsha sheyit boladı. Monǵollar jansız shayx qolınan bayraqtı tartıp alalmaydı.

Monǵollar sumlıq oylap ta kórdi. Bir shopanǵa 100-150 qoy, eshki berip, qala dárwazasınıń qasınan aydap ótiwdi buyırdı. Ózleri shette ańlıp turadı. Ash qalǵan xalıq dárwazadan shıǵıp súriw izinen quwıp ketedi. Qaladan ádewir uzaqlasıp ketkeninde monǵollar olarǵa hújim qıladı. Kóplegen adamlar óltirildi. Monǵollar qalǵan xalıqtı quwıp kelip qalaǵa kirip urısadı. Biraq qala qorǵawshıları

mońǵollardı qaladan quwıp shıǵarıwǵa erisedi. Keyinirek ilajsızlıqtan haldan ketip, baǵınǵan **Úrgenish** basqınshıları tárepinen talan-taraj etiledi. Júz mıń atlı sanaat, óner ásbapların, jas balalar hám hayallardı ajıratıp alıp, Mońǵolstanǵa jiberdi. Qalǵan xalıqtı qaladan quwıp shıǵıp, áskerlerge 24 ten bólip berdi. Mońǵollar áskerleri júz mıńnan aslam edi. Qalanıń bas tarnawı buzıp jiberiledi. Úrgenishti suw basıp wayran boladı.

*** Nájimatdin Kubra (1145-1221) – Ullı shayx, sufizmniń belgili wákillerinen biri, kubraviylik tiykarshısı. Onıń laqabı «dinniń ullı juldızı» mánisin beredi. Kubranıń káramat kórsetiw, waqıyalardı aldınnan biliw, ótkir názeri menen tásir ete alıw qásiyetine iye insan bolǵanlıǵı haqqında ráwayatlar tarqalǵan. Ata shayx hám danıshpan insannıń mońǵollarǵa qarsı urıstaǵı qaharmanlıǵı, mártligi áwladlarǵa órnek bolıp qaldı. Kubranıń ózi hám onıń miyrası Ózbekistanda Nájimatdin Kubranıń 850 jıllıǵı belgilendi.**

1. Xorezmshax ne ushın qorǵanıw rejesin maqul taptı? Ol qanday reje edi?
2. Siz Muxammed Xorezmshax tutqan joldı qalay bahalaysız?
3. Shıńǵısxannıń hújimi qashan hám qay jerden baslandı?
4. Nájimatdin Kubranıń «Ya watan, ya sharapatlı ólim» shaqırıǵınıń mánisin túsindiriń.

**Tómendegi kesteni temaǵa tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Qalalar | Qorǵanıwdı shólkemlestiriw | Qansha waqıt qorǵaldı | Nátiyjesi |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 20-§. JALALATDIN MÁNGUBERDINIŃ XOREZM TAXTÍNA OTÍRÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Mánguberdi mártligi, Párwan sawashı, Sind dáryası boyındaǵı sawash, Basıp alıwshılıq aqıbetleri.***

**Jalalatdin Mánguberdiniń mártligi.** Buxara, Samarqand, Xojend sıyaqlı ullı qalalardıń qoldan ketiwi Muxammed Xorezmshaxtı lárzege saldı. Ol endi Qubla-batıs aymaqlarǵa shegine basladı. Xorezmshax jekkelenip qalıp, kóplep isenimli ámirleri qıyanet jolın tuttı. Onnan Qundız hám Badaxshan wálayatları hákimleri júz burdı. **1220-jıldıń aprel**inde Muxammed Xorezmshax Nishapurǵa keledi. Biraq onı mońǵollar qorqıtıp kiyatırǵanın esitip, bir qansha qala hám qorǵanlarda jasırınıp júrdi. Hesh jerde onı jıllı kútip almadı. Aqırı Kaspiy teńizindegi Ashura aralında balası Jalalatdindi taxt miyrasxorı etip saylap, **1220-jıldıń dekabr**ında dúnyadan ótti.



**Jalalatdin Mánguberdi**

Mawarawnnaxrdıń tiykarǵı qalaları iyelengennen soń, mońǵol jawıngerleriniń basqınshılıq atlanısı Ámiwdáryanıń qublasındaǵı iri sawda hám mádeniyat oraylarınan esaplanǵan **Balx, Xırat, Marı** hám **Ǵazna** sıyaqlı qalalarǵa qaratıladı. Biraq, bul wálayatta olar **Jalalatdin Mánguberdi**niń qattı qarsılıǵına ushıraydı. Bul úlkede ol kúshli láshker toplaydı.

Jalalatdin **Valiyon qalasın** qorshawda uslap turǵan mońǵol áskerlerine qarsı hújim etip, olardı tas-talqan etedi. Bul Jalalatdinniń dushpan ústinen erisken dáslepki úlken jeńisi edi.

***Shıńǵısxan Jalalatdin Mánguberdi***ge qarsı **Shiki Xutuxi** nuyondı 45 mıńlıq ásker menen jiberedi. Ǵaznaǵa jaqın jerdegi **Parwan**daǵı sawashta ***Jalalatdin*** jeńiske erisedi. Biraq jeńisten soń qolǵa kirgizilgen oljalardı bólistiriwde Jalalatdinniń áskerbasıları arasında óz ara kelispewshilik

baslanadı. Aqıbetinde láshkerbasılardan **Sayfutdin Aǵraq, Aǵzam Málik** hám **Muzaffar Málik**ler armiyadan ajralıp ketedi. Bul waqıyadan soń Jalalatdinniń áskeriy kúshi bir qansha ázzilep qaladı. Pursattan paydalanǵan ***Shıńǵısxan*** **Ǵazna**ǵa qarap áskeriy júris baslaydı hám ajıralıp shıqqanlardı tastalqan etedi. ***Jalalatdin*** kúshler teń bolmaǵan awhalda sawashlar qurıp, **Sind** (Hind) dáryasınıń jaǵalarına jaqınlasıp baradı. Dárya boyında **1221-jıldıń 25-noyabr**inde eki armiya ortasında qattı sawash boladı. ***Jalalatdin Shıńǵısxan*** armiyasınıń aldınǵıların jeńdi. Monǵollardıń qupıyada jasırınıp turǵan 10 mıń adamnan ibarat saylandı áskeri sawashtı juwmaqlaydı. ***Jalalatdin*** bas iyip baǵınıwdı qálemey atta **Sind** dáryasına sekirip, arǵı jaǵasına júzip ótedi. Onıń menen birge onıń tórt mıń jawınger áskerleri de dáryadan ótip aladı. Házirgi waqıtta da bul dáryanıń bir tárepi «*At sekiriw*», ekinshi tárepi «*Shól Jalaliy*» dep ataladı**. *Jalalatdin***niń mártligine qayıl qalǵan ***Shıńǵısxan*** onı qorqıtıp, quwıw pikirinen qaytadı. Hátteki, ol balalarına qarap: «*Atanıń haqıyqıy perzenti usınday bolıwı lazım*», — degen eken. ***Shıńǵısxan*** buǵan shekem hesh bir shax, húkimdar yamasa sárkardaǵa tán bermegen hám hesh kimdi ózine múnásip qarsılas kórmegen edi.

**Monǵollardıń jawlap alıwınıń aqıbeti.** Monǵollardıń jawlap alıwınıń aqıbetinde Mawarawnnaxr hám Xorezmniń jaynap-jasnap turǵan abadan diyqanshılıq wálayatları qıyratılǵan edi. Xalqı tıǵız hám kórkem qalalar, ásirese **Buxara, Samarqand, Úrgenish, Marı, Binokat, Xojend** hám basqa da qalalar qarabaqanalarǵa aylandırıldı. Marı oazisiniń suwǵarıw tarmaqlarınıń bas tońırtqa bógeti — atı shıqqan **Sultanband** buzıp taslandı.

Samarqandlılar óz tuwǵan qalasın tárk etip shıǵıp ketti. Marı xalqı bolsa, suwsızlıqtan qurıp baratırǵan awılların taslap, basqa jerlerge barıp jaylastı. Úrgenish suwǵa aldırılıp, tolıǵı menen wayran etildi. Xorezm hám Mawarawnnaxrdıń diyqanshılıq penen shuǵıllanıwshı xalqınıń sanı keskin azayıp ketiwiniń aqıbetinde egislik jerlerdiń maydanları ádewir qısqarıp, diyqanshılıq bolmaydı.

Sheber ónermentler jeńimpazlardıń watanın abat etiw ushın májbúriy túrde Mońǵolstanǵa jiberildi. Pútkil Shıǵısta dańqı jayılǵan qural-jaraq soǵıw, ájayıp jipek gezlemeler toqıw, naǵıslı shiyshelerdi soǵıw ónermentshiligi joq etildi.

Ásirler dawamında Qıtay hám Hindstannan Ullı Túrkstan arqalı Kishi Aziya hám Evropaǵa qarap kesip ótken belgili Jipek jolı mońǵollar basqınshılıǵı dáwirinde pútkilley háreketsiz qaldı. Bul dáwirde ilim hám aǵartıwshılıqqa úlken zıyan tiydi.



*** Jalalatdin Mánguberdi (tolıq atı Jalalatdin inb Alawatdin Muxammed) (1198-1231) – Xorezmshaxlar mámleketiniń keyingi húkimdarı (1220-1231), sheber sárkarda. Anushteginiylerden. Jalalatdin murnında qalı (manj) bolǵanı ushın Mankburnı atı menen atalǵan. Keyinirek bul at aytılıwında ózgerip «Mánguberdi» atı menen ataqlı bolıp ketken.**

*** Párwan sawashı (1221) – Jalalatdin Mánguberdiniń mońǵol basqınshılarına qarsı alıp barǵan sawashlarınan biri. Párwan sawashı mońǵollardıń bul urıstaǵı eń úlken jeńilisi bolǵan. Mońǵollar basıp alǵan kóp ǵana qalalarda xalıq qozǵalań kóterip mońǵol nayıbların óltirgen.**

*** Sind dáryası boyındaǵı sawash – Jalalatdin Mánguberdi hám Shıńǵısxan armiyaları ortasındaǵı sawash (1221-jılı 25-noyabr). Sawashta Shıńǵısxan armiyaları jeńiske erisedi.**



1. Jalalatdindi qanday kúsh mártlikke shaqırǵan edi?
2. Nege Muxammed Xorezmshax xalıqtı dushpanǵa qarsı shólkemlestire almadı?
3. Qay jerdegi sawash Jalalatdinniń dushpan ústinen erisken dáslepki iri jeńisi edi?
4. Párwan sawashınan soń nege Jalalatdinniń áskeriy kúshi kúshsizlenip qaladı?
5. Sind dáryası boyındaǵı sawash haqqında aytıp beriń.
6. Mońǵollardıń jawlap alınıwı qanday aqıbetlerge alıp keldi?

**Tómendegi kesteni temaǵa tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Sawashlardıń atı | Nátiyjesi |
|---|---|
| | |

## 21-§. JALALATDIN MÁNGUBERDI SHEBER SÁRKARDA

**Tayanısh túsinikler:** ***Jalalatdin mámleketi, Barsa qasındaǵı sawash, Ázerbayjannıń basıp alınıwı, ishki qarama-qarsılıqlar***.

**Jalalatdin mámleketiniń dúziliwi.** Jalalatdin Sind dáryasınıń kesip ótkennen keyin qalǵan jawıngerlerin toplap, Arqa Hindstan aymaǵındaǵı bir qansha mámleketler húkimdarları menen baylanıs ornatıwǵa háreket etedi. Biraq Shatra wálayatınıń húkimdarı menen Jalalatdin Mánguberdiniń awır awhalınan paydalanıp, oǵan qarsı hújim etedi. Bul sawashta jeńiste erisken Jalalatdin Mánguberdige Shatra húkimdarınıń mıń atlı hám bes mıń jaqsı qurallanǵan jawıngerleri jeńiledi hám onıń tárepine ótedi. Bul jetiskenlikten soń, qorshaǵan átiraptaǵı jańa kúshler Jalalatdinge kelip qosıladı. Dehli sultanı ***Shamsitdin Eltutmish*** Xorezmshaxqa mınanday xat jollaydı: «*Seniń artıńda islamnıń dushpanı turǵanı sır emes. Sen pútkil musılmanlardıń sultanısań. Men bunday waqıtta saǵan qarsı bolıwdı qálemeymen. Táǵdir qolında saǵan qarsı qural bolıwdı qálemeymen. Men sıyaqlı adamlar sendey insanǵa qarsı qılısh kóteriwi keshirilmeytuǵın jaǵday*!».

Solay etip, ***Jalalatdin Mánguberdi*** Arqa Hindstanda mámleket quradı. Sultan óziniń awhalın jaqsılap aladı, oǵan qaram hind múliklerinde onıń atı xutbaǵa qosıp oqılǵan. Óziniń atınan gúmis hám mıs teńgeler shıǵarılıp, salıqlar engiziledi. Biraq Hindstannıń úlken-kishi húkimdarları Xorezmshaxtıń kúsheyip ketiwinen qáwipsireydi. Olar óz ara til biriktirip ***Jalalatdin Mánguberdi***ge qarsı awqam dúzbekshi ekenligi belgili bolıp qaldı. ***Jalalatdin Mánguberdi***niń eki ásker basshısı ***Yazıdak*** palwan hám ***Sunqurjıq*** qıyanet etip ***Eltutmısh*** tárepinen ótken. ***Jalalatdin Mánguberdi*** Arqa Hindstanda úsh jıl húkimdarlıq etedi. Ol Hindstanda áhmiyetli ornalasıw, awqamlaslar tabıw qıyın ekenin ańlap, **1224-jılı** bul jerde óz nayıbların saylap, ózi bolsa Irakqa jol aladı.

**Iran hám Kavkazdaǵı jeńisler.** ***Jalalatdin*** óz áskeri me-

nen dáslep Kirman, keyin Sheraz hám Isfaxanǵa barıp, jergilikli húkimdarlar menen kelisip, biraz bekkem kúshke iye boladı. Biraq bul jerler inisi ***Ǵıyasitdin***ge tiyisli bolǵanlıǵı ushın ol aǵasınıń keliwinen narazı edi. ***Jalalatdin***niń keliwi jergilikli xalıq tárepinen jaqsı kútip alınǵan, sebebi ***Ǵıyasitdin***niń dáwirinde óz betinshelik hám zorlıq háwij alǵan edi.

Sonday etip, Kirman, Fars, Isfaxan Xorezmshaxqa baǵınıshlıǵın bildirip, ulıwma dushpan – mońǵollarǵa qarsı gúres tilegin bildirdi. ***Jalalatdin*** bul jerlerde birlesken mámleket dúziwge kirisedi.

***Sultan Jalalatdin,*** bir tárepten qudiretli mámleket tiklenip atırǵanınan, ekinshi tárepinen, Tabaristan, Damashq, Mısr húkimdarları oniń menen jaqsı múnásebetler ornatqanınan quwanıshlı edi. Endigide olar menen awqam dúzip, úlken ásker jámlep, ***Shıńǵısxan***ǵa qarsı atlanıw múmkin edi. ***Jalalatdin*** bul atlanısqa ulıwma baslıq bolıwdı oylap, Baǵdad xalifası ***Nasır***ǵa xat jollaydı. Ol xalifanı ulıwma dushpan – mońǵollarǵa qarsı gúreske shaqıradı.

Biraq sol dáwirde Baǵdad xalifası aldınǵıday qúdiretke iye bolmay, qopal aqılsız húkimdar edi. Xalifa Islam dúnyasına apat tuwdırǵan apat jawdıratuǵın mońǵollardan emes, bálkim Xorezmshaxtıń kúsheyip barıwınan qáwipsiredi. Baǵdad xalifası barǵan sayın kúsheyip baratırǵan sultan ***Jalalatdin Máńguberdi*** qúdiretin ázziletti, onıń awqamshıları ortasına ǵulǵula salıw siyasatın tuttı. Xalifa Nasır bul jolda qurallı gúresten de qaytpadı. Onıń ***Jalalatdin Máńguberdi***ge qarsı jibergen 20 mıńlıq armiyası **Barsa** qasındaǵı sawashta qıyratadı. Bul jeńisten keyin ***Jalalatdin Máńguberdi*** Ázerbayjan tárepke atlandı.

Ázerbayjan húkimdarı ***Ózbek*** ishkilik, máslikke berilip mámleket jumısların óz halına taslap qoyǵan edi, mámleketti ámelde onıń hayalı ***Malika xatun*** basqaratuǵın edi. Bunnan basqa, húkimdar xalıqtı Gurjistan armiyasınıń talanshılıq atlanıslarınan qorǵayalmay atırǵan edi. **1225-jıl may**da ***Jalalatdin Máńguberdi*** **Marıǵa** qalasın sawash

qılmay qolǵa kirgizdi. **Tabriz** hám **Ǵazna** da Xorezmshaxqa jeńildi. Ázerbayjan xalqı Xorezmshax kórinisinde ózin gúrjiler jawızlıǵınan azat etiwshi qutqarıwshını kórdi. Gúrjiler kópten beri Ázerbayjandı talap, olarǵa qarsı turatuǵın kúsh tabılmaytuǵın edi. Endi Ázerbayjan xalqı ***Jalalatdin*** kórinisinde qúdiretli kúshke iye bolǵan edi. ***Jalalatdin*** Xorezmshax Ázerbayjan áskeriy atlanıslar ushın qolay jerde jaylasqanlıǵı ushın bul úlkeni óz mámleketiniń orayı sıpatında tańlaydı. **Tabriz** qalasın jańadan payda bolǵan mámlekettiń paytaxtına aylandırdı.

Ázerbayjan iyelep bolınǵannan keyin ***Jalalatdin Mánguberdi*** óziniń armiyasın Gúrjistan tárepke baslaydı. **1225-jıl avgust**ta Garni qorǵanı qasında gúrjilerdiń 60 mıńlıq armiyasın qıyratadı hám Tifliske qarap júredi. **1226-jıl**ı Gúrjistan tolıq iyelendi.

Ázerbayjan, Shirvan (Armeniya) hám Gúrjistan Xorezmshaxtıń qolına ótkennen keyin, monǵollar Isfaxan qalası qasında payda boladı. **1227-jıl sentyabr**de Isfaxan qasında ***Jalalatdin Mánguberdi*** monǵollardıń **Taynol nuyan** baslıq armiyasın jeńedi. **Taynol nuyan** ***Jalalatdin Mánguberdi***ni sawashtaǵı mártligine qayıl qalıp «Zamanınıń haqıyqıy bahadırı eken, óz qurbılarınıń jetekshisi eken», degen.

**Ishki qarama-qarsılıqlar.** ***Jalalatdin Mánguberdi***niń Kuniya, Jazira, Damashq hám Mısr húkimdarlarına namalar jazıp, olardı monǵollarǵa qarsı gúresiw jolında birlestiriw háreketleri paydasız boldı. Sultan ***Jalalatdin Mánguberdi***niń ósip baratırǵan abırayı Baǵdad xalifasın, Mısr, Damashq hám Jazira húkimdarın táshwishke sala basladı. Ishki jala jabıw hám qıyanetler baslandı. Onıń ústine Kuniya sultanı ***Alawatdin Qayqubad*** qurallı kúshlerin ***Jalalatdin Mánguberdi***ge qarsı birlestiriwge eristi.

***Jalalatdin***niń inisi ***Ǵıyasitdin Pirshax*** birinshi bolıp qıyanet jolına ótti. Ol óz láshkerleri menen aǵasınıń turar jerin taslap ketti. ***Ǵıyasitdin*** aǵasına qızǵanıshı qozǵap, ózi ǵárezsiz mámleket dúziw hám ***Jalalatdin*** sıyaqlı abırayǵa iye bolıwdı qáledi. Ol Kirman hákimi tárepinen qolǵa alınıp, óltiriledi.

Mońǵollar usı waqıyadan keyin, Jalalatdinniń mámleketi olar oylaǵanday kúshli emes ekenin ańlap, onıń menen kelisim dúziw pikirinen qayttı. Ázerbayjan hám Gúrjistan sıyaqlı talanshılıq atlanısların baslap jiberdi.

***Jalalatdin***niń bas wáziri ***Sharofulmúlk*** sultanǵa jamanlıq uyımlastıra baslaydı. Onıń Jazira hám Kuniya húkimdarlarına Jalalatdinnen hákimiyatın tartıp alıwda mádet sorap jazǵan xatı ***Jalalatdin***niń qolına túskennen keyin, ol qolǵa alınıp, óltirildi.

**1230-jılı avgust**ta Kuniya, Jazira, Damashq hám Mısrdıń birlesken armiyasınan ***Jalalatdin Mánguberdi*** kúshleri Arzinjan qasındaǵı sawashta jeńiliske ushradı. ***Jalalatdin Mánguberdi***niń kúshsizlengeninen paydalanǵan mońǵollar úlken armiya menen **1231-jılı** Ázerbayjanǵa bastırıp kirip, ***Jalalatdin Mánguberdi***ni qorqıtadı. Mońǵollar onıń qorǵanına shólkemlestirilgen túngi hújim nátiyjesinde ***Jalalatdin Mánguberdi***niń az sanlı armiyasın qıyratadı. ***Jalalatdin Mánguberdi***ni ózi quwǵınnan qutılıp Kurdistan tawlarına shıǵıp ketedi. Bul jerde qaraqshı kurdlar qolına tutqın bolıp, ayanıshlı ólim tapqan.

Otız úsh jıl ómir súrgen, biraq atı ellerde belgili bolǵan, Shıńǵısxandı lal qaldırǵan, óz elin súygen keyingi Xorezmshax ***Sultan Jalalatdin Mánguberdi*** jaqtı dúnyadan kóz jumdı. Onıń atı ásirler dawamında áwladlar ushın qaharmanlıq hám mártlik, watanparwarlıq belgisi bolıp keldi.

***Sultan Jalalatdin***niń ómir súrgen dáwirinde mońǵollar Orta Shıǵıstı basıp ala almadı. Bul waqıya biraz keyin – **1256-jılı** júz berdi. ***Jalalatdin Mánguberdi*** on bir jıl dawamında mońǵollardı tek Orta Shıǵısqa, bálkim Shıǵıs Evropaǵa da jibermedi.

1. Jalalatdin Mánguberdi Arqa Hindstan aymaǵın qalay iyeleydi?
2. Nege Jalalatdin Mánguberdi Hindstannan ketiwge qarar qıldı?
3. Nege Baǵdad xalifası mońǵollarǵa qarsı gúresiwden kóre Jalalatdin Mánguberdige qarsı gúresiwge umtıldı?

4. Ázerbayjan hám Gúrjistanǵa qarsı áskeriy atlanıslardıń sebepleri nelerden ibarat?
5. Jalalatdin mámleketinde nege ishki qarama-qarsılıqlar kelip shıqqan?

## 22-§. JALALATDIN MÁNGUBERDI WATAN QAHARMANÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Jalalatdin Mánguberdi haqqında dóretilgen tariyxıy shıǵarmalar, Ǵárezsizlik jıllarında Jalalatdin Mánguberdiniń 800 jıllıǵınnın keń belgileniwi.***

**Tariyxıy-ádebiy shıǵarmalarda Jalalatdin Mánguberdi tımsalınıń dóretiliwi.** Anushteginiyler dinastiyası basqarǵan Xorezmshaxlar mámleketi (1097-1231)niń kóp jıllıq tariyxı sol dáwir musılman tariyxshıları tárepinen jazılǵan qatar shıǵarmalarda óz kórinisin tapqan. Olardıń tiykarında usı dinastiyanıń keyingi wákili, ullı sárkarda ***Jalalatdin Mánguberdi*** húkimranlıǵı, onıń monǵol basıp alıwshılarǵa qarsı qaharmanlıq gúresi jáne Batıs Aziya jerlerinde iskerligin baqlaw múmkin. Bul derekler tiykarında Jalalatdin Mánguberdiniń jeke xatkeri (katib al-insha), tariyxshı ***Shixabitdin inb Axmet*** an-Nasawiy qálemine tiyisli «*Siyrat as-sultan Jalal ad-Din Mengburni*» («Sultan Jalalatdin Mánguberdiniń ómirbayanı») atlı shıǵarma óz aldına orın tutadı.

Naso (Niso) wálayatındaǵı qorǵanlardan birewiniń iyesi bolǵan ***Nasawiy*** **1224-jılı** xızmet penen Irakqa barıp qaladı hám sol jerde ***Sultan Jalalatdin***niń xızmetine kiredi. Sonnan beri ol ***Jalalatdin***niń isenimli adamlarından birine aylanıp, **1231-jıl**ǵa shekem, yaǵnıy Jalalatdinniń ólimine shekem onıń menen birge boladı.

***Nasawiy*** óz qaharmanın jaqınnan bilgen, shıǵarmasında bayan etilgen waqıya-hádiyselerdiń kópshiliginde tuwrı qatnasqan yamasa ótkenlerdiń xabarlarına súyengen, eń áhmiyetlisi, haqıyqıy pikir bildirilgen, bular shıǵarmanıń ilimiy bahası jánede isenimlik dárejesin kóbeytedi. Avtor óz shıǵarmasın pitkeriwge Jalalatdin óliminen derlik 19 jıl ótkennen keyin **1241-jılı** kirisken.

***Jalalatdin Mánguberdi*** haqqında ***Shaxabitdin Muxammed an-Nasaviy*** óziniń shıǵarmasında usılay jazadı: «*Jalalatdin qaralawdan kelgen, orta boylı, túrkiy júz kóriniste hám túrk hám parsı tillerinde sóyleytuǵın edi. Ol márt, jeńilmes bolıp, jolbarıslar arasında eń zor jolbarıs edi, qorıqpaytuǵın shabandoz, láskerlerdiń en batırı edi. Ol juwas, múlayım adam edi, ashıwshaq emes edi, kemsitiwshi sózlerdi aytpaytuǵın edi. Ol júdá saldamallı, kúlmeytuǵın, tek mıyıǵınan kúlip qoyatuǵın, az soyleytuǵın edi. Ol haqıyqatlıqtı, ádalattı qollaytuǵın edi*».

Áhmiyetli dereklerden biri ataqlı tariyxnavis **Ibn al-Ásir**diń «*al-Kamil fit-tariyx*» («*Tariyx haqqında tolıq kitap*» shıǵarması bolıp esaplanadı. «*Al-Kámil fit-tariyx*» Jaqın hám Orta Shıǵıs mámleketleri tariyxınıń islam tarqalıwınan 1231-jılǵa shekem bolǵan dáwir haqqında maǵlıwmat beriwshi eń qımbatlı dereklerden biri esaplanadı. Avtor Jalalatdinniń iskerligine keń orın ajıratadı hám kóbinese óziniń áhmiyetli hám anıq maǵlıwmatları menen basqa dereklerdi sezilerli dárejede toltırıladı.

***Jalalatdin Mánguberdi*** haqqında muarrix hám iri mámleket ǵayratkeri ***Alawatdin Atamálik Juwayniy*** tárepinen jazılǵan «*Tariyxi jahankushoy*» («*Jáhán fotixı tariyxı*») shıǵarmaları áhmiyetli dereklerinen biri sıpatında sanalǵan. Bunnan basqa, ***Mirxand*** «*Ravzat us-safa*», ***Mırza Ulıǵbek***tiń «*Tariyxı arba ulus*» (Tórt ulus tariyxı) shıǵarmalarında ***Jalalatdin Mánguberdi*** haqqında maǵlıwmatlar jazıp qaldırılǵan. Ol haqqında maǵlıwmatlar, sonday-aq, qıtay, monǵol, armiyan hám basqa tillerdegi dereklerde de ushıraydı.

Belgili shayır hám ádebiyatshı ***Maxsud Shayxzada*** **1944-jılı** «*Jalalatdin Mánguberdi*» tariyxı dramasın jazadı. Ádebiyatshı shıǵarmasında óz eliniń azatlıǵı hám gárezsiziligi ushın monǵol basıp alıwshılarına qarsı gúresken sońǵı Xorezm shaxınıń jawınger qaharmanlıǵın tariyxıy anıq hám haqıyqıy súwretlegen. Biraq aldınǵı Sovet dáwirinde Jalalatdin Mánguberdiniń sarkardalıq iskerligi hám onıń Watan azatlıǵı ushın alıp barǵan gúresi haqqında bir tárepleme yamasa ulıwma pikir bildirmes edi.



**«Jalalatdin Mán-guberdi» ordeni**

**Ǵárezsizlik jıllarında Jalalatdin Mánguberdi atınıń tikleniwi.** Ózbekistan húkimeti **1998-jılı** Jalalatdin Mánguberdiniń mongol basqınshılarına qarsı góreste kórsetken qaharmanlıǵı. Watanǵa hám óz xalqına sadıqlıǵı hám sheksiz muhabbatın qádirlew hám onıń ruwxın máńgilestiriw maqsetinde «Jalalatdin Mánguberdiniń 800 jıllıǵın belgilew haqqında» qarar qabıl qıldı. Qarar boyınsha onıń eli Xorezmde Jalalatdin Mánguberdige estelik ornatıldı, úlken kóshe, maydan, kárxanalarǵa hám basqalarǵa onıń atı qoyıldı. Jalalatdin Mánguberdiniń 800 jıllıǵı ǵárezsiz Ózbekistanda **1999-jılı** keń belgilendi. Jalalatdin Mánguberdi haqqında vidiofilm, dástan, pessalar dóretildi. **2000-jıl 30-avgust**ta «Jalalatdin Mánguberdi» ordeni tastıyıqlandı.

*... Jalalatdin Mánguberdi ómir jolın baqlap, sol tariyxıy waqıyalardı házirgi dáwir kózqarasınan baha beretuǵın bolsaq, onda olar bizlerdi mınanday logikalıq juwmaq shıǵarıwǵa shaqıradı.*

*Birinshi juwmaq mınaday, tirishilik, mámleket, xalıq bar jerde barlıq waqıtta, tınıshlıǵımızdı kóre almaytuǵın, kek hám bolmaǵır oylar menen jasaytuǵın, zorlıq penen ózleriniń ústemligin ornatıwǵa, xalıqtıń paraxat turmısın buzıwǵa umtılatuǵın jawız kúshler boladı. Bul — ómir. Bul — turmıstıń ashshı haqıyqatlıǵı. Onı heshkim biykarlay almaydı. Bunı biziń tariyxımızda hám turmısımızda ǵana emes, al basqa xalıqlardıń tariyxıy hám turmıs mısalında da kóriw múmkin.*

*Ekinshi juwmaq, tirishilik, mámleket, xalıq bolǵanlıqtan, ózin tuwılıp ósken, biziń ákelerimiz hám atalarımız jerlengen, onda erteń biziń balalarımız jasaytuǵın hárbir qarıs jerdi bahalaw, onı qorǵawǵa tayar turıw hám eger zárúr bolsa usı jolda óz ómirińdi qurban etiwiń kerek.*

*Úshinshi ashshı juwmaq mınanday, hárbir xalıq, hárbir el sırtqı dushpanlarǵa qaraǵanda óz ishinen shıǵatuǵın iymansız satqınlar jóninde, ózleriniń máplerin hámmesin-*

*en joqarı qoyatuǵın, eger kerek bolsa ózleriniń eń jaqın adamların da satıp jiberetuǵın, ózlerin ósirip, tárbiyalaǵan Watanına qarsı qol kóteretuǵın adamlar jóninde anaǵurlım qıraǵı bolıwımız tiyis. Usınday kúshler, satqın adamlardıń jawızlıq niyetleri, olardıń iplas maqsetleri paraxatshılıq hám eldiń, xalıqtıń rawajlanıwı ushın qanday qáwip bolıp tabılatuǵınlıǵın bizler búgin kórip otırmız. Men taǵı bir ret tákirarlap aytaman, usı ashshı shınlıq, tek biziń ótken tariyxımızǵa ǵana emes, al biziń búgingi turmısımızǵa da únles.*

*Bizler ushın jáne bir sabaq sonnan ibarat, bul óz xalqı hám eli ushın, olardıń táǵdiri hám keleshegi ushın bas qatıratuǵın, adamlardıń jaqsı niyetlerin ózleriniń joqarı maqseti dep esaplaytuǵın, xalıq haqqında oylap jasaytuǵın adamlar ǵana hár qanday jaǵdayda xalıqtı birlestire otırıp, olardı hár qıylı illetlerge qarsı gúreske kótere aladı, tariyqqa ózleriniń óshpes izin qaldıradı. Bul — shınlıq.*

*Sultan Jalalatdin bizlerge qaldırǵan taǵı bir shaqırıq mınadan ibarat, bizler ózlerimizdiń paraxat aspanımızda hám tınısh turmısımızdı bahaladıq, ósip kiyatırǵan jas áwladtıń, keleshegimiz bolıp tabılatuǵın balalardıń baxtın hám keleshegin oyladıq, jarqın keleshekke umtılıw niyetinde jasap kiyatırmız.*

*... Sultan Jalalatdinniń obrazı tek Xorezmniń emes, al bárshe Ózbekistannıń maqtanıshı bolıp tabıladı. Ol biziń azatlıǵımızǵa hám ǵárezsizligimizge qol suǵajaq bolǵan hár qanday jawız kúshke qarsı turıwǵa hám sheshiwshi soqqı beriwge bizlerdiń tayar turǵanlıǵımızdıń dálili hám tımsalı (simvolı) bolıp tabıladı.*

**Islam KARIMOV**
**Jalalatdin Mánguberdiniń 800 jıllıǵına baǵıshlanǵan saltanatlı máresimde shıǵıp sóylegen sózinen.**
**1999-jıl 5-noyabr**

1. Kimler Jalalatdin Mánguberdi haqqında tariyxıy shıǵarmalar jazıp qaldırǵan?
2. Jalalatdin Mánguberdiniń 800 jıllıǵı Watanımızda qashan belgilendi??
3. Qosımsha dereklerden paydalanǵan halda Jalalatdin Mánguberdiniń 800 jıllıǵına baylanıslı qanday

máresimler ámelge asırılǵanlıǵı hám ataqlı sárkardaǵa baǵıshlap jazılǵan shıǵarmalar haqqında maǵlıwmatlar dápterińizge jazıń.

4. Jalalatdin Mánguberdiniń ómir jolı qanday juwmaqlar shıǵarıwǵa shaqıradı?

## 23-§. SHAǴATAY ULÍSÍNÍŃ DÚZILIWI

**Tayanısh túsinikler: *Shaǵatay ulısı, salıq túrleri, Maxmud Tarabiy kóterilisi.***

**Shaǵatay ulısı**. **1220-jılı** Shıńǵısxan tárepinen ***Shaǵatay*** soramına berilgen Mawarawnnaxr, Jetisuw hám Shıǵıs Túrkstanda **Shaǵatay ulısı** dúzildi. ***Shaǵatayxan***nıń ulısın basqaratuǵın ordası **Elsuwı** (Ili) dáryası boyında edi. Wálayatlar hám ónermentshilik qalaların basqarıwda ***Shaǵatay*** ózine boysındırılǵan xalıqlardıń joqarı qatlam wákilleri xızmetinen paydalanadı.

Mawarawnnaxrdı tikkeley basqarıw isleri ele Mawarawnnaxr basıp alınbastan burın-aq ***Shıńǵısxan***nıń qasında xızmet etken xorezmli sawdager **Maxmud Yalavosh**qa beriledi. Ol **Xojend** qalasın ózine turatuǵın jay etip belgileydi hám usı jerde turıp, Mawarawnnaxrdı basqara baslaydı. Áskeriy hákimiyat, xalıqtı dizimnen ótkeriw, salıq jıynaw isleri *qala hákimi (doruǵashı)* hám *tawǵash* dep atalıwshı monǵol ámeldarları qolında bolatuǵın edi. Monǵol *basqaqları* (jergilikli hákim) ıqtıyarındaǵı kóp sanlı áskerler ***Maxmud*** qaramaǵına boysındırılǵan edi. Usılarǵa súyenip ***Maxmud Yalavosh*** monǵol qaǵanları talabın orınlap, óziniń sheksiz húkimdarlıǵın ámelge asıratuǵın edi.

**Salıq túrleri.** Shaǵatay xanları oraylıq hákimiyat ǵáziynesi ushın óz aldına hár túrli salıqlar salıp, zorlıq penen óndirip alatuǵın edi.

Zúráátshilerden alınatuǵın jer salıǵı bul dáwirde **«kalon»** dep atalatuǵın edi. Sharwashılıq penen shuǵıllanıwshılarǵa bolsa **«qapshur»** salıǵı salınǵan. Mámleket ǵáziynesi ushın **«shulen»** atı menen atalǵan azıq awqat salıǵı

da óndirilgen. «***Shulun***» hár bir padadan eki jasar qoy, qımız ushın hár mıń attan bir biye esabında alınǵan.

Ónermentler hám sawdagerlerden **«tarǵu»** salıǵı óndirilgen. Tarǵu islep shıǵarılǵan ónim yamasa satılǵan zattıń otızdan bir bólimi muǵdarında óndirilgen. Bulardan tısqarı, ayrıqsha *duz salıǵı, jún* hám *gúmis salıǵı* salınǵan.

Salıqlar jergilikli hámeldarlar tárepinen **barot** (ijara) tártibinde aldınnan birden tólep jiberiler edi, soń olar xalıqtan jıynap alınatuǵın edi. Xalıqtan jıynap alıw waqtında sózsiz rásmiylestirilgen muǵdardan zıyat óndiriletuǵın edi.

Zorlıq, jábir-zulımlıqtıń oǵada kúsheyiwi, hár qıylı májbúriy tólemler hám jıyımlardıń hádden tıs kópligi monǵollarǵa bolǵan narazılıqtı asırıp, basıp alıwshılardıń eziwshiligine qarsı xalıqtıń bas kóteriwine alıp keldi. Usınday kóterilislerdiń biri Buxara oazisindegi **Tarab** awılında kelip shıqqan xalıq kóterilisi boldı.

*** Shaǵatay ulısı – imperiya bólistirilgende onıń Shıńǵısxannıń balası Shaǵatayǵa tiygen bólegi. Keyin ala ol Shaǵatay mámleketine aylanǵan.**
*** Qapshur – sharwa malları bas sanınıń 2,5% muǵdarına alınǵan salıq.**
*** Kalon – ónimniń 1/10 bólegi kóleminde alınǵan salıq.**

**Maxmud Tarabiy kóterilisi. 1238-jılı** Buxaranıń **Tarab** awılında basqınshılar hám jergilikli múlik iyeleriniń zulımlıǵına qarsı kóterilis baslanadı. Kóteriliske tarablı gálbir soǵıwshı ónerment ***Maxmud*** basshılıq etedi. Tariyxta ol **Maxmud Tarabiy** atı menen dańqı shıǵadı.

***Tarabiy***diń jaqın dos-joldaslarınan **Shamsitdin Maxbubiy** hám Buxara xalqı kóterilisshilerge qosılıp qollarına qural aladı. Ózleriniń qádirdan qalasın hám awılların monǵollardan hám olardıń tabaqlas xızmetkerleri – jergilikli hámeldarlardan azat etiwge atlanǵan adamlardan júdá úlken láshker toplanadı. ***Maxmud Tarabiy***

óz tárepdarları menen Buxaraǵa kirip alǵannan keyin, qala ishindegi *Rabiyǵa sarayın* ózlerine bekinis etip aladı. Bul jerge Buxaranıń sárdarların, bay dáwletli aqsúyeklerin, iri jer iyelerin shaqırtadı. Ol óziniń Buxara hám onıń átirapındaǵı wálayatlardıń xalifası, yaǵnıy húkimdarı dep rásmiy túrde daǵaza qılıwǵa olardı májbúr etedi. Sonnan keyin ***Shamsitdin Maxbubiy*** sadr dep daǵaza qılınadı. ***Maxmud Tarabiy*** Buxarada óziniń húkimdarlıǵın ornatqannan keyin, monǵol tárepdarları bolǵan jergilikli hámeldarlar Buxaradan qashıp ketedi.

Qashqın hámeldarlar hám monǵollar nayıb **Maxmud Yalavosh** járdeminde **Karmana** qasında kúsh toplap, Buxaraǵa qarap júris baslaydı. Eki ortada qattı sawash baslanadı. Monǵollar jeńilip, **Karmana**ǵa qarap qasha baslaydı. Sawashta kóterilisshilerdiń jol basshıları ***Maxmud Tarabiy*** hám ***Shamsitdin Maxbubiy***ler de sheyit boladı. Kóterilisshiler olardıń ornına Tarabiydiń inileri **Muxammed** hám **Áliy**di jol basshı etip sayladı. Aradan bir hápte ótpey, olarǵa qarsı monǵollardıń jańa armiyası hújim etedi. Sawashta kóterilisshiler tas-talqan etilip, Tarabiydiń eki inisi de qurban boladı. Monǵollar Buxaranı jáne basıp alıp, ol jerde burınǵı tártiplerin qaytadan ornatadı.

***Shaǵatay*** salıqlardı tártipke salıw reformasında, **1238-jılı** ***Maxmud Yalavosh***tı nayıblıqtan shetletiwge májbúr boladı. Onıń balası **Masudbek** nayıb etip saylanadı. Ullı qaǵan ***Oqtay Maxmud Yalavosh***tı **Pekin** qalasına hákim etip saylaydı.



1. Jáhán tariyxınan alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp aytıń, Shıńǵısxan basıp alınǵan úlkelerdi qalay bólistirdi?
2. Shaǵatay ulısı qashan hám qay jerde dúzildi?
3. Monǵollar qanday salıq túrlerin engizdi?
4. Maxmud Tarabiy kóterilisi qashan hám qalay baslandı?
5. Qanday sebepler Tarabiy kóterilisiniń jeńiliwine alıp keldi?

**Tómendegi kesteni temaǵa tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Shaǵatay ulısı | Aymaǵı | Salıq túrleri | Maxmud Tarabiy kóterilisiniń sebebi |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 24-§. SOCIAL-EKONOMIKALÍQ TURMÍS

**Tayanısh túsinikler:** ***pul reforması, jer iyeligi, Shaǵatay ulısınıń bóliniwi, mádeniy turmıs.***

**Ullı qaǵan pármanı. XIII ásir ortalar**ında Shaǵatay ulısınıń monǵol ámeldarları átirapında otırıqshılıqqa kóshiw, qala turmısına jaqınlasıw, jergilikli otırıqshı xalıqtıń bay mádeniyatınan paydalanıw barısı kúsheyedi. Monǵolstannıń ullı qaǵanı **Munqa** salıq hám kómeklesiw jumısların tártipke salıw haqqında arnawlı párman — *jarlıq* shıǵaradı. Yomlar baylap poshta xızmeti ushın ajıratılǵan atlar sanı belgilenip, xalıqtan artıqsha at talap etiw qadaǵan etiledi. Sonday-aq, elshilerge qolında tikkeley tapsırmaları bolmasa qala hám awıllarǵa kirmewi hám xalıqtan olar ushın belgilenetuǵın artıqsha ot-jem jáne azıq-awqat almawı uqtırılǵan. Usılay etip xalıq óz bilgeninshe jıynap alınatuǵın esapsız tólemlerden azat boladı.

*** Yomlar – jol bándirgileri. Xabarshılar, jolawshılar at almastıratuǵın orın. Yomda barqulla atlar jılawǵa tayar turǵan.**

**Masudbektiń pul reforması.** Mawarawnnaxrda áste-aqırınlıq penen bolsa da, qala turmısı atap aytqanda ónermentshilik hám sawda qatnasıqları janlana baslaydı. Qalalardıń ishki turmısı, ásirese tovaw hám pul qatnasıqlarınıń tikleniwinde **Masudbek** tárepinen **1271-jılı** ámelge asırılǵan pul reforması úlken áhmiyetke iye boladı. Ol Mawarawnnaxrdıń 16 qala hám wálayatlarında, birdey salmaqtaǵı hám joqarı bahadaǵı sap gúmis teńgeler quyıp shıǵarılıp, mámlekette olardı aylanısqa túsirdi.

**Kebekxan hám onıń reforması.** **XIV ásirdiń birinshi yarımı**nda Shaǵatay ulısında monǵollardıń otırıqshılıqqa ótiw háreketi kúsheyip, olardıń sociallıq turmısında aytarlıqtay ózgerisler júz bere baslaydı. Mawarawnnaxrday mádeniy úlke menen bekkem baylanıs ornatıwǵa hám otırıqshı turmıs keshiriwge umtılǵan Shaǵatay xanlarınıń biri **Kebek** (1318—1326) edi. Ol hákimiyattı tikkeley óz qolına alıp, Qashqadárya oazisindegi áyyemgi **Nasaf** qalasınıń qasınan ózine saray qurdıradı. Saray monǵol tilinde «*Qarshı*» dep aytıladı. ***Kebekxan*** óz jasaw ornın monǵol húkimdarları arasında birinshi bolıp Mawarawnnaxrǵa kóshiredi. Usı sarayda turıp ol mámleketti basqaradı. Keyin ala bul saray átirapında jańa imaratlar boy tikleydi hám eski **Nasaf** qalası menen qosılıp ketedi. Sonnan keyin bul qala **Qarshı** dep atala baslaydı.

***Kebek*** mámleketti basqarıwdıń dúzilisin hám onıń ekonomikalıq turmısın tártipke salıw maqsetinde administrativlik hám pul reformasın ótkeredi. Mámlekette birden-bir pul engiziledi. Irandaǵı Xulokiyler mámleketi hám Altın Orda xanlıǵınıń gúmis teńgeleriniń úlgisinde eki túrli pul: awırlıǵı 8 grammlıq úlken gúmis teńge hám 1 grammlıq kishi teńge quyıp shıǵarılǵan. Úlken teńge «*dinar*», kishisi «*dirham*» dep atalǵan. «*Kepaki*» dep atalǵan bul teńgeler Samarqand hám Buxarada quyıp shıǵarılıp aylanısqa shıǵarılǵan.

**Ekonomikalıq turmıstıń janlanıwı.** Monǵollardıń jawlap alǵan dáwirinde wayran bolǵan ónermentshilik, sawda-satlıq hám diyqanshılıq áste-aqırın tiklene baslaydı. Ónermentshiliktiń hám ishki-sırtqı sawdanıń janlanıwı, sózsiz túrde qarabaqana bolıp qalǵan qalalardıń qayta tikleniwine sebep boladı. Ele kóp ǵana qala hám wálayatlar qıyratılǵan ham yarım qıyraǵan halında jatqan bolsa da, **Úrgenish** hám **Buxara** qalaları qayta tiklenedi. Áyyemgi **Samarqand** wayran bolǵan halında qalıp, oǵan jaqın jerde jańa qala boy tikleydi. Qalalarda hár qıylı mámleketlik, jámáátlik hám bilimlendiriw imaratları qurıldı. Qala bazarları kóbeydi.

**Jer iyeligi.** Mongollardıń húkimdarlıǵı dáwirinde Orta Aziyada jerge iyelik etiwdiń **mulki devon, mulki inju, múlki waqf** hám **múlk** dep atalıwshı tórt túri bar edi.

Múliklerdiń úlken bólegi áskeriy hámeldarlarǵa mámleket aldındaǵı xızmetleri ushın sawǵa etilgen jerler bolıp, olar suyurǵal jerleri dep atalatuǵın edi. Bunday jerlerge iye bolǵan jer iyeleri – *suyurǵal iyeleri* barlıq salıq hám tólemlerden azat etiletuǵın edi. Suyurǵal jerleri áwladtan-áwladqa miyras sıpatında ótetuǵın edi.

*** Mulki devon – mámleketlik jerler.**
*** Mulki inju – húkimdar hám nayıblarǵa qaraslı jerler.**
*** Mulk – jeke menshik jerler.**
*** Mulki waqf – meshit hám medrese jerleri.**

**Shaǵatay ulısınıń bóliniwi.** Mongol húkimdarları hám múlik iyeleri arasında basıp alınǵan jerlerge eki túrli kózqaras bar edi. Ayrımları jergilikli aqsúyekler, sawdegerler menen jaqınlasıw, ónermentshilikti, diyqanshılıqtı rawajlandırıw, islam dinin qabıl etiw tárepdarları edi. Basqaları bolsa otırıqshı hám qala turmısına qarsı bolıp, qalalardı buzıp taslaw, baǵ hám egislik jerlerdi otlaq jerlerge aylandırıwdı qáler edi.

Áste-aqırın Shaǵatay ulısınıń bir qatar xanları óziniń urıw-qáwimleri menen Mawarannaxrǵa kóship kelip jergilikli xalıq penen qosılıp otırıqshı boldı. Jetisuwda jasap atırǵan mongollar Mawarawnnaxrǵa kóship kelgenlerdi «*qaraunas*» (qospaq), Mawarawnnaxrda jasap atırǵan mongollar bolsa olardı «*jete*» (qaraqshı, talawshı) dep atay basladı. Bul ámelde bir-biriniń kewline tiyip mazaqlaw edi. Olardıń ortasında kelispewshilik, jek kóriwshilik kúsheyip bardı. Nátiyjede Shaǵatay ulısı **XIV ásirdiń 40-jıllar**ında ekige bólinip ketti.

Shaǵatay ulısınıń Shıǵıs Túrkstan hám Jetisuw bólimi Mongolstan dep atala baslandı. **1348-jılı** Shaǵatay násilinen bolǵan **Tuǵluq Temur** Mongolstan xanı bolıp kóterildi. Ulıstıń batıs bólimi — Mawarawnnaxr ǵárezsiz basqarılatuǵın boldı.

1. Munke qaǵan mámlekette ishki jaǵdaydı jumsartıw ushın qanday sharalar kórgen?
2. Masudbektiń pul reforması qanday nátiyje berdi?
3. Kebekxan qanday reformalardı ámelge asırǵan?
4. Ekonomikalıq turmıstıń janlanıwına neler sebep boldı?
5. Monǵollar dáwirindegi jer iyeliginiń qanday túrleri bar edi?
6. Ne ushın Shaǵatay ulısı bólinip ketedi?

**Tómendegi kesteni temaǵa tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Ótkerilgen reformalar | Reforma nátiyjeleri | Jer iyeliginiń túrleri |
|---|---|---|
| | | |

## 25-§. ETNIKALÍQ PROCESLER HÁM ÓZBEK XALQÍNÍŃ QÁLIPLESIWI

**Tayanısh túsinikler:** ***etnikalıq process; ózbek xalqı, «Qawınshı mádeniyatı».***

**Etnikalıq process.** Jáhándegi basqa xalıqlar sıyaqlı ózbek xalqınıń qáliplesiwi de uzaq jıllar dawamında júz bergen etnikalıq procesler nátiyjesi.

Ózbekler óz aldına etnikalıq birlik (elat) bolıp, Orta Aziyanıń oraylıq wálayatları — Mawarawnnaxr, Xorezm, Jetisuw, Shıǵıs Túrkstannıń az ǵana batıs aymaqlarında qáliplesken. Ózbek xalqınıń tiykarın házirgi Ózbekistan aymaǵında áyyemnen otırıqshı, suwǵarılıp egiletuǵın diyqanshılıq, ónermentshilik penen shuǵıllanıp kelgen jergilikli *sogdılar, baqtriyler, xorezmiyler, ferǵanalıqlar, shashlıqlar,* yarım sharwashılıq *kanglar*, kóshpeli *sak-massaget* sıyaqlı etnikalıq toparlar dúzgen. Sonday-aq, Qubla Sibir, Altay, Jetisuw, Shıǵıs Túrkstan jáne Volga hám Ural dáryası boylarınan hár túrli dáwirlerde Mawarawnnaxrǵa kirip kelgen etnikalıq toparlar ózbek xalqı etnogenezinde qatnasadı. Joqarıda atları keltirilgen etnoslar, tiykarınan túrkiy hám shıǵıs iran tillerinde sóylesken.

*** Etnikalıq process — kelip shıǵıwı bir-birine jaqın bolǵan hár túrli qáwim hám elatlardıń ásirler dawamında qosılıp barıwı.**

Ámiwdárya hám Sırdárya aralıǵında joqarıda atları atalǵan qáwim hám elatlardıń etnikalıq jaqtan dáslepki aralasıw procesi nátiyjesinde otırıqshı turmısqa iykemlesken túrkiy aymaqlıq maydan, ózbek xalqına tán antropologiyalıq kórinis qáliplesedi.

Qanǵ mámleketi dáwirinde túrkiyziban etnoslar ústemlik etip, ózine tán ayqınlasqan mádeniyat qáliplesedi. Arxeologiyalıq miynetlerde bul mádeniyat «**Qawınshı mádeniyatı**» atın alǵan. Antropolog ilimpazlardıń izertlewinshe, mine usı dáwirge kelip, Orta Aziyanıń alap hám oazislerinde jasawshı xalıqtıń sırtqı kórinislerinde házirgi ózbek hám oazis tájiklerine tán antropologiyalıq kórinisi tolıq qáliplesedi.

Ózbekler etnogenezinde qatnasqan náwbettegi etnik toparlar — *kushanlar, xioniyler, kidariyler* hám *eftallar* bolıp tabıladı.

Sonday-aq, ózbekler etnogenezine Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde Orta Aziyanıń oraylıq aymaqları hám Xorezmge kelip otırıqshı bolǵan túrkiy qáwimler jedel tásir kórsetedi. Túrkiy elatlar hám jergilikli otırıqshı xalıq arasındaǵı etnikalıq mádeniy qatnasıqlardıń rawajı nátiyjesinde túrkiy qatlam mádeniy jetiskenlikleriniń jergilikli mádeniy-xojalıq dástúrleri menen jedel aralasıwı júz berdi. **VII ásir**den baslap úlkemiz «**Túrkstan**» atı menen atala baslaǵan.



*** Ózbek xalqının tiykarın sogdılar, baqtriyler, xorezmiyler, ferǵanalıqlar, shashlıqlar hám sak-massagetler dúzgen.**
*** Qanǵ mámleketi dáwirinde «Qawınshı mádeniyatı» hám Orta Aziyanıń antropologiyalıq kórinisi tolıq qáliplesedi.**
*** Túrkistan — túrkiy xalıq órnalasqan úlke.**

**Ózbek xalqınıń qáliplesiwi.** **VIII ásir**den arab hám ajam xalıqlarınıń Orta Aziyaǵa kirip keliwi aymaqtaǵı

etnikalıq proceslerge úlken tásir etpegen bolsa da bul dáwirde Mawarawnnaxrdaǵı otırıqshı hám yarım otırıqshı túrkiyziban xalıq, sogdılar hám Xorezmniń tiykarǵı xalqı óz aymaqlarında qalıp, arablardıń húkimdarlıǵınıń astında jalǵız islam sıyınıwshılıq birligi qáliplesti.



*** IX-XII ásirlerde ózbek xalqı qáliplesti. Onıń tiykarın úlkemizde jasap kelgen otırıqshı zúráátshil hám sharwadar tiykarın jergilikli xalıq dúzdi.**
***Mawarawnnaxrda jaylasqan xalıq áyyemnen eki tilde: *sogdı* hám *túrk* tillerinde sóylesken.**

**IX ásir**de Mawarawnnaxr aymaǵında pútin túrkiy etnik qatlam, janlı túrkiy til ortalıǵı júzege kele basladı hám óz náwbetinde sogdılar jáne basqa jergilikli etnoslarda da túrkiylesiw barısı jedellesken. Bul dáwirde Mawarawnnaxr hám Xorezmde túrkiy etnik qatlam kúshli etnik tiykarǵa iye bolıp, bul qatlam tiykarınıń basım kópshiligin turaqlı otırıqshı túrkiy etnoslar quraǵan.

Qaraxaniyler dáwirinde Mawarawnnaxr hám Xorezmde siyasiy hákimiyat túrkiy dinastiyalarǵa ótiwi múnasibeti menen júz bergen etnikalıq procesler ózbek xalqınıń qáliplesiwinde juwmaqlawshı basqısh boldı. Ásirese, usı dáwirde ózbek xalqına tán etnikalıq faktorlar qáliplesken. Bul dáwirde ózbeklerdiń ulıwma elatlıq tili payda boldı.



1. Ózbekler qaysı aymaqlarda payda bolǵan? Usı aymaqlardı jazıwsız kartada boyap shıǵıń.
2. Ózbek xalqınıń tiykarın qaysı etnikalıq toparlar quraǵan?
3. «Qawınshı mádeniyatı» qaysı dáwirge tiyisli hám onıń áhmiyeti nede?
4. Qashannan baslap úlkemiz «Túrkstan» atı menen atala baslaǵan?
5. Qaysı ásirlerde ózbek xalqı payda boldı? Onıń ózegin qaysı xalıq quraǵan?
6. Ózbek hám Ózbekistan atları qanday mánisti ańlatıwı haqqında oylap kóriń.

# IV BAP. ATA-BABALARÍMÍZDÍŃ ILIMIY MIYRASÍ MÁŃGILIKKE TIYISLI RUWXÍY BAYLÍQ

## 26-§. MAWARAWNNAXR HÁM XOREZMNIŃ MÁDENIY TURMÍSÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***«Bayt ul-hikma», «Dar ul-hikma hám maorif», ullı ulamalar, arab tiliniń áhmiyeti.***

**«Bayt ul-hikma».** **IX—XII ásirler**de Mawarawnnaxr hám Xorasanda júz bergen siyasiy, social-ekonomikalıq ózgerisleri mámlekettiń mádeniy turmısına da kúshli tásir etti.

Mawarawnnaxr arablar tárepinen basıp alınǵannan keyin, qolǵa kiritken basqa mámleketlerdiń qatarında, bul úlkede de tek islam dini ǵana emes, al arab tili hám onıń imla-jazıwı da engizildi. Sebebi, arab tili xalifalıqtıń mámleketlik tili hám ilim tili bolıp ta esaplanatuǵın edi. Sol esaptan arab tiliniń ornı hám áhmiyeti artıp, onı ózlestiriwge bolǵan umtılıwshılıq kúsheydi.

Arab tilin hám jazıwın jaqsıraq ózlestirip alǵan bilimliler payda boldı. **Baǵdad** qalası Shıǵıstıń iri ilim hám mádeniyat orayı edi. **IX ásir**de bul qalada **«Bayt ul-hikma»** dúzilgen edi. «**Bayt ul-hikma**»da úlken kitapxana, **Baǵdad** hám **Damashq**ta astronomiyalıq baqlaw alıp barılatuǵın observatoriyalar bar edi. Bul bilim beriw orayında toplanǵan ilim izlewshilerdiń izertlewleri menen bir qatarda áyyemgi grek hám hind ilimpazlarınıń ilimiy miyrasların úyreniw hám olardıń shıǵarmaların arab tiline awdarıw menen shuǵıllanatuǵın edi. **Al-Xorezmiy, Axmet al-Ferǵaniy, Axmet al-Marvaziy, al-Abbaz Jawxariy hám Yahıya bin, Ábiw Mansur** sıyaqlı Mawarawnnaxr jáne xorasanlı ilimpazlar shıǵarmalar dóretip, orta ásirlerdegi ilim hám pánniń rawajlanıwına úlken úles qosqan edi.



**Al-Xorezmiy**

**Muxammed ibn Al-Xorezmiy.**

**Muxammed ibn Muwsa al-Xorezmiy** (783-850) Xorezm jerinde tuwılıp er jetedi. Dáslepki sawat ashıwdı hám hár túrli tarawdaǵı bilimlerdi ol óz ana Watanı Xorezm hám Mawarawnnaxr qalalarındaǵı kóplegen ustazlardan úyrenip aladı. Sońın ala ol xalifa ***Mamun*** zamanında (813—833) «**Bayt ul-hikma**»da baslıq sıpatında xızmet kórsetedi. Ol óz zamanınıń kórnekli matematigi, astronomı hám geografı sıpatında ilimge úlken úles qostı. ***Al-Xorezmiy*** 20 dan aslam ilimiy shıǵarmalar jazdı. Olardan tek 10 shıǵarması ǵana bizge shekem jetip kelgen. Miynetleri arasında, ásirese, matematikaǵa tiyisli **«Al-jabr val-muqobala»** belgili.

Hátte «*algebra*» ataması usı kitaptıń «*al-jabr*» dep júrgizilgen qısqasha atınıń dál kórinisi edi. ***Xorezmiy***diń atı bolsa matematika páninde «*algoritm*» ataması túrinde óz kórinisin taptı. Onıń «*Al-jabr*» shıǵarması ásirler dawamında áwladlardıń qolında jer ólshewde, jap-kanal qazıwda, qurılısta, miyrastı bólistiriwde hám basqa da hár túrli esaplawlar jáne ólshew jumıslarında xızmet etti. ***Xorezmiy***diń bul traktatı **XII ásir**de-aq Ispaniyada latın tiline awdarıladı hám qayta islenedi. Xorezmiydiń arifmetikalıq traktatı hind sanlarına tiykarlanǵan onlıq esaplaw sistemasınıń Evropada, qalaberse pútkil dúnyada tarqalıwında úlken áhmiyetke iye boldı. Solay etip, watanlasımız ***Xorezmiy*** al-jabrdı ǵárezsiz pán dárejesine kóterip, algebra pánine tiykar saldı hám tariyxta ózinen óshpes iz qaldırdı.



**Axmet al-Ferǵaniy esteligi. Ferǵana qalası**

**Axmet Al-Ferǵaniy.** «**Bayt ul-hikma**»da xızmet kórsetken ilimpazlardan jáne biri ullı astronom, matematik hám geograf ***Abıl Abbas Axmet ibn Muxammed ibn Kasir al-Ferǵaniy*** (797-865). Ol astronomiya, matematika hám geografiya pánleri menen shuǵıllandı. Bir qatar ilimiy hám ámeliy shıǵarmalar jazıp qaldırdı.

Damashqtaǵı observatoriyada aspan deneleriniń háreketin hám ornın anıqlaw, jańasha *zij* (astronomiyalıq tablica) dóretiw islerine basshılıq etti. **832—833-jıllar**ı Siriyanıń arqasındaǵı *Sınjar*da hám *ar-Raqqa* aralıǵında jer meridianınıń bir dárejesiniń uzınlıǵın ólshewde qatnastı.

**861-jılı** ***al-Ferǵaniy*** basshılıǵında Nil dáryasınıń jaǵasına qurılǵan áyyemgi gidrometr—dárya aǵısınıń qáddin belgileytuǵın **«Miqyas an-Nil»** qurılısı qayta tiklendi.

Biziń dáwirimizge shekem Axmet al-Ferǵaniydıń segiz shıǵarması saqlanǵan bolıp, olardıń arasında «***Aspan qozǵalısları hám ulıwma astrologiya ilimi***» kitabı da bar. Bul kitap **XII ásir**de-aq *latın* hám *evrey* tillerine awdarılıp, tek ǵana musılman Shıǵısında emes, al Evropa mámleketlerindegi astronomiya iliminiń rawajlanıwın baslap berdi. Evropada belgili bolǵan ulamanıń atı **XVI ásir**de Aydaǵı kraterlerdiń birewine qoyılǵan.

**** Orta ásirler Shıǵıs tariyxınan belgili bolǵanınday, mádeniyat hám bilim beriw tárbiyası, medecina, kórkem óner hám arxitektura tarawlarındaǵı kóteriliw, ilimiy mekteplerdiń payda bolıwı, jańadan talantlı áwladlar tolqınınıń júzege keliwi hám jetilisiwi — bulardıń barlıǵı birinshi náwbette ekonomika, awıl hám qala xojalıǵınıń biraz jedel ósiwi, ónermentshilik hám sawda-satlıqtıń joqarı dárejede rawajlanıwı, jollardıń qurılısı, jańadan kárwan jollarınıń ashılıwı jáne salıstırmalı turaqlılıqtıń támiyinleniwi menen tuwrı baylanıslı bolǵan.***

**Islam Karimovtıń 2014-jıl 16-mayda Samarqandta bolıp ótken «Orta ásirlerdegi Shıǵıs ulamaları hám oyshıllarınıń tariyxıy miyrası, onıń zamanagóy sivilizaciya rawajlanıwındaǵı roli hám áhmiyeti» temasındaǵı xalıq aralıq konferenciyanıń ashılıw máresimindegi shıǵıp sóylegen sózi.**

Ǵárezsizlik jıllarında ***Axmet al-Ferǵaniy***diń bahalı ilimiy miyrası xalqımızǵa qaytarıldı. **1998-jıl oktyabr**de ulama ***Axmet al-Ferǵaniy***diń 1200 jıllıǵı belgilendi. Ferǵana qalasında Al-Ferǵaniy atı menen baǵ dóretildi hám ullı ilimpazǵa músin ornatıldı.

**Mádeniy hám ruwxıy oyanıw. IX ásirdiń ekin-**

**shi yarımı**nda xalifalıqtıń húkimdarlıǵı tamam bolıp, Samaniyler basqarıwınıń dúziliwi menen mádeniy turmıstıń rawajlanıwı ushın keń jol ashıladı. Mawarawnnaxrdıń mádeniy turmısında oyanıw dáwiri baslandı.

**Buxara, Samarqand, Úrgenish, Marı, Balx, Nishapur** sıyaqlı oraylıq qalalarda kitap dúkanları qurılǵan. Mawarawnnaxr hám Xorezm dúnya ilimi hám mádeniyatınıń rawajlanıwına úlken úles qosqan ullı danıshpanlardı óz bawırında tárbiyalap kámalǵa keltirdi.

**1004-jılı** qáliplesken **«Dar ul-hikma hám aǵartıwshılıq»** («Bilimdanlıq hám aǵartıwshılıq úyi») — «Mamun akademiyası»nıń tiykarın **Ábiw Nasr ibn Irak** (X ásir-1034), **Abılxayr ibn Hammar** (991-1048), **Ábiw Saxl Masixiy** (970-1011), **Ábiw Rayxan Beruniy** (973-1048), **Ábiw Áliy ibn Sina** (980-1037) hám basqalar dúzgen.

**1017-jılı** ***Maxmud Ǵaznawiy*** Xorezmge bastırıp kirgen. «**Darul hikma hám aǵartıwshılıq**»tıń xızmeti tamamlanǵan, ilimpazlardıń kópshiligi **Ǵazna** qalasına májbúriy alıp ketilgen.

**1997-jıl, 11-noyabr**de Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń *«Xorezm Mamun akademiyasın qaytadan shólkemlestiriw haqqında»*ǵı pármanı shıqtı. **2006-jıl gúz**de Respublikamızda «**Xorezm Mamun akademiyası**»nıń 1000 jıllıǵı belgilendi.

**2014-jılı may** ayında Samarqand qalasında Orta ásirlerde Shıǵıs áleminde jasaǵan ullı ulama hám oyshıllardıń ilimiy miyrasların tereń talqılaw hım ańlaw, onıń zamanagóy sivilizaciya tariyxında tutqan ornı hám roline baha beriw maqsetinde *«Orta ásirler Shıǵıs ulamaları hám oyshıllarınıń tariyxıy miyrası, onıń zamanagóy sivilizaciya rawajlanıwındaǵı roli hám áhmiyeti»* temasındaǵı xalıq aralıq konferenciya ótkerildi. Onda eliwge jaqın mámleketlerden kelgen wákiller qatnastı. Konferenciya juwmaǵında tiyisli hújjetler qabıl etildi.

**Ábiw Nasır Farabiy. Ábiw Nasır Farabiy (873-950)** Arıs dáryasınıń Sırdáryaǵa quyar jerinde jaylasqan **Farab** qalasında tuwılǵan. Ol dáslep tuwılǵan qalasında, sońın ala Samarqand, Buxara hám Baǵdadta bilim alǵan. Ómi-

riniń aqırlarında Xalab hám Damashq qalalarında jasaǵan.



Ábiw Nasır Farabiy

Farabiy *matematika, kosmografiya, medecina, muzıka, logika, filosofiya, til ilimi, tárbiya ilimi* hám *ádebiyat* tarawlarında dóretiwshilik qılǵan. Ol 160 tan aslam shıǵarma jazıp, orta ásirlerdegi ilim hám mádeniyatqa úlken úles qostı. Olardıń arasında Aristoteldiń «*Metafizika shıǵarmasına sholıw*», «*Muzıka kitabı*», «*Baxıt-saadatqa erisiw haqqında*», «*Janlı tábiyat aǵzaları haqqında*», «*Pidayı adamlar qalası*» hám basqa da kóp ǵana shıǵarmaları úlken áhmiyetke iye bolǵan. Ilimpazdıń ilim-pán aldındaǵı xızmetlerinen biri onıń yunan oyshıllarınıń shıǵarmaların talqılaǵanı hám olardı jańa pikirler menen bayıtqanlıǵı bolıp esaplanadı. Ol orta ásirde turaqlı bolǵan ilimler klassifikaciyasın dóretti.

***Farabiy*** yunan filosofiyasın tereń bilgeni, onı dúnyaǵa jayǵanı jáne zamanınıń ilimlerin puxta ózlestirip, pánlerdiń rawajlanıwına úlken úles qosqanı ushın Shıǵısta Arastudan (Aristotel) keyingi iri oyshıl — «*Muallim us-soniy*» hám «*Shıǵıs Arastusı*» atları menen dańqın shıǵardı. Ayırım tariyxıy dereklerde keltiriliwinshe, ***Farabiy*** 70 ten aslam tildi bilgen.

Oyshıl qaldırǵan miyras tek Shıǵıs mámleketlerinde emes, al Evropada da tarqaldı hám social-filosofiyalıq pikir rawajlanıwına sezilerli tásirin kórsetken.



Ábiw Áliy ibn Sina

**Ábiw Áliy ibn Sina.** **Ábiw Áliy ibn Sina 980-jılı** Buxara qasındaǵı **Afshana** awılında jergilikli hámeldarlardıń shańaraǵında dúnyaǵa keldi. Mektepti pitkergennen keyin, ustazı Ábiw Abdulladan logika, filosofiya, matematika hám shariyat nızamları haqqındaǵı (treologiya) ilimlerdi úyrenedi. On atlı jasınan baslap hár qıylı ilimler boyınsha

Shıǵıs hám Batıs alımlarınıń ilimiy shıǵarmaların óz betinshe úyrendi. Ásirese, ol medecina iliminiń áyyemgi jetik ulamaları **Gippokrat** hám **Galen** jáne orta ásir Shıǵısınıń ullı hákimi hám oyshılı **Ábiw Bákir ar-Raziy** (865—925)diń shıǵarmaların puqtalıq penen úyrenedi.

**Ibn Sina** on jeti jasında-aq itibarlı oyshıl hám alım bolıp jetisedi. Ol ámir ***Nux ibn Mansur***dı emlep táwir qılǵannan keyin, samaniylerdiń saray kitapxanasınan paydalanıwǵa ruxsat aladı. ***Ibn Sina*** Gurgenish (Úrgenish)tegi **Xorezm Mamun akademiyası** alımları qatarınan orın aladı. Ol **1037-jılı Xamadan**da jerlenedi.

*** Ábiw Áliy ibn Sina Shıǵısta «Shayx ur-rais», Batısta bolsa «Avicenna» atları menen dańqqa eristi.**

**Ibn Sina** 450 den artıq, atap aytqanda medicinaǵa baylanıslı 43 shıǵarma jazǵan. Onıń 5 tomlıq «*Al-qonun fit-tib*» («Tib qanunları» yaǵnıy «Medicina nızamları») atlı miynetinde keselliklerdiń kelip shıǵıw sebepleri hám derekleri, diagnostika, emlew usılları, dárilik ósimlikler jáne dári-darmaqlardıń qásiyetleri, nawqastıń awqattı tańlaw tártibi, insan salamatlıǵı ushın dene tárbiyasınıń áhmiyeti sıyaqlı kesellikti emlewdiń kóp ǵana áhmiyetli máselelerine ayrıqsha itibar berilgen. Onıń «*Al-qonun fit-tib*» shıǵarması **XII ásir**de-aq *latın tili*ne awdarılıp, **XVII ásirge** shekem Evropa medecinasında tiykarǵı qollanba sıpatında paydalanılǵan.



**Ábiw Rayxan Beruniy**

**Ábiw Rayxan Beruniy. Ábiw Rayxan Beruniy** (973—1048) Xorezmniń Kat qalasında tuwılıp, Úrgenishte bilim alǵan. Xorezmshax **Abıl Abbas Mamun II** sarayında toplanǵan alımlar menen birgelikte Mamun akademiyasında ilim dóretken. Xorezm ***Maxmud Ǵaznawiy*** tárepinen basıp alınǵannan soń, ***Beruniy*** menen birge basqa ilimpazlar **Ǵazna** qalasına alıp ketiledi hám ómiriniń aqırı-

na shekem sol jerde dóretiwshilik qıldı. ***Beruniy*** **1048-jılı Ǵaznada** dúnyadan ótken.

Beruniydiń astronomiya, geografiya, matematika hám tariyx pánleri boyınsha 160 tan aslam shıǵarmaları bizge shekem jetip kelgen. Onıń «*Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler*», «*Hindstan*», «*Mineralogiya*», «*Geodeziya*» usaǵan úlken shıǵarmaları mine usılar qatarınan. Ol óziniń astronomiyaǵa baylanıslı miynetlerinde ***Kopernik***ten bes ásir burın Jerdiń Quyash átirapında aylanıwı haqqındaǵı pikirdi orta ásirlerde birinshi bolıp alǵa qoydı. ***Beruniy*** Jerdiń domalaq formada ekenligin dálillep berdi. Ol **1029** juldızdıń koordinataları hám juldız shamaları kórsetilgen juldızlar kestesin jáne dúnyanıń geografiyalıq kartasın dúzgen. ***Beruniy*** evropalıq ilimpazlardan 450 jıl aldın Amerika materigi bar ekenligin boljap, óziniń shıǵarmalarında jazǵan. Beruniydiń Batıs yarım sharda úlken qurǵaqlıq bar ekenligi haqqındaǵı pikiri XV-XVI shıǵarmalarında tastıyıqlanǵan. ***Beruniy*** Jerdiń aylanıw uzınlıǵın ólshewde jańa usıl — matematikalıq usıldı islep shıqtı. Ol birinshi bolıp Jer sharı globusın dóretken. **Beruniy**diń ilimiy hám filosofiyalıq úlken miyrası sózsiz dúnya ilimi jáne mádeniyatı ǵáziynesinde qosılǵan úlken úles boldı.

**** ... eger Evropa Oyanıw dáwiriniń nátiyjeleri sıpatında ádebiyat hám kórkem óner shıǵarmaları, arxitektura durdanaları, medecina hám insandı ańlaw barısında jańa oylap tabılıwlar júzege kelgen bolsa, Shıǵıs Oyanıw dáwiriniń ózine tán qásiyetleri, aldın matematika, astronomiya, fizika, ximiya, geodeziya, farmakologiya, medecina sıyaqlı anıq hám tábiyǵıy pánlerdiń, sonday-aq, tariyx, filosofiya hám ádebiyattıń rawajlanıwında kórindi.***

**Islam KARIMOV**



1. «Bayt ul-hikma» qaysı qalada payda bolǵan? «Bayt ul-hikma» haqqında Ózbekistan milliy ensiklopediyasınan qosımsha maǵlıwmatlar tawıp dápterińizge jazıp alıń.
2. Ne ushın IX—XII ásirlerde elimizde ilim-pán joqarı dárejede rawajlandı?
3. Musa al-Xorezmiy hám Axmet al-Ferǵaniydiń matematika iliminde tutqan ornı nelerden ibarat?





4. «Mamun akademiyası» qaysı jılları jumıs alıp barǵan? «Mamun akademiyası» haqqında Ózbekistan milliy ensiklopediyasınan qosımsha maǵlıwmatlar tawıp dápterińizge jazıp alıń.

**Tómendegi kesteni Mawarawnnaxr hám Xorezmniń ullı oyshılları temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Ullı oyshıllar | Jasaǵan hám dóretiwshilik jılları | Qaysı pánler rawajlanıwına úles qosqan | Jazǵan shıǵarmaları |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 27-§. ÁDEBIYAT

**Tayanısh túsinikler:** ***túrkiy jazba ádebiyat, «Arab hám arab emesler ustazı», «Qutadǵu bilig», «Dewonu luǵatit túrk», «Hibat ul-haqayiq».***

**Túrkiy jazba ádebiyat. X-XII ásirler**de Mawarawnnaxr hám Shıǵıs Túrkstanda túrkiy xalıqlardıń áyyemnen dawam etip kiyatırǵan awızeki ádebiyatı menen bir qatarda, jazba ádebiyat júzege keledi. Qatar iri shıǵarmalar jazıldı. Olardan eń siyrek nusqaları **Yusup Has Hajib**tiń «*Qutadǵu bilig*», **Maxmud Qashqariy**diń «*Dewoni luǵat at-túrk*», **Axmet Yugnakiy**diń, «*Hibat ul haqayiq*», **Axmet Yassawiy**diń «*Hikmat*» sıyaqlı miynetleri.

Bul dáwirdıń túrkiy ádebiy tili, eski ózbek hám uyǵır tilleriniń payda bolıwında da áhmiyetli basqısh boldı.

**Maxmud az-Zamaxshariy. Ábılqasım Maxmud az-Zamaxshariy 1074-jı**lı Xorezmniń **Zamaxshar** degen awılında dúnyaǵa kelgen. Ilimge bolǵan umtılıwshılıq onı Buxara, Marı, Nishapur, Isfaxan, Sham, Baǵdad, Xırat hám Mekkede ómir súrip, arab tili hám ádebiyatın, diniy ilimlerin, xattotlik (sulıw jazıw) ónerin, arab maqalları, úrp-ádetlerin tereń úyreniwge sebep boldı. Ol aymaq geografiyasına tiyisli maǵlıwmatlardı toplaydı.

***Maxmud Zamaxshariy*** hár qıylı ilimlerge tiyisli 50 den aslam shıǵarmalar jazıp qaldırdı. Ásirese, onıń arab tili-

niń fonetikası hám morfologiyasına arnap jazılǵan «*Al-Mufassal*», Quranı kárimniń túsindirme tallawına tiyisli «*Al-Kashshof*» shıǵarması musılman áleminde belgili. ***Zamaxshariy*** «*Arab hám arab emeslerdiń ustazı*», «*Xorezm maqtanıshı*» degen dańqlı ataqlar menen ullılanǵan. Ol kóp shıǵarmaların Mekkede jazǵanlıǵı ushın «*Jorullah*» («*Allanıń qońsısı*») degen abıraylı ataqqa miyassar boladı. **Kair**daǵı dúnyaǵa dańqı ketken **Al-Azhar** diniy oqıw ornınıń studentleri házir de «*Al-Kashshaf*» tiykarında Quranı kárimdi úyrenedi. Ol sonday-aq, tariyxdaǵı birinshi kóp tilli sózlik – arabsha-parsı-túkiy sózliginiń tiykar salıwshısı bolǵan. ***Maxmud Zamaxshariy*** **1144-jılı** Xorezmde dúnyadan ótken.

**1995-jılı** Ózbekistanda ***Maxmud Zamaxshariy***diń **920-jıl**lıǵı keń belgilendi.

**Yusup Has Hajib.** Túrkiy ádebiyatshı, oyshıl hám mámleket ǵayratkeri bolǵan ***Yusup Has Hajib*** (XI ásir) «*Qutadǵu bilig*» dástanınıń avtorı. Ol qaraxaniylardıń oraylıq qalalarınan biri bolǵan **Balasaǵun**da tuwılǵan. ***Yusup*** bul jerde arab, parsı tili hám ondaǵı ádebiyatlardı puxta úyrendi. Filosofiya, logika, matematika hám basqa bilimlerdi tolıq iyeledi, mámleket isleri, keńse qaǵiydaları menen qızıqtı. ***Yusup***tıń ómiri hám iskerligi haqqındaǵı maǵlıwmatlar az. ***Yusup Has Hajib*** haqqında maǵlıwmat beriwshi derek «*Qutadǵu bilig*» dástanı bolıp tabıladı. Ol **1069-jılı** «*Qutadǵu bilig*» («*Saadatqa jetkeriwshi bilim*») shıǵarmasın **Balasaǵun**da jaza baslaydı hám **1070-jılı** Qashqarda tamamlaydı. Shıǵarmanı qaraxaniylar húkimdarlarınan biri bolǵan ***Tawǵash Buǵraxan***ǵa beredi. «*Qutadǵu bilig*» ***Tawǵash Buǵraxan***ǵa maqul kelip, ***Yusup***qa «*Has Hajib*» (esik aǵası) mártebesin berdi. Sonnan baslap onı ***Yusup Has Hajib*** dep atay basladı.

Shıǵarmada insan hám ónıń social áhmiyeti, ómirdegi ornı hám wazıypası hár tárepleme talqın etiledi. «*Qutadǵu bilig*» ápiwayı xalıq, miynetkesh insan óz aldına súwretlenedi. «*Qutadǵu bilig*»da tárbiya, ádep, sadıqlıq hám muxabbat sıyaqlı máseleler haqqında hikmetli sózler keltiriledi. Ol ilim hám aǵartıwshılıqqa saadattıń gilti

dep qaraydı. Sonıń ushın da óz dástanın «*Qutadǵu bilig*» dep ataydı. Ol ilim hám aǵartıwshılıqtı úgit násiyat etedi, ilimpazlardı húrmetleydi, mámleket baslıqların ilim-pán tiykarshılarınan bilim alıwǵa jáne olardıń máslahatları menen is kóriwge iytermeleydi.

**Maxmud Qashqariy.** **XI ásir**de jasap ótken **Maxmud Qashqariy**diń ómiri hám tvorchestvolıq iskerligi haqqında jeterli maǵlıwmat saqlap qalmaǵan. Ilimpazdıń tolıq atı ***Maxmud Qashqariy inb Xuseyn inb Muxammed.*** Sociallıq kelip shıǵıwı tárepinen qaraxaniyler dinastiyasına derek bolǵan. Jaslıǵında baslanǵısh bilim alıp, **Qashǵar, Buxara, Samarqand, Marı, Nishapur** qalalarında bilimin asırǵan. Ol arab, parsı, túrk sıyaqlı 7-8 tildi puxta iyelegen. **1056-1057-jıllar**ı mámlekettegi ishki qarama-qarsılıqlar nátiyjesinde ilimpaz óz watanın taslap, 15 jıl dawamında átiraptaǵı tilles xalıqlar arasında júriwge májbúr bolǵan. Usı jılları ol turkiy xalıqlar jasaytuǵın úlkelerdi gezip, bul jerlerdegi turkey qáwim hám urıwlar, olardıń kelip shıǵıwı hám atalıwı, jaylasqan orınları, úrp-ádetleri, ásirese, til qásiyetlerin jaqsılap úyrenedi. Sońınan Baǵdadqa barıp, **1072-jıl** dúnyaǵa belgili shıǵarması «*Dewonı luǵat at-túrk*» («*Túrkiy sózler dewonı*»)ti jazıp tamamladı.

***Maxmud Qashqariy***diń bul shıǵarması sol dáwirdegi Orta aziya xalıqları tariyxı, turmısı, mádeniyatı, úrp-ádetleri, ádebiyatın úyreniwde eń tawılmaytuǵın derek bolıp esaplanadı. «*Devonı luǵat at-túrk*» shıǵarması dáslepki universal sózlik bolıp, óziniń avtorın dúnyaǵa belgili ilimpaz etip belgili ettı. Bul shıǵarmada ilimpazlar turkey qáwim hám urıwlar (xalıqlar) tillerindegi sózlerdiń mánisin arab tilinde kórsetip beredi. ***Maxmud Qashqariy***diń shıǵarması, óziniń aytıwınsha, «*aldın hesh kim dúzbegen hám hesh kimge belgili bolmaǵan óz aldına bir tártipte*» dúzilgen. Soǵan baylanıslı, ***Maxmud Qashqariy*** turkiy xalıqlardıń tili, mádeniyatı, etnografiyası hám folklorınıń birinshi izleniwshisi esaplanadı. «*Dewonı luǵat at-túrk*»tiń bahası jáne sonda, ilimpaz óziniń shıǵarmasında dúnya kartasın kórsetken.

**Axmet Yugnakiy.** **XII ásir**de turkey tilde jazǵan shayır

hám oyshıllardan biri ***Axmet Yugnakiy*** edi. ***Axmet Yugnakiy***den jalǵız ádebiy miyras «*Hibat ul haqayıq*» («*Haqıyqatlar sawǵası*») saqlanıp qalǵan. Ol turkiy ádebiy tiliniń bahalı hám tabılmas esteligi bolıp esaplanadı. Óziniń shıǵarmasında ***Yusup Has Hajib*** sıyaqlı ilim-pán, ilimpazlardı qádirleydi, aǵartıwshılıqtı úgit-násiyat etedi, adamlardı ilimli hám aǵartıwshılıqqa shaqıradı.

***Yugnakiy*** ózin shayır emes, al ádeplilik muǵallimi, dep esaplaǵan. Ózine tán ádeplik kitabı bolǵan bul shıǵarmada Quranı kárim hám Hádisi sháriyf mánisleri sińdirilgen. Ol Islam dini ádebin engiziw, kámil insan tárbiyalap jetilistiriw maqseti menen jazılǵan.

**1.** Turkiy jazba ádebiyatlardan eń tawılmaytuǵın qádirlilerin kórsetiń.
**2.** Turkiy ádebiy til qaysı tillerdiń payda bolıwında áhmiyetli orınǵa iye?
**3.** Maxmud Zamaxshariy qay jerde tuwılǵan hám ol qaysı atlar menen qádirlengen?
**4.** «*Qutadǵu bilig*» shıǵarması kim tárepinen jazılǵan?
**5.** Maxmud Qashqariy hám onıń «*Devonı luǵat at-túrk*» shıǵarması haqqında aytıp beriń.
**6.** Nege Axmet Yugnakiy ózin shayır emes, al ádeplilik muǵallimi dep esaplaǵan?

**Tómendegi kesteni ádebiyat wákilleri haqqında maǵlıwmat penen toltırıń.**

| Ádebiyatshılar | Qashan jasaǵan? | Qaysı atlar menen qádirlengen? | Jazǵan shıǵarmaları |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 28-§. DINIY BILIMLERDIŃ RAWAJLANÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***hádis, kalam ilimi, fiqh, din, suffizw, tariqat, mafkura.***

**Imam al-Buxariy.** Dúnyalıq ilim alımları menen bir qatarda IX ásirde islam táliymatınıń rawajlanıwı jolında mawarawnnaxrlı áwliye ulamalardıń da xızmeti úlken boldı. Bul baǵdarda ásirese **Muxammed ibn Ismayıl**



**Samarqandtaǵı Imam al-Buxariy esteligi**

**al-Buxariy** (810-870) hám onıń zamanlası jáne shákirti **Ábiw Iysa Muxammed at-Termiziy** (824-894)lerdiń úlesi oǵada ullı boldı.

**Imam al-Buxariy** islam táliymatına tiyisli jigirmadan aslam shıǵarma jazdı. Onıń bir ǵana *«Al-jome as sahix»* shıǵarmasına **7275** hádis kirgizilgen.

**1998-jıldıń oktyabr**inde ullı oyshıl ***Imam al-Buxariy***diń tuwılǵanı keń túrde belgilendi. Samarqandtıń qasındaǵı **Xartang** awılında *«Imam al-Buxariy estelik kompleksi»* qurıldı. 4 tomlıq *«Al-Jomi as-sahix»* kitabı eń dáslep ózbek tilinde basılıp, kitap oqıwshılarǵa usınıldı.

*** Hádis (arabsha ańız, naqıl) — Islam dininde Quranan keyingi ullı derek, Muxammed payǵambar (s.a.v.)dıń dóretiwshiligi hám kórsetpeleri haqqında toplanǵan maǵlıwmatlardıń jıyındısı.**

**Ábiw Mansur al-Moturidiy.** Kalam iliminiń rawajlanıwına úlken úles qosqan ullı ulama **Ábiw Mansur al-Moturidiy** (870—944) Samarqandtıń qasındaǵı **Moturid** awılında tuwılǵan. ***Al-Moturidiy*** islam tárbiyası qaǵıydaları, ruwxıy-aǵartıwshılıqtı jetilistiriw sırlarınan bilim beriwge qaratılǵan bir qatar shıǵarmalar jazǵan. Olardan *«Kitob at-Tavhid»* (*«Allanıń birligi»*) hám *«Tàvilot ahl as-sunna»* (*«Jasalma dàstúrlerine sholıw»*) atlı shıǵarması ǵana saqlanıp qalǵan. Olarda diniy táliymat islam úrp-ádetleri insannıń kamal tabıwında, dúnya qarasınıń qáliplesiwindegi áhmiyeti sóz etilgen. ***Al-Moturidiy*** **944-jılı** Samarqandta dúnyadan ótken.



**Ábiw Mansur al-Moturidiy esteligi. Samarqand**

Ǵárezsizlik sharapatı menen diniy úrp-ádetlerimiz qayta tiklenip atırǵan

Watanımızda **2000-jılı noyabr**de ***Imam al-Moturidiy***diń **1130 jıllıǵı** belgilendi. Samarqandta ***al-Moturidiy*** húrmetine baǵıshlanǵan estelik kompleksi qurıldı, shıǵarmaları ózbek tilinde basıp shıǵarıldı.

***Islam dúnyasında «Musılmanlardıń isenimin dúzetiwshi» degen ullı ataqqa iye bolıwı, bul insanniń úlken aqıllılıǵınan, bilimliliginen hám shıdamlılıǵınan derek beredi.***

**Islam KARIMOV. «Joqarı mánawiyat — jeńilmes kúsh».**

**Burxaniddin al-Marǵiloniy.** Dańqı shıqqan fiqh (huqıq izertlewshi) ilimpazı **Burxaniddin al-Marǵiloniy 1117-jılı Rishtan**da (Ferǵana oypatlıǵı) dúnyaǵa kelgen. ***Al-Marǵiloniy***diń eń bahalı shıǵarması tórt tomlıq «*Hidoya*» shıǵarması bolıp esaplanadı. «*Hidoya*» islam huqıq tanıwshılıǵı boyınsha tolıq pitken shıǵarma bolıp, bir neshshe ásirler dawamında musılman mámleketlerindegi huqıq izertlewshiler ushın teoriyalıq hám ámeliy qollanba wazıypasın atqarıp kelgen. Kitap bir qansha tillerge awdarılǵan.

Házirgi kúnde áhmiyetli derek sıpatında paydalanılıp kelmekte. Sol sebepli ulama emes, al ápiwayı xalıq arasında da «*hidayat jolınıń sarbanı*» dep úlken húrmet itibar taptı. Burhanitdin val-milla (Islam dininiń dálili) degen ataqlı atqa iye boldı.

**2000-jılı *al-Marǵiloniy***diń tuwılǵan kúni belgilendi. Sol múnásibet penen Marǵulan qalası orayında Burxaniddin al-Marǵiloniyge estelik qurılıp, sol jerde onıń movzoleyi ornatıldı.

**Din.** IX—XIII ásirlerdiń ruwxıy turmısında islam dini áhmiyetli orın iyeleydi. Bul dáwirde musılman Shıǵısında keń tarqalıp, dúnya júzi dini dárejesine shekem kóterilgen islam dini xalıq turmısında belgili orın iyeleydi. Mawarawnnaxr xalqı islam dinin qabıl etip, sháriyat huqıqların orınlawǵa, arab tilin hám jazıwın úyreniwge kiristi. Oraylıq qalalarda bir qatar meshit hám medreseler boy tikledi.

**XII ásir**de bolsa Buxaranıń Dárwaza Mansur máhállesinde hátteki nızam menen shuǵıllanıwshılar ushın arnawlı «*Faqixlar medresesi*» qurılǵan. Bunday joqarı oqıw

ornı tiykarınan islam dini táliymatınıń tiykarģı derekleri: Quranı kárim, Hádisi sharif hám arab tilin jetik úyrenip biliwge úlken itibar berilgen. Sháriyat huqıqların hár tárepleme tereń úyretiwde «*Tafsir*» — Quranı kárimniń túsindirmeleri júdá bay hám qımbatlı derek bolıp esaplanǵan. Fiqh páni (islam huqıq tanıwı) ádep-ikramlılıq hám sháriyat huqıqları boyınsha jetik maǵlıwmat beredi.

Islam dini táliymatınıń rawajlanıwında hám onı úgit-násiyatlawdıń keńeyiwinde, ásirese Buxara qalası orayǵa aylandı. Buxara medreselerinen júdá kóp huqıq bilimi boyınsha jetik alımlar, qazılar, imamlar jetilisip shıǵadı. Sol sebepli **Buxara IX ásir**den baslap «*Qubbat ul-islam*» — «*Islam dininiń gúmbezi*» atı menen dańqın shıǵardı.

**Sufizm.** Sufizm orta ásirlerdegi musılman Shıǵısında keń tarqaladı. Bul táliymat dáslep VIII ásirdiń ortalarında Irakta júzege kelgen.

Sufizm táliymatınıń tiykarında insannıń xızmeti hám onıń jetilisiwi jatadı. Mawarawnnaxrdıń túrli úlkelerinde sufizmniń hár qıylı túrdegi tariqatları payda boladı. Túrkstanda **XII ásir**de *Yassawiya*, **XII ásirdiń aqırında** Xorezmde *Kubrawiya*, **XIV ásir**de Buxarada *Naqshbandiya* hám basqalar júzege keledi.

*** Sufizm — musılmanlardı hadallıqqa, páklikke, teńlikke insan qádir-qımbatın jerge urmawǵa shaqırıwshı, hár kimdi óziniń hadal miyneti menen jasawǵa, basqalardıń kúshinen paydalanbaslıqqa shaqırıwshı táliymat.**

*** Tariqat — sufizm qaǵıydalarına boysınıp jasaw, yaǵnıy, jetik insan dárejesine erisiwdi kórsetiwshi jol.**

Mawarawnnaxrda keń jayılǵan sufizm — *Yassawiya tariqatı* bolıp, oǵan ***Axmet Yassawiy*** tiykar saladı. Tariqattıń tiykarları Yasawiydiń belgili «*Hikmat*» shıǵarmasında bayan etiledi. Axmet Yassawiydiń pikiri boyınsha, *sháriyatsız tariqat, tariqatsız, aǵartıwshılıq, aǵartıwshılıqsız haqıyqat* bola almaydı. Olardıń hár biri ekinshisin tolıqtıradı hám jetilistiredi. Yassawiy tariqatınıń tiykarında jetilisip bólekleniw hám bul dúnyanı tárk etiw arqalı je-

tisiw ideyası alǵa qoyıladı. Oǵan tek ótkinshi dúnyanıń ráhátinen hám abadanshılıǵınan waz keship, bóleklenip qudayǵa bas iyip hám qulshılıq etiw jolında mashaqatlı miynet ete alǵan adam ǵana jetip baradı. Qullası, Yassawiy tariqatında bunday sháriyat jolında bolıwı jáne bul dúnyanı tárk etiw ideyası úgit-násiyat etilse de, insan ullı shaxs dárejesinde kóteriledi. Insannıń hár qanday mal dúnyadan hám dáwletten joqarı turıwı atap kórsetiledi.

Sufizm táliymatınıń ullı shaxslarınıń jáne biri **Nájimatdin Kubra** (1145—1221) edi. Ol Xorezmde «*Kubrawiya*» tariqatına tiykar saladı.

Yassawiy tariqatınan onıń parqı, Kubrawiya tariqatı dúnyanı tárk etiwdi biykarlaydı. Jetilisiw jolında alıp barılatuǵın mashaqatlı miynettiń barısında bul dúnyanıń barlıq jaqsılıqlarınan, házliklerinen paydalanıwǵa múmkin bolǵan ideyasın alǵa ilgeriletedi. Kubrawiya tariqatında xalıqqa hám Watanǵa bolǵan muhabbat oǵada kúshli bolıp, hár qanday awır payıtlarda da miynetkeshler massası menen birge bolıwǵa, Watandı qorǵawǵa jáne onıń ǵárezsizligi ushın gúreske shaqıraladı.

Sufizm **XIV ásir**ge kelip *Naqshbandiya* tariqatında taǵı da rawajlanıwǵa erisedi. Oǵan **Bahawatdin Naqshband** tiykar saladı. Ol **1318-jıl**ı Buxaranıń qasındaǵı **Qasrı Hinduwan** awılında gezlemelerge naǵıs salıwshı ónerment shańaraǵında dúnyaǵa keledi. Jaslıǵında oqıw hám bilim alıw menen bir qatarda parsha gezlemelerge gúl salıwdı puqtalıq penen úyrenip, ata kásibin iyelegen.

**Xoja Bahawatdin** «*Hayatnama*» hám «*Dálil al-oshiqin*» atlı shıǵarmalar jazıp, óziniń tariqatın payda etedi. Naqshbandiya tariqatı Mawarawnnaxr, Xorasan hám Xorezmde keń tarqaladı. Naqshbandiya tariqatı insanlardı hadal hám pák bolıwǵa, óz miyneti menen kún kóriwge mútájlerge qayır tiygizip, sadaqa beriwge, haq niyetke hám kishipeyil bolıwǵa shaqıradı. Onıń «*Dil ba yor-u dast ba kor*» («Kewliń Allada bolsın da, qolıń miynet penen bánt bolsın») degen hikmeti Naqshbandiya tariqatınıń turmıslıq mánisin sáwlelendiredi. Ol bul dúnyanı tárk etiwdi biykar etip, miynet súyiwshilikke, ádillikke hám bilimlilikti

úgit-násiyat etedi. Naqshbandiya taliymatınıń rawajlanıwına keyingi ásirlerde **Áliysher Nawayı, Ábdiraxman Jámiy, Xoja Axror** sıyaqlı ullı oyshıl ilımpazlar úlken úles qosadı.

Ǵárezsizlik sharapatı menen **Axmet Yassawiy, Bahawatdin Naqshband, Najmitdin Kubra** sıyaqlı babalarımızdıń áziz atları tiklendi, jasaǵan jerleri abadanlastırıldı. Shıǵarmaları basıp shıǵarılıp, olardıń bahalı ruwxıy miyraslarınan házirgi áwladlar paydalanbaqta. Islam tálim-tárbiyası tiykarında ata-babalarımız kamal tawıp, ózinen ómirlik óshpes tariyxıy iz qaldırdı.

1. Mawarawnnaxrlı ullı ulamalardan kimlerdi bilesiz?
2. Al-Moturidiy qanday shıǵarmalar jazǵan?
3. Ruwxıy turmısta islam dininiń áhmiyeti nede?
4. Sufizm qanday táliymat?
5. Yassawiya tariqatınıń tiykarında qanday kózqaras ústinlik etedi?
6. Kubrawiya tariqatındaǵı watandı súyiwshilik ideyaların táriyiplep beriń.
7. Naqshbandiya tariqatı insanlardı nege shaqıradı?

## 29-§. ARXITEKTURA, KÓRKEM ÓNER HÁM MUZÍKA

**Tayanısh túsinikler:** ***arxitektura, kórkem óner, naǵıs soǵıwshılıq, oymashılıq, kalligrafiya, shashmaqam.***

**Arxitektura**. Orta ásir sociallıq-siyasiy dúzimi hám islam dini ideologiyası mádeniy turmıstıń bul tarawına da kúshli tásir qıldı. **Samarqand, Buxara, Úrgenish, Termiz, Ózgen** hám **Marı** sıyaqlı qalalarda bul dáwirlerde kóplegen saraylar, meshit, medrese, minara, mavzoley, tim jáne kárwansaraylar qurıladı. Buxaradaǵı *Ismayıl Samaniy* mavzoleyi, *Namazgah* meshiti, *Minarai Kalon* jáne *Vabkent* hám *Jarqorǵan minaraları* usı dáwirdiń rawajlanǵan arxitekturasınıń úlgileri bolıp esaplanadı.



**Vabkent minarası (XII ásir)**

Bul dáwirde jonılǵan tas, pisken

gerbish hám suwǵa shıdamlı qurılıs eritindilerinen hár qıylı suw qurılısları: suw saqlaǵıshlar — bógetler, nawalar, kópirler, sardobalar hám keriz (jer astı suwǵarıw kanalı)ler qurıladı. Bunday qurılıslardıń ólshemleri mátematikalıq kóz qarastan oǵada puqta islengen. Mısalı, **X ásir**de Nurata taw dizbeklerindegi Pástaw jırası tosqınlap qurılǵan **Xanbándi** suw saqlaǵıshına 1,5 *mln* metr kub suw toplanǵan. Bóget granit tası hám suwǵa shıdamlı qurılıs eritindilerinen qurılǵan. Bul suw saqlaǵıshtı qurıwda suwdıń vertikal, gorizontal basım kúshleri hám bul aymaqlarda tez-tez bolıp turatuǵın jer silkiniwlerdiń kúshlerin de esapqa alǵan. Bul, sózsiz, **XVII ásir**de francuz fizigi **Blez Paskal** ashqan suwdıń basım kúshi haqqındaǵı nızamnıń payda bolıwınan 7 ásir burın mawarawnnaxrlı injenerlerge belgili bolǵanın tastıyıqlaydı.



**Jarqorǵan minarası (XII-ásir)**

**X ásir**den baslap qurılıs islerinde karkaslı imaratlar keń tarqaladı. *Jekke karkaslı* hám *qoskarkaslı* qurılıslardıń tirek bórenelerinen baslap, baǵanaları menen qaptaldaǵı hám ústine kesesine salınǵan bórenelerine shekem aǵashlardı bir-birine kiygiziw usılında qurılıp, karkaslar arası qam gerbish yamasa ılaydan urıp shıǵılǵan. Bunday imaratlardı qurıw házirgi kúnge shekem saqlanıp kelmekte. **Afrasiyab, Varaxsha, Buxara** hám **Paykend** qalalarınıń qarabaqanalarınan qazıp ashılǵan turaq jaylardıń qaldıqlarınan belgili bolıwınsha, X—XI ásirlerde de **paqsa** hám **qam gerbish**ten qurılǵan imaratlar qala arxitekturasında tiykarǵı orındı iyelegen.



**X ásir suw saqlaǵıshınıń tońırtqası Xanbándi**

**Naǵıs soǵıwshılıq, oymashılıq hám kalligrafiya.** IX—XII ásirdiń baslarında arxitektura menen *naǵıs salıwshılıq*

hám *oymashılıq* óneri de rawajlanǵan. Imarattıń portalı, esigi hám diywaldıń ayırım bólekleri hár túrli mazmundaǵı jazıwlar menen qaplanar edi.

Bul dáwirde *kalligrafiya* (sulıw jazıw) xalıq kórkem-óneriniń áhmiyetli hám keń tarqalǵan tarawlarınıń biri edi. Ele kitap basıp shıǵarıw oylap tabılmaǵanlıǵı sebepli, qol jazba kitaplardan nusqalar tek qolda jazılıwına baylanıslı kalligrafiya óneri bir qansha rawajlandı. Túrli usılda sulıw jazılǵan kalligrafiyalıq úlgiler arxitekturalıq naǵıslarda da turmıstı sáwlelendiriwshi mazmun hám estetikalıq zawıq beriwshi bezew sıpatında paydalanıladı.

**Muzıka óneri.** IX—XIII ásirdiń baslarında muzıka óneri de oǵada rawajlanǵan edi. Bayramlar, toylar, xalıq seyilleri hám basqa da máresimler sózsiz, sáz-sáwbetsiz hám qosıqsız ótpeytuǵın edi. Bul dáwirdegi sazendeler arfa, tanbur, ǵobız, rubab, nay, sırnay, karnay, qosnay hám qonun (citraǵa qusaǵan tarlı saz ásbapı) sıyaqlı tarlı, urıp hám úplep shertiletuǵın muzıkalıq ásbaplardan paydalanǵan.

Xalıq sazlarınıń tiykarında sońın ala tájik hám ózbek xalıqlarınıń klassik naması «*Shashmaqam*» ushın tırnaq bolǵan «*Rost*», «*Xusravoniy*», «*Boda*», «*Ushshaq*», «*Zerafkanda*», «*Buzruk*», «*Sipoxan*», «*Nawa*», «*Basta*», «*Tarona*» sıyaqlı jańa-jańa namalar dóretilgen. Muzıka óneri sózsiz poeziya hám muzıkanı izertlewshi ilim menen ajıralmas baylanısqan jaǵdayda rawajlanadı.

*** Shashmaqam — (parsı tilinde — altı hám maqam) — ózbek hám tájik xalıqları muzıka miyrasında oraylıq orın tutqan mumtaz nama hám qosıqlar toplamı.**

1. IX-XII ásirlerdegi arxitekturalıq úlgileri haqqında aytıp beriń. Olar haqqında qosımsha ádebiyatlardan maǵlıwmatlar toplań.
2. Naǵıs soǵıwshılıq, oymashılıq hám kalligrafiya óneri qanday rawajlanadı?
3. «Shashmaqam» degen ne?

# V BAP
# AMIR TEMUR HÁM TEMURIYLER DÁWIRI TARIYXÍ

## 30-§. XIV ÁSIRDIŃ ORTALARÍNDA MAWARAWNNAXDA SOCIAL-SIYASIY JAĠDAY

**Tayanısh túsinikler:** ***Siyasiy pıtırańqılıq, siyasiy gúres maydanı, mámleket ǵárezsizligi ushın gúres, sarbadarlar.***

**Siyasiy pıtırańqılıq. XIV ásirdiń 50—60-jıllar**ında Mawarawnnaxr 10 ǵa jaqın ǵárezsiz bekliklerge bólinip ketken. Ol jerdegi hákimler ózleriniń hákimi *mutlaq* (*máńgilik*) dep daǵazalaydı. Mámlekettegi hár bir wálayat óz aldına húkimdarlıqqa ajıralıp, olar ortasında kelispewshilik kúsheyip ketedi hám qanlı urıslarǵa aylanadı. Siyasiy pıtırańqılıq, óz ara urıs hám jánjeller ekonomikalıq jetispewshilikke sebep bolıp, mámleket xalqın, ásirese, diyqanlar xojalıǵın wayran qılǵan edi.

Bunıń ústine Shıǵıs Túrkstan hám Jetisuwda dúzilgen Monǵolstan xanları bir neshe mártebe Mawarawnnaxrǵa qaray atlanıs jasap, onı talaǵan. Monǵolstan ámirleriniń wayranshılıqqa alıp kelgen talawshılıq atlanıslarına, eziwshiligine hám zulımlıǵına qarsı xalıq háreketi baslanadı.

Mine usınday óz ara ishki urıslardıń qızǵan, monǵollar zulımlıǵına qarsı miynetkesh xalıq háreketleri baslanǵan dáwirde, mámlekette jańa siyasiy kúsh jetilispekte edi.

**Ámir Temurdıń jaslıq dáwiri.** ***Ámir Temur*** Kesh (Shaxrisabz) wálayatındaǵı **Xoja Ílǵar** awılı(Yakkabaǵ rayonı) nda **1336-jıl 9-aprel** kúni dúnyaǵa kelgen. Onıń tolıq atı ***Ámir Temur ibn Ámir Taraǵay ibn Ámir Barqul*** bolǵan. Ámir Temurdıń anası **Takina xatun** Kesh eliniń abıraylı biykelerınen esaplanǵan. Onıń ákesi ***Ámir Taraǵay*** barlas urıwınıń aqsaqallarınan bolıp, ata-babaları Kesh hám Nasaf wálayatında óz múlklerine iye bolǵan hám bul jurtta hákimlik qılǵan.

***Ámir Temur***dıń jaslıǵı tuwılǵan eli Keshte ótken. ***Ámir***

***Tarağay*** balasın hasılzadalarğa jarasa oqıtqan hám hár tárepleme bilim bergen: úlken-kishi menen qatnas ilimin, aw qılıw hám áskeriy ilimlerdi úyretken. Jas Temurdı jeti jasqa tolğanda medresege oqıwğa beredi. Ol medresege kelgende álipbeden jaqsı xabardar bolğan. On eki jasınan baslap balalarğa tán bolğan ermek oyınlardan waz keship, keyinirek óziniń qatarları menen sıpahiylikke tiyisli oyınlar menen shuğıllanadı. ***Ámir Temur*** jaslayınan-aq shabandozlıqqa hám ańshılıqqa ıshqıpaz bolıp, sarıjaydan nıshanağa oq atıwdı, at shawıp túrli shınıǵıwlardı hám áskeriy oyınlar menen shuğıllanıwdı jaqtıratuğın edi. Usı aralıqta ***Ámir Temur*** tulparlardı tańlap ajırata alatuğın sheber shabandoz hám dáwjúrek bahadır sıpatında er jetedi. Onıń átirapına balalıqtağı dosları hám mekteplesleri toplanıp, birgelikte shınıǵıwlar isleytuğın, jarıslarğa qatnasıp, nóker bolıp, áskeriy toparğa birlesip, qáliplese baslağan edi. Keyin ala olar ***Ámir Temur*** menen birge sap tartıp, onıń armiyasında láshker bası dárejesine shekem kóterilgen. ***Ámir Temur*** men júzbe-júz otırıp sáwbetlesiwge miyassar bolğan ullı arab filosofı Ibn Xaldunnıń aytıwınsha, ***Ámir Temur*** túrk, arab, parsı xalıqları tariyxın tereń úyrengen, diniy, dúnyalıq hám filosofiyalıq bilimlerdiń eń quramalı táreplerine shekem jaqsı ózlestire alğan insan eken.

Óziniń dáslepki áskeriy háreketin ***Ámir Temur*** qol astındağı nókerleri menen ayırım wálayat ámirlerine xızmet etiwden baslağan. Olardıń óz ara gúreslerinde qatnasıp, mártlik kórsetken hám sawashlarda shınıqqan. Áskeriy sheberlik hám joqarı dárejedegi keńpeyillilik ***Ámir Temur***dıń dańqın asırıp, onıń atı pútkil Qashqadárya alabı, atap aytqanda Kesh wálayatına jayılğan.

***Ámir Temur*** Shığatay xanlarınan ***Qazağan***nıń aqlığı, **Ámir Xuseyn**niń qarındası **Uljay Turkan Oğa**nı óz nekesine alıwı sebepli ***Ámir Temur*** menen Balx hákimi **Ámir Xuseyin** ortasında awqam júzege keledi.

**Ámir Temurdıń siyasiy gúres maydanına kirip keli-**

**wi. XIV ásirdiń 50-jıllarınıń aqırın**da Mawarawnnaxrdaǵı ámirlerdiń óz ara gúresi kúsheyip, mámlekette siyasiy pıtırańqılıq háwijge shıǵadı. Mońǵolstan xanları Mawarawnnaxrdaǵı awır siyasiy awhaldan paydalanıp, bul úlkede óz hákimiyatın ornatıwǵa háreket etedi. Mońǵolıstan xanı **Tuǵluq Temur 1360-1361 jılları** Mawarawnnaxrǵa izli-izinen eki mártebe basıp kiredi. Mawarawnnaxr ámirleri xalıqqa bas bolıp mońǵol basqınshılarına qarsı gúreske shıǵa almaydı. ***Ámir Temur***dıń ámekisi – Kesh wálayatınıń húkimdarı **Ámir Hajı Barlos** Xorasan tárepke qashadı. 24 jasar ***Ámir Temur*** bolsa basqasha jol tutadı.



**Sahibqıran Amir Temur**

***Ámir Temur*** óz elin mońǵollar jawızlıǵınan qorǵaw ushın kóp oylap, ***Tuǵlıq Temur***tıń aldına barıwdı aldına maqset etip qoyadı. Nátiyjede ol ***Tuǵlıq Temur***dıń jarlıǵı menen Kesh wálayatınıń *doruǵası* (hákimi) etip saylanadı.

*** Daruǵa – mońǵolsha «baqlawshı», «qala baslıǵı» degen mánisti beredi. Mońǵollar mámleketinde jergilikli hákimler qabıllawındaǵı ullı qoon wákili, nayıbı. Daruǵaǵa tómendegi wazıypalar júklengen: xalıqtı esapqa alıw; jergilikli xalıqtan armiya toplaw; pochta baylanısların jolǵa qoyıw; salıqlar jıynaw; toplanǵan salıq tólemlerin ullı qoon sarayına jetkeriw.**

Usılay etip ***Ámir Temur*** Mawarawnnaxrda siyasiy gúres máydanına kirip keldi. Keyinirek, óziniń bul háreketin ***Temurbek*** xalıqtı mońǵollar tárepinen talan-taraj etiwden qorǵawdıń bir jolı – puxta oylanǵan reje 100 mıń adamlıq armiyadan kúshlı dep túsindirdi.

**Tuǵlıq Temur**dıń balası **Ilyasxoja**nı Mawarawnnaxrdıń húkimdarı etip, Mońǵolstanǵa qaytıp ketedi. ***Ilyas-***

***xoja*** menen ***Ámir Temur***dıń kelisimi bolmadı. Sol sebepli Mawarawnnaxrdıń eń abıraylı ámirleriniń biri, Balx hákimi ***Ámir Xuseyn*** menen awqam dúzip, monǵollarǵa qarsı gúres alıp baradı. **1363-jılı** Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı **Qundız** qalası qasında dushpan ústinen jeńiske erisedi. Keyingi eki jıl dawamında awqamlaslar ***Ilyasxoja*** basshılıǵındaǵı jeta láskerleri menen bir neshe mártebe urısadı. Eń sońında **1364-jıl**dıń aqırında olar monǵollardı Mawarawnnaxrdan quwıp shıǵaradı.

Biraq, Mawarawnnaxrdı qoldan shıǵarıwdı qálemegen Ilyasxoja **1365-jıldıń báhár**inde jáne Mawarawnnaxrǵa atlanısın baslaydı. Eki ortadaǵı sawash **1365-jıl 22-may** kúni Tashkent penen Shınaz ortasındaǵı Shırshıq dáryasınıń boyında bolıp ótedi. Tariyxta ol «*Ilaylı sawash*» atı menen belgili bolǵan. Óytkeni, sol kúni kúshli nóser jawın quyıp, sawash maydanı batpaqlıqqa aylanǵan, hátte atlar ılayǵa batıp qalǵan.

Sawashta ***Ámir Temur***dıń áskeri jeńisli háreket etip, dushpan armiyasınıń ońqanatına kúshli soqqı berip atırǵan bir waqıtta, ***Xuseyin*** óz áskerlerin dushpanınıń shep qanatına qaldırmay, sawash maydanın tárk etedi. ***Ámir Temur*** sheginiwge májbúr boladı.

Bul jeńisten keyin **Ilyasxoja** hesh qanday qarsılıqqa ushıramay, **Xojend** hám **Jizzax** qalaların iyelep, **Samarqand**qa qarap atlanıs baslaydı. Samarqandta qurallı armiya bolmasa da, xalıq qalanı qorǵawdı óz qolına aladı. Uzaq dawam etken monǵollardıń húkimdarlıǵına qarsı kóterilgen bul xalıq háreketi tariyxta *Sarbadarlar qozǵalısı* degen at penen belgili boladı.

**Samarqan sarbadarları.** Sarbadarlar qozǵalısı **XIV ásir**diń **60-jıllar**ında Mawarawnnaxrda monǵol xanlarınıń hújimi nátiyjesinde júzege keldi. Samarqand sarbadarlarına mudarris (bilimge qushtar) **Máwlenzada Samarqandiy**, ónerment **Ábiw Bákir Kalaviy** hám qala máhállelériniń biriniń aqsaqalı, sheber mergen **Xurdaki Buxariy**ler basshılıq etetuǵın edi. Sarbadarlar monǵollarǵa Samarqand qalasında kúshli soqqı berdi. Bunıń ústine onıń atlarınıń arasında awırıw tarqalıp, atları qırılıp óle basladı. Sharasız

qalǵan ***Ilyasxoja*** dáslep Samarqand, keyin bolsa pútkil Mawarawnnaxrdı taslap shıǵıp ketiwge májbúr boladı.

Sarbadarlar bay dáwletli múlik iyeleriniń mal-múlki konfiskaciyalanıp jarlılarǵa tarqatıladı. Bul húkimdar qatlamlardıń keskin narazılıǵına sebep boldı.

Sarbadarlar basshılıǵındaǵı samarqandlılardıń mońǵollar xanı ***Ilyasxoja*** ústinen erisken jeńisi hám qaladaǵı turaqsızlıq haqqındaǵı xabar Ámir Temur menen ***Ámir Xuseyin***ge de barıp jetti. 1366-jıldıń báhárinde olar Samarqandqa jol aladı hám qala janındaǵı Konigil jerine kelip toqtaydı. Bekler sarbadarlardıń jetekshileri menen sóylesiw alıp bardı. Ushırasıwdıń birinshi kúninde bekler olarǵa húrmet kórsetildi. Biraq erteńine ***Ábiw Bákir Kuluiy*** menen **Xurdakiy Buxariyler** ***Ámir Xuseyinniń*** buyrıǵı menen darǵa asıladı. Bunnan kesh xabar tapqan Ámir Temur ortaǵa túsip ***Ámir Xuseyin***nen Máwlenzadanı qutqarıp qaladı.



*** Sarbadarlar (parsı tilinde «sar» – bas, «dor» – dar; basın darǵa tikkenler) – XIV ásirde Iran hám Orta Aziyada mońǵollar zulımına qarsı xalıq kóterilisi qatnasshıları. Kóteriliste barlıq xalıq qatnasqan. Sarbadarlar maqsetke erisiw ushın azatlıq jolında darǵa asılıwǵa da tayyarmız dep gúres alıp barǵan.**

Usınday jol menen sarbadarlar baslıqsız qaldırılıp, háreket bastırıladı. Mawarawnnaxrda ***Ámir Xuseyin***niń húkimdarlıǵı ornatıladı. Biraq kóp waqıt ótpey ***Xuseyin*** menen ***Ámir Temur*** arasındaǵı qatnasıq keskinlesip, ashıqtan-ashıq jánjelge aylanadı. **1366—1370-jıllar** dawamında olardıń ortasında óz ara soqlıǵısıwlar da boladı.



1. Ne sebepten Mawarawnnaxrda siyasiy tarqalıw kúsheydi?
2. Ámir Temurdıń jaslıǵı, óspirimlik dáwiri haqqında nelerdi bilesiz?
3. Ámir Temur qanday jaǵdayda siyasiy gúres maydanına kirip keldi?



**4.** «Ilaylı sawash» haqqında aytıp beriń.
**5.** Sarbadarlar kimler, olar haqqında nelerdi bilip aldıńız?
**6.** Ámir Temur haqqında qanday kitaplar oqıdıńız?

**Tómendegi kesteni toltırıń. Usı sánelerde qanday waqıyalar bolıp ótdi?**

| | |
|---|---|
| **XIV ásirdiń 50–60-jılları** | **1363-jıl** |
| **1336-jıl 9-aprel** | **1365-jıl 22-may** |
| **1360–1361-jıllar** | **1366–1370-jıllar** |

## 31-§. ÁMIR TEMUR — ORAYLASQAN MÁMLEKET TIYKARÍN SALÍWSHÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Ámir Temur húkimdarlığınıń baslanıwı, Joqarı hákimiyat belgisi, Oraylasqan mámleket, Mawarawnnaxr hám Xorasannıń birlestiriliwi.***

**Ámir Temurdıń hákimiyat basına keliwi.** **XIV ásirdiń 60-jıllar**ında Mawarawnnaxrda húkim súrgen awır siyasiy hám ekonomikalıq jağday mámleketti birlestirip, kúshli bir mámleket dúziwdi talap etetuğın edi. ***Ámir Temur*** óz zamanınıń bunday talabın basqa ámirlerge qarağanda jaqsıraq túsiner edi. Sonıń ushın da, ol oraylasqan mámleket dúziwge kiristi. Bunday maqsetti ámelge asırıwda ol ruwxanıylar, áskeriy adamlar, sawdagerler hám qala ónermentleri toparına súyenedi. ***Ámir Temur*** bul úlken maqsetti júzege shığarıw ushın dáslep ishki dushpanlarğa qarsı gúresten baslaydı.

**1370-jıldıń báhár**inde ***Ámir Temur*** barlıq áskerleri menen kúshli qarsılas – Balx húkimdarı ***Ámir Xuseyin***ge qarsı jolğa shığadı. Armiya Termiz qasındağı *Biya awılına* jetkende onıń qabıllawına belgili ulamalardan ***Sayyid Baraka*** keledi. **Sayyid Baraka** ***Ámir Temur***dıń xızmetlerin qollap-quwatlap, oğan Joqarı hákimiyat belgisi *tabe* ***(dáp)*** menen *bayraq* sawğa etip, onıń ullı keleshegin boljaw etedi. Sózsiz bul waqıya siyasiy áhmiyetke iye edi. Sebebi *dáp* penen *bayraq,* musılmanlar ádeti boyınsha taj-taxt simvolı bolıp, onı joqarı mártebeli ruwxaniydiń qolınan alıw tez arada onıń taj-taxt hám saltanat iyesi bolıwına belgi edi.

***Ámir Temur*** áskerleri Balxqa jetip barǵansha, jol-jónekey oǵan jańadan-jańa kúshler kelip qosıladı. Bul waqıtqa kelip***, Ámir Xuseyin***nıń kópshilik ámirleri onı tárk etedi. Sawashta ***Ámir Xuseyin*** áskerleri jeńiledi, eki kúnlik qamaldan soń **1370-jıldıń 10-aprel**inde Balx qalası ***Ámir Temur***ǵa táslim boladı. ***Ámir Xuseyin*** tutqınǵa alınıp óltiriledi.

**Erteńine bolıp ó**tken qurıltayda ***Ámir Temur***dıń húkimdarlıǵı rásmiy túrde tán alınıp, ol *Mawarawnnaxrdıń ámiri* dep járiyalanadı.

**Oraylasqan mámleketiń dúziliwi.** Mámleketti siyasiy hám ekonomikalıq jaqtan bekkemlep, kópten beri dawam etip kiyatırgan ishki ıdırawshılıqqa shek qoyıw, tınıshlıqtı saqlaw maqsetinde ***Ámir Temur*** **1370-jıl iyul** ayında, Samarqandta úlken qurıltay shaqırdı. Qurıltayda oraylıq mámleket dúzimin qáliplestiriw hám armiya dúziw máseleleri kórip shıǵıldı. **Samarqand** mámlekettiń paytaxtı dep daǵazalandı. Samarqandta bekkem diywallar, qorǵanlar jáne saraylar qurıladı. Bul imaratlar Samarqandtiń monǵollar tárepinen wayran etilgeninen keyin 15 jıl ótkennen keyin, birinshi márte qurılǵan ulıwma mámleketlik qurılıslar  edi.

***Ámir Temur*** mámlekette nızam hám tártip islerin engizedi. Arnawlı armiya dúzilip, oǵan úlken qolaylıqlar beredi. Ol iri áskeriy bólimler baslıqların hám sipoxsolor saylaydı.

***Ámir Temur*** taxtqa otırǵannan keyin, Shaǵatay ulısınıń barlıq jerlerin boysındırdı. Sahibqıran Sırdárya deltasındaǵı jerlerdi, Tashkent wálayatın, Ferǵana alabı hám Xorezmdi óz hákimshiligine kirgizdi. ***Ámir Temur*** **1372-jıl**dan baslap Xorezmge bes mártebe áskeriy atlanıs jasadı, Xorezm **1388-jılı** úzil-kesil boysındırıldı.

**1381-jılı** *Xirat, Seiston, Mazandaran* iyelendi. Sonnan keyin *Saraxs, Jom, Qavsiya, Sabzavar* qalaları da sawashsız ***Ámir Temur***ǵa boysındı hám onıń qaramaǵına ótti. Usılay etip, ***Ámir Temur*** Mawarawnnaxr, Xorasan hám Xorezmdi birlestirip, iri oraylasqan mámleket dúzdi.

Bul úlken aymaqta jasawshı xalıqlardıń birlesiwi olardıń táǵdirinde unamlı áhmiyetke iye boldı.

1. Ámir Temur menen Ámir Xuseyin arasındaǵı kelispewshilik qalay juwmaqlandı?
2. 1370-jıl 11-aprelde ótkerilgen qurıltaydıń tariyxıy áhmiyeti nelerden ibarat?
3. Samarqand qalasın qaytadan qurıwda Ámir Temurdıń xızmeti haqqında nelerdi bilip aldıńız?
4. Mawarawnnaxrdıń shıǵıs aymaqları qanday jol menen birlestirildi?
5. Xorezm atlanısları hám onıń nátiyjesi haqqında aytıp beriń.
6. Bul dáwirde Ámir Temurdıń tariyxıy xızmeti neden ibarat boldı?

## 32-§. ÁMIR TEMUR SALTANATINIŃ HÁKIMSHILIK HÁM ÁSKERIY DÚZILISI

**Tayanısh túsinikler:** ***saltanat basqarıwı, armiya dúzilisi, áskeriy atlanıslar, suyurǵal jerler, «Temur tuzukleri».***

**Saltanat basqarıwı.** Sahıpqıran Ámir Temur óz zamanınıń talap, mútájliklerinen kelip shıǵıp mámleket basqarıwın jetilistirdi, oǵan jańasha ruwh hám mazmun berdi. Mámlekettiń quramlıq dúzilisi áskeriy-siyasiy tártiplerge tiykarlanǵan bolsa da, jámiyet rawajlanıwı, barlıq jámiyetshilik qatlamlardıń máplerin támiyinlew názerde tutılǵan edi.

Ámir Temur saltanatında mámleket basqarıwı eki basqarıwdan: **saray** hám **wázirlik**ten ibarat bolǵan. Saraydı Joqarı húkimdardıń ózi basqarǵan. Atqarıwshı hákimiyat—keńseni keńse biyi (bas wázir) basqarǵan. Keńsede áskeriy wázir, múlikshilik hám salıq jumısları wáziri, ekonomika wáziri is júrgizgen. Bulardan tısqarı, shegaralas hám baǵınıshlı mámleketlerdiń basqarıwı menen shuǵıllanıwshı jáne úsh wázir bolıp, olar keńse biyine esap berip turǵan.

Ishki hám sırtqı waqıyalardan xabardar etiwshi mıńnan ibarat piyada, mıń at mingen xabarshılar bolǵan. Pút-

kil saltanat boylap bir kúnlik jol aralıǵında yomxanalar shólkemlestirilgen. Hár bir yomda 50-200 baslı at saqlanǵan. Sahıpqıran mámleketti basqarıwda óziniń jaqınlarına súyenedi.

Sahıpqıran mámleketti basqarıw islerinde islamnıń nızam hám qaǵıydalarına tiykarlanǵan. Onıń Quranı kárim hám Hádiske múnásebeti tábiyǵıy hám joqarı dárejede bolǵan. Payǵambar áwladları, shayıqlarǵa húrmeti sheksiz edi. Mámleketti kúsheytiwde de tap sonday kúshlerge tayanıp jumıs alıp barǵan.

**Suyurǵal jerler.** Ámir Temur úlken saltanat qaramaǵındaǵı úlkelerdi tiykarınan tórt bólim (ulus)qa bólip, balları, aqlıqları hám xızmet kórsetken ámirlerge suyurǵal túrinde inam etedi. Mawarawnnaxrdan tısqarı óz qaramaǵındaǵı barlıq wálayat hám mámleketlerdi Ámir Temur óliminen biraz aldın bala hám aqlıqları arasında bilay bólistiredi: Xorasan, Mazandaran hám Seystandı (orayı **Xirat**) ***Shahruh***ga, Batıs Iran, Ázerbayjan, Irak hám Armeniya (orayi **Tabriz**) ***Miranshax***qa, Parsını, yaǵnıy Irannıń qubla bólimi (orayı **Sheroz**) ***Omarshayx***qa, Awǵanstan hám Arqa Hindstan (orayı **Ǵazna**, keyinirek **Balx**) ***Pirmuxammed***ke suyurǵal etip berilgen.

Ulıslar oraylıq húkimetke boysınsa da, biraq olar belgili ǵárezsizlikke iye edi. Ulıs húkimdarlarınıń óz aldına mámleket diywanxanası, armiyası bar edi. Olardıń oraylıq húkimetke baǵınıwı xirajdıń bir bólimin Samarqandqa jiberip turıw hám joqarı húkimdar áskeriy atlanıslarında óz armiyası menen qatnasıw yamasa talap etilgen áskerdi jiberip turıwdan ibarat edi.

**Armiya dúzilisi.** Ámir Temur mámleket ǵarezsizligi hám qorǵanıw jolındaǵı ishki hám sırtqı siyasatında tiykarınan armiyaǵa súyenetuǵın edi. Sonıń ushın ol ásker baslıqların tańlaw hám olardı tárbiyalaw, áskeriy bólimler jáne olardıń jaylasıw tártibi, nóker hám shabarmanlardıń qurallanıwı jáne ishki tártip máselelerine júdá úlken áhmiyet beretuǵın edi.

Sahıpqıran tártipli armiya dúziwge, urıs waqtında ar-

miya bólimlerin aqıllılıq penen basqarıwǵa, sawash táǵdirin sheshetuǵın jerlerge áskeriy bólimlerdi tezlik penen jiberiwge, tosqınlıqlardı isbilermenlik penen joq etiwge, armiyadaǵı áskeriy ruwxtı joqarı dárejede uslap turıwǵa erisken.

Ámir Temur armiyasına sharwadarlar qatarı jergilikli xalıqtan da ásker toplanǵan. Áskeriy bólimlerdi wálayatlardan toplaw menen *tavoshi* lawazımındaǵı ámeldarlar shuǵıllanatuǵın edi. Armiyada áskeriy kúshlerdiń tiykarın dúzgen atlı áskerler menen bir qatarda piyadalar da xızmet etken. Ámir Temur armiyası san jaǵınan anıq dúzilgen, onıń jawınger quramı rawajlanıp barǵan, óz zamanınıń aldıńǵı qural hám texnikası menen támiyinlengen, bólimler bir-birinen kiyim-kenshek, bayraq hám tuwları menen parıqlanadı. Bunday parıqlanıw sawashta armiyanı basqarıwda qol keledi.

Ámir Temur áskerleri onlıq áskeriy birikpeler tiykarnda dúzilgen áskeriy bólimlerden ibarat edi. Láshker **tuman** — on mıńlıq, **hazora** — mıńlıq, **armiya** — júzlik hám **ayl** — onlıq birikpelerine bólingen. Ámir Temur on mıńlıq áskerdi basqarıw ushın **tuman aǵası**, mıńlıq bólimler ushın **mirixazora**, júzlikler ushın **armiya basshısı** hám onlıqlar ushın bolsa **aylbası** usaǵan áskeriy dárejelerdi tastıyıqlaydı.

Sahıpqıran Shıǵısta birinshilerden bolıp armiyaǵa oq atatuǵın qural – toptı alıp kirgen. Tawlı aymaqlarda sawash háreketlerin alıp barıwshı arnawlı áskeriy bólim hám kishi bólimler dúzilgen. ***Ibn Arabshax***tıń guwalıq beriwinshe, Sahıpqıran armiyasında hayallardan ibarat kishi bólimler bolıp, olar erkekler menen bir sapta turǵan, qaharmanlıq hám shıdamlılıq úlgilerin kórsetken.

**Urısqa kirisiw usılı.** Áskeriy atlanıs waqtında aldında *xabarshılar*, olar arasınan *jasawıl* bólimi, onnan keyinirekte *mańlay*—avangard bólimi baratuǵın edi. Mańlay menen armiyanıń tiykarǵı bólimleri aralıǵında bolsa komandirdiń turar ornı hám onıń átirapında rezerv bólimler jaylasqan bolıp, ol «*izofa*» dep aytılǵan.

Ámir Temur armiyasınıń tiykarǵı jawınger bólimleri *oray*, óń — *buranǵar* hám sol — *juwanǵar* qanatlarınan

ibarat bolǵan. Hár bir qanattıń aldında birewden qosımsha qorıqshı mańlay — *avangard*ı, qaptal tárepte bolsa birewden qorıqshı áskeriy qosımshalar — *kanbullar* bolatuǵın edi. Usılay etip armiya jeti bólim — *qullar*dan ibarat edi. **Sharapatdin Áliy Yazdiy** armiyanı jeti qolǵa — bólimge bólip jaylastırıw tártibin birinshi bolıp Ámir Temur oylap tapqan edi dep jazadı. Bul qullar sawashta erkin háreket etip, tek ǵana armiya komandirine boysınǵan.

Ámir Temur urısıwdıń jańasha áskeriy usılların qollaǵan. Atap aytqanda, sawash waqtında armiya qanatların dushpan hújiminen qorǵaw hám óz náwbetinde, dushpan kúshlerin qaptal tárepten aylanıp ótip, oǵan arqadan soqqı beriw maqsetinde dúzilgen – qanbuldiń engiziliwi bolǵan.

**Ámir Temurdıń áskeriy atlanısları.** Ámir Temurdıń hár bir áskeriy atlanısına túrtki bolatuǵın sebep bar edi. Bul sebepler – óz mámleketiniń shegaraların bekkemlew, sırtqı dushpanlardan qorǵanıw, kárwan jolların túrli jol tosıwshılardan tazalaw, qıyanet etetuǵın, satqın, aldawshılardı jazalaw, boysınbaǵanlardı baǵındırıw, óziniń siyasiy tásirin keńeytiwden ibarat bolǵanlıǵın tariyxıy dereklerden bilip alıw múmkin.

Ámir Temur járdeminde **Toqtamıs Altın Orda** taxtın iyeleydı. Keyinirek ***Toqtamıs*** satqınlıq jolına kiredi. Ol Ámir Temurǵa qarsı ashıqtan-ashıq gúreske ótedi. Nátiyjede Ámir Temur ***Toqtamıs***qa qarsı úsh márte atlanıs jasawǵa májbúr boladı.

Sońǵı kúshli sawash **1395-jıldıń 15-aprel**inde Arqa Kavkazda **Tarak** (Terek) dáryasınıń boyında júz berdi. Sawashta Ámir Temur áskerleri dushpanǵa qarsı attan túsip, onı oq jay menen atıw usılın qollandı. Oq hám qılısh soqqısına shıday almaǵan ***Toqtamıs*** áskeriniń dizilgen qatarı buzılıp, artqa sheginedi hám tarqalıp ketti. ***Toqtamısxan*** sanawlı áskerleri menen qashıp sheńgelzarǵa kirdi hám ańlıp kiyatırǵan qarsılaslarınan jasırındı.

Rossiya tariyxshıları ***B.D. Grekov*** hám A.***Y. Yakubovskiy***lerdiń aytıwına qaraǵanda Ámir Temurdıń Toqtamıs ústinen erisken jeńisi tek ǵana Orta Aziya ushın emes,

bálki pútkil shıǵıs Evropa, sonday-aq Rus knyazlikleriniń birlesiwleri ushın da úlken áhmiyetke iye bolǵan edi.

Ámir Temur óz saltanatınıń qubla shegaraların bekkemlew hám keńeytiw maqsetinde **Iran, Ázerbayjan, Irak, Sham** (Siriya)ǵa úsh márte atlanıs jasaydı. Bul atlanıslar tariyxta *úsh jıllıq, bes jıllıq* hám *jeti jıllıq urıslar* dep atalǵan.

Ámir Temur óz ıqtıyarı menen táslim bolıp, molı aman tólegen qalalarǵa tiymegen, armiyalardı bunday qalalarǵa kirgizbegen. **1398—1399-jıllar**da Hindstanǵa atlanadı hám Dehlidi iyeleydi.

Keń kólemli áskeriy atlanıslar nátiyjesinde Sahıpqıran Ámir Temur saltanatınıń shegarası Osmanlı túrkler mámleketi shegarasına barıp taqaldı. Ámir Temur Osmanlı túrkler sultanı **Bayazid Jıldırım** menen baylanıstı jaqsılaw tárepdarı bolǵan. Bayazid *qaraqoyınlılar, muzaffariyler, jalayıriyler*diń Ámir Temurǵa qarsı háreketlerin qollap quwatlaǵan. Solar sebepli bul eki mámleket arasında soqlıǵısıw bolıwı múmkin bolıp qaldı.

Ámir Temur menen ***Sultan Bayazid*** áskerleri arasındaǵı sheshiwshi urıs **1402-jılı 20-iyul**da Ankaraǵa jaqın jer Shubuqda boladı. Bul sawash tariyxta «*Ankara sawashı*» dep ataladı. Uzaq dawam etken ayawsız sawashta Saqıpqıran kúshleri túrk armiyasın tas-talqan etedi. ***Sultan Bayazid*** tutqınǵa alınadı.

Bayazid ústinen erisilgen jeńis penen Ámir Temurdı Franciya, Angliya jáne Leon korolları qutlıqlap, oǵan óziniń jaqsı tileklerin jollaydı. Sebebi, Sahıpqıran jańa oyanıp atırǵan Evropaǵa úlken qáwip salıp turǵan Osmanlı túrkler mámleketine soqqı berip, pútkil Evropanıń qutqarıwshısına aylanǵan edi.

Kishi Aziyadan Samarqandqa qaytqan Ámir Temur **1404-jıldıń 27-noyabr**inde 200 mıń ásker menen Samarqandtan Qıtay saparına shıqtı. Biraq Qıtayǵa atlanıs Ámir Temurdıń tosattan qaytıs bolıp qalıwı **(1405-jıl 18-fevral)** sebepli ámelge aspay qaldı.

**«Temur tuzukleri».** Ámir Temur tiri waqtında-aq onıń áskeriy óneri hám mámleket basqarıw usılına baǵıshlanǵan arnawlı shıǵarma jaratılıp, ol **«Temur tuzukleri»** ataması menen dańq shıǵarǵan. Onda mámleketti basqarıwda kimlerge tayanıw, tajı-taxt iyeleriniń tutımı hám wazıypaları, wázir hám armiya baslıqların saylaw tártipleri belgilep berilgen. Ámir Temurdıń «*... mámleket jumıslarınıń toǵız úlesin keńes, ilaj hám jıyılıs, qalǵan bir úlesin qılısh penen ámelge asırdım*», «*Kúsh — ádillikte*» degen sózleri, onıń mámleketti sana-sezim hám ádillik penen basqarǵanlıǵınan derek beredi.

Solay etip, Sahıpqıran Ámir Temur mámleketti basqarıw hám áskeriy tarawda ózine tán usıl jaratıp, sol tiykarda dúzgen mámleketi menen dúnyanı lal qaldırdı.

**1.** Ámir Temur saltanatı qalay basqarılǵan?
**2.** Ámir Temur mámleketindegi ulıslardıń tiykarǵı qásiyeti neden ibarat bolǵan?
**3.** Suyurǵal jerler kimlerge, ne ushın berilgen?
**4.** Ámir Temur armiyası qanday tártipte dúzilgen? Shıńǵısxan armiyasınan nesi menen parıqlanadı?
**5.** Ámir Temur qanday usılda urısqa kirgen?
**6.** «Temur tuzukleri»nde neler bayan etilgen?

**Tómendegi kesteni Ámir Temur saltanatında mámleket basqarıwı temasına tiyisli maǵlıwmatlar menen toltırıń.**

| Mámleket basqarıwı | Ulıslar | Armiya túri | Sawashqa kirisiw usılı |
|---|---|---|---|
| | | | |

## 33-§. ÁMIR TEMURDÍŃ SÍRTQÍ SIYASATÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Shıǵıs hám Batıs mámleketleri menen qatnasıqlar, diplomatiyalıq qatnasıqlar, elshilerdiń keliwi, Ullı Jipek jolındaǵı sawda qatnasıqları.***

**Sırtqı siyasat.** Ámir Temur mámleketi menen Vizantiya, Túrkiya, Hindstan, Ispaniya, Franciya, Angliya, Al-

tın Orda, Mońǵolstan, Qıtay sıyaqlı mámleketler ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy baylanıslar ornatdı. Ámir Temur mámleketiniń sırtqı siyasatı óz aldına mámleket qáwipsizligin támiyinlew; qońsı mámleketlerde óz tásirin bekkemlew; Turkiya, Hindstan, Qıtay, Veneciya, Ispaniya, Franciya hám Angliya menen ekonomikalıq, elshilik, mádeniy baylanıslardı ornatıw hám rawajlandırıw sıyaqlı wazıypalardı qoyǵan.

**XIV ásirdiń aqırlar**ında payda bolǵan xalıq aralıq jaǵday sebepli Ámir Temur mámleketi, Turkiya, Mısr hám Altın Orda eń qúdiretli mámleketler sıpatında siyasiy maydanǵa shıqtı. Bul dáwirde Ámir Temurǵa Mońǵolstan, Altın Orda hám Mısır menen awqamdaǵı Usmaniylar Turkiyası qarama-qarsı turatuǵın edi.

**Mońǵolstan menen qatnasıqlar.** Mawarawnnaxr mońǵollardan azat etilip, mámlekette Ámir Temur hákimiyatı ornatıldı, biraq onıń jerleri ele tınısh emes edi. Mońǵolstanda ulus bekleriniń kóterilisleri hám olardıń Tashkent wálayatı menen Ferǵana alabında talanshılıq júz berip turatuǵın edi. Arqa tárepte Aq Ordada Joshı ulısınıń taj-taxtı ushın gúres kúsheygen, olardıń Xorezm húkimdarları menen qosılıp, Buxara, Charjuy hám Qarshı ústine qılǵan talanshılıq atlanısları dawam etetuǵın edi.

Bulardı joq qılmay turıp, Ámir Temur óz mámleketiniń qáwipsizligin támiyinley almaytuǵın edi. Dereklerdiń guwalıq beriwinshe, Ámir Temur bul máseleni sóylesiwler jolı menen sheshiwge urındı. Biraq paydası bolmadı. Onı qural menen sheshiwge májbúr boldı. Ámir Temur **1371-1390-jıllar**da alıp barǵan jeti áskeriy atlanıstan keyin Mońǵolstanda tınıshlıq ornatıw hám onı óziniń tásir sheńberine kirgizip alıwǵa eristi.

**Mısr menen baylanıslar.** Ámir Temur menen Mısr sultanı ***Barquq*** ortasındaǵı rásmiy baylanıslar **1385-jıl**dan baslanǵan edi. **1386-1405-jıllar** dawamında Ámir Temur menen Mısr sultanları, sonday-aq olardıń Sırdárya nayıbları ortasında shama menen 25 márte xat hám elshiler

almasıwı boldı. Ámir Temur Mısr sultanı ***Barquq*** penen doslıq qatnaslar ornatıwı, sawdager hám sawda adamları biymálel bardı-keldilerdi ámelge asırıwları, bunnan keyin ortada hesh qanday kórealmaslıq háreketleri bolmaslıǵı haqqında usınıslar bildirip óz elshilerin jibergen edi. Biraq ***Sultan Barquq*** Ámir Temur jibergen elshilerdi óltirip, usınıslardı qabıllamaydı. Keyinirek Ámir Temur Sultan Bayazid ústinen jeńiske eriskennen keyin, Mısr óz boysınǵanlıǵın bildirdi.

**Altın Orda menen qatnasıqlar.** Ámir Temur járdeminde **Toqtamis** Altın Orda taxtına kelgen bolsa da, onıń Marawannaxrǵa Mısr, Irak hám Túrkiya menen áskeriy awqam dúzip, Ámir Temurǵa soqqı bermekshi boldı. **1384-jılı** Toxtamısqannıń elshisi Mısr sultanı ***Barquq*** penen ushırasıwda Ámir Temurdı joq etiw usınısın kirgizdi. Bunday usınısqa usı jılı Mısrǵa kelgen Túrkiya hám Sivas elshileri mámleketleri Ámir Temurǵa qarsı bolǵan áskeriy awqamǵa qosılıwın ayttı. Turkiya, Mısr hám Altın Ordanıń óz ara jaqınlasıwı Ámir Temur mámleketine tuwrı qáwip tuwdıradı. Sonıń ushın Ámir Temur bul áskeriy awqamnıń háreketke keliwine jol qoymadı. Ámir Temur awqamshılardı birewlep saptan shıǵarıw siyasatın tuttı. **1395-jılı** Toqtamısxanǵa, **1402-jılı** Jıldırım Bayazidke qaqsatıwshı soqqılar berdi.

**Qitay hám Hindstan menen qatnasıqlar.** Shıǵıstıń eń úlken mámleketlerinen Qıtay menen qatnasıqlar Ámir Temur dáwirinde ádewir awırlasıp qalǵan edi. Buǵan Qıtay húkimdarlarınıń ullı húkimranlıq siyasatı sebep bolǵan edi. Min imperatorları Qıtayǵa qońsı bolǵan mámleketlerdi Qıtayǵa qaraslı mámleketler dep esaplaytuǵın edi. Ámir Temurdıń elshileri hám sawdagerleri alıp barǵan sawda-sálemlerin bolsa ulpan dep ataytuǵın edi. Temur hám Qıtay elshileri menen soǵan jarasa qatnasta boldı. ***Klavixo***nıń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, **1404-jılı** Samarqandqa kelgen Qıtay imperatorınıń elshileri basqa mámleket elshilerinen joqarıǵa ótkizip qoyılǵan edi. Ámir Temur buyrıǵı menen olar da basqa mámleketler qa-

tarınan ózine jarasa orınǵa, tómenirekke ótkizilgeni belgili boldı.

**Xalıq aralıq siyasiy jaǵday.** Sahıpqıran Ámir Temur jáhán siyasiy turmısına da tásir kórsetti. Bul dáwirde, bir tárepten, sultan Bayazidtiń Balkan yarım atawı mámleketlerine salıstırǵanda qısımı kúsheyip, pútkil Evropaǵa qáwip salıp atırǵan edi. Ekinshi tárepten, Bayazidtiń ózi Batısqa qarap kúshli háreket penen jılısıp baratırǵan qáwipli qarsılas – Ámir Temurdıń kúshli qısımına duwshar bolǵan. Bunday siyasiy jaǵdayda Bayazidke qarsı kúshlerdiń belgili dárejede birlesiwi tábiyǵıy edi.

Dáslep Bayazidten jeńilip, óz jeri hám múliklerinen ayrılǵan Kishi Aziya mámleketleriniń húkimdarları Ámir Temurdan járdem sorap, onıń Qarabaqtaǵı láshker turatuǵın jerine (lager) barıp toqtaydı. Hátte Vizantiya hám Galatadaǵı Genuya hákiminiń nayıbı, Franciya koroli hám Sultaniya qalasınıń katolik missioneri Ámir Temurdan járdem soradı. Bunıń ornına olar áskeriy atlanıs waqtında oǵan járdem beriw jáne Konstantinopol hám Peranıń Bayazidke tólep kelgen bajını bunnan bılay Ámir Temurǵa tólewge wáde etedi. Bunday usınıs sózsiz Ámir Temurǵa maqul túsedi. Sebebi, Turkiyanıń teńiz jaǵalarındaǵı Tayanıshınan ajıratıw ushın oǵan teńizden járdem zárúr edi. Solay etip, XIV ásirdiń aqırı hám XV ásir baslarında Sultan Bayazidke soqqı beriw ushın qolay siyasiy jaǵday júzege keledi. Bul jaǵdaydan Ámir Temur ustalıq penen paydalandı.

**Elshilik baylanısları.** Ankara janında túrklerdiń 160 mıń adamlıq armiyası ústinen erisken ullı jeńisinen soń Ámir Temurdıń Batıs Evropa mámleketleri menen bolǵan baylanıslarınıń mazmunı túp tamırınan ózgeredi. Bunnan keyin Ámir Temur olar menen doslıq qatnasıqlardı bekkemlew hám óz ara sawda-satlıq baylanısların jolǵa qoyıw usaǵan máselelerge áhmiyet beredi.

Ámir Temur **1402-jıl** jazda Franciya hám Angliyada arnawlı elshiler arqalı ***Karl VI*** hám ***Genrix IV*** atlarına

xatlar jollaydı. Elshiler Parijge **1403-jıl** may ayında jetip baradı. Elshiler eki mámlekettiń sawdagerleri ushın erkin sawda qatnasıqların alıp barıwın támiyinlew hám eger korol jáne gercoglar razı bolsa, bul erkin sawdanı tiyisli pitim yamasa shártnama menen bekkemlewdi usınıs etken.

Franciya koroli ***Karl VI*** **1403-jıl 15-iyun**da Ámir Temurǵa jollaǵan juwap xatında málim bolıwınsha, Ámir Temurdıń usınısları Franciya tárepinen quwanıshlı qabıl etilgen.

Mine usı dáwirde Ámir Temurdıń Angliya koroli **Genrix IV** penen alıp barǵan diplomatiyalıq qatnasıqlarında batıs wálayatlar hákimi **Miranshax** belsendili qatnastı. Arqa Iran, Irak, Tabriz hám Sultaniyanı óz ishine alǵan múlikler hákimi ***Miranshax*** Ámir Temurdıń qartayıp qalǵan dáwirinde Batıs Evropa húkimdarlarınıń dıqqat-itibarın ózine qaratadı. Bul dáwirde ol Evropa mámleketleri menen óz ara sawda baylanısların janlandırıw maqsetinde xristian ruwxanıylerine tileklesligin bildirip, sawdagerlerdiń qáwipsizligin támiyinlew barısında ilajlardı ámelge asıradı. Sol sebepli batısta ***Miranshax*** tez arada «*katolik aǵımınıń támiyinlewshisi*» sıpatında abırayǵa iye boldı.

Kastiliya (Ispaniya) koroli **Genrix III** Shıǵıs penen júdá qızıǵıp qalǵan edi. **1402-jıldıń báhárinde** dáslep Ispaniya elshileri Ámir Temurdıń Kishi Aziyadaǵı jasaw ornına jiberiledi. Elshilerge Ámir Temur menen Bayazidtiń kúsh-qúdireti, baylıǵı hám armiyasınıń sanın biliw jáne olardıń qol astında jasap atırǵan xalıqlardıń úrp-ádetleri, dini hám nızamları haqqında anıq maǵlıwmatlar toplaw tapsırıladı. Shıǵıs hám Batıs mámleketleriniń elshileri qatarında Ispaniya elshileri de Ámir Temur tárepinen qabıl etilip, korol atına jazılǵan arnawlı xat hám sawǵalar menen qaytarıladı. Olarǵa qosıp Ámir Temur **Muxammedqazı** isimli óz wákilin Ispaniyaǵa elshi etip jiberedi. ***Genrix III*** **1403-jılı** Ámir Temurdıń aldına ekinshi márte arnawlı elshiler jiberedi. Oǵan ***Klavixo*** baslıq etip tayınlanadı.

Ispaniya elshileri Samarqandta Ámir Temur tárepinen saltanatlı qabıl etilip, olarǵa úlken itibar hám jaqsı húrmet kórsetiledi.

**Klavixo** basshılıǵındaǵı Ispaniya elshileri **1404-jıl**dıń **sentyabr-noyabr** aylarında Samarqandta boladı. Ámir Temurdıń Qıtayǵa qaray atlanısınıń múnásibeti menen basqa kóplegen mámleketlerdiń elshileri menen bir qatarda Ispaniya elshileri de **1404-jıldıń 21-noyabr**inde Samarqandtan jóneltip jiberiledi. ***Klavixo*** Ispaniyaǵa **1406-jıl**dıń **mart** ayında qaytıp baradı. ***Klavixo***nıń saparı dawamında alǵan tásirleri «*Ullı Temur tariyxı*» hám «*Temur turar jayı*», «*Samarqandqa sayaxat kúndeligi*» atamasında ispan tilinde bir neshe márte basılıp shıǵarıladı.

**Sırtqı sawda.** Ámir Temur óziniń mámleketi paytaxtı Samarqand átirapında boy tiklegen bir qansha jańa awıllardı Shıǵıstıń belgili qalaları **Dimishq** (Damashq), **Mısr** (Qoxira), **Baǵdad, Sultaniya** hám **Sheraz** atları menen atadı. Sebebi, Samarqand úlkenligi, gózzallıǵı jáne átirapınıń abadanshılıǵı tárepinen dúnyadaǵı eń úlken qalalardan da ústin turıwı zárúr edi.

Sırtqı sawda da Samarqand úlken orın tutqan. Samarqandta túrli mámleketlerden, tiykarınan Xorasannan metallar, Hind hám Sindten yaqut, almaz, Qıtaydan atlas, shay, mushq jáne basqa zatlar, basqa mámleketlerden altın hám gúmis alıp kelinetuǵın edi. ***Klavixo*** Qıtay paytaxtı Xanbalıqtan 800 túyeli sawda kárwanı kelgenligin óz kúndeligine jazǵan. Bul dáwirde Ámir Temur hám onıń jergilikli nayıbları Qıtay hám Hindstannan Orta Aziya arqalı Jaqın Shıǵıs hám Evropa mámleketlerine baratuǵın xalıq aralıq sawda jolı — Ullı jipek jolında sawda kárwanlarınıń qatnawınıń qáwipsizligin támiyinlew boyınsha zárúr ilajlar kórilgen. Shıǵıs hám Batıs arasında sawda-satlıq hám elshilik baylanısları keńeydi. Bul bolsa Ámir Temur mámleketiniń sırtqı ekonomikalıq hám elshilik baylanıslarınıń turaqlılıǵına alıp keldi.

1. Ámir Temur mámleketi menen qaysı mámleketler ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy baylanıslar ornattı?
2. Ámir Temur sırtqı siyasatında óz aldına qanday wazıypalar qoyǵan?
3. XIV ásirdiń aqırlarında qaysı mámleketler eń qudiretli mámleketler sıpatında siyasiy maydanǵa shıqtı?
4. XV ásir baslarındaǵı xalıq aralıq siyasiy jaǵday qalay edi?
5. Evropa húkimdarları ne ushın Ámir Temur menen diplomatiyalıq baylanıslar ornatıwǵa háreket etedi?
6. Ne ushın Miranshax batısqa «katolik aǵımınıń támiyinlewshısi» degen sıpat penen belgili boldı? qanday arxitekturalıq imaratlar qurdırdı?
7. Ne ushın Ámir Temur Samarqand átirapındaǵı awıllardıń atın Shıǵıstıń belgili qalalarınıń atı menen atadı?

## 34-§. ÁMIR TEMURDÍŃ JÁHÁN TARIYXÍNDA TUTQAN ORNÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Ámir Temurdıń Watananımız hám jáhán tariyxında tutqan ornı, Ámir Temur jáhán hám milliy tariyxshılardıń itibarında, ǵárezsizlik jıllarında Ámir Temur esteliginiń tikleniwi.***

**Ámir Temurdıń Watanımız ham jáhán tariyxında tutqan ornı.** Ámir Temur 35 jıl dawamında mámleketti basqardı. Hindstan hám Qıtaydan Qara teńizge shekem hám Aral teńizinen Parsı qoltıǵına shekem bolǵan júdá úlken aymaq orap alǵan úlken saltanattı payda etti. Bunnan tısqarı, Kishi Aziya, Siriya, Mısr hám Tómengi Volga, Don boyları, Balxash kóli jáne Elsuwı dáryası, Arqa Hindstanǵa shekem bolǵan mámleketlerdi ózine boysındırdı. Ol tek ǵana Mawarawnnaxr jáne Túrkstandı abat qılmastan, bálki boysındırılǵan mámleketlerdiń qalaların da qaytadan qurdı. **Baǵdad, Dárbent** hám **Baylakan** qalaları mine usılar qatarınan. Eń áhmiyetlisi Iran, Ázerbayjan hám Iraktaǵı tarqalıw hám biybastalıqqa shek qoyıp, Shıǵıs penen Batıstı baylanıstırıwshı áyyemgi kár-

wan jolların tikledi. Bunıń menen tek ǵana Mawarawnnaxr, bálki Uzaq hám Jaqın Shıǵıs mámleketleriniń ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına, xalıqlar hám mámleketlerdi bir-biri menen jaqınlastırıwǵa úlken úles qostı.

Ámir Temur Evropanıń Franciya, Angliya hám Kastiliya sıyaqlı úlken korollikleri menen tikkeley sawda hám diplomatiyalıq qatnasıqlar ornattı. Siyasiy tarqalıw tamamlanıp, oraylasqan mámlekettiń dúziliwi úlken unamlı nátiyjelerge alıp keldi. Mámleket islep shıǵarıw kúshlerin hám monǵollardıń bir yarım ásirlik húkimdarlıǵı nátiyjesinde daǵdarısqa ushıraǵan ekonomikanı tiklew ushın qolay sharayat júzege keldi. Áyne sol waqıtta xojalıqtıń tiykarı bolǵan suwǵarma diyqanshılıqta belgili ilgerilewler júz berdi. Jańadan-jańa kanallar qazılıp, suwǵarmalı diyqanshılıq maydanları keńeydi. Ónermentshilik, ishki hám sırtqı sawda rawajlandı, ilim jáne mádeniyat rawajlanıp qalalar abadanlastı hám tıǵızlastı.

**Ámir Temur jáhán hám milliy tariyxshılardıń itibarında.** Sahipqıran Ámir Temur belgili mámleketlik isker, sheber sárkarda sıpatında Ózbekistanda mámleketshiliktiń rawajlanıwında belgili orın tutadı. Tariyxıy dereklerde Ámir Temur Sahıpqıran atı menen bir qatarda «*Sahibi jáhán*» jáne «*Sahibi adl*» — «*Ádillik sahıbı*» atları menen húrmetke ılayıq. Xalıq aralıq UNESKO shólkeminiń baslaması menen **1996-jılı** Ámir Temurdıń tuwılǵan kúni keń túrde belgilendi hám sol jılı «Ámir Temur jılı» dep járiyalandı.

***Ámir Temurdıń tiykarǵı tariyxıy xızmeti sonnan ibarat, onıń húkumdarlıǵı dáwirinde Evropa hám Aziya materikleri birinshi márte ózleriniń geosiyasiy maydanda jasaytuǵınlardı sezedi.***

***Bul, ásirese bugin júdá áhmiyetli. Sebebi insaniyat sonı túsindi, biz hámmemiz bir-birimizge baylanıslı, óz ara baylanısta jasaytuǵın ekenbiz, demek, endi jańa hám qáwipsiz dúnya tártibatın ornatıw ushın imkaniyat payda boldı.***

**I.A. KARIMOV,**
**Ózbekistan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti**

**1402-jılı** dúnyaǵa ásirese, Balqan yarımaralı jáne Evropadaǵı xalıqlar hám mámleketlerdi qorqıtqan Túrkiya sultanı ***Bayazid I Jıldırım***dı wayran etkennen keyin francuzlar Ámir Temurdıń altınnan háykelin qoydırıp, astına «Evropa qutqarıwshısına» dep jazdırıp qoyılǵan eken. Búgin bul ullı insandı ullı qurıwshı, ullı mámleketlik isker, sheber sárkarda, ilim-pán hám mádeniyat támiyinlewshisi sıpatında pútkil dúnya tán aladı. Mámleketlik iskerler, ilimpazlar háziret sahıpqıran haqqında jaqsı pikirlerdi aytpaqta, onıń ómiri hám iskerligine joqarı baha bermekte.

Evropa ilimpazlarınıń Ámir Temurǵa hám onıń iskerligine qızıǵıwı XVI ásirden baslanǵan edi. **1553-jılı** Italiyanıń Florenciya qalasında italıyalıq ilimpaz ***Perondino***nıń «*Skifiyalıq Tamerlannıń ullılıǵı*» shıǵarması basıp shıǵarıldı. Bul Evropa ilimpazlarınıń Ámir Temur haqqındaǵı birinshi ilimiy izertlewi edi. Bul shıǵarmada ispan tariyxshısı ***Pero Meksika***nıń «*Ullı Temur tariyxı*» shıǵarması basıp shıǵarıladı. **1582-jılı** Seveliyada belgili Ispaniya elshisi ***Klavixo***nıń «*Estelikler*» kitabı baspadan shıqtı. Anglichan dramaturgı ***Xristofor Morlo***nıń «*Ullı Temur*» atlı saxna shıǵarması da usı shıǵarmada dóretildi. Sonnan beri ullı Sahıpqıranǵa baǵıshlanǵan shıǵarmalardıń izi úzilmeydi. Házirgi waqıtqa kelip Ámir Temur hám Temuriylar haqqında 33 mámlekette 500 den aslam shet ellik izertlewshilerdiń shıǵarmaları basıp shıǵarılǵan.

Sovet dáwirinde Ámir Temurdıń atı hám iskerligi ádalatsızlıq penen qatnasta bolıp, bir tárepleme baha berip kelindi. Soǵan qaramastan, **1968-jılı** filosof ilimpaz ***I.I. Muminov***tıń «*Ámir Temurdıń Orta Aziya tariyxında tutqan ornı hám roli*» traktatınıń basıp shıǵarılıwı jámiyetshiliktiń bul temaǵa qızıǵıwshılıǵın jánede háwij aldırdı. Shıǵarma keskin qaralawǵa ushıradı. Biraq ***I.I. Muminov***tıń Ámir Temurdı úyreniw baslaması menen shıǵıwı bul onıń ilimiy qaharmanlıq hám ullı watan súyiwshiliginiń belgisi boldı.

***... bunday insannıń júzege keliwi dáwirdiń, zamannıń jaratılıwı, Shıǵatay ulısınıń zulımı, mayda feodal beklerdiń jawızlarsha eziwi, monǵol xanları, Altın Orda bekleriniń Mawarawnnaxrǵa toqtawsız basqınshılıq atla-***

***nısları azaplanǵan, qıyraǵan, 150 jıl dawamında shet el húkimranlıǵınan dińkesi qurıǵan mámlekettiń, xalıqtıń ǵárezsizlikke erisiw talabı edi. Bul tariyxıy zárúrlik Temurda, onıń láshkerbasılarınan ráwshan kórindi, Temur mámleketlik isker sıpatında bilim dárejesinde bul zárúrlikti, talaptı ózinde payda etti, yaǵnıy Mawarawnnaxrda ǵárezsiz oraylıq birlesken mámleket dúzdi, onıń talaplarına juwap berdi.***

**I.M. Muminov**

**Ǵárezsizlik jıllarında Ámir Temur esteliginiń tikleniwi.** Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskennen keyin Ózbekistannıń Birinshi Prezidenti **Islam Karimov** sayı-háreketi menen Ámir Temurdıń jáhán tariyxında tutqan ornı óz ornına qoyıla baslandı. Ózbekistanda onıń iskerligin úyreniwge hám onı járiyalawǵa keń jol ashıldı. Ámir Temurdıń atı Ózbekistanda máńgilestirildi. Kóplegen qala hám awıllardaǵı tiykarǵı kósheler, maydanlar, jámiyetlik xojalıqları, mektepler, kinoteatrlar hám basqalar onıń atı menen ataldı.

***Islam Karimov*** basshılıǵında hám qol astında Tashkent, Samarqand, Shaxrisabz hám basqa qalalardıń oraylıq maydanlarında Ámir Temurǵa estelik ornatıldı. **1995-jılı** *Xalıq aralıq Ámir Temur* qorı dúzildi. **1996-jılı** Tashkenttegi Ámir Temur xıyabanında *Temuriyler dáwiri muzeyi* qurıldı. «*Ámir Temur*» ordeni berildi.

**2017-jılı 30-iyun**da Ózbekistan Respublikası Prezidenti ***Sh.M. Mirziyaev*** «Kamalat» jaslar social háreketiniń IV qurıltayında sóylegen sózinde jaslarǵa áskeriy bilim-tárbiya beretuǵın kursantlar mekteplerine «***Temurbekler mektebi***» dep ataw usınısın alǵa súrdi hám sol usı usınıs jaslar tárepinen jaqsı qabıl qılındı.



1. Ámir Temurdıń Watanımız hám jáhán tariyxında tutqan ornı haqqında óz pikirlerińizdi bayan etiń.
2. Ámir Temur qanday ullı atlar menen atalǵan?
3. Ámir Temurdıń qaysı waqıyadan soń Evropada abroyı asıp ketken? Nege usı waqıyadan keyin dep oylaysız?

4. Evropa ilimpazlarınıń Ámir Temur atı hám onıń iskerligine qızıǵıwı qashannan baslanǵan?
5. I.M. Muminovtıń traktatı nege qaralawǵa ushraǵan dep oylaysız?
6. Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskennen keyin Ámir Temurdıń atın máńgilestiriw ushın ámelge asırılǵan jumıslar haqqında qosımsha maǵlıwmatlar toplań. Ámir Temur haqqında qanday ádebiy shıǵarmalar oqıǵansız? Oqıǵan shıǵarmalarınıń mazmunıń aytıp beriń.

## 35-§. TEMURIYLER DÁWIRINDEGI SIYASIY PROCESLER

**Tayanısh túsinikler:** ***qarsılas tárep; saltanat taxtı ushın gúres; Shahruh húkimdarlıǵınıń dúziliwi.***

**Taxt ushın gúres.** Sahıpqıran **1405-jıl 18-fevral** kúni Qıtay tárepine atlanıs waqtında, qaqaman qısta, **Otırar** qalasında dúnyadan ótedi. Ámir Temur qaytıs bolǵannan soń, onıń bir neshe on jıllar dawamındaǵı is-háreketleri nátiyjesinde dúzilgen iri saltanat tarqala basladı. Bunıń tiykarǵı sebebi saltanat qaramaǵına alınǵan eller sonsha dárejede hár túrli, uzaq aralıqqa sozılǵan bolıp, olardı jeke bir oraydan turıp basqarıw qıyın edi. Bunıń ústine olardaǵı qarsılas táreptegi kúshler ajıralıp shıǵıw ushın qolaylı payıt kúter edi.

Saltanattıń bólekleniwine Ámir Temur miyrasxorları arasında tajı-taxt ushın uzaq jıllar dawam etken óz ara kelispewshilik hám urıslar sebep boldı. Ámir Temur óliminiń aldınan taxt miyrasxorı etip aqlıǵı **Pirmuxammed**ti (Kabul, Kandagar, hám Hindstan wálayatlarınıń húkimdarı) tayınlaǵan edi. ***Pirmuxammed***ti taxtqa otırǵızıw tárepdarları kúshli bolsa da, biraq Miranshaxtıń balası **Xalil Sultan Mırza** ózbasımshalıq penen **1405-jıldıń 18-mart** kúni Samarqandtı iyelep, ózin Mawarawnnaxrdıń joqarı húkimdarı dep daǵazalaydı. ***Pirmuxammed***tiń jolın tosıp, onıń rejelerin buzıw niyetinde hátte ol Ámiwdáryanıń oń tárepindegi jerlerdi de óz hákimiyatına qosıp aladı.

***Xalil Sultan*** babasınan qalǵan ǵáziynelerdiń arqasında Sahıpqırannıń abıraylı adamları hám aqsúyeklerdiń belgili bir bólimin óz qaramaǵına awdarıp Mawarawnnaxr tariyxın iyelep alǵan bolsa da, biraq kóp waqıt ótpey ol Ámir Temurdıń sadıq ámirleri, wálayat nayıpları hám shaxzadalardıń kúshli narazılıǵı hám bas kóteriwine dus keledi. Birinshi bolıp, Túrkstan jáne Ferǵananıń hákimi ámir **Xudaydat** penen **Shayx Nuritdin** Xalil Sultanǵa qarsı kóterilis kóteredi. Hátte Xalil Sultannıń inisi **Sultan Xuseyin Mırza** Ámiwdáryanıń shep jaǵası wálayatlarnda óz hákimiyatın ornatıw niyetinde aǵasınaqarsı bas kóteredi. Óz náwbetinde Ámir Temur taxtınıń nızamlı miyrasxorı ***Pirmuxammed*** Ámiwdáryadan keship ótip, ***Xalil Sultan***ǵa qarsı Nasafqa qaray atlanısqa shıǵadı. Mawarawnnaxrda baslanǵan dinastiya góresleri usılay háwij alıp ketedi.

Aqıbette mámleket ıdırap, ayırım wálayat húkimdarları hákimi tolıq bólıp aladı. **Pirmuxammed 1407-jıl 22-fevral**da wáziri *Pir Áliy Taz* basshılıǵındaǵı til biriktiriwshilerdiń qolında óledi. **1408-jıl 22-aprel** kúni Qaraquyınlı túrkmenlerdiń qáwim basshısı **Qara Yusup** penen bolǵan urısta ***Miranshax*** qaza boladı. Ázerbayjan hám Irak Temuriyler qolınan ketedi.

**1409-jılı** báhárde Mawarawnnaxrda jaǵday jáne de keskinlesedi. ***Ámir Xudaydad*** Uratóbe hám Shahruhiya qalasın ańsat ǵana qolǵa kirgizip, Samarqand tárepke atlanıs jasaydı. **Sheraz** qasındaǵı Zarafshan dáryasınıń boyında júz bergen sawashta **Xalil Sultan** áskerleri jeńiliske ushıraydı, ózi bolsa tutqınǵa alınadı.

**Shahruh hákimiyatınıń dúziliwi.** Usı dáwirde Xorasandaǵı ámirler kóterilisin bastırıwǵa úlgergen Shahruh endilikte barlıq itibarın Mawarawnnaxrǵa qaratadı. Sebebi, ol ata jurtındaǵı hádiyselerge nemqurаylı qaray almas edi. **1409-jıl 25-aprel**de ol Ámiwdáryadan ótip, Samarqandqa qaray atlanıs jasaydı. Bes jıl dawam etken óz ara gúres hám kóterilisler xalıqtıń qatań narazılıǵına sebep bolǵan edi. Temuriyzadalar hám ámirler ortasındaǵı gúreske juwmaq jasaw maqsetinde Shahruh baslaǵan háreket mám-

leket puqaralarınıń kóplegen qatlamları tárepinen quwatlandı. Sol sebepli Mawarawnnaxrdaǵı ózbasımshalıqlarǵa shek qoyılıp, Mawarawnnaxr hám Xorasanda óz húkimdarlıǵın ornatadı jáne mámlekette tınıshlıq hám abadanshılıq ornatıwǵa muwapıq boladı.

***Shahruh***tıń uzaq húkimdarlıǵı dáwirinde Ámir Temur saltanatınıń tiykarǵı bólimi onıń qol astında saqlanıp qalsa da, biraq bul úlken mámleket eki mámleketke bólingen edi. Olardan biri Ámiwdáryadan túslikte jaylasqan ***Shahruh*** basshılıǵındaǵı mámleket bolıp, onıń orayı **Xırat** qalası edi. Ekinshisi bolsa, Ámiwdáryadan arqada Mawarawnnaxr hám Túrkstan aymaǵında Uluǵbek basshılıǵındaǵı mámleket bolıp, **Samarqand** onıń paytaxtı edi.



1. Ámir Temur saltanatınıń tarqalıw sebepleri nede?
2. Siz Xalil Sultannıń háreketin qalay bahalaysız?
3. Shahruh Mırza qashan Samarqandqa atlanıs jasadı, ne ushın onı xalıq quwatladı?
4. Oylap kóriń, eldiń tarqalıwı usı el puqaralarınıń turmısına qanday tásir etedi? Eldi aman hám pútin saqlaw ushın neler islew kerek?

## 36-§. MÍRZA ULUǴBEKTIŃ HÚKIMDARLÍǴÍ DÁWIRINDE MAWARAWNNAXR

**Tayanısh túsinikler:** ***Uluǵbektiń siyasiy maydanǵa shıǵıwı; Uluǵbektiń ishki hám sırtqı siyasatı; Uluǵbek qayǵılı waqıyası.***

**Uluǵbektiń – Mawarawnnaxr húkimdarı.** **1409-jılı Shahruh** Samarqandtan Xıratqa qaytıw aldında on bes jaslı **Mırza Uluǵbek**ti Mawarawnnaxr hám Túrkstanǵa hákim etip tayınlaydı. ***Uluǵbek*** (1394-1449) Mawarawnnaxr menen Túrkstannıń hákimi dep daǵazalansa da, tiykarında onıń hákimiyatı dáslep tek ǵana Samarqand, Buxara



**Mirza Uluǵbek**

hám Nasaf wálayatları menen ǵana sheklener edi. Sebebi, ***Shahruh*** tárepinen Ferǵanadan tap Uzgenge shekem – **Amirak Axmet**ke, Xisar Shadmandı **Muxammed Jáhángir** ıqtıyarına berilgen edi. Túrkstan **Shayx Nuratdin**niń qaramaǵında edi. Sol waqıtta ol ***Uluǵbek***ti de, ***Shahruh***tı da tán almaytuǵın edi. Sonıń ushın da, mámleket tınısh emes edi.

***Shayx Nuratdin*** Túrkstan menen qanaatlanbaydı. **1410-jıl 20-aprel**de Samarqandtın qasındaǵı **Qızılrawat jerinde** kóterilisshi awqamlaslar menen ***Mırza Uluǵbek*** armiyası ortasında sawash boladı. Sawashta ***Uluǵbek*** jeńiliske ushırap, Kalifke qaray sheginedi. ***Shahruh*** Samarqandqa jetip kelip, ***Shayx Nuratdin*** kóterilisin bastıradı. **1412-jıl**dan baslap Mawarawnnaxr hám Túrkstandı tolıq basqarıw 18 jasar Uluǵbektiń qolına ótedi. ***Uluǵbek*** **1414-jılı** Ferǵana hám Qashqardı iyeleydi.

**1413-jılı** ***Shahruh*** tárepinen Xorezm Altın Orda xanlarınıń qaramaǵınan qaytarıp alınǵannan soń, Uluǵbek mámleketiniń batıs hám túslik shegaralarınıń qáwipsizligi turaqlasqan bolsa da, biraq onıń arqa-batıs hám arqa shıǵıs tárepleri ele qáweterli edi. Sol sebepli ***Uluǵbek*** Deshti Qıpshaqta baslanǵan óz ara kelispewshilikke jáne Monǵolstanda háwij alǵan ishki gúreslerge tuwrı itibar beriwge hám aralasıwǵa májbúr boladı.

***Uluǵbek*** ákesiniń razılıǵı menen **1425-jıldıń erte báhár**inde Monǵolstanǵa atlanıs jasaydı. *Issı kól janında* júz bergen soqlıǵısıwda ***Uluǵbek*** monǵollar ústinen jeńiske erisedi hám jergilikli qarsı kúshlerdi jeńip, mámlekettiń shıǵıs shegaraların bekkemleydi. Qolǵa kirgizilgen oljalar arasında eki bólek *nefrit* tası da bar edi. Keyinirek bul nefritten Ámir Temur mavzoleyi ushın qábir tası soqtırıladı. Monǵolstanda bolǵan bul urısta ***Uluǵbek*** erisken bul jeńistiń belgisi retinde Jizzax janında *Jılan ótti* jırasında hijriy esap penen **828-jılı** *Uluǵbek* tárepinen jartasqa oyıp jazılǵan ózine tán «zafarnama» házirgi kúnge shekem saqlanǵan. Deshti Qıpshaqqa qarsı júrgizilgen atlanısta ***Uluǵbek***tiń awmeti kelmeydi. Ákesi ***Shahruh***tıń kóp

ásker menen jetip keliwi ǵana ***Ulıǵbek***ti qáwipten saqlap qalǵan.

**Taxt ushın gúres.** Shahruh **1447-jıl 12-márt** kúni aqlıǵı ***Sultan Muxammed*** kóterilisin bastırıw waqtında Rey wálayatında ornına miyrasxor belgiliwge úlgermey dúnyadan ótedi. Shahruhtıń óliwi menen-aq Xorasan hám Mawarawnnaxrda temuriy shaxzadalar ortasında tajı-taxt ushın gúres jáne háwij alıp, mámleket turaqsızlıq hám tereń sociallıq-siyasiy qıyınshılıqlarǵa duwshar boladı. Ádette taxtqa Shahruhtıń tuńǵısh balası ***Ulıǵbek*** otırıwı kerek edi. Biraq taxttı Baysunǵurdıń balası ***Alauddawla*** iyeleydi. Tajı-taxt ushın gúres jáne baslanadı.

Ózbasımsha shaxzadalar ***Ulıǵbek***ke qarsı háreket baslaydı hám **1447-jıl**dıń báhárinde ***Alauddawla*** Ulıǵbek-tiń úlken balası ***Abdullátip***tiń ármiyasın tas-talqan etip, tutqınǵa aladı. ***Ulıǵbek Alauddawla*** menen pitim dúziwge májbúr boladı. Oǵan baylanıslı ***Abdullátip*** azat etiledi, ***Ulıǵbek*** bolsa Xırat hám Xorasanǵa bolǵan dawasınan waz keshedi. Biraq kóp ótpey pitim buzıladı. **1448-jıl**dıń báhárinde ***Ulıǵbek*** hám ***Abdullátip***tiń 90 mıń adamlıq birlesken armiyası **Xıratqá** atlanıs jasaydı. Tarnap janında bolǵan sawashta ***Alauddawla***nıń ármiyası tas-talqan etilip, Xırat qolǵa kirgiziledi. ***Ulıǵbek*** Xorasanda ***Abdullátip***ti qaldırıp, ózi Samarqandqa qaytadı. Sebebi, Mawarawnnaxrda ***Ulıǵbek***ke qarsı kóterilis baslanǵan edi.

***Abdullátip***, babası ***Shahruh***tıń Xırattaǵı taxtına otırıwǵa miyassar bolsa da, biraq onda ákesine bolǵan qáhár (dushpanlıq) payda boladı. Jeńis haqqında dógerek átirapqa jiberilgen fath (jawlap alǵanlıq haqqında xabar) namalarda ***Abdullátip***tiń atı inisi ***Abdulázíz***den keyin tilge alınǵanı, Ixtiyaritdin qorǵanındaǵı ǵáziyne ***Ulıǵbek*** tárepinen alıp qoyılǵanı asa ketken hámelparaz jáne mal-dúnyaǵa ósh ***Abdullátip*** ushın sebep boladı. Ol ákesiniń dushpanları menen jasırın tárizde til biriktirip, tez de ***Ulıǵbek***ke qarsı háreket baslaydı. ***Abdullátip*** Xıratqa barı-joǵı on bes kún hákimlik qıladı. ***Abılqasım Babur***

áskerleriniń qalaǵa jaqınlasıp kiyatırǵanınan xabar tawıp, qalanı sawashsız bosatıp, Mawarawnnaxr tárepke qashadı. ***Ulıǵbek***tiń pármanı menen Balxqa nayıb bolıp saylanǵannan soń, wálayatta «*tamǵa*» salıǵın biykar etip, sawdagerlerdi óz tárepine awdırıp aladı. Ákesinen narazı bolǵan ámirlerdi átirapına toplaydı. Hátte ***Abılqasım Babur*** menen baylanısıp, onıń menen birlesirip ***Ulıǵbek***ke qarsı gúreske shıǵadı. Solay etip, ***Abdullátip*** óz ákesine qarsı ashıqtan-ashıq dushpanlıq jolına ótedi.

**Ulıǵbek qayǵılı waqıyası.** Mámlekettiń pútinligin saqlap qalıw ushın ***Ulıǵbek***te óziniń kóterilisshi hám mákkar balasına qarsı atlanıs jasawdan basqa ilajı qalmaydı. Biraq mámlekette siyasiy jaǵday keskinlesip, ***Ulıǵbek***tiń jaǵdayın jáne de qıyınlastıradı.

***Ulıǵbek*** Xırattán Samarqandqa qaytarda aldıńǵı tárepten Deshti Qıpshaq kóshpelilerdiń hújimine duwshar boladı. ***Abulxayırxan*** basshılıǵındaǵı kóshpeliler sol waqıtta Tashkent, Shahruhiya, Samarqand hám Buxara átirapındaǵı awıllardı talap, patsha jáne iri hámeldarlardıń qala átirapındaǵı sharbaqların hám sarayların wayran etedi. Eki tárepten kelgen dushpanlar menen bolǵan soqlıǵısıwlar nátiyjesinde ***Ulıǵbek***tiń áskerleri qattı jaradar bolıp, hálsirep qaladı. Sol waqıtta Samarqandta waqıtsha nayıb etip qaldırılǵan ***Ulıǵbek***tiń kishi balası ***Abdulázız***ge qarsı Samarqand ámirleriniń narazılıǵı kúsheyip, ***Ulıǵbek*** onı saplastırıwǵa májbúr boladı.

Ákesiniń qıyın ahwalda qalǵanın baqlap turǵan ***Abdullátip*** qolay pursattan paydalanıp, bas kóteredi hám Ámiwdáryadan keship ótip, Termiz, Shaxrisabz hám Xuzardı ańsat ǵana basıp aladı. Soń Samarqandqa qaray jol aladı. **1449-jıl oktyabr**de *Damashq awılı* janında qattı sawash boladı hám bul sawashta ***Ulıǵbek*** jeńiledi, Samarqand ámiri **Miranshax Qawshin** qala dárwazaların bekitip ***Ulıǵbek***ti ishke kirgizbeydi. Ol Shahruhiyaǵa da kire almaydı hám ***Abdullátip***ke táslim bolıwǵa májbúr boladı. Qala qazısı **Shámsitdin Muxammed Miskin**niń qarsılıǵına qaramastan, ***Abdullátip*** ilim bóliminiń dushpanı

bolǵan ulamalardıń jasırın sheshimin shıǵarıp, ákesiniń óltiriliwin uyımlastıradı. **1449-jıl** ***Mırza Uluǵbek*** 55 jasında qayǵılı ólim tabadı.

Solay etip, ***Uluǵbek*** Mawarawnnaxrdı qırıq jıl basqardı. Bul dáwirde mámlekettiń siyasiy turmısında keskin gúrestiń dawam etkenligine qaramay, mámleketti bekkemlewge, mámleket birligin saqlap qalıwǵa hám mádeniy turmıstı jaqsılawǵa, rawajlandırıwǵa háreket etti.

1. Uluǵbek qalay Mawarawnnaxr húkimdarı boldı?
2. Uluǵbek ne ushın hám qay jerlerge áskeriy atlanıslar qıldı?
3. Shahruh óliminen keyin qanday waqıyalar júz berdi?
4. Uluǵbektiń qayǵılı táǵdiri haqqında aytıp beriń.
5. Uluǵbek 40 jıllıq húkimdarlıq etken waqtında mámleketti basqarıwda nelerge itibar berdi?
6. Padarkush Abdullátip haqqında sizde qanday kóz qaras payda boldı?

## 37-§. TEMURIYLER SALTANATÍNÍŃ DAǴDARÍSQA JÚZ TUTÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***siyasiy turaqlılıq, saltanattıń tarqalıwınıń baslanıwı, Xorasandaǵı jaǵday.***

**Siyasiy turaqsızlıq.** ***Uluǵbek*** óltirilip, aradan bir neshe kún ótkennen soń, **Abdullátip** taxt dawagerlerinen qutılıw maqsetinde óz inisi **Abdulázizdi** jáne atasına sadıq bolǵan ámirlerdi óltirip, temuriylerdiń Mawarawnnaxrdaǵı tajıtaxtın tolıq iyelep aladı. Mámleket puqaraları tárepinen «*pádárkúsh*» («ákesin óltirgen») dep ǵarǵıs alǵan ***Abdullátip*** hám onıń tárepdarları taxtta uzaq waqıt otıra almadı. Aradan altı yarım ay óter-ótpes ***Abdullátip***ke qarsı sarayda jasırın til biriktirilip, ol óltiriledi.

Qarama-qarsı kúshler Samarqandta Shahruhtıń aqlıǵı **Mırza Abdulla**nı, Buxarada Miranshaxtıń aqlıǵı **Ábiw Said**ti húkimdar etip kóteredi. Nátiyjede olar arasında hákimiyat ushın jáne gúres baslanadı.

Mawarawnnaxr hám Xorasanda úzliksiz dawam etip turǵan óz ara gúresler Deshti Qıpshaqtaǵı húkimdarlar

ushın júdá qolay keledi. **1451-jılı Abulqayırxan** úlken armiya menen **Ábiw Said** járdemi hám qatnasıwında Tashkent, Chinaz jáne Jizzax arqalı Samarqandqa ***Mırza Abdulla***ǵa qarsı atlanıs etedi. Sheraz awılı qasında *Bulunǵur kanalınıń boyında* sawash boladı. Óz ara soqlıǵısıwda ***Mırza Abdulla*** jeńiledi hám sawashta qurban boladı. Solay etip, ***Abulqayırxan***nıń járdeminde ***Ábiw Said*** Samarqandtı iyelep, Mawarawnnaxrǵa hákim bolıp aladı.

Xorasan bul dáwirde Shahruhtıń aqlıǵı ***Abulqasım Babur*** qaramaǵında edi. Xorasanda siyasiy tarqalıw júdá háwij alıp ketedi. Temuriyler dáwiriniń tariyxshılarınıń jazıwınsha, bul dáwirde Xorasan on bir bólekke bólinip ketedi. Olardıń arasında urıs-talaslar toqtawsız dawam eter edi. **1457-jılı Abulqasım Babur** ólgennen soń, jaǵday jáne de qıyınlasadı. Xorasanda da, Xıratta da hákimiyatqa dawa qılıwshılar kóp bolsa da, biraq olardıń birewide mámleketti basqara alıw kúshine iye emes edi. Bunday qolaylı jaǵdaydan paydalanǵan ***Ábiw Said*** **1457-jılı** Xırat taxtın iyeleydi hám saltanattıń eki bólegin birlestiriwge muwapıq boladı. Biraq wálayat hákimleriniń ǵárezsiz húkimdarlıqqa umtılıwlarına, tarqalıwǵa shek qoya almaydı. Ásirese, onı ***Abulqasım Babur***dan Xorezmdi iyelep alǵan Omarshayx Mırza áwladı ***Sultan Xuseyin***niń kóterilisleri hámmeden kóbirek táshwishlendiredi.

**1469-jıl**dıń erte báhárinde **Ábiw Said** Ázerbayjan, Batıs Iran hám Irakqa shekem bolǵan wálayatlardı iyelep turǵan túrkmenlerge qarsı sawashta óledi. Ákesiniń óliminen soń, ***Ábiw Said***tiń miyrasxorları ***Sultan Xuseyin*** menen soqlıǵısıwǵa júrek ete almay, Mawarawnnaxrǵa qaytadı. **1469-jıl 24-martta** ***Sultan Xuseyin*** Xorasannıń hákimi sıpatındá dábdebe menen Xıratqa kirip keledi. Nátiyjede Temuriyler saltanatı jáne eki ǵárezsiz bólekke: ***Sultan Xuseyin*** húkimdarlıǵındaǵı Xorasan hám Ábiw Said ulı **Sultan Axmet** húkimdarlıǵındaǵı Mawarawnnaxrǵa bólinedi.

**Pıtırańqılıq.** Mawarawnnaxrda Ábiw Saidtiń balaları: dáslep **Sultan Axmet** (1469—1494), keyin **Sultan Maxmud** (1494—1495) hám keyinirek Maxmudtıń balası

**Sultan Áliy** (1498-1500) ǵárezsiz hákimlik etedi. Biraq Mawarawnnaxrda tarqalıw jáne de háwij aladı. Bul waqıtta Mawarawnnaxr óz ara kelispey átırǵan temuriy shaxzadalar basshılıq etip turǵan kóplegen wálayatlarǵa bólinip ketken edi. Mámleket, el-jurt basına úlken táshwishler túsken waqıtlarda din ulamalarınan biri **Xoja Ubaydulla Axrar** músiybetlerdi joq etiw jolında bir neshe márte belsendilik kórsetken edi. **1454-jılı** Xırat hákimi ***Abulqasım Babur*** Mawarawnnaxrǵa bastırıp kirip, Samarqandtı qorshawǵa alǵanında ***Xoja Ubaydulla Axrar*** dáw-jánjelge qatań aralasıp, qarsılaslardı jarastırdı.

**Sultan Xuseyin hám Áliysher Nawayı.** ***Sultan Xuseyin Bayqara*** Ámiwdáryanıń túsligindegi jerlerge húkimdar bolıp, qaramaǵındaǵı Xorasan, Xorezm jáne Shıǵıs hám Arqa Iran wálayatların birlestirgen edi. Ol 40 jıl húkim súrgen temuriylerdiń sońǵı iri húkimdarı bolıp, onıń dáwirinde shaxzada hám ámirlerdiń ózbasımshalıǵına qaramay, mámlekettiń xojalıq jáne mádeniy turmısın jaqsıladı. Xorasannıń abadanlasıwında, rawajlanıwında óz zamanınıń isbilermen hám dana húkimdarı ***Sultan Xuseyin*** menen bir qatarda ullı ádebiyatshı jáne mámleketlik isker ***Áliysher Nawayı***nıń da xızmeti úlken boldı.

**Áliysher Nawayı 1441-jılı** Xıratta dúnyaǵa kelgen. Onıń ata-babası temuriyler sarayında xızmet etken. Sultan Xuseyin menen Áliysher bir mektepte oqıǵan. Olar balalıq waqtında-aq Xorasan húkimdarı ***Abulqasım Babur*** xızmetinde bolǵan. Onıń óliminen keyin 12 jıl dawamında basqa-basqa qalalarda jasaǵan. ***Xuseyin*** bul dáwirde dáslep Xorezmde, soń Xorasannıń Xırat, Obivard, Nisa, Mashxad hám basqa wálayatlarında gezip júrip, kúsh toplap ***Ábiw Said***qa qarsı kóterilis kóteredi. ***Áliysher Nawayı*** bul jıllarda, Mashxad hám Xıratta oqıydı. Usı waqıtlarda-aq ol shayırlıq uqıbı sebepli úlken ataq alǵan edi. Jaslıqtan ***Sultan Xuseyin*** menen jaqın bolǵan ***Áliysher*** ózine ***Ábiw Said***te dushpanlıq barın sezip qalǵan soń, Samarqandqa barıp, belgili waqıt ol jerde jasawǵa májbúr boladı. Samarqandta ol ilim hám qosıqlar jazıw menen bánt boladı. Bul jerde ol belgili ilimpaz, filosofiya,

logika, huqıq, arab tili, ádebiyat hám poeziyanıń ótkir bilimdanı **Fayzullax Abullays Samarqandiy**den sabaqlar aladı. **1469-jılı** ***Sultan Xuseyin*** Xıarattı iyelegennen soń, Nawayını óziniń qasına shaqırıp aladı. ***Áliysher***di ol dáslep *xatker* lawazımına, keyinirek bolsa *wázir* etip tayınlanadı.

***Sultan Xuseyin*** húkimdarlıǵı dáwirinde ***Áliysher Nawayı*** mámlekette oraylasqan saltanat júzege keliwi, wálayatlardıń abadanlastırıwı, awıllarda diyqanshılıq, qalalarda ónermentshilik hám sawdanıń keńeyip rawajlanıwı jolında xızmet kórsetti. ***Áliysher Nawayı*** ádebiyat, kórkem-óner hám ilim-bilimlendiriwdiń rawajlanıwı, xalıqtıń tınısh hám paraxatshılıqta jasawı tárepdarı edi.

Biraq ***Sultan Xuseyin*** mámleketi ***Áliysher*** kútkendey bolıp shıqpaydı. Suyurǵal tártibine tiykarlanǵan bul mámlekette, bir tárepten, wálayat húkimdarları, hátte miyrasxorlar **Badiuzzaman** hám **Muzaffar Xuseyin Mırza** kóterilisleri boldi. Ekinshi zulımlıq aqıbetinde Xırat hám wálayatlarında xalıq kóterilisleri kóterildi. Úshinshiden, óz máplerin gózlegen saraydıń ashkóz hámeldarları til biriktirip, onıń batpaǵına Sultan Xuseyindi de batıradı. Bunday ahwal, sózsiz, bas wázirlik wazıypasında turǵan dana Nawayınıń saraydan, hátte paytaxttan uzaqlasıwına alıp keledi.

Solay etip, **XV ásirdiń ekinshi yarımı**ndaǵı turaqsız siyasiy jaǵday sebepli Temuriyler saltanatı daǵdarısqa bet buradı.

1. Pádárkúsh Abdullátiptiń táǵdiri ne menen tamam boldı?
2. Sultan Ábiw Said qanday jol menen Mawarawnnaxrda hákimiyattı iyeleydi?
3. Xorasandaǵı jaǵday qanday edi?
4. Sultan Ábiw Said Xırat taxtın qashan, qanday iyeleydi, qaysı sawashta qurban boladı?
5. Mawarawnnaxr tınıshlıǵı jolında Xoja Ubaydulla Axrardıń xızmeti nede?
6. Sultan Xuseyin Bayqara hám Áliysher Nawayı haqqında nelerdi bilip aldıńız?

# 38-§. SOCIAL-EKONOMIKALÍQ RAWAJLANÍW HÁM QURÍLÍS

**Tayanısh túsinikler:** ***ekonomikalıq turmıs, ónermentshilik túrleri, ishki hám sırtqı sawda, pul qatnasıǵı, jer iyeligi, salıq túrleri.***

**Ónermentshilik.** Mawarawnnaxrdıń **Samarqand, Buxara, Tashkent, Shahruhiya, Termiz, Shaxrisabz, Qarshı** hám basqa kóplegen qalaları ónermentshilik orayına aylanadı. Qalalarda ónermentshilik aymaqlarınıń sanı artıp, kásip-óner menen baylanıslı bolǵan jańadan-jańa gúzarlar, kósheler, sawda orınları, ústi bastirılǵan bazarlar hám toqı (ústi gúmbez bazarlar)lar payda boladı. Kóplegen qalalarda zergerlik, músinshilik, iyne soǵıwshılıq, sawıt soǵıwshılıq, tas jonıwshılıq, shiyshe soǵıwshılıq, teri iylewshilik usaǵan ónermentshilik awıl-aymaqları bolǵan.

Orta ásir ónermentshiliginde gúlálshılıq eń rawajlanǵan kóp tarmaqlı tarawǵa aylanadı. Bul dáwirde tas jonıw, oǵan shıráy berip, oyma naǵıslar hám sulıw jazıwlar jazıw óneri jetilisedi. Samarqandta Bibixanım jome meshitinde Qurandı qoyıw ushın ornatılǵan úlken tas lavh (túbek), Góri Ámirdegi nefrit qábir tası, Shaxizinda (Shayxızinda) hám basqa jerlerdegi saxnalarǵa oyılǵan naǵıslar sızılǵan, oyıp jazılǵan ayatlar, marsiyalar hám tariyxıy sáneler jazıp qoyılǵan.

Samarqand ónermentshiliginde ásirese qaǵaz islep shıǵarıw ayrıqsha orın tutadı. Samarqand qaǵazı orta ásir Shıǵıs kalligrafiyasında belgili bolıp, onıń belgili bir bólegi shet úlkelerge shıǵarılǵan.

**Qurılıs, aǵash oymashılıǵı.** Bul dáwirde mámlekettiń úlken qalaları, tiykarınan Samarqand hám Xıratta qurılıs isleri keń háwij alıp qurılısshılardıń roli asıp ketedi. Gerbish órip, imarat qáddin kóteriwshiler «*banno*» dep, bas esik-arka jáne gúmbezlerge gúlli taǵa hám girixlar qaplap imaratqa bezew beriwshiler «*ustaz*» dep atalǵan.

Bul dáwirde aǵash soǵıwshılar rawajlanǵan. Sheber aǵash ustaları aǵash oymashılıǵı menen shuǵıllanǵan. Olar

nağıslı esikler, pánjereler, bağanalar, nağıslı dárwazalar, awqatlanatuğın stollar, gúrsiler hám basqa da kóplegen buyımlar islegen. Góri Ámir hám Shaxizindanıń ayatlar jazılğan nağıslı esikleri XV ásir xalıq ustalarınıń ağash oymashılığı ónerindegi eń siyrek gezlesetuğın úlgilerinen esaplanadı.

**Sawda baylanısları.** XV ásirde Temuriyler uzaq hám jaqın ortadağı bir qatar qońsı mámleketler: Qıtay, Hindstan, Tibet, Iran, Rossiya, Volga boyı hám Sibir menen turaqlı túrde sawda-satlıq etetuğın edi. Shet mámleketler menen óz ara sawda-satlıqtı keńeytiwde temuriylerdiń qońsı mámleketler menen alıp barğan elshilik qatnasıqları úlken rol oynaydı. **Uluğbek** hám **Shahruh** Qıtay menen turaqlı túrde elshiler almasıp turğan. Olardıń zamanında Tibet hám Hindstan menen jaqsı qońsılıq qatnasıqlar ornatıladı.

**Pul aylanısı.** Ekonomikalıq rawajlanıw belgili dárejede usı dáwirde ótkerilgen pul reforması menen de baylanıslı edi. ***Uluğbek*** **1428-jılı** aylanıstağı *fulusiy pullar* reformasın ámelge asırdı. Uluğbek jeńil salmaqta quyıp shığarılğan hám aylanısta júrgen mayda pullardı biykar etti. Eski may-

*** Tamğa — sawda bajı, sawdagerlerden alınatuğın salıq.**
*** Fulus — mıstan soğılğan mayda pul.**

da pullardı jańasına almastırıp, ishki sawdanıń fulusiy pullarına bolğan talabın qanaatlandırıw ushın bir waqıttıń ózinde ol Buxara, Samarqand, Qarshı, Termiz, Tashkent, Shahruhiya hám Andijan qalalarında teńge quyıw orınların shólkemlestirip, bir qıylı salmaqtağı fulus quyıp shığaradı jáne aylanısqa shığaradı. Xalıq ortasında «*fulusi adliya*» yağnıy «*ádil pul*» atı menen belgili bolğan Uluğbektiń bul jańa *fulusları* ishki usaqlap satıw sawdası ushın keń jol ashadı.

Sonıń menen birge ***Uluğbek*** sırtqı sawdadan mámleket ğáziynesine túsetuğın dáramattı kóbeytiw maqsetinde tamğa salığın bir qansha asırdı.

Solay etip, ***Ulugbek*** zamanında mámlekette ishki hám sırtqı sawdanıń keńeyiwi ónermentshilik ónerleriniń kólemin asırıp, kásip-óner tarmaqlarınıń rawajlanıwında tiykarǵı sebeplerdiń birine aylandı.

**Diyqanshılıq hám sharwashılıq.** Mámlekette tez-tez júz berip turatuǵın óz ara ishki urıslarǵa qaramastan, XV ásirde de Mawarawnnaxr hám Xorasan awıllarında bir qansha abadanshılıq isleri ámelge asırıldı. Jeke qánigeliklerdiń jańa jerlerdi ashıw, kanallar qazıp, baǵ kóteriw hám qarawsız qalǵan taslandı jerlerdi suwǵarıp, abadanlastırıw sıyaqlı miynetleri qollap quwatlanadı. Hátte bunday qánigeler bir-eki jıl dawamında hámme salıq hám tólewlerden azat etiledi.

Xojálıqtıń ekonomikalıq turmısında tiykarınan jaylaw sharwashılıǵı: *jılqıshılıq, túyeshilik* jáne *qaramalshılıq* áhmiyetli orın tutqan.

**Jer iyeligi.** XV ásir dawamında Mawarawnnaxr hám Xorasanda aldınǵıday jer hám múlikshiliktiń tiykarınan tórt túrdegi «*múlki diywaniy*» — mámleket jerleri, «*múlik*» — jeke menshik jerler, «*múlki waqım*» — medreseler hám meshitler qaramaǵındaǵı jerler jáne «*jámáát jerleri*» bolǵan. Suwǵarılatuǵın jerleriniń eń úlken bólegi mámleket múlki esáplanǵan. Bul jerlerge aldınǵıday mámleket húkimdarı sultan yamasa ámirler iyelik eter edi.

Temuriyler dáwirinde mámleket jerlerin «*suyurǵal*» tárizde inám etiw keń tarqaladı. Suyurǵal iyeleri baǵındırıwshılıǵın kúsheytiw maqsetinde oraylıq hákimiyat bazıda olardıń qaramaǵındaǵı jer maydanların qısqartırar yamasa olardıń huqıqların sheklep, boysınbaǵan táǵdirde suyurǵal huqıqınan ayrılatuǵın edi hám basqa shaxsqa beriletuǵın edi.

Bul dáwirde bás húkimdar tárepinen iri múlik iyelerine jaqsı xızmeti ushın *tarxanlıq jarlıǵın* beriw keń tarqaladı. Tarxanlıq jarlıǵın alǵan múlik iyeleri barlıq salıq, tólem hám minnetlemelerden azat etilgen. Tarxanlıq jarlıǵı ádette ámirler, bekler, saray ámeldarları, saidler hám

basqa joqarı qatlam wákillerine berilgen. Bunday jarlıqtı alǵan múlik iyesi atına «tarxan» sózi qosılıp aytılǵan.

XV ásirde de aldıńǵı dáwirlerdegidey júdá kóp jer hám suw meshit, medrese, xanaqah (sıyınıw ornı), mavzoley hám mazarlarǵa biriktirilip, bunday jerler «*múlki waqım*» dep atalǵan. Ádette, jer hám suwdan tısqarı kóplegen dúkán, kárxana, digirman, juwaz, bazar jaylar, kárwánsaraylar da wáqım etilip, olardan túsken dáramat meshit, medrese, táwipler úyi hám xanaqahlardıń qayta isleniwi, úskeneleniwi, diniy oqıw ornınıń ǵamxorshısına, oqıtıwshılarǵa, táwip hám talabalarǵa beriletuǵın napaqalar jáne músápirxana hám emlewxanalardıń kúndelikli qárejetleri ushın jumsalǵan.

**Salıq túrleri.** Suwǵarılıp egiletuǵın diyqanshılıq jerlerinen alınatuǵın tiykarǵı salıq **«xiraj»** dep atalǵan. Xiraj ónim yamasa pul túrinde tólengen. Ol ónimge hám jerdiń ónimdarlıǵına qaray belgilengen. Sonıń ushın dárya hám bulaq suwları menen suwǵarılatuǵın egislik jerlerden xiraj óniminiń úshten bir bólimi (33 %) muǵdarında alınǵan. Suwǵarılmay egiletuǵın jerlerden ónimniń altıdan biri, yaǵnıy 16,5% ten segizden bir, yaǵnıy 12,5% muǵdarında salıq óndirilgen.

Múlik iyeleriniń bir bóliminen **«úsir»**, yaǵnıy ónimniń onnan bir bólegi (10%) muǵdarında salıq alınǵan. Bunday jerler ádette óz zamanınıń ilim-páni, bilimlendiriw hám ruwxıy turmısında belgili abırayǵa iye bolǵan ulamalar hám mashayıxlar qaramaǵında bolǵan. Sharwa mallarınan qırıqtan bir, yaǵnıy 2,5% muǵdarında zakat alınǵan.

*** Begar — jergilikli xalıqqa júkletilgen saray, jámáát jayları, qorǵanıw hám suwǵarıw qurılmaların jáne jol qurılıs jumıslarında ulıwma xalıqlıq islep beriw májbúriyatı, muqáddes ulıwmalıq kómek.**

Tiykarǵı salıqlardan tısqarı miynetkesh xalıq *begar* (kómek) islerinde de qatnasqan. Begarda qatnasqan hár bir adam islew ushın kerekli ásbap-úskene hám jeterli azıq-awqatlardı ózleri menen alıp keliwi kerek bolǵan.

1. Temuriyler dáwirinde ónermentshiliktiń qanday túrleri rawajlandı?
2. Aǵash ustashılıǵı, qaǵaz islep shıǵarıwshılıqtıń rawajlanǵanlıǵına mısallar keltiriń.
3. Sawda baylanısları qalay jolǵa qoyılǵan edi?
4. Uluǵbektiń pul reforması hám onıń nátiyjeleri haqqında nelerdi bilip aldıńız?
5. Temuriyler dáwirinde diyqanshılıq qanday dárejede rawajlanǵan edi?
6. Temuriyler dáwirinde jer iyeliginiń qanday túrleri bolǵan?
7. Temuriyler dáwirinde qanday salıq túrleri bolǵan?
8. «Tarxan» jarlıǵı haqqında aytıp beriń.

**Joqarıdaǵı tema tiykarında tómendegi kesteni toltırıń.**

| Ónermentshilik túrleri | Sawda baylanısları | Jer iyeligi | Salıq túrleri |
|---|---|---|---|
| | | | |

## ÁMIR TEMUR MÁMLEKETINIŃ KARTASÍ



# VI B A P. XIV-XV ÁSIRLERDE PÁN HÁM MÁDENIYATTÍŃ ZAMANAGÓY SIVILIZACIYA RAWAJÍNDAǴÍ ROLI HÁM ÁHMIYETI

## 39-§. BILIMLENDIRIW SISTEMASÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***Ulıwmalıq Medreseler, Joqarǵı Medrese.***

**Medreseler iskerligi.** Temur hám temuriyler dáwirinde medrese joqarı maǵlıwmat beretuǵın oray wazıypasın orınlaǵan. Mawarawnnaxr hám Xorasanda tiykarınan mámleket hám dáwletli adamlardıń esabınan qurılǵan kóplegen medreseler bar edi. Medresede ilahıyat penen birge dúnya pánleri: nızamshılıq (fiqh), logika, matematika (riyazat), geometriya (handasa), astranomiya, medecina, tariyx, geografiya, ádebiyat, poetika (ilmu aruz), arab tili hám onıń morfologiyası (qofiya) oqıtılǵan. Medresede eń bilimli, tájiriybeli qánigeler sabaq bergen. Olarǵa óz aldına is haqı tólenetuǵın edi.

**1404-jılı** Saraymúlkxanım Samarqandta óz kórki menen sol dáwirdegi basqa imaratlardan ajıralıp turatuǵın medrese qurdırǵan edi. Onda óz dáwiriniń belgili ilimpazları islegen.

Xirat aymaǵınıń ózinde 36 medrese bolıp, bul medreselerde hám usı aymaqta jaylasqan xanaqahlarda bilim alıw ushın túrli mámleketlerden talabalar keletuǵın edi.

Xirattıń átirapında jaylasqan ámir Feruzshax medresesi hám xanaqahı úlken abırayǵa iye edi. Injil anxarı boyında jaylasqan Ixlasiya medresesi hám Xalasiya xanaqahı Xusayn Bayqara húkimdarlıǵı dáwirinde qurılǵan.

Oqıtıw tańlaw tiykarında alıp barılıp, hár aylıq tańlawda bos talabalar túsirip qaldırılıp, oqıwdı tek kúshliler dawam ettirgen.

Ulıǵbektiń pármanı menen **1417-jılı** Buxarada, **1420-jılı** Samarqandta hám **1433-jılı** Ǵıjduwanda medreseler boy tikleydi. Hátte Buxara medresesiniń dárwazasına *«Bilim alıw hár bir musılman hayal hám*

*er adamnıń minneti*» degen sózler oyıp jazıp qoyıladı. Mawarawnnaxrdıń bul úsh áyyemgi qalalarında qurılǵan ilim orınları, tiykarınan Samarqand medresesi óz zamanınıń universiteti edi.

**Ulugbektiń medresesi.** **1420-jılı** ashılǵan Samarqand medresesi eki qabatlı, eliw ójireli bolǵan. Hár bir ójire úsh xanaǵa: qaznaq (qoyma), jataqxana hám sabaq tayarlaw bólmelerine bólingen. Medresede sol zamannıń sheber ilimpazlarınan máwlana **Shamsitdin Muxammed Hawafiy** jetekshi medrese oqıtıwshısı bolǵan. Orta ásirlerdiń belgili ilimpazları **Qazızada Rumiy, Ǵıyasitdin Jamshid Kashaniy, Mırza Uluǵbek** hám onıń shákirti **Alawatdin Áliy Qusshı**lar túrli pánlerden sabaq bergen. Medrese ashılǵan kúni birinshi sabaqtı **Shamsitdin Muxammed Hawafiy** oqıǵan, sabaqta bilimge qushtarlardan toqsan adam qatnasqan. Medresede astronomiyadan sabaqtı **Qazızada Rumiy** bergen. Medresede keminde 15—16 jıl bilim alıp, onıń baǵdarlaması boyınsha pánlerdi tolıq ózlestirgen hám imtixanlarda óz bilimin kórsete alǵan bilimge qushtarlarǵa **sanad** (guwalıq) jazıp berilgen.

Sol dáwirde Samarqandta Uluǵbek medresesinen basqa Xanım, Qutbitdin Sádir hám Muxammed Sádir medreseleri de bar edi.

Medrese hám xanaqah tıńlawshıları pánniń túrli tarawlarınan kóplegen kitaplardı talqılaytuǵın edi. Ámir Temur hám onıń áwladlarınıń saraylarında dúnya hám orta ásirdiń tawılmaytuǵın shıǵarmaları saqlanıp kiyatırǵan bay kitapxanaları bar edi. Samarqandta Ámir Temur hám Uluǵbektiń, Xiratta Shahruh, Baysunǵır, Xuseyn Bayqara hám Áliysher Nawayınıń bay kitapxanaları bar.

1. Temur hám Temuriyler dáwirinde qanday wazıypalar orınlanǵan?
2. Medresede qanday pánler oqıtılǵan?
3. Medresede oqıtıw sisteması qalay dúzilgen?
4. Uluǵbek medresesiniń iskerligi haqqında aytıp beriń.
5. Temuriyler dáwirinde kitapxanalardıń áhmiyeti haqqında óz pikirińizdi bayan etiń.

## 40-§. ANÍQ PÁNLERDIŃ RAWAJLANÍWÍ

**Tayanısh túsinikler:** ***ilim-pán orayları, matematika hám astronomiya pánleriniń rawajı, ulamalardıń ilimiy miyrası, Samarqand akademiyası, observatoriya.***

**Ilim-pán orayları.** XV ásirde **Samarqand** hám **Xirat**ta ilimpazlar, shayırlar, kompazitorlardıń úlken toparı toplanǵan edi. Ilim-pán hám sanaattıń rawajlanıwda zamanınıń mádeniy ortalıǵında tárbiyalanıp, jaslıǵınan-aq belgili ilimpaz sıpatında shuxrat qazanǵan ***Ulıǵbek***tiń úlesi júdá ullı. ***Ulıǵbek*** mámleketti basqarıw menen bir qatarda, ilimiy isler menen shuǵıllanadı, ilimpazlardıń pikirlesiwinde aktiv qatnasadı. Ulıǵbek penen birge jasaǵan Axmet Ferǵaniy, Ábiw Nasır Farabiy, Muxammed Xorezmiy, Ábiw Rayxan Beruniy hám Ibn Sina shıǵarmaların jaqsılap úyrenedi. Bul ullı oyshıllardıń shıǵarmaları arqalı ol qádimgi yunan ilimpazları Aflatun, Arastu, Gipparx, Ptolomeylerdiń lirikalıq shıǵarmaları menen de tanısadı.

Astranomiya hám matematika tarawında erisilgen ullı jetiskenlikler Temuriyler mámleketinde úlken shuxrat keltirdi. Bul shuxrat birinshi náwbette Ulıǵbek atı menen baylanıslı.

**Ulıǵbek observatoriyası.** Samarqandta óz átirapında toplanǵan belgili ilimpazlardıń tikkeley qatnasıwında hám olardıń járdeminde ***Mırza Ulıǵbek*** **1424-1429-jılları** qala janındaǵı Obirahmat kanalı boyında observatoriya qurdırdı. Házirge shekem ilimpazlardıń qızıǵıwshılıǵın oyatıp kiyatırǵan bul úlken imarattıń biyikligi 31 metr edi.



**Ulıǵbek observatoriyasının ishki kórinisi**

***Ǵıyasitdin Jamshid*** basshılıǵında observatoriyanıń tiykarǵı ólshew ásbap-úskenesi – úlken sekstant or-natılǵan. Samarqand sekstantı sol dáwirde Shıǵısta belgili bolǵan sekstantlardıń eń úlkeni esaplanǵan.

Uluǵbek observatoriyasınıń qasında óz zamanınıń bay kitapxanasın shólkemlestiredi. Bul kitapxanada ilimniń derlik barlıq tarawlarına tiyisli shama menen on bes mıń tomnan ibarat kitap saqlanǵan.

Uluǵbektiń belsendili qatnasıwı menen Uluǵbek observatoriyası sol zamannıń sharayatlarına qarap jetilisken astronomiyalıq ásbap hám úskeneler menen úskenelengen joqarı dárejedegi ilim ornına aylandı. Observatoriyada Uluǵbek penen birge ataqlı matematik hám astronomlardan «*Aflotuni zamon*» dep atalǵan **Qazızada Rumiy, Ǵıyasitdin Jamshid Kashaniy**, «*óz dáwiriniń Ptolomeyi*» atı menen dańq shıǵarǵan **Áliy Qusshı** hám kóp ǵana basqa ilimpazlar ilimiy baqlawlar hám izertlewler alıp baradı. Qullası, Uluǵbek Samarqandta pútkil bir astronomiya mektebin payda etti.



*** Akademiya — joqarı ilimiy shólkem.**
*** Observatoriya — aspan denelerin izertlew ushın arnawlı úskenelengen ilimiy mekeme hám sol mekeme jaylasqan imarat.**
*** Sekstant — aspan jaqtılandırıwshılarınıń biyikligin belgilew ushın mólsherlengen ayna – shaǵılıstırǵıshlı ásbap.**

Observatoriyada alıp barılǵan baqlaw hám izertlewler sebepli **1018** qozǵalmas (turaqlı) juldızlardıń ornı hám jaǵdayı anıqlanıp, olardıń astronomiyalıq kestesi dúziledi. Observatoriyada alıp barılǵan izertlewlerdiń nátiyjesinde tiykarınan matematika hám astronomiyaǵa baylanıslı bir qatar bahalı miynetler jaratıldı.

Uluǵbektiń úlken shıǵarması «*Ziji jadidi Koragoniy*» (Kuraganiydiń jańa astronomiyalıq kestesi) atlı kitabı. «*Ziji jadidi Koraganiy*» tiykarınan eki bólimnen: keń kirisiw hám 1018 qozǵalmaytuǵın juldızlardıń ornı hám jaǵdayı anıqlanıp berilgen kestelerden ibarat. Uluǵbektiń astronomiyalıq kestesi sol zamandaǵı soǵan uqsas kesteler arasında joqarı dárejede anıqlıǵı menen ajıralıp turadı. Sonday-aq, Uluǵbektiń jıl esabın házirgi esap-sanaqlarǵa salıstırsaq, ol barı-joǵı bir minut, eki sekund parıq qıladı.

Bul XV ásir ushın júdá joqarı anıqlıq bolıp házirgi zaman ólshewlerine júdá jaqın.

Ulıǵbek «*Tariyxı arbá ulus*» (Tórt ulıs tariyxı) atlı tariyxıy shıǵarma jáne muzıka ilimine baǵıshlanǵan bes kitapsha da jazǵan. Ulıǵbektiń astronomiya mektebi óz dáwiriniń ózine tán akademiyası edi. Ulıǵbektiń átirapında shólkemlesken 100 den aslam ilimpazlardıń óz bawırında jetilistirgen atı dúnyaǵa belgili Samarqand observatoriyası sol wazıypanı ótegen. Belgili francuz filosofı, jazıwshı hám tariyxshı ilimpaz **Volter** (1694—1778) «*Ulıǵbek Samarqandta bolıp akademiyaǵa tiykar saldı. Jer sharın ólshewge buyrıq berdi hám astranomiyaǵa tiyisli kestelerdi dúziwde qatnastı*», — dep jazǵan edi. Ulıǵbektiń astronomiya mektebi orta ásirler musılman Shıǵıs astronomiyasınıń rawajlanıwıńa úlken tásir kórsetti.

*** «Samarqand akademiyası» — 1004-jılı Xorezmde shólkemlestirilgen «Danıshpanlar úyi»nen (Mamun akademiyası) keyingı ekinshi «Dor ul-ilm» edi.**

1. XV ásirde qaysı qalalar ilim-pánniń orayları edi?
2. Ulıǵbektiń ilim-pándi rawajlandırıwǵa qosqan úlesi haqqında nelerdi bilip aldıńız?
3. Ulıǵbektiń observatoriyası hám onıń ilimiy áhmiyeti haqqında aytıp beriń.
4. «*Ziji jadidi Koraganiy*» shıǵarmasınıń áhmiyeti neden ibarat edi?
5. Anıq pánlerdiń rawajı qanday aqıbetke alıp keliwi múmkin edi?

## 41-§. ÁDEBIYAT

**Tayanısh túsinikler:** ***klassik ádebiyat wákilleri, tariyxshı.***

**Klassik ádebiyat wákilleri.** Orta Aziya xalıqları ádebiyatı kórkemlik usılı jaǵınan jetilisti, jańa basqıshqa kóterildi. Prozada da, poeziyada da kóplegen bahalı kórkem hám lirikalıq shıǵarmalar payda boldı. Orta Aziya xalıqlarınıń, atap aytqanda ózbek hám tájik ádebiyatınıń ortasında óz ara baylanıs hám doslıq keńeydi jáne bekkemlendi. Awdarma ádebiyatı júzege keldi. Kórkem

ádebiyattıń ósiwi menen tıǵız baylanıslı jaǵdayda ádebiyattı izertlew ilimi de rawajlandı, qımbatlı ilimiy shıǵarmalar dóretildi.

**Durbek** tárepinen qayta islengen «*Yusup hám Ziliyxa*» dástanı, tashkentli shayır ***Ataiy***diń qosıqlar toplamı sol dáwir kórkem ádebiyatınıń dúrdanaları edi.

Bul dáwirdegi ózbek shayırlarınıń ishinde ***Lutfiy*** (1366—1465) ayrıqsha orın tutadı. Nawayıǵa shekem ózbek poeziyasında ***Lutfiy***diń dárejesine jetetuǵın shayır bolmaǵan. Ol bir ǵana ózbek tilinde shıǵarmalar dóretip qoymay, al tájik tilinde de qasida (táripler)lar jazdı. ***Lutfiy***diń dóretiwshiliginde haqıyqatlıqtı hám ádalatlıqtı súyiwge, bawırman hám adamgershilikli bolıwdı úgit-násiyat qılıwǵa, ilim hám kórkem-ónerdi súyiwge shaqıratuǵın pikirler úlken orın alǵan.

XV ásir kórkem ádebiyatınıń rawajlanıwında ullı mámleketlik isker, ullı shayır, ilimpaz, oyshıl **Áliysher Nawayı (1441-1501)** hám ullı parsı-tájik shayırı **Ábdiraxman Jámiy (1414-1492)** diń úlesleri oǵada ullı edi. ***Nawayı*** óziniń pútkil xızmetin hám dóretiwshiligin insannıń baxtı-saadatı ushın gúreske, xalıqtıń tınıshlıǵına, óz ara urıslardıń aldın alıwǵa, abadanlastırıw islerine, ilim-pánniń, kórkem-óner jáne ádebiyattıń rawajlanıwına baǵıshladı. Ol ózbek ádebiy tilin, ózbek klassik ádebiyatın jańa rawajlanıw basqıshına kóterdi. ***Nawayı*** otızdan aslam iri kórkem shıǵarmalar jazdı, «*Xamsa*», «*Xazoyin ul-maoniy*», «*Maxbub ul-qulub*», «*Lison ut-tayr*» sol aytılǵan shıǵarmalarınan bolıp esaplanadı.



**Áliysher Nawayı**

Ózbek xalqınıń ullı shayırı hám oyshılı ***Áliysher Nawayı*** óziniń bahası joq shıǵarmalarında kótergen joqarı dárejedegi insan súyiwshilik ideyaları menen dúnya ádebiyatınıń ullı kórkem-óner wákilleriniń qatarınan óziniń múnasip ornın iyeledi. ***Ábduraxman Jámiy Áliysher Nawayı***nıń zamanlası, ustazı hám dostı edi. Olardıń doslıǵı, birge islesiwi ózbek hám tájik xalıqları doslıǵınıń jáne birliginiń jarqın tımsalı.

***Eger bul ullı insandı áwliye desek, ol áwliyelerdiń áwliyesi, oyshıl desek, oyshıllardıń oyshılı, shayır desek shayırlardıń sultanı.***

**Islam KARIMOV «Joqarı ruxıyat – jeńilmes kúsh».**

**Tariyxshılar.** Tariyx iliminiń iri belsendilerinen biri ***Mirxand*** (1438-1498) bolıp, onıń haqıyqıy atı ***Muxammed Xavandshax ibn Maxmud*** edi. Ol Balxta tuwılǵan bolsa da, ómiriniń derlik kóp bólegin Xiratta ótkizedi. ***Mirxand***nıń ata-babaları tiykarı Buxaralı bolıp, fiqh iliminde zamanınıń jetisken ilimpazları sıpatında dańqı shıqqan. ***Mirxand*** haqqında maǵlıwmatlar júdá az. Ol haqqında ayırım maǵlıwmatlar aqlıǵı Xandemir tárepinen jazıp qaldırılǵan: «*Atamız janob ámir Xovand Muxammed jigit waqtında túrli ilimlerdi úyreniw hám názik paziyletlerin kamalǵa jetkiziw jolında tırısqaqlıq hám zor miynet qıldı... qısqa waqıt ishinde bilimdanlıqta zaman pazıllarınan birinshiler qatarında bolıp aldı. Ol (kóbirek) tariyx ilimi menen shuǵıllandı hám dúnya awhalın jáne qádimgi dáwirdi talqılawǵa kiristi. Húrmetke iye este saqlaw tez waqıtta bul pándi iyelewden shetletti, biraq minez-qulqı shaǵal-máslikki berilip, bunday adamlar menen birge bolıwǵa jol qoymadı... Sabaq beriw hám aǵartıwshılıqqa qálewshilik jarqın esteliginde hesh kórinbedi. Biraq (bul jaǵday) ... húrmetli Sultan (Xuseyn) házretleri jaqın dostı (Ámir Áliysher Nawayı)nıń aldına barǵanınsha hám hár túrli marxamat, húrmet jáne múriwetlerin tapqanlarınsha dawam etti*».

***Mirxand*** Áliysher Nawayınıń kórsetpesi hám ǵamqorlıǵı menen «*Ravzat us-safo*» («*Jánnet baǵı*») shıǵarmasın jazadı. Xandemirdiń aytıwınsha, ***Mirxand*** shıǵarmanı aqırına jetkere almaǵan. Keyinirek usı shıǵarmanı ***Xandemir***diń ózi jazıp tamamlaǵan. «*Ravzat us-safo*» shıǵarması dúnyanıń jaratılıwınan sol **1523-jılı**na shekem bolǵan Orta Aziya, Jaqın hám Orta Shıǵıs mámleketlerindegi bolıp ótken sociallıq-siyasiy waqıyalar keń bayan etilgen. ***Mirxand***tıń bul shıǵarmasında Shıǵıs mámleketlerinde úlken húrmetke erisedi. Dúnya kitapxanalarında «*Ravzat us-safo*» nıń kóp ǵana qol jazbalar nusxaları bar. Evropada ***Mirxand***tıń shıǵarması biraz wa-

qıtqa shekem Shıǵıs tariyxı boyınsha áhmiyetli derek bolıp xızmet etken.

***Mirxand***tıń aqlıǵı ***Xandemir*** (1475-1535) hám óz dáwiriniń belgili tariyxshıları bolǵan. Ol házret Áliysher Nawayınıń shákirti edi. ***Xandemir*** 15-16 jasında Áliysher Nawayınıń dıqqat-itibarına túsedi hám onıń qaytıs bolıwına shekem ullı shayırdıń qasında bolıp, onıń kitapxanasına basshılıq etedi. ***Xandemir*** óziniń keń maǵlıwmatı, ilim-pánge umtılıwı menen ullı alım hám oyshıl shayırdıń húrmet-itibarına iye boldı. Nawayı Xandemir haqqında «Majolis un-nafois» shıǵarmasında tómendegilerdi jazıp qaldırǵan: «*Mawlana Xandemir Mirxandtıń perzenti hám bilimli jigit. Tariyx iliminde tájiriybeli*».

***Xandemir*** miynetleri kóp ilimpaz. Ol tariyxqa tiyisli onǵa jaqın shıǵarmalar jazıp qaldırǵan. ***Xandemir*** óziniń máńgi tariyxıy shıǵarmaları menen kóp ásirlik mádeniyatımız baylıǵın bayıttı hám ilim-pán tariyxında óshpes iz qaldırdı. ***Xandemir*** óziniń shıǵarmalarında xalqımızdıń ótmish tariyxı hám waqıyalar shıraylı súwretlengen. Ásirese onıń *«Hábib us-siyar»* shıǵarması Orta Aziya hám Xorasannıń XV ásirdiń aqırı hám XVI ásirdiń birinshi sheregindegi social-siyasiy tariyxın úyreniwde áhmiyetli hám bahalı dereklerden biri bolıp esaplanadı.

**1.** XV ásirde shayır hám ádebiyatshılardan kimler jasaǵan?
**2.** Lutfiy ózbek shayırlarınıń ishinde qanday orın tutadı? Ol haqqında qosımsha maǵlıwmatlar toplań.
**3.** Ózbek ádebiyatınıń rawajlanıwında Áliysher Nawayınıń xızmetleri nelerden ibarat?
**4.** *Mirxand* hám *Xandemir* qaysı dáwirdiń tariyxı haqqında tariyxıy shıǵarmalar jazıp qaldırǵan?

## 42-§. SÚWRETLEW ÓNERI

**Tayanısh túsinikler:** ***kitap óneri, súwretlew óneri, kalligrafiya, súwret salıwshılıqtiń Xırat mektebi.***

**Kitap óneri.** XV ásirde kitap óneri, yaǵnıy qoljazba shıǵarmalardı kóshirip jazıw hám onıń menen baylanıslı

bolǵan sulıw jazıw (kolligrafiya), súwret salıwshılıq, lawwaxlıq hám shaxxaflıq óneri de oǵada jaqsı rawajlanadı.

*** Lawwaxlıq — kórinis sızıw**
*** Shaxxoflik — qaǵazdı betlew hám kitaptı muqabalaw.**

Baspaxana hám kitap basıp shıǵarıw ele júzege kelmegen zamanda kitap shıǵarıw hám onıń nusqaların kóbeytiw awır miynet hám kóp waqıt sarp etiletuǵın oǵada qıyın jumıs bolǵan.

Hár bir kitap qaǵazdan baslap muqabasına shekem, sıyadan baslap tap boyawları menen altın jalatıwına shekem belgili qaǵıydalardıń tiykarında tayarlanatuǵın edi. Kalligraf bolıw ushın uzaq waqıt sabır-taqat hám kúshli ıqlas penen shınıǵıw, jetik sawatlı, kórkemlik talǵamı joqarı, dóretiwshi adam bolıwı kerek edi. Sheber kalligraftıń óz usılı hám uslubların shákirtlerine úyretetuǵın edi. Usılay etip kalligrafiya dástúrleri dawam etiletuǵın hám rawajlandırılatuǵın edi.

Belgili kalligraf **Mirali Tabriziy** (1330—1404) *nastálik* dep atalǵan jańa usıldaǵı jazıwdı oylap tabadı. Kewilge unamlı kalligraflardıń biri **Sultanáli Mashxadiy** (1432—1520) edi. ***Sultanáli*** tárepinen kóshirilgen 50 den artıq kitap hám kóp ǵana eki qatarlı, úsh qatarlı qosıqlar házirgi waqıtqa shekem jetip kelgen. ***Sultanáli*** oyıp naǵıs salıw ónerinde de sheber bolǵan. Ol kálligráfiya óneriniń túrleri haqqında arnawlı shıǵarma jazǵan. **Sultanáli Mashxadiy** «*Qiblat ul-quttob*» (Xatkerler qublası) hám «*Sultan ul-xattotin*» (Kalligraflardıń sultanı) degen atlar menen dańqın shıǵaradı.

Samarqand hám Xiratta arnawlı saray kitapxanaları shólkemlestirilgen edi. Bunday kitapxana islerine kitapxana doruǵası yamasa kitap iyesi basshılıq etken. Onıń qol astında kalligraflar, qolı gúl naǵıs salıwshılar menen súwret salıwshılar, sheber lawwaxlar menen saxxaflar buyırtpalardı orınlap otırǵan. Mısalı, Xiratta Uluǵbektin ini-

si Baysuńǵur kitapxanasında qırıq kalligraflar hám bir neshe naǵıs salıwshılar qoljazba shıǵarmalardan nusqalar kóshiriw hám olardı bezew menen bánt bolǵan. **1429-jılı** bul kitapxanada **Abılqasım Firdawsiy**diń belgili **«Shaxnama»** dástánı kóshirttirilip, ol 20 túrli mazmun hám kórinislerdegi reńli miniatyuralar menen bezelgen.

***Xuseyin Bayqara*** hám ***Áliysher Nawayı*** saray kitapxanasın bahalı shıǵarmalar menen bayıtadı.



**Xudojnik Maxmud Muzaxxib qálemine tiyishl Nawayınıń súwreti**

**Súwretlew óneri.** XV ásirde úlken jetiskenliklerge erisken súwretlew óneri — portretler, turmıs, tábiyat kórinisleri, imarat hám kórkem shıǵarmalarǵa islengen súwretlerden ibarat. Adamlardıń kelbeti salınǵan súwretlerdiń arasında **Jámiy, Nawayı, Abdulla Xotifiy, Begzad, Xuseyin Bayqara, Babur** hám basqalardıń súwretleri bizge shekem saqlanıp qalǵan. Xudojnikler bul tariyxıy shaxslardıń sırtqı kelbetin anıǵıraq hám jetisken túrde súwretlewge, ayırım jaǵdaylarda, hátte olardıń ruwxıy dúnyasın ashıwǵa umtılǵan. Mısalı, ataqlı xudojnik **Maxmud Muzaxxib** tárepinen soǵılǵan Nawayınıń súwretinde shayır hasaǵa súyengen, onıń qáddi-qáwmeti biraz búkshiygen, kóz qaraslarında da sharshaǵanlıqtıń belgileri hám ullılıǵı jáne keńpeyilliligi kózge ayqın túsip turadı.

**Kamalatdin Begzad** XV ásirdegi súwretlew óneriniń ullı wákili bolıp esaplanadı. Ol súwret salıwshılıqta «*Xirat mektebi*» dep atalǵan jańa bir dóretiwshilik usıldıń tiykarın salıwshı boldı. Ol ustaz sıpatında Orta Aziya, Iran, Ázerbayjan hám basqa úlkelerdiń súwretlew óneriniń rawajlanıwına nátiyjeli tásir etti. Begzadtıń dóretiwshilik xızmeti hár qıylı mazmunǵa iye bolıp, ol tariyxıy tulǵalardıń (Xuseyin Bayqara, Sheybaniyxan, Áliysher Nawayı) portretlerinen baslap, tap hár qıylı húkimdar saraylarındaǵı



**Kamalatdin Behzad**

qabıl etiw máresimleri hám sawash maydanındağı kórinislerin haqıyqıy jáne tásirli etip bergen. Ásirese, Dexlawiydiń «Láyli-Májnún» dástanına arnalğan onıń lirikalıq kórinisleri yamasa Sharapatdin Áliy Yazdiydiń «Zafarnama» shığarmasına soğılğan sawash maydanındağı ayawsız sawash súwretlengen miniatyuraları oğada tań qalarlıq hám tásirsheń bolğan.

Behzad dástúrleri keyingi dáwir xudojniklerine jaqsı tásir kórsetti. Onıń tvorchestvosı hám miyrası kórkem óner hám xudojnikler tárepinen keń úyreniledi. Behzadtıń atın máńgilestirip, Ózbekistan Respublikası Birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń **1997-jıl 23-yanvar**dağı pármanı boyınsha Kamalatdin Begzad atındağı Mámleketlik atağı berildi. Milliy xudojniklik hám dizayn institutına Bekzad atı berildi.

**2000-jıl noyabr**de Tashkent, Samarqand qalalarında hám shet mámleketlerde YUNESKOnıń basqarıwında Behzadtıń **545 jıllığı** keń belgilendi, Tashkent qalasında Behzad atındağı memorial bağ qurıldı. Tashkentte Temuriyler tariyxı mámleketlik muzeyinde Behzadqa arnap Ullı Britaniya, Turkiya, Hindstan, Ázerbayjan, Tájikstan hám Ózbekistan kórkem óner ilimpazlarınıń qatnasıwında xalıq aralıq ilimiy konferenciya ótkerildi.

Bir sóz benen aytqanda, súwretlew óneri shığarmaları menen kórkem ádebiyattıń óz ara baylanısta rawajlanğanı hám bir-birine jaqsı tásir etkenligin kórsetedi.



1. Kitap óneri menen baylanıslı jáne qaysı tarawlar júdá jaqsı rawajlanğan? Buğan sebep ne?
2. Kalligraflıq óneri haqqında qanday túsinikke iyesiz?
3. Kitapxanalardıń rawajlanğanlığın mısallar menen túsindiriń.
4. XV ásirde súwretlew óneri qanday súwretleniwlerden ibarat bolğan?
5. Kamalatdin Behzad haqqında qısqasha mağlıwmat tayarlań.

# MAZMUNÍ

Kirisiw ........................................................................ 3

## I BAP
## ORTA ÁSIRLERDE JERGE IYELIK ETIW QATNASÍQLARÍNÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ

1-§. Social-ekonomıkalıq ózgerisler .................................... 6
2-§. Erte orta asirlerde xorezm, xioniyler, kidariyler mámleketleri ........................................................ 7
3-§. Eftallar mámleketi. Eftallar dáwirinde social-ekonomi kalıq ham madeniy turmıs ......................................... 10
4-§. Orta Aziya xalıqları Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde .............. 13
5-§. Batıs túrk qaǵanlıǵı ..................................................... 17
6-§. Jergilikli hákimliklerdiń dúziliwi .................................. 19
7-§. VI—VII ásirlerde mádeniy turmıs ................................ 22

## II BAP
## ARAB XALIFALÍǴÍ DÁWIRINDE MAWARAWNNAXR

8-§. Mawarawnnaxrda arab xalifalıǵınıń ornatılıwı ............ 27
9-§. Mawarawnnaxrda islam dininiń jayılıwı ...................... 31
10-§. Xalifalıqqa qarsı xalıq háreketleri ................................ 33
11-§. Abbasiyler dáwirinde Xorasan hám Mawarawnnaxr ... 37

## III BAP
## MAWARAWNNAXRDA ǴÁREZSIZ MÁMLEKETLERDIŃ DÚZILIWI

12-§. Qarluqlar, oǵuzlar, tahiriyler ...................................... 41
13-§. Samaniyler ..................................................................... 45
14-§. Samaniyler dáwirinde social-ekonomikalıq turmıs ..... 48
15-§. Ǵaznawiyler ................................................................... 53
16-§. Qaraxaniyler .................................................................. 55
17-§. Xorezm mámleketi hám onıń rawajlanıwı .................. 61
18-§. Xorezmshax hám Shıńǵısqan ortasındaǵı qatnasıqlar ... 63
19-§. Muxammed xorezmshaxtıń mámleket qorǵawına tiyisli ilajları hám onıń aqıbeti ..................................... 66
20-§. Jalalatdin Mánguberdiniń Xorezm taxtına otırıwı ..... 71
21-§. Jalalatdin Mánguberdi sheber sárkarda ....................... 74
22-§. Jalalatdin Mánguberdi watan qaharmanı ..................... 78
23-§. Shaǵatay ulısınıń dúziliwi ............................................ 82

24-§. Social-ekonomikalıq turmıs ........................................ 85
25-§. Etnikalıq procesler hám ózbek xalqınıń qáliplesiwi ... 88

## IV BAP
## ATA-BABALARÍMÍZDÍŃ ILIMIY MIYRASÍ MÁŃGILIKKE TIYISLI RUWXÍY BAYLÍQ

26-§. Mawarawnnaxr hám Xorezmniń mádeniy turmısı ....... 91
27-§. Ádebiyat .................................................................. 98
28-§. Diniy bilimlerdiń rawajlanıwı ..................................... 101
29-§. Arxitektura, kórkem óner hám muzıka ...................... 106

## V BAP
## ÁMIR TEMUR HÁM TEMURIYLER DÁWIRI TARIYXÍ

30-§. XIV ásirdiń ortalarında Mawarawnnaxrda social-siyasiy jaǵday ............................................................ 109
31-§. Ámir Temur—oraylasqan mámleket tiykarın salıwshı .. 114
32-§. Ámir Temur saltanatınıń hákimshilik hám áskeriy dúzilisi ......................................................................... 116
33-§. Ámir Temurdıń sırtqı siyasatı .................................... 121
34-§. Ámir Temurdıń jáhán tariyxında tutqan ornı ......... 127
35-§. Temuriyler dáwirindegi siyasiy procesler ..................... 131
36-§. Mırza Uluǵbektiń húkimdarlıǵı dáwirinde Mawarawnnaxr ......................................................... 133
37-§. Temuriyler saltanatınıń daǵdarısqa júz tutıwı ............... 137
38-§. Social-ekonomikalıq rawajlanıw hám qurılıs ................141

## VI BAP
## XIV-XV ÁSIRLERDE PÁN HÁM MÁDENIYATTÍŃ ZAMANAGÓY SIVILIZACIYA RAWAJÍNDAǴÍ ROLI HÁM ÁHMIYETI

39-§. Bilimlendiriw sisteması ................................................146
40-§. Anıq pánlerdiń rawajlanıwı ......................................... 148
41-§. Ádebiyat ..................................................................... 150
42-§. Súwretlew óneri ........................................................... 153

*O‘quv nashri*

MUHAMMADJONOV ABDULAHAD RAHIMJONOVICH

# O‘ZBEKISTON TARIXI

**(IV ASRDAN XVI ASRGACHA)**

**7-SINF**

*O‘zbekiston Respublikasi Xalq ta’limi vazirligi tomonidan tasdiqlangan*

Qayta ishlangan uchinchi nashr

(Qoraqalpoq tilida)

«Sharq» nashriyot-matbaa
aksiyadorlik kompaniyasi
Bosh tahririyati
Toshkent – 2017

Awdarmashı *Dilarom Tajetdinova*
Redaktor *Nargiza Mnajatdinova*
Kórkemlik redaktorı *Feruza Basharova*
Korrektor *Gulayım Abdikarimova*
Betlewshi *Mastura Atxamova*

**Baspa licenziyası AI № 201, 28.08.2011-j**

Basıwǵa ruxsat etildi: 24.11.2017. Qaǵaz formatı 60x90 $^{1}/_{16}$. «Times New Roman» garniturası. Ofset baspa. Shártli baspa tabaǵı 10,0. Baspa-esap tabaǵı 10,7. Adadı 10010 nusqa. 4770-sanlı buyırtpa.

**«SHARQ» baspa-poligrafiya**
**akciyonerlik kompaniyası baspaxanası,**
**100000, Tashkent qalası, Buyuk Turan kóshesi 41 úy.**

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| T/s | Oqıwshınıń familiyası, atı, ákesiniń atı | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass bas-shısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırıl-ǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqlıqtı birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jagdayı. |
| Jaqsı | Muqaba pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, óshpegen, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, biraz sızılıp, shetleri qayırılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betler qayta islengen, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bóliminen ajıralǵan yamasa pútinley joq, qanaatlandırarsız islengen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklep bolmaydı. |

*O'quv nashri*

MUHAMMADJONOV ABDULAHAD RAHIMJONOVICH

# O'ZBEKISTON TARIXI

**(IV ASRDAN XVI ASRGACHA)**

**7-SINF**

*O'zbekiston Respublikasi Xalq ta'limi vazirligi tomonidan tasdiqlangan*

Qayta ishlangan uchinchi nashr

(Qoraqalpoq tilida)

«Sharq» nashriyot-matbaa
aksiyadorlik kompaniyasi
Bosh tahririyati
Toshkent – 2017

Awdarmashı *Dilarom Tajetdinova*
Redaktor *Nargiza Mnajatdinova*
Kórkemlik redaktorı *Feruza Basharova*
Korrektor *Gulayım Abdikarimova*
Betlewshi *Mastura Atxamova*

**Baspa licenziyası AI № 201, 28.08.2011-j**

Basıwǵa ruxsat etildi: 24.11.2017. Qaǵaz formatı 60x90 $^{1}/_{16}$. «Times New Roman» garniturası. Ofset baspa. Shártli baspa tabaǵı 10,0. Baspa-esap tabaǵı 10,7. Adadı 1293 nusqa. 4770-A sanlı buyırtpa.

**«SHARQ» baspa-poligrafiya**
**akciyonerlik kompaniyası baspaxanası,**
**100000, Tashkent qalası, Buyuk Turan kóshesi 41 úy.**